





# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Туркаев Х.В., Туркаева Р.А.



ФГОС

11

ББК 83.3(2Рос-Чеч)(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
Т88

**Дагахь лаггаде!**

 – хаттарш а, тIедахкарш а;

 – текстана комментари;

 – ешначух ойла е вай;

 – произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;

 – вайн къамел кхиадо;

 – культурийн диалог;

 – гIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;

 – билгалйинчу теманашна проекташ кхолла.

9Т88 Туркаев Х.В.
Нохчийн литература. 11 класс. Дешаран пособи / Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 288 агIо.
ISBN 978-5-4314-0395-8

Дешаран пособи хьалха арахецначарех къаьсташ ю шен дIахIоттамца а, исбаьхьаллин-литературин материал кIорггера йовзийтарца а. Дешаран пособи школехь дешна бовлучу кегийчу нахана лерина ю, цундела авторша боцца кхетам белла нохчийн литературин кхечу къаьмнийн литературица хиллачу, йолчу юкъаметтигех: культурийн доттагIаша чIагIдо дукхахьолахь къаьмнийн доттагIалла а. Ешначу произведенийн чулацам кIорггера бовза, церан исбаьхьаллин башхаллех кхета, дешархойн дозуш долу къамел кхио аьтто бечу кепара чIагIйина пособин методически агIо.

Дешаран пособица цхьаьна зорба тоьхна: «Нохчийн литература. Хрестомати. 11 кл.», «Нохчийн литература: нохчийн литература кхиорна лерина белхан тетрадь. 11 кл.», «11-чу классехь нохчийн литература хьехар. Хьехархочунна гIоьнна методически куьйгалла», «Нохчийн литературина лерина герггарчу хьесапехь белхан программаш. 10–11 кл.»

ISBN 978-5-4314-0395-8
9 785431 403958

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)

© Туркаев Х.В., 2019
© Туркаева Р.А., 2019
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2019
Все права защищены



***Кадыров Ахьмад-Хьаьжа***

## ХЬОМСАРА НОХЧИЙЧОЬ!

Хьомсара Нохчийчоь! Дай баьхна тхан латта!
Мокхаза берд санна, эзарха хьо латта!
Халонаш, баланаш хьуна тIе хIиттина,
Амма хьо, къар ца луш, къийсаме гIиттина.
Бохь лекха ламанаш стигланах хьекхало,
Арешка бIаьрг тоьхча, доьхна де декхало.
Хьоьца ю тхан марзо, хьоьца ду дозалла –
Замано кхачор яц хьан оьзда йозалла.
ГIиллакхца, гIуллакхца бIаьрг хьостуш хазъелла,
Аганахь дуьйна схьа хьо тхуна марзъелла.

Декъала хуьлийла, хьан кхерча догIийла!
Iуьйренаш, суьйренаш хьан маьрша йогIийла!
Хьан дуьхьа деха тхо, даларх а ца кхоьруш,
Хьан дуьхьа къахьоьгу, хан-зама ца лоьруш,
Тхан ницкъаш, тхан хьуьнарш хьуна ду лерина.
Довхачу хьан даго тхан дахар кхелина.
Хастам бо оха хьан, турпала ДегIаста!
Цкъа а ма дезийла хьох довла, хьох къаста...
Тхо хьуна муьтIахь ду, дуьнен чохь мел деха!
Хьомсара Нохчийчоь! ХIун хир ду хьан меха!?

## ДЕШАРХОШКА

### Лераме кегий нах!

Ненан мотт, халкъан барта кхолларалла, литература, художникийн суьрташ, композиторийн, скульпторийн кхолларалла, кхийолу исбаьхьаллин хазнаш – цара хIора стагана дахаран кIоргенаш йовзуьйту, самайоху, кхиайо синъоьздангаллин дог-ойла, довзуьйту халкъан дахар, цуьнан сийлараман, турпалаллин некъаш. Цундела литературин истори, иза муьлхха а халкъан духовни кхиаран истори йолу дела, боккха тидам тIебахийтарца Iамайо школашкахь а, лаккхарчу дешаран заведенешкахь а.

Шу ду XXI бIешарахь даха дезарш а, нохчийн халкъан вайн дайша, ден ден дайша хIинццалц схьа ларйина схьаеана сийлахь, хаза цIе кхидIа а, лар а еш, дIакхехьа дезарш. ЦIе экаме хIума ю. Иза, цкъа йоьжча, хьалха ма-хиллара юхаметтахIуттур яц, меттахIотто гIерташ мел къахьегарх. Цундела, кегий нах, дахаро шайна тIедиллина и сийлахь декхар кхочушдархьама, шуьгахь хила деза вайн халкъан исторех, исбаьхьаллин дог-ойланех кIоргера хаарш. ТIаккха бен бужур бац шун кийра вайн халкъах дозалла деш болу суй.

Заманаш, хууш ма-хиллара, даим а хийцалуш лаьттина, лаьттар а ю. Амма хIора заманан билгалонаш (хIетахь баьхначу нехан дахар, царна хилла хазахетарш я халахетарш, Iоттабаккхамаш, сийн, яхь-оьздангаллин сизаш оцу заманийн литературашкахь юьсуш ю.

Нохчийн литературин керлачу исторех (XX бIешерийн шолгIа ах, XX бIешараш дуьйладелча) 11-чу классана лерина Iамат дуьххьара язйина ю. Хьалха, 1985-чу шарахь, зорбане яьллера 9–10-чуй классашна лерина Iамат. Цу тIехь, дуккахьолахь, XX бIешеран 20-чу шерашкара дуьйна схьа нохчийн литературин хьостанехь а лаьттина, иза ондаяллалц къахьегначу яздархойн кхолларалла яра толлуш. Ткъа хIокху Iамато шуна йовзуьйту Ошаев Халидан, Исаева Марьяман, Мамакаев Мохьмадан, Айдамиров Абузаран, Ахматова Раисин, Сулейманов Ахьмадан, Арсанукаев Шайхин, Шайхиев Iалвадин, Рашидов Шаидан, Гацаев СаьIидан, Ахмадов Мусан, Дикаев Мохьмадан, Бексултанов Мусан, Алиев ГIапуран, Ибрагимов Кантин, кхечеран кхолларалин тIаьхье. И яздархой дуккахберш XX бIешеран шолгIачу эхехь яздан а буьйлабелла, хьалхарчу магIарера яздархой санна, нохчийн литературин цIе Россихь, кхечу пачхьалкхашкахь йовзийтинарш бу.

Шун кхетам, хьекъал кIаргдархьама юкъаялийна балкхаройн халкъан яздархочун Кулиев Кайсынан кхолларалла: хIора жима стаг шен махкал

арахьа дехачу халкъийн исбаьхьаллин дог-ойланах, жима-тIама кхетта а, кхета веза.

Билгалъяьккхина зама, нохчийн халкъан дахарехь социально-политически чулацам болуш, Iаламат баккхий хийцамаш хилла зама ю. Оцу заманан литература, ша «дахаран куьзга» хиларе терра, халкъан дагахь лаьттинчу ойланех юьзна ю.

Дешаран программи тIехь билгалдаьккхина XX бIешерийн хьалхарчу а, шолгIачу а эхехь литературин кхиаран некъийн башхаллаш гайта езаш хилар. Царах лаьцна шуьйра динчу къамело схьайоьллу Iамат. И къамел, литература кхиаран хьолах долу дела, обзорно-проблемни ду. Цул тIаьхьа догIуш долчу къамело довзуьйтур ду шуна хIинцалера проза а, поэзи а кхиаран некъаш (2001-гIа шо доладелчахьана дуьйна схьа).

Вай цIерш яьхначу яздархойн кхолларалла монографически (шуьйра а, кIорге а дийцар) кепехь гайтина ю. Кхуззахь, шех лаьцна башха шуьйра ца дийцахь а, вайна евза церан биографеш, хIунда аьлча биографица, къасталур йоцуш, йозуш ю яздархочун кхолларалла а.

ХIора яздархочун кхолларалла толлуш авторша тидам тIехьовзийна произведенийн коьрта идейно-исбаьхьаллин агIо гучуяккхарна. Кхеташ ду, Iамош йолу произведени ешначул тIаьхьа бен дуьйцучух кхетар вац, хаарш кIорге а хир дац. Цундела Iаматца цхьана зорба тоьхна хрестоматина а.

Iаматехь хIора яздархочун кхолларалла чекх масазза ели дехкинчу тIедахкаршца, хаттаршца болх баро литературин произведени талла Iамор ду шу, ткъа билгалъяьхначу теманашна сочиненеш язъяро и хаарш тIечIагIдийр ду. Оцу я вукху яздархочун произведенеш а ешна, Iамато царах хIун боху хьаьжча, хаарш тIечIагIлур ду, текстах дика кхетар ду шу, литературин юкъараллин маьIна шун кхетамехь лакхадер ду.

Литература Iамош дика хаа безаш бу цуьнан жанрех, законех лаьцна болу теоретически кхетамаш. Уьш хиъчий бен вахалур вац литературин исбаьхьчу кIоргене.

11-гIа класс чекхъяьккхича, шун литературица йолу уьйр хада йиш йолуш яц. Цундела, кхолламо шух хIора а шен-шен новкъа ваьккхича а, исбаьхьаллин дашо луш болу синхьаам леха беза.

Аьтто хуьлда шун нохчийн литература Iаморехь а, дахарехь а!

## I. XX БIЕШЕРАН ХЬАЛХАРЧУ ЭХЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН КХИАРАН БАШХАЛЛАШ

***1. XX бIе шо долалуш нохчийн литература кхоллаяларан некъийн цхьайолу башхаллаш.***

XX бIешеран юьххьехь дуьйна идейни чулацам шорлуш, кIарглуш кхиъначу литературин муьрехь башхаллаш а, оцу литератураша заза доккхуш вовшашна тIеIаткъам баран башхаллаш а кIорггера гучуяха таро хуьлуьйту хIетахьлера литература Iаморо.

Оьрсийн, нохчийн халкъийн духовни хазнаша вовшашна тIеIаткъам бар шен беркатечу хорше доьрзу Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Толстой Л.Н. «Кавказ йовзийтинчул тIаьхьа», оцу яздархоша Россехь дехачу халкъашна ламанхойн социально-политически лехамаш а, хIетталц къайлаха, йовзаза лаьттина церан духовни хазна ламанхошна шайна а, Россин юкъараллина а йовзийтинчул тIаьхьа.

Оьрсийн, вайнехан культурни уьйраш сиха кхиарна доккха маьIна хилла дIахIоьттира нохчийн фольклор гулъяр а, цунах исбаьхьаллин произведенехь пайдаэцар а Толстой Л.Н. дIадолор. Лев Николаевича Нохчийчохь ши шо сов зама яьккхира; цуьнан нохчашна юкъахь шортта доттагIий а бара, цара, цо ма-яздарра, иза цкъа йийсар вечуьра а ваьккхира. Цунна чIогIа хазахетара нохчийн дийцарш, преданеш, туьйранаш, поэзи.

1852-чу шарахь цо нохчийн элпашца дIаязйира нохчийн ши йиш. Кавказо шена бинчу тIеIаткъамах лаьцна тIаьхьо яздира Толстой Л.Н.: «Сан хьекъалан ницкъ оцу хенахь цкъа а ца хиллачу кепара ирбеллера. И тайпа ницкъ нахе дахарехь цкъа бен буссуш бац... Иза яра хала а, дика а хан. Цкъа а, я цул хьалха а, я цул тIаьхьа а, со ца кхаьчнера хьекъалан иза санна йолчу лакхене, хIетахь санна».

1875-чу шарахь Толстой Л.Н. поэте Фет А.А. яздира: «Аса йийшира книгаш, царах лаьцна цхьанна а хууш хIумма а дац, амма аса уьш ца Iебаш йоьшура. Уьш ю «Сборник сведений о кавказских горцах», Тифлисехь зорба тоьхна. Царна тIехь йолу ламанхойн преданеш, поэзи поэтически тамашийна а, цецвоккхуш а жовхIарш ду. Юх-юха а доьшу аса уьш». Толстойс йийцинарш нохчийн ши йиш

яра («Высохнет земля на могиле моей», «Ты, горячая пуля, смерть носишь с собой»).

Уьш цо тІаьхьо шен «Хаджи-Мурат» повесть юкъа яхийтира.

Цу кеппара, сийлахь-баккхийчу яздархоша Кавказ йовзуьйтуш хьалхара бал баькхкинчул тІаьхьа тидаме ийцира оьрсийн Іилманхоша, яздархоша, историкаша, юкъараллин деятельша Кавказехь уггар кІезиг теллина йолу кийсак – Нохчийчоь.

XX бІешарахь оьрсийн, нохчийн культураша вовшашна бина тІеІаткъам боккха бу. Ма-дарра дийцича, оцу шина халкъан вовшашца йолу уьйраш маситта бІе шо хьалха дІайолаелира. Масала, XII бІешарахь кхоьллинчу оьрсийн классически произведенин «Слово о полку Игореве» чулацамехь хаало нохчийн, гІалгІайн векалийн васташ. Ткъа XIX бІешерийн хьалхарчу эхехь кхолламо Россихь нисвинчу нохчийн шина кІанта (Петр Захаров, Акбулат Розен) оьрсийн культурехь, литературехь йоккха лар йитира: Петр Захаров Россин живописан академик хилира, Айбулат Розен – гІараваьлла поэт. Цушиммо шайн йоккха корматалла гайтина шераш А.С. Пушкин, М.Ю. Лермонтов ваьхна шераш дара. Захаров Петра Лермонтовн шозза дехкина суьрташ дика девза искусствоведашна[1].

Кавказан тІеман чаккхе (1864) нохчийн керла духовни культура кхоллаяларан юьхь хилла дІахІоьттира. Россин пачхьалкхах дІакхетта болчу нохчийн идейно-эстетически ойланаш сиха хийцало, уьш оьрсийн культурех Іемаш схьабогІу.

Нохчех лаьцна боккха болх язбинчарех хьалхара ву Берже Адольф Петрович. «Чечня и чеченцы» цІе а йолуш (Тифлис, 1859) арахецначу шен таллам тІехь цо дика йовзийтира нохчийн халкъан дахаран дуккха а агІонаш, боккха тидам тІебахийтира нохчийн фольклорана.

Берже А.П. болийна болх кхиамца дІабаьхьира Къилбседан Кавказехь просветительски болх дІаболийнчеран хьалхарчу магІарехь лаьттинчу Услар Петр Карловича. Кавказехь дуккха а шерашкахь ша эпсаран гІуллакхаш дина хиларе терра, цунна дика евзинера ламанхойн дог-ойла, истори. XIX бІешеран 60-чу шерашкахь цо

[1] Н.Ш. Шабаньянц. Академик П.З. Захаров – художник из чеченцев (1816–1846). В кн.: Чеченцы в истории, политике, науке и культуре России. – М. «Наука», 2015. С. 598–629.

язбира иберийско-кавказски меттанаш толлуш маситта болх. Професоро Дешериев Ю.Д. яздина, цуьнан белхаша халкъийн дIадахна дахар довзуьйтуш доккха гIо до аьлла.



Захаров П.

1862-чу шеран аьхка Услар П.К. Грозная гIопахь нохчашна оьрсийн мотт Iаморан курсаш ехкира. Уьш ехкина ялх кIира даьллачул тIаьхьа доьшуш болчарна массарна а оьрсийн маттахь а, шайн маттахь а деша Iемира. Оццу шарахь цо язйира нохчийн меттан грамматика. Цо дина и Iаламат доккха гIуллакх нохчаша хазахеташ тIеийцира. «Ламанхойн сий деш ала мегар ду, – яздора П.К. Услара, – уьш хIуманах кхета лууш бу аьлла, баккхий хилча а деша лаар эхье ца лору цара».

Ламанхойн меттанаш толлуш язбинчу шен белхаш тIехь Услар П.К. дуьххьара Iилманца теллира ламанхойн фольклор. «Иза боккха болх хир бу, и кхочушбан маситта шо оьшур ду, амма, бина баьлча, иза дуьненна а (дош билгалдаьккхинарг П.К. Услар ву. – Т.Х.) бевзаш хир бу, фински Калевала я индийски поэмаш санна», – яздора цо.

Iаламат мехала Iилманан тидамаш бина нохчийн фольклор тIехь Вертепов Г.А., Головинский П.И., Грабовский Н.Ф., Ипполитов А.П., Баранов Е.З., Ахриев У., Лаудаев У., Далгат Б.К., Россикова Р., Миллер В.Ф., Лопатинский Л., Семенов С., кхечара а. Цара билгалдаьккхира вайнехан фольклорехь вайн къоман дуьненан кхечу халкъашца хилла йолу историко-культурни уьйраш гучуюьйлуш хилар.

XIX бIешерийн 70-гIа шераш дуьйладелча кхачам боллуш талламан белхаш дIадаьхьира нохчичо Лаудаев Умалта.

XX бIешо доладелча оьрсийн хьалхарчу революцис (1905 шо) паргIато яьккхира зорбанехь олучу дашна. Оцу хенахь нохчашна юкъара бевлира юкъараллин а, граждански а кхетам болу кегий нах. Цара, шаьш оьрсийн дешар а дешна, кIорггера шайгахь яхь хиларе терра, дуьйцура нохчийн халъан проблемех, культурех лаьцна. Уьш бара Лаудаев Умалт, Саракаев Ибрагим-Бек, Шерипов Денилбек, Шерипов Заурбек, Шерипов Назарбек, Шерипов Ас-



Магомаев А.-М.М.

ламбек, Мутушев Ахметхан, Мутушев Исмаил, Эльдарханов Таштемир, Магомаев Абдул-Муслим, Азербайджанан хьакъдолу композитор волу (гІарваьллачу иллиалархочун Магомаев Муслиман ден да), кхиберш а.

***Хаттарш, тІедахкарш***

1. ХІун бахьанаш дара XIX бІе шо чекхдолуш, XX бІе шо долалуш Нохчийчоь оьрсийн яздархоша, Іилманчаша тидаме эцар?

2. ЦІерш яха, дагахь латтабе нохчех лаьцна язбина белхаш, аьлла дешнаш.

***Культурийн диалог***

1. Оьрсийн, нохчийн культурин диалоган юьхьехь лаьтта Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Толстой Л.Н. Цара нохчех лаьцна дукха а произведенеш язйира.

ХІун чулацам болуш ю, масала, Пушкин А.С. язйина поэма «Тазит», Лермонтов М.Ю. язйина «Валерик», Толстой Л.Н. язйина «Казаки», «Хаджи-Мурат», кхийолу произведенеш?

2. Хьехархочух дага а довлуш, язъе «Пушкин А.С., Нохчийчоь», «Лермонтов М.Ю., Нохчийчоь», «Толстой Л.Н., Нохчийчоь» теманашна рефераташ.

3. Дагахь Іамае шайна хазахета Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю. Кавказан темина язйина кхо-йиъ стихотворени.

***Билгалйинчу теманашна проект кхоллар***

1. Школехь кечде «Оьрсийн яздархой а, Нохчийчоь а» стенгазета, Кавказах лаьцна йолчу произведенешна догІу суьрташ, цІерш йохкуш.

2. Школехь дІахьо «Классикийн поэзехь Россин а, Кавказан а васт» конкурс.

***ХІун Іемина вайна***

1. Оьрсийн, нохчийн, Кавказан халкъийн истори а, культура а хадалур йоцуш цхьаъ хилар.

2. Оьрсийн классикаша лаккхара мах хадийнчу нохчийн халкъан сий кхин а лакхара хетар.

3. Литература, культура халкъийн сий-оьздангалла хилар.


## *2. Нохчийн литература ненан маттахь кхоллаялар.*


1923-чу шарахь нохчийн маттахь «Серло» газет арадаларо сихдира нохчийн халкъан литература кхоллаялар, газета гонаха гулбелира литературин корматалла йолу кегийрхой. Газето кхи-

ийра нохчийн хьалхара поэташ, яздархой: Дудаев Іабди, Нажаев Ахьмад, Бадуев СаьІид, Мамакаев Мохьмад, 1930-чу шерашкахь яздан буьйлабелла Айсханов Шамсуддин, Музаев Нурдин, Мамакаев Іаьрби, кхиберш.

Амма нохчийн литературин жанарш – поэзи, проза, драматурги – цхьанакепара (цхьатерра) ца кхуьу. Прозел, драматургел къаьсташ, сиха кхуьу поэзи, иза халкъан барта кхолларалли исбаьхьаллин аматашна тІетеІа дела.

Нохчийн поэзехь 1920-чу шерашкахь хьалхара гІулчаш яьхначарех Дудаев Іабди, Нажаев Ахьмад ву.




ХХ бІешеран 20-чу шерашкахь
Нажаев Ахьмада арахецначу книгийн мужалташ

1920-чу шерийн дийцарша а, повесташа а, поэзис санна (масала, Бадуев С. «Лам», «Охана паргІат дер», «ГІовтта! Кечло! Тохало!»), дахаран типически волу турпалхо лоьхура.

Оцу хенахь шен дуьххьарлера «Кхетаме Хьамид» дийцар яздира Сальмурзаев Мохьмада. Ша Іарбийн йоза-дешар а, оьрсийн литература а, нохчийн фольклор а дика хууш хилла хиларе терра, Мохьма-

да арахийцира берашна лерина масех книга: «Берийн туьйранаш» (Соьлжа-ГІала, 1930), «Нохчийн ира дийцарш» (Соьлжа-ГІала, 1930).

Нохчийн литература хІетахь, 1920–1930-чуй шерашкахь, сиха кхиар оцу литературин бухбиллархочун Бадуев СаьІидан цІарца дозуш ду. Нохчийн яздархойх уггар дика дешна а, оьрсийн классически литература дика хууш а волчу Бадуевс къаьсттана сиха пайда ийцира оцу литературин традицех.

Вайна ма-гарра, нохчийн литература цу хенахь шен говзалла ІаІош схьайогІура. Цо лоьхура дахар нийса гайта гІо деш долу некъаш. Масала, Шерипов Д. шен «Іаьлбиг-Хьажа» пьесица XIX бІешерийн 70-чу шерашкахь нохчийн, суьйлийн лаьмнашкахь паччахьна дуьхьал хиллачу гІагтаман керла идейни бух гайта гІоьртира. Драматурго оцу пьесица вайн литературина юкъаялийра исторически хилларг исбаьхьаллин дашца довзуьйтуш йолу традици.

ХІетахьлерчу прозин, драматургин произведенеша, адам, дахар реализман некъаца гайта гІерташ, къаьсттана алсам пайда оьцура халкъан барта кхолларалин традицех. Ткъа поэзи стаг социально-психологически кепара гайта гІертара.

Хьалхарчу кІеззиг хиллачу кхиамаша дог-ойла ирахІоттийра нохчийн яздархойн. Царна шайгахь эпически яккхийчу жанрашна тІехь болх болабалла ницкъ хаабелира. Поэзехь цара кхуллу къинхьегамхоша шайн паргІатонехьа, революцин толам хилийтархьама латтийна къийсам гойтуш йолу произведенеш, масала: «Комиссар», «Асламбек Шерипов», «ЦІий хуьйдина лаьмнаш» поэма (Мамакаев М.), «Киров дагалоцуш» (Нажаев А.), «Къайле» поэма (Бадуев С.), кхиерш.

Нохчийн литературин эпически кхолларалин магІарехь шена йогІу меттиг дІалецира 1928-чу шарахь Мамакаев М. язйинчу «ЦІий хуьйдина лаьмнаш» поэмо. Поэмин тема – нохчийн халкъо XIX бІешарахь паччахьан Іедална дуьхьал латтийна къоман-паргІатонан къийсам.

Вайн поэташна юкъахь дуьххьара поэмин жанрехь яздинарг Мамакаев Мохьмад ву.

1920-чу шерашкахь кхоллаелира вайн литературехь драматургин жанр а. Бадуев СаьІидий, Эльдарханов Іисассий язйира «Дайн Іедал» пьеса. Яздархоша Іорадохура чІиран гІиллакхаш, ткъа кхечу

шина драматурго, Яндаров Мохьмадий («Макажойн имам»), Шерипов Денилбекий («Іаьлбик-Хьаьжа»), дуьйцура нохчийн халкъан исторехь хиллачу цхьацца бакъдолчух лаьцна.

Оцу хенахь къаьсттана сиха кхиа йолаелира Бадуев СаьІидан прозин говзалла.

Вайна ма-гарра, нохчийн яздархой шо-шаре мел дели кхуьуш, заманахь хуьлуш лаьттачу коьртачу гІиллакхийн тидам бан гІерташ схьабогІура.

1930-чу шераша нохчийн исторехь чІогІа йоккха меттиг дІалоцу. Цу шерашкахь нохчийн исбаьхьаллин литературо цкъа а ша ца яьхначу кепара шуьйра а, кхиаме а гІулчаш ехира. Литературехь гучуевлира керлачу яздархойн цІерш, церан керла эшарш, стихаш, дийцарш, пьесаш.

Хаьал лакхаяьллачу говзалло йиш хуьлуьйтура яздархойн оцу хенан къинхьегаман, идейни болам кІорггера гайта. 1930-гІа шераш дуьйлалуш нохчийн литературехь кхоллало романан, очеркан жанраш (масала, Бадуев С. «ПетІамат», Арсанов С.-Б. «Ши тІаьхье»).

Цуьнан бахьанаш дукхахьолахь дозуш дара нохчийн яздархойн кхечу къаьмнийн яздархошца уьйраш чІагІъяларца, нохчийн поэтийн стихийн сборникаш Москвахь арайийла йолаяларца, нохчийн яздархоша (Бадуев С., Айсханов Ш.) СССР-н яздархойн оргкомитетехь, съездехь докладаш ярца, царна оьрсийн гочдархой бовзарца. Уггар литературин болар сихдаларан коьрта бахьана дозуш дара Нохчийн автономни областехь литературин-исбаьхьаллин журналаш «Итт бІаьсте», «Кхиам», «Нохчийн яздархойн дош» арадийла доладалар.



*В.П. Астапов.* Нохчийн Республикин сийлахь яздархо Арсанов СаьІид-Бей. 1958

Сихделира литература кхиаран болар. Бадуев СаьІидан, Мамакаев Мохьмадан, Айсханов Шамсуддин, Нажаев Ахьмадан, Дудаев Іабдин, Музаев Нурдин кхоллараллехь коьрта тема хилла дІахІоьттира къинхьегаман тема.

Литературехь хІетахь хилла кхиамаш Бадуев СаьІидан цІарца бозуш бу. Цуьнан кхоллараллехь коьртачу проблемех цхьаъ ю стеган, цуьнан дахарца йолчу юкъаметтиган проблема.




Иштта бу 1934-чу шарахь араяьллачу Нажаев Ахьмадан «Керла дуьне» сборникан стихийн коьрта чулацам, Айсханов Шамсуддин 1933-чу шарахь арадаьлла «Мало – хало» дийцар.

Шайн замане хьаьжжина, социалистически къийсаман романтика, балха тIехь хилла кхиамаш, хаза кхолламан дахар хало яздархойн белхашкахь.

Къинхьегаман гIуллакхаш цара, дешнийн хазалла а ца лоьхуш, халкъан цIенчу маттаца дуьйцу. Цу тайпана язйина поэзи сиха кхочура дешархочуьнга, иза кхиавора, цо масал оьцура иштачу къинхьегамхойх.

Цу кеппара, нохчийн 1930-чу шерийн литературехь кхоллало керла некъ: хьалха, 1920-чу шерашкахь, язйинчу стеган керлачу дахарх дуьйцуш, цуьнан маьIнех кхетош йолчу произведенех къаьсташ, яздархоша кхуллу социализман дIахIоттамах лаьцна дуьйцу произведенеш.


Цундела нохчийн яздархоша Советски яздархойн Ерригсоюзни хьалхара съезд (1934) хилале литературехь баккхий кхиамаш баьхнера. Съездехь дакъалоцуш бара яздархой: Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, Айсханов Шамсудди, Музаев Нурдин. Цу съездехь нохчийн литературех лаьцна къамел дира Айсханов Шамсуддис.

Ерригсоюзни яздархойн хьалхара съезд хиллачул тIаьхьа нохчийн литературехь идейно-тематически агIо шоръелира. Цу хенахь язйинчу произведенеш юкъа вогIу шен юьхь-сибат, амал йолуш, керла дахар доккхуш дуккха халонаш гина а, цу халонаша вахчийна а волу турпалхо, карлайолу турпалаллин, Даймохк безаран теманаш (Бадуев С. «Партизанаш», Дудаев I. «ЦIен эскархой», «Асламбек», «Партизанийн некъан илли», «Советийн малх», «Октябрь» стихаш.)

Халкъан кхоллам къаьсттана кIорга гайтина Мамакаев Мохьмада оцу хенахь язйинчу поэмашкахь. Къасто деза, цо «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» поэмина тIаьхьа кхоьллина поэзи, дукхахьолахь, автобиографически хилар. Иштта ю цо 1934-чу шарахь язйина «Ненаца дина

къамел» поэма а. Цу тIехь дуьйцу поэтан хиллачу халчу бераллин хенах, делахь а, иза лиро-эпически поэма хиларе хьаьжжина, цу тIехь, лирически турпалхочух лаьцна дийцина ца Iаш, Даймахках а, дахаран халчу, амма ирсечу некъах лаьцна а дуьйцу.




1930-чу шерашкахь язйинчу дукхахйолчу произведенеша ойуш ерш къинхьегаман, патриотически, политически теманаш яра. Цундела оцу хенахь яздархоша кIезиг язйо безаман тематика йолу произведенеш.

1930-гIа шераш чекхдовлуш, 1940-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн поэзехь Даймохк ларбаран, патриотически теманаш коьртанаш ю. Поэзи юкъа богIу Бакараев Зайндин, Халидов Эми, Халаев Ширвани, Сулаев Мохьмад, Саидов Билал, Эдилов Хасмохьмад, кхиберш. Церан лирически турпалхочун аз Даймохк ларбан декхарийлахь волчу стеган аз ду.

Оцу хенахь къаьсттана заза доккху къоначу поэтан Мамакаев Iаьрбин кхолларалло. Цуьнан коьрта амал – йоккха лиризм, керлачу дахарх а, ширчух бухадисначех а еш йолу ойланаш ю. Цуьнан цу хенахьлера стихаш чIогIа самукъане ю. Поэто язйо и хан тIекхаччалц нохчийн поэзехь гина йоцу Iаламан лирика.

1940-чу шарахь арайолу цуьнан «Теркан тулгIе»[1] стихийн сборник. Цо тоьшалла до иза хIетахь кхиъна ваьлла поэт хиларан.

[1] 1940-чу шарахь арахецна «Теркан тулгIе», 1958-чу шарахь – «Теркан тогIи».

Цуьнан кхолларалле хь уггар лакхара кхиам бара «АслагIий, Селехьаттий» поэма, дIадахна нохчийн дахар а, цу дахаран социальни агIо а гойтуш йолу.

***3. Даймехкан тIом исбаьхьаллин дашехь.***

Тешнабехкаца фашистийн Германис вайн Даймахкана дуьхьал болийнчу тIамо сихдира нохчийн яздархойн кхиар. Царна кхоччуш хиира Даймахкана а, халкъана а хьалха шаьш доккхачу декхарийлахь хилар – исбаьхьаллин дош халкъан дог-ойла айа а, цуьнан мостагIчуьнга болу цабезам алсамбаккха а декхарийлахь долуш дIахIоьттира. Поэтически дош дара хьалхарчу муьрехь и декхар кхочушдан дезарг. ТIеман хьалхарчу дийнахь нохчийн поэташа язйира мостагIчуьнга болчу цабезамах юьззина стихаш, цара кхойкхура, иза вохо гIовтта, бохуш.

Даймахкана кхераме мур тIехIоьттича, лирически турпалхочун дог-ойла кIорггера гучуйолу. Мамакаев Iаьрбин «Массо а Даймахкехьа» стихотворенехь поэтан аз къонахаллех дуьззина дека. Цо гойту, хIора стаг, халкъан векал хилла, мостагIчунна дуьхьалхIотта декхарийла хилар. Цо язйинчу «Шотошка», «Сийлахьчу полководце маршалла», «Октябран хенарчийн илли», «Дозанхочуьнга кехат», «Дерриг а – тIамна» стихотворенеша гойтург шен паргIато, Даймехкан сий лардан гIаьттинчу халкъан васт ду.

ТIеман тематика къеггина схьаеллало Мамакаев Iаьрбин кхийолчу стихашкахь а. МостагIчух леташ волу турпалхо ша вац. Поэто ца лоьху ша цхьаъ мостагIчунна дуьхьалваьлла турпалхо гайтаре хьовзийна йолу Iалашо. Цуьнан поэзин турпалхо халкъ ду. Халкъан васт кIорггера гайтира Iаьрбис «Винчу юьрта» повестехь а.

Халкъо гайта дезачу хьуьнаран тема ю Музаев Нурдинан «Толам вайн бу», «Вайна хьехна», Эдилов Хасмохьмадан, Сулаев Мохьмадан стихашкахь.

«Цамзанца перо нисъяр...» – Маяковский В.В. и дешнаш доккха маьIна долуш дIахIиттира къаьсттана тIеман хенахь. Ерригсоюзни литературо шен тоьлашха болу ницкъаш тIеман темане хьовзийра. Дукхахболу яздархой, шайн кхолларалица цхьаьна кара герз эцна, мостагIчунна дуьхьалхIиттира.

Даймехкан тIамо яздархойн берриг а тидам шена тIе хьовзийра. Нохчийн къоначу поэзис карлайоху 1920-чу шерашкахь хилла кхайкхаман, хьехаман традицеш. Поэзин Iалашо, хIетахь санна, стаг кхетор, турпалхочун дог-ойла йолуш кхиор яра. Цул совнаха, поэташа Iорайоккхура фашизман бакъйолу Iалашо, цуьнан акхаройн юьхь-сибат.



Эсамбаев Махьмуд


Къоначийн исбаьхьаллин говзалла кхиар ша-шаха ца хIутту дIа, уьш Iема шайл баккхийчу нохчийн поэтийн говзаллех. Цара шайн поэзина юкъаялайо керла поэтически форма, кепаш а, дахар таллархь йоху гIулчаш а.

Вай юьйцучу хенахь хиллачу къоначу поэтийн лирически турпалхой шайн Даймехкан дай бу. Уьш, цхьаъ санна, хьалагIовтту цунна гIо оьшуш меттиг тIехIоьттича, церан вежарий бу массо а халкъийн векалш. Масала, Бакараев Зайндис «Бакъ дош» стихотворенехь кхойкху: «Бакъ дош, хьо бакъонан некъ нуьрца къегаш хьовзалахь, харцонан корта божош!» Цунна хаьа, хьаьнгахь ду «бакъ дош», хьан «божор бу харцонан корта».

Саидов Билала язйира хIетахь цхьамогIа стихотворенеш: «ТIемалочуьнга», «Советски эскар», «КIанте». «ДIахаалда хьуна» стихотворени поэтан тIеман циклехь йолчу стихех дуьххьарлерниг яра.

ЦIаьххьана хийцаеллачу хено яздан буьйлалуш болчу поэташна хьалха доккха декхар хIоттийра: церан чIагIделла далаза долу поэтически хатI, аз, тIеман тематика чулацна, чIогIа, ницкъболуш дека дийзира. Иза цаьрга даделира, церан къона поэзи граждански а, Даймохк безаран а маьIнех юьзна дIахIоьттира Даймехкан тIом болабелча.

Царах цхьаъ вара Эдилов Хасмохьмад а. Цуьнан кхолларалин говзалла цIаьххьана лакхаелира. Иза хаало советски бIахочун тIеман майралла, къинхетаме, оьзда хилар гойтуш йолчу «Кавказан



*А.Н. Сафронов.*
Шерипов А.Д. говрахь.
1960

аьрзу», «ТIемало – хьоьга», «Лаьттан цинц», кхечу стихашкахь а.

Поэтан тIеман тематика йолу стихийн цикл юьзна ю йоккхачу патетикех, майраллица Даймохк безарх. Цу стихийн хIора дош поэто хаьржинчу Iалашоне кхочу, дешархочун догойла ойу, кхетаво, дегIера цIий сихо хьуьйзуьйту.

Доцца аьлча, иштта ю вайн тIеман хьалхарчу шерашкахь хилла къоначийн поэзи. Поэтийн говзалла кхиар болабеллачу тIамо сихдо. Эдилов Хасмохьмада, Саидов Билала, Муталибов Зайндис, Сулаев Мохьмада тIеман хьалхарчу деношкахь, беттанашкахь язйо шуьйра чулацам болуш, идейни кIорггера стихаш. Нохчийн поэзин къона дош тIеман хенахь кхиар литература цу шерашкахь сиха кхиарх дозуш ду. Цу тIеман хено шайна тIедиллина декхар шен ницкъе хьаьжжина кхочушдира вайн яздархоша а.

Амма литературехь йолу тIеман тема, ерриг а литература санна, кхиар сацийра 1944-чу шарахь 23 февралехь, нохчийн халкъ, кхидолу цхьацца халкъаш санна, дерриг махкахдаккхаро.

### *Текстана комментари*

Гуш ма-хиллара, хала а, чолхе а бара нохчийн йозанан литература кхоллаяларан некъ, хIунда аьлча и литература кхолла корматалла йолу дешна нах кIезиг бара. Цул совнаха, Нохчийчохь юкъараллин-политически дахар а дара чолхе. Амма литературин хьалхара гIулчаш яьхна кегий нах яхь йолуш а, шайн халкъаца бала болуш а бара. Цундела цара 1920–1930-чуй шерашкахь, шайн корматалле хьаьжжина, онда бух боьттира нохчийн литературина. И хала а, чолхе а некъ яздархоша даим а кхечу къаьмнийн яздархойн кхолларалина тIетеIаш бина бу.

### *Хаттарш, тIедиллар*

1. Дийца, муха кхийти шу нохчийн литература ненан маттахь кхоллаяларан нскъах.

2. Разделан чаккхенгахь ялийна Iилманийн белхан литература. Беша хьовса и белхаш. Цара дуьгур ду шу литературин идейно-исбаьхьаллин лехамийн кIоргенашка.

3. «Нохчийчохь 1920–1930-чуй шерашкахь хилла юкъараллин-политически хьал а, литература а» темина рефераташ язъе.

***Культурийн диалог***

«Оьрсийн, нохчийн литератураша вовшашна тІеІаткъам баран некъийн башхаллаш» – 11-чу классана ян оьшучу конференцин тема.

*Литература*

1. Очерки истории чечено-ингушской литературы. Грозный, 1963.
2. Туркаев Х.В. Нохчийн дийцар. Жанран кхоллаялар а, кхиар а. Грозный, 1971.
3. Туркаев Х.В. Чеченская советская поэзия 20–40-х гг. XX в. Грозный, 1971.
4. Туркаев Х.В. Исторические судьбы литератур чеченцев и ингушей. Грозный, 1978.
5. Чеченцы в истории, политике, науке и культуре России. М.: «Наука», 2015.

## II. XX БІЕШЕРАН ШОЛГІАЧУ ЭХЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА КХИАРАН БАШХАЛЛАШ

### *1. 1960-гІа шераш*

ХІора литературин ницкъ а, цуьнан идейно-исбаьхьаллин башхалла а цуьнан прозица къастайо. 1960-чу шерийн нохчийн прозехь уггар хьалха гучудаьлларг яздархоша шайн кхоллараллехь хІетахьлерчу хенан проблема хІоттор, гайтар, цунна жоп дала гІертар ду. Массо а аьлча санна, керлачу дийцаран, очеркан, романан, повестан коьрта турпалхо къона стаг хуьлу. Яздархоша хІиттайо конфликташ а, проблемаш а стаг кхетамца кхетош-кхио гІерташ. Цуьнца цхьаьна вайн яздархошна хийра дац нохчийн дІаяхна истори гайтар.

1960-гІа шераш дуьйлалуш нохчийн литературехь къаьсттана сиха кхиа йолаелира берийн яздархойн кхолларалла. Цу хенахь дуьйна схьа берашна арахенца дукха стихийн, прозин сборникаш ю. Царах ю: Гайсултанов Іумаран «Сема лергаш», «Керлачу дахаре», «Массарна а боьлийла малх»; Саракаев Хьамзатан «Дуьххьарлера хьуьнар»; Берсанов Хож-Ахьмадан «БІаьсте» дийцарийн, стихийн сборник, «Дохковалар» повесть; Саидов Билалан «Майра Сулима» поэма.

Нохчийн прозехь 1960-гІа шераш дуьйлалуш яздархоша гІеххьа гІулчаш ехира цу заманан къона стаг, цуьнан дахаран Іалашо, юкъараллин гІуллакхаш гайта гІерташ. Царах ю, масала, Мусаев Мохьмадан повесть «Дашо маха», кхиерш.

1960-гІа шерийн эхехь язйинчу прозин чулацаме хьаьжча, юха а шерра билгалдолу прозин ницкъ цуьнан йоккхалло беш цахилар. Оцу хенахьлера массо а керлачу исбаьхьаллин кхолларалли турпалхой хІетахьлерчу заманан нах бу, дукхахьолахь – къона нах.

Лаккахь вай дийцинарг шерра гучудолу Музаев Нурдин «Органан тогІехь» (1966) романан чулацамехь.

Роман шен чулацамехь маситта план йолуш а, масех проблема хІоттош а ю. Масала: нохчийн керлачу юьртан проблема, цуьнан нехан керла амал, юрт гІаланийн куьце ерзор, юьртахойн къинхьегам, иза лакхабаккхархьама лоьху керла некъаш. Авторо а, цуьнца цхьаьна турпалхоша а ешархочунна хІиттадо хиндолчу исбаьхьаллин дахаран суьрташ.

Шен баккхий кхиамаш бохуш схьайогІура цу хенахь берашна язъеш йолу проза а. Вай дуьйцучу шерашкахь араевлира Гайсултанов Іумаран «Тешаме доттагІ», Саракаев Хьамзатан «Нихлара тІай», Ахмадов Іумаран «Даггара доттагІий» дийцарийн книгаш.

Тайп-тайпана бу цу книгийн чулацам, амма коьрта тема цхьаъ ю: вайн дешархой, церан юкъаметтигаш, церан хийцалуш йогІу амалш. Гайсултанов Іумара язйинчу «Тешаме доттагІ» повестехь шерра го вай лакхахь аьлларг. Авторна дика бевза хІинцалерчу нохчийн школехь, берийн амалехь хуьлуш а, хилла а болу хийцамаш.

Нохчийн юьртахь баккхий кхиамаш хилла хан яра иза. Кхиънера къинхьегаман турпалхой. Гучуевллера дахаран керла проблемаш. Цундела, нохчийн хьалхарчу поэташа ма-баххара, яздархочун куьг а, хьекъал а кхача дезаш дукха агІонаш яра халкъан дахарехь. Яздархойн декхар а дара, карийча, бакъонца и хийцамаш гайтар.

Витаев Бауддис шен «Гарма» дийцарца хІоттайо стеган дахаран проблема – стага лаьтта тІехь юьту лар, цо нахана деш долу пайдехьа гІуллакхаш. Царах цхьа а ца дина дийцаран турпалхочо Гармас. Цуьнан дахар, иза ша бахьана долуш, дІадаьлла, шеца цхьа а сирла де ца дахьаш.

Вайн прозина юкъа шатайпа гІулч яьккхира Эдилов Хасмохьмада «Акхаройн лорах» дийцарийн сборник арахецарца. Вайн литературехь иза цу кепара дуьххьара яьккхина гІулч ю. Ша поэт хиларе терра, йоккхачу лиризмаца язйина ю и книга.

1960-чу шерашкахь прозехь кхуьуш яра сатирически жанр а. Оцу хенахь араелира Айдамиров Абузара язйина «Генарсолтин хьуьнарш» дийцаран сборник а. Ала деза, Айдамировн сатира дахар а, цунна новкъарло еш долу хIуманаш девзаш а язйина хилар. «Генарсолтин хьуьнарш», «Жуккаран мукIарло», «Анонимка» дийцарша кхачам боллуш гучубоху болх бан а ца лууш, даа-мала дезаш, шайна и ца хилахь, мичча а кепара и даккха реза болу генарсолтагIар.

Цу шерашкахь кхоччуш кхиира Курумова Селимин кхолларалла а.

Курумова Мусин Селима йина 1914-чу шарахь Суьйра-Коьрта юккъехь. Соьлжа-ГIалаххьий, Москваххьий дешна цо. Селима къахьега йолаелира 1935-чу шарахь, корматалла – машинийн инженер.

Селимин кхолларалле хь юьйцу коьрта проблемаш нохчийн зудчун дIадаханчу, цу заманахьлерчу дахарехь ерш ю («Жарманан некъ», «Ца йинчу ненан хIусамехь» дийцарш, «Дохк», «Сан гIалат» повесташ).

Шен кхолларалле хь берриг тидам халкъан амалан духовни агIо гайтарна тIехьажийна волу яздархо юьххехь я тIаьхьо цуьнан дахаран исторически орамашка хьажаза ца Iа. Халкъан кхоллам а, цуьнан дахарехь хилла социальни, политически хийцамийн некъаш а, историца йозу церан зIе а гучуйолу цу тайпанчу произведенешкахь. Ишттачу яздархойх ю Курумова Селима а. Цуьнан «Дохк» повесто дуьйцу нохчийн лаьмнашкахь XIX бIешерийн шолгIачу эхехь хилларг. Авторо «1865-чу шарахь ломахь хилларг ду» аларца шен повесть документальни хилар билгалдоккху.

...Зоврин, ЗабиIатан вовшашка хиллачу боккхачу безамех лаьцна ду и «гIийла дийцар». Амма беккъа цIена безам балхийна ца Iа автор. Цо гойту повестехь юьйцучу хенахь ломахь къехошний, хьолахошний юккъехь болабелла социальни Iоттабаккхамаш.

«Дахкарна» тIаьхьа Курумовас язйира «Сан гIалат» повесть. ЧIогIа йоккха ю цу шина произведенийн чулацаман башхалла.

«Сан гIалат» – иза къоначу зуда-ламанхочун дахарх а, цуьнан хиллачу, амма сов сиха кхачийнчу ирсах лаьцна буха мискъалан зарратал хIума ца дуьтуш дагара дийцар ду. Масех дашца бен автор сюжетана юкъа ца гIуртуш, йоккхачу лирически монологца дIахьо иза повестан коьртачу турпалхочо – Собис.

Авторан Iалашо Соби – йоI, Соби – зуда (цуьнан вастаца цу заманахьлерчу нохчийн зудчун амал) массо а агIор гайтар ю.

Селимин яздаран хатI шатайпа ду. Иза цунна дика хуучу, хаза буьйцучу нохчийн маттах дозуш ду. Цуьнан прозех ритмически проза ала мегар дара. Йоций предложенеш хIиттайо, поэзехь санна, шен мет-меттахь лаьттачу дешнаша.

Кхин цхьа башхалла ю Селимин яздаран хотIан. Шен турпалхочун дагахь долчух а, цуьнан дахарх а Iоттаделлачу халчу я ирсечу киртигах нийса схьадийцале, иза символца гойту авторо. Масала, къорано дакъийнчу дитта тIехь Iаш йолчу Собис кIорггера къурд ма-биннехь хаьа дешархочунна, иза хазахеттарг дийца ца йоллий, хIунда аьлча жима йолуш шен хиллачу ирсах а, хIинца дагна Iеткъачух а Собис къорано бакъийнчу кхурана тIехь Iаш дуьйцу. Кхуран стом а хилла мерза цунна къора тохале.

Гуш ма-дарра, Курумован кхолларалле хь коьрта турпалхой зударий бу. Цо кхоьллина церан цхьамогIа васташ. Шатайпана ду Хьаматин, Жарманан, Маккин, Анун, ЗабиIатан, Собин васташ а, дахар а. Амма церан массеран а лехамаш цхьаъ бу – ирс! Дукхахболчарна, шайн амале, замане хьаьжжина, и кара а до. Масала, Маккина, Собина.

1950-гIа шераш чекхдовлуш – 1960-гIа шераш дуьйлалуш яздан волавелла Окуев Шима. Цо нохчийн литературехь хаъал къаьсташ йолу шен лар йитина. ТIаьхь-тIаьхьа тайп-тайпанчу дагахь а доцчу кепара гучуйовлура оцу яздархочун кхолларалли н яккхий таронаш: цо кхиамца яздора поэзехь, прозехь. Нагахь вай цо арахецначу прозин, поэзин сборникашка («Сан Шуьйта», «Лаьмнийн аз», «Лаьмнашкахь суьйре», «ЧIиро бехдина сий», «Чорийн дийцарш») тидамца хьаьвсича, вайна гучудолу яздархочун идейно-тематически лехамийн шайн хатI хилар. Хьалха цо язйина поэмаш, повесть – иза яздархочо халкъан дахаран агIонийн кIоргенаш талла, шоралла гайта Iемаш яьхна шатайпа гIулчаш яра. Оцу кхолларалли н балхо цуьнан корматаллехь IаIийнчу ницкъо таро хилийтира Шимин «Лай тIехь цIен зезагаш» йоккха исторически роман язъян (1-ра кн. – 1976 ш., 2-гIа – 1978 ш.).

Исторически башха йоккха кийсак а яц романо чулоцург. Ламанхойн дахарехь империалистически тIеман шолгIачу шарера схьа

1917-чу шеран революцин хийцамаш лаьмнашкахь баржжалц хилла болу хийцамаш, лехамаш бу романо вайна бовзуьйтурш. Амма оцу шина-кхаа шарахь ламанхойн дахарехь хилла болчу цу хийцамийн жамIаш дарца яздархочо ешархочун хьалхахула чекхдоккху халкъан чолхе дахар, шуьйра бовзуьйту халкъан кIоргенашкахь хилла болу идейни къийсамаш, лехамаш.

Эрна а, шена цIаьххьана дагаеанчуьра хаьржина а яц яздархочо романан хронологи. Империалистически тIом хилла хан Россин халкъийн классови а, революционни а кхетам лакхаболу хан яра. Нохчийн лаьмнашкахь а, оцу хенахь тап-аьлла тийна, набарна дIадийшича санна хетаделлехь а, хуьлуш лаьттара луьра къийсамаш, юкъараллехь классови бекъамаш кхоччуш билгалдовлура, къинхьегамхойн революционни кхетам лакхабаларан некъаш шорлуш лаьттара, цара социальни а, къоман паргIатонехьа а латтош болу къийсамаш тIеттIа шорлора, луьрачу хорше боьрзура. Ткъа ша-шаха хуьлуш дарий-техьа халкъан революционни кхетам сиха самабаларан гIуллакх?

Нохчий цкъа а ца лаьттина Россихь хиллачу хиламашна юьстаха. Цуьнан билгало ю оьрсийн, нохчийн вовшашца даим хилла йолу историко-культурни юкъаметтигаш йовзуьйтуш долу исторически документаш. Оьрсийн революционно-демократически дог-ойлано самабаха болабелира XIX бIешерийн шолгIачу эхехь ламанхойн йоза-дешар хууш болу цхьаболу векалш. Оьрсийн-японин, империалистически тIемашкахь жигара дакъалацаро а, Россихь хиллачу хьалхарчу революцино бинчу тIеIаткъамо а, революционни боламан шолгIачу муьро а – оцу дерригено хаъал лакхабаьккхинера нохчийн къинхьегамхойн кхетам.

Цундела яздархоша оцу исторически муьрехь нохчийн юкъараллехь хилла кIоргера хийцамаш вайна бовзуьйту, уьш исбаьхьаллин дашца толлу.

«Лайн тIехь цIен зезагаш» романан коьрта турпалхой къинхьегаман ламанхой бу. Оцу ламанхойн кхоллам, церан дахаран кеп, лехамаш, Iоттабаккхамаш, хазахетарш, сатийсарш, оцу буьрсачу хенаца церан хилла уьйраш – иза дерриг а говза, кIорге а кхийдаш гойту яздархочо цхьана доьзалан кхоллам шуьйра талларца.

Роман дIайолало Iаламат маьрша гIуллакх деш бохкуш болу къехой гайтарца: уьш тIейогIучу бIаьстенна кечам беш бу, шайн кхашна тIе дуьшуна дуьллуш. Кхузахь гучуйолу церан дика дог-ойла, гIийлачунна гIо дан уьш кийча хилар. Амма оцу суьртехь вайна хаало жимма хьал долчара къечу юьртахошна беш болу ницкъ. Шен кIантана хьалхара тIаме вахийтира юьртан моллас Мовсар-Хьаьжас къехо Къойсар, цига воьдург ша кха лур ду аьлла. Къойсар тIаме а вахара, цигара иза заьIап а хилла цIа а веара, амма моллас цунна лур ду аьлла кха дIадалаза дисира. Шен ненан миска мацалла ца ялийта гIерташ къахьоьгуш вара иза, делахь а тIамехь хиллачу чевнаша кIелвитна волчу цуьнга гIуллакх ца далора. Шайн болх юкъах а буьтий, цуьнан гIуллакх до вежарша БайсагIура, Бетас, Жалис, Iабас. Къойсар тIамехь волуш оьрсийн салташа кхетийра иза «тIом нийсо йоцуш хIума хиларх», иза паччахьна, хьоладайшна оьшуш хиларх. Къойсар кхета волало дукхахболчу оьрсийн салташна юкъахь лелачу революционни идейх. Ша винчу юьрта юха цIа кхаьчча Мовсар-Хьаьжас ша Iехийча, хиира Къойсарна шен бIахойн накъостий бакълуьйш хилла хиларх.

Эрна дац Къойсарца къехоша доттагIалла лелор. Царна-м Къойсара дуьнен чохь хуьлуш лаьтташ долчу гIуллакхех шаьш кхетоле дика хууш дара, хьоладай ямартло йолуш, цкъа а нийсонна, бакъонна тIегIерташ боцийла. Церан доттагI ву пергIатонехьа къийсам латторна Сибрех вахийтина, цигахь политически тутмакхашца хилла зIе хIинца а хаьдда йоцу, цаьрца уьйр йолуш волу Iабдулла. Цо кхетабо БайсагIургIар оцу тутмакхийн лехамех, хьалха цо лакхабоккху вежарийн классови кхетам.

Вай лакхахь ма-аллара, яздархочун хьалха лаьттинарг ламанхой социальни а, классови а самабовлар, уьш къинхьегаман халкъашна юкъа яьржачу революцин идейх кхетар, оцу идейн тIаьххьарчу Iалашонна тIекхача новкъабовлар яра. И хала а, шуьйра а некъ халкъо дIа муха кхехьна, гойту Окуев Шимас оцу халкъан типични векалийн АслагIин доьзалан васташца.

Роман йолалуш билгалдолу вайна хьоладайн (юьртан молла Мовсар-Хьаьжин а, юьртден Iелин а, къедин Манакин а), обаргийн вежарийн Халидан, Вахин, Висаргин, пурстоьпан Сирмекхан,

стражникийн Іалашонаш цхьаъ хилар, уьш, вовшийн ца безахь а, къинхьегаман ламанхойх кхерарна, цхьабартболуш хилар.

Социальни къийсамаша паргІатонехьа боьду некъ лаха араваькхина волу Іаба сиха кхуьу ша латто безачу къийсаман формех. Іедалан политикех иза мелла а кхетаво Іабдуллас. Оьрсийн революционерашца зІе йолуш Іабдулла хиларна, ша къийсаман новкъа воллушехь кхийтира Іаба шена хьалха лаьттачу коьртачу Іалашонах. Іабдуллас Іабиний, Іумарний дуьйцу Соьлжа-ГІалара оьрсийн белхалой «гергарчу хенахь паччахьна дуьхьал гІатта дагахь» хилар. Цундела шена, Іабина, Іумарна, Къойсарна, кхечу паргІатонехьа къийса кийча болчу нахана хьалха Іалашо хІоттайо цо: «Карахь йолчу заман чохь ламанхой кхето беза, паччахьал тола вайна оьрсийн къехошца, церан белхалойн классаца барт оьшуш хиларх а, цаьргара хаам хиллачу дийнахь вай, цхьатерра гІевттина, паччахьан Іедална дуьхьалдовла дезаш хиларх а».

Яздархочо исторически бакъдолчуьнца гойту вайна ламанхойн кхетамехь революцин идейш цІаьххьана чІагІъелла цахилар, оцу идейша хьоьхучу новкъа бовла гІерташ, цара дуккха а лехамаш бина хилар. Ламанхойн кІентий бара Іабий, Іумаррий. Цушинна а атта ца карийра шайн ницкъ а, са а дІадаллал йолу йоккха, сирла Іалашо. ТІаьхьа подпольни революционеро оьрсийн поручикан Николай Осиповичан хьехамаша а воккху и ши кІант революцин сийлахьчу новкъа. Цундела чІир эцаран бахьана долуш араваьлла волу Іабий, Іумаррий революцин къийсамна, цхьа а шалха ойла йоцуш, кхоччуш тІевоьрзу. Цушинна а, цушиннан накъосташна а дан дезарг дІахьоьхуш, цара латтош болу къийсам оьрсийн белхалойн къийсамца бозуш хилийтархьама, боккха болх бо Николай Осиповича. Лаьмнашкахь шоръеллачу обаргийн тобанна хьалха Николай Осиповича хІоттадо керла-керла декхар. Іабас, Іумарий синош ца кхоош кхочушдо оьрсийн доттагІчо шайна тІедиллина массо а декхар. «О, шаьшшиъ мел дика революционер ву, хаьий шуьшинна? Во! – Шен нана-пІелг хьалабахийтира Николайс. – Вы лучшее, ребята, времени, будущее свободной Чечни!» – иштта мах хадабо Николайс Іабас, Іумарий дечу гІуллакхийн.

«Лай тІехь цІен зезагаш» романехь йоккха меттиг дІалоцу къинхьегаман темано. Романехь дешархочунна го коьрта турпалхой, шайна

жимма а пагІат хан яьлча, къинхьегамна чубулий белхаш беш хилар. Дахаран бакъдолчуьнца йогІуш йолчу цу агІоно а йо романан механлла.

БІешерашкахь гІело гина, пагІатонехьа къийсина, хийла шен тоьл-тоьлашха волу кІант оцу къийсамехь воьжна, я къизчу паччахьо сийначу Сибарех хьажийна, амма нийсо, пагІато шайга кхочург хиларх тешна болу ламанхой тІаьххьара замано хахорцучу муьрана тІе кхечира. ТІаьххьара а топ кхетта охьавужучу Іабина лай тІехь шен цІийн тІадамаш гира. «БІаьсте ю-кха йолуш, – элира цо ша-шега. – Дера яц хьо аса са а тийсаза-м», – аьлла, иза бертал охьавуьйжира.

1960-чу шерийн нохчийн прозин юьхь еш йолу произведенеш араевлла КПСС-н XX съезд хиллачул тІаьхьа. Царах ю Арсанов С.-Б. «Маца девза доттагІалла», Мамакаев М. «Революцин мурд», «Зеламха», Ошаев Х. «Алун шераш», Сулаев М. «Тавсолта ломара дІавоьду», Музаев Н. «Органан тогІехь», Исаева М. «Ирсан орам», Айдамиров А. «Еха буьйсанаш», Окуев Ш. «Лай тІехь цІен зезагаш» романаш, кхечу яздархойн дуккха а повесташ, дийцарш, очеркаш. Цара гойту нохчийн халкъан исторехь хилларг, шайн заманан дахар.

Прозехь эпически яккхий произведенеш кхоллаяларан шен бахьана дара: яздархошна хаьара, хьалха цкъа халкъан исторехь хилларг ца гайтича, таханлера де гайта хало хир дуйла, аьлча а оцу халкъан таханлерчу дог-ойланех дешархо кхоччуш кхетар воцийла. Цундела хьалхарчу рожехь царна лиънарг оцу халкъо шен пагІатонехьа латтийна къийсам гайтар дара.

Нагахь санна произведенешкахь гайтина дІаяхна хан, хронологически рожехь дІахІоьттича, хІокху кепара хуьлу романашкахь.

Шен «Маршонан цІарах» романехь Айдамиров Абузара гойту нохчийн халкъан исторехь XIX бІешерийн 40-чу шерашкара схьа 1905-гІа шо тІекхаччал йолу заманан кийсак.

Ткъа Арсанов СаьІид-Бейс «Маца девза доттагІалла» романца оцу халкъан революционни самадалар Россин пачхьалкхан кхечу къаьмнийн революцин боламца цхьаьнадогІуш гайтина. Яздархочо шена хьалха хІоттийна Іалашо яра оцу халкъийн кхетам революцин тІегІан тІе болуш уггар сиха хиллачу хенан шатайпа билгалонаш гайтар. Кхузахь революцина кечам беш а, революци йоккхуш а девзира оцу халкъийн доттагІалла.

ХIетахь хилла дахар гойтуш Арсанов С.-Б. сецначуьра дIаволалуш хета Мамакаев М. шен «Революцин мурд» романца. Яздархочун тидам тIебахнарг нохчийн халкъо Советан Iедал доккхуш герз карахь латтийна къийсам бу.. Яздархочо кхин цкъа а гойту вайна оцу къийсамна коьртехь лаьттарг, цу къийсамна куьйгалла дийриг оьрсийн халкъан белхалойн класс хилар. Оцу къийсамехь кхоччуш девзира вайн къаьмнийн интернационални доттагIалла. Цуьнан доладалар, вайна ма-хаъара, Арсанов С.-Б. гайтира. Дайша болийна революцин къийсам граждански тIеман турпалхочо Шерипов Асламбека а, кхечара а толамца чекхбаьккхира.



*Умарсултанов В.О.* Мальхиста

Мамакаев М. кIорггера гайтина цуьнан майралла, революцина муьтIахь хилар, къахьоьгучу къаьмнашна юкъахь хилла долу доттагIалла. Халкъашна юкъахь хилла революцин болам шуьйра гайтарца нохч-гIалгIайн литературехь йоккха меттиг дIалоцу романо.

Революцин хенан йоккха кийсак чулоцу Ошаев Халида язйинчу «Алун шераш» романо а. Цуьнан исбаьхьаллин мах хадабо яздархочо цхьабарт болуш революци яьккхинчу халкъийн дахаран интернационални агIонаш гайтаро.

Стага революцехь лаьцна дакъа, вайна ма-гарра, нохчийн эпически прозехь шуьйра гайтина. Яздархоша говзаллица зийна дайша шайн тIаьхьенашка луш схьадеана революцин гIуллакх. Оцу гIуллакхо хийцина халкъан дог-ойла а.

Шаьш баьхна зама гойтуш йолу проза а ю шен кхиамаш бохуш схьаеана. И тематика йолуш тIаьхьарчу шерашкахь араевлла романаш, повесташ, дийцарш, пьесаш, очеркаш.

Масала, Мамакаев Мохьмада яздинчу дукхахдолчу дийцарша гойтуш верг къинхьегаман стаг ву. Яздархочун повестийн, дийцарийн, очеркийн турпалхошна дахар девза, уьш, ницкъ болуш, шаьш муха баха беза хууш, нах бу. Шайн коьрта корматалла цара Даймахкана дIало. Ишттачарех цхьаъ ву «ГIалин урам» повесть тIера турпалхо Бочаров Никита а.

Ала деза, Мамакаевс Къилбседех лаьцна яздинчу дийцарша вайн литературина юкъа шатайпа керла тема, васташ деана хиларх. Цу тIехь вайна карадо оьрсийн, нохчийн, украинцийн, казахийн, эвенкийн васташ.

Шен башхаллаш ю Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалли а. Цуьнан доцийчу беламийн, сатирически дийцарша йоккха меттиг дIалоцу вайн литературехь.

«Дурдий, Даргий», «ГIирмасолтин гIенаш», «ДIа коч – схьа коч» дийцаршкахь Хамидов I.-Хь. сатирица Iорабоху муьйлуш леларш, спекулянташ, ширчу гIиллакхашна тIегIерташ берш. Яздархочун кхолларалле хь вайн дахаран дика агIонаш дукхаха ю цуьнан цхьацца нислучу ледарлонел. Яздархочо хIоттайо керла стаг кхиаран проблема. И проблема дIанисъян цунна гIо до беламо. Хамидовс нехан дахарехь нислуш йолу цхьацца амалш беламца Iорайоху, царна тIегIерта дага ца доуьйту.

Вайн ярташкара дахар, нехан вовшашца йолу юкъаметтиг, нехан дахарехь хIора дийнахь хуьлуш болу прогрессивни хийцамаш – иза ду цу хенахьлерчу яздархойн кхолларалле хь гучудолуш дерг.

Уьш бу Сулаев Мохьмад, Айдамиров Абузар, Мусаев Мохьмад, Музаев Нурдин, Гайсултанов Iумар. Церан а, кхечеран а кхолларалле хь йоккха меттиг дIалоцу зуда-ламанхочун васто: иза болх беш ю, шен ирс лаха мукъа ю, юкъараллехь дакъалоцуш ю.

Масала, «Тхан эвлахь» повесть тIехь Айдамировс коьрта тидам тIебахийтина культурни дахаран керлачу форманех къона чкъор кхетарна. Яздархочунна нийса гина оцу дахаран хийцалуш лаьтта кеп, цо хIиттайо къоман культурин тIаьхьенан проблема. Повестехь кхоьллина психологи кIорге йолуш долу турпалхойн Асламбекан, Решидан, Асетан, Розин, кхечеран а васташ. «Тхан эвлахь» повесть тIера мехкарий шайн ойланца, дечу гIуллакхца, шайн безамца паргIат нах бу. Уьш кхиийна керлачу хено.

Шен повесташкахь, дийцаршкахь Айдамировн Iалашо зударийн васташ кхоллар ю, цо церан де-дийне мел дели хийцалуш йогIу амал гойту.

Шен чулацамца вайн денойн темица йолу Сулаев Мохьмадан «Тавсолта ломара дIавоьду» роман ю шена тидам тIебохуьйтуш.

Романо чулоцу 1940-гIа шарера 1960-гIа шо тIекхаччалц нохчийн халкъан дахарехь хилла болу мур. Авторо цхьана ламанхочун Тавсолтин доьзалехула схьагойту вайна цу шерашкахь нохчийн дахарехь хилла хийцамаш. .

Тидам тIебахийтина хьежнера дахаре Мусаев Мохьмад а. Цунна го цу дахаран сирла агIонаш, вайн халкъан сийлахь, турпала гIуллакхаш. Цуьнан кхолларалле хь йоккха меттиг дIалоцу къоначара. Иза шера гучудолу цуьнан, масала, «Анзор» повестехь.

Мусаев Мохьмадан кхийолу повесташ, пьесаш, дийцарш а ду къоначеран дахарх йолу проблемаш хIиттийна (масала, «Дашо маха», «Анзор», «Тапча яьлча» повесташ, «Теркан тулгIеш», «Цхьана эвлахь» пьесаш, и. д. кх. а).

Мохьмадан кхолларалле хь коьрта меттиг дIалаьцна керлачу дахаро, керла кхетам болчу турпалхоша. «Дашо маха» повестера къона следователь Азамат майра, хьекъале, тешаме, цIена дог-ойла йолуш белхахо ву. Цуьнан васт дикачарех цхьаъ ду вайн литературехь.

Тидам тIебохуьйтуш ду яздархочун «Хьаьрса месаш» дийцар а.

Хьакъйолу меттиг дIалоцу вайн литературехь Исаева Марьяман кхолларалло а. Казахстанехь, Джамбульски областехь йолчу Чолак-Тау поселкехь Iаш йолуш цунна дика гора Iаламан хазна Даймахкана пайдене хьовзош болчу нехан къонахалла а, къинхьегаман айам а. Оцу нахах лаьцна язйина цо шен дуьххьарлера роман «Ирсан орам».

Шен кхолларалли н амалца берин яздархо ву Гайсултанов Iумар. Иза нохчийн берийн литературехь и жанр кхоллархо лара мегар ду.

Гайсултановн берийн дийцарш тайп-тайпана тематика йолуш ду. Масала, «Сема лергаш» дийцарийн сборникан коьрта теманаш ю: стаг, цуьнан Iер-вахар, цкъацкъа хала, амма стага эшош долу. Къоначу дешархошна чIогIа пайдехь дийцар ду «Жима турпалхо». Цо берашкахь кхиайо стогалла, доттагIалла. Дийцаро исбаьхьаллин формехь берашна юьйцу Нохчийчохь колхозаш яхкаран истори.

Яздархочун дийцарш кхета аттачу маттахь яздина ду. Цара бераш эстетически кхиош доккха гIо дийр ду. Масала, «Сема лергаш» дийцар тIера турпалхой 12–13 шо кхаьчна бераш ду. Колхозан амбар чуьра хьаьжкIаш яйча, сема лергаш долчу ГIебартий, цуьнан

доттагIчо оьрсийн кIанта Володяссий буса, къу лар а вой, гучувоккху и. Дийцарехь гайтина берийн интернациональни доттагIалла.

Шен турпалаллин темица къаьсттана тIе тидам бохуьйтуш ю Гайсултанов Iумаран «Керлачу дахаре», «Лаьмнашна майранаш беза», «Iаьрби», «Мила ву хьо?», «Массарна а боьлийла малх» повесташ. Церан масех тема ю: царах коьртачарех ю революци кечъеш, Советан Iедал доккхуш оьрсийн, вайнехан къинхьегамхоша латтийна къийсам. Революцин гIуллакхаша берашна дахаран масал ло.

Гайсултанов Iумар, берашна язъярх тоам ца беш, шен халкъан дахарехь хуьлу морально-этически хийцамаш талла гIерта. Иштта къоллало цуьнан повесть «Малика». Повесто дуьйцург нохчийн йоьIан хьалха хиллачу дахарх лаьцна дац. Шен заманан нохчийн йоI, шен заманан цуьнан дахар – иза гайтар Iалашо ю авторан.

Изза проблема ойуш ю яздархочун «Мила ву хьо?» повесть а.

Нохчийн литературехь дукхахйолчу повесташкахь, дийцаршкахь вайнехан зуда шена ма-хетта мукъаяьлла яц Iадатах. Амма дахаро кхин гойту: эзарнаш инженераш, лоьраш, хьехархой, ялта кхиорхой, Iилманчаш бевлла нохчийн зударех.

Вайна ма-гарра, нохчийн яздархойн тематически агIонаш нагтахь цхьатера нислахь а, цара шайн турпалхочун дагахь долчух, цуьнан дахарх Iиттаеллачу халчу я ирсечу киртигех нийса схьадийцале, иза символца гойту.

Кхечу кепара аьлча, дахар толлуш хIора яздархочун шен амал, хатI хуьлу.

Нохчийн зудчун дахарехь хилла баккхий социальни хийцамаш массарна а гуш бу.

Дуьйцийла яц, и тайпа тема чIогIа оьшу таханлерчу вайн дахарехь. Амма тема схьайоьллуш кIорггера чулацам хила беза.

КIорггера чулацам бохург данне а дац исбаьхьаллин кхоллараллин вастан коьртаниг юьхь тIера хазаллий, дегIера ницккъий, балха тIехь цо боху кхиамашший хила беза бохург. ХIан-хIа. Стеган амал, цуьнан дахар, ойланаш, доцца аьлча, кхечарех тера воцу стаг – иза ю, хила а еза яздархойн кхоллараллин коьрта Iалашо. Муьлххачу а хенан яздархой схьаэцча, церан кхоллараллехь коьрта лехам стеган дог-ойланца цхьаьна социальни дахар гайтар хуьлу.

Цуьнца дозуш ду нохчийн литературехь хIетахь къинхьегаман тема шуьйра юкъаяржар. Къинхьегаман тема йолуш цхьамогIа произведенеш язйина яздархоша, масала: Мусаев М. «Анзор» повесть, Гайсултанов I. «Малика», «Iаьржа портфель», Музаев Н. «Органан тогIехь», «Сатийсамийн ницкъ» и. д. кх. а.

Цу произведенешкахь кхоьллина цхьамогIа васташ ду, шайн идейни ницкъаца дешархо кхио.

1960-чу шерийн тIаьхьарчу шерашкахь язйинчу драматически произведенеша а дуьйцу нохчийн халкъан юкъараллин а, эстетически а кхиар. Царах ю Ошаев Х. «Асламбек Шерипов», Музаев Н. «Стагах теша», Мусаев М. «Теркан тулгIе». «Цхьана эвлахь», Хамидов I. «Бож-Iела», «Лийрбоцурш», кхийолу пьесаш.

Цу хенахь яздархошна хьалха лаьттара доккха декхар – нохчийн халкъо керлачу дахаре доьдуш бина некъ, оцу халкъо шен дахар дIахIоттош беш болу болх гайтар. РСФСР-н яздархойн хьалхарчу съездехь (1959) ша динчу къамелехь Мамакаев Мохьмада элира: «Вай деха хазчу, къонахаллех юьззинчу заманахь, амма кхана вайн хиндолу дахар кхин а хаза ду. Ткъа оха, Нохч-ГIалгIайчоьнан яздархоша, тхайн берриг ницкъ а, хьекъал а дIалур ду тхайн кхоллараллица советски халкъана, цунна хьалха лаьтташ долу Iаламат даккхий декхарш кхочушхилийтархьама».

1960-гIа шераш дуьйладелча бен шуьйра карла ца йолу нохчийн литературехь тIеман тема. Иза оццул тIаьхьайисаран бахьана дара, цкъа-делахь, 1944-чу шеран 23 февралехь нохчийн халкъ дерриг кхойтта шарна Даймахкахь арадаккхар а, цхьамогIа яздархой, боцу бехкаш а беш, чубоьхкина я тоьпаш тоьхна хIаллакбар а. Даймехкан Сийлахь-Боккха тIом болчу хенахь советски бIахочо шегара гайтина Iаламат доккха хьуьнаран, цо Европа фашизмах кIелхьарйоккхуш гайтина гуманизман теманаш, кхечу литературашкахь тоххара шайн исбаьхьаллин формане йирзина йолу, нохчийн литературехь тIеман шерашкахь кхочуш гайта таро ца хилира.

Литературин гIуллакх, дерриг аьлча санна, буьйлалуш болчу къоначарна диснера. Царна дахарехь долчун кIорггера маьIна дан ца хаьара, иза исбаьхьаллин формане дерзош долчу бакъдолчунна шуьйра чулацам бала говзалла ца тоьура. Цундела тIеман шераш-

кахьлера нохчийн литературин мах къоначара язйинчу лирически стихаший, поэмаший хадабо. Церан чулацам тIеман хено билгалбина бара, цара дуьйцура советски патриотизмах, цуьнан интернациональни декхарх лаьцна. Уьш бара Эдилов Хасмохьмад, Сулаев Мохьмад, Муталибов Зайндин, Бакараев Зайндин, Халидов Эмин, кхиберш. ТIеман хенахь хуьлуш болу хийцамаш сиха хиларе хьаьжжина, царна тIаьхьа а кхиъна, уьш дешархочуьнга дIакхачо гIерташ, лирически стихаш кхуллура поэташа. Хуьлуш лаьттачу гIуллакхех прозехь дийца я хан а, я говзалла а ца кхочура церан.

ХIуманан барам, мах, хан дIа мел ели, дика го, олуш ду. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа дIаихначу шераша кхоччуш таро елира нохчийн яздархошна хиллачух ойла ян а, цуьнан маьIнех кхета а. 1950-чу шерийн шолгIачу эхехь гучуйийла йолало церан тIеман тематика йолу стихаш а, тIаьхьо – проза а.

ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа пхийтта-ткъа шо даьлча араевллачу произведенийн тIеман теманаш хьалха араевллачарел мелла а кхечу кепара ю шайн идейно-исбаьхьаллин чулацамехь. ХХ бIешерийн 60–70-гIий шерийн тIеман произведенийн Iалашо, тIом болчу хенахь санна, мостагIашца луьра къийсам латто гIовттаре кхайкхамаш латтор яц. Яздархоша хьесап дийриг – иза советски халкъо гайтинчу хьуьнаран барам бовзийтар, цунах дешархо кхетор ду. Яздархошна шайн кхолларалле хь бовзийта лаьа советски халкъан кхетам, халкъана хаийта лаьа дуьненахь хиллачех уггар инзаре-боккхачу тIамехь толам боккхуш бинарг «Сийлахь тIом» буйла.

Билгаладаьхначу шерашкахь нохчийн прозина Даймехкан тIеман тема юкъаеана, коьрта долчунна, Муталибов Зайндин, Висаитов Мовлидан, Ошаев Халидан цIерша. Хьалхара шиъ оцу тIамехь дакъалацархо хилла.

ХIара мур нохчийн халкъо Даймехкан тIамехь дакъалацаран документальни материалаш гулъяран мур бу.

Иштта ю нохчийн литературехь цу темин башхалла.

Цу башхаллех дозуш ду нохчийн яздархойх дуккха а зеделларг долуш болчара а тIеман теми тIехь беш болу болх цутайпана дIакхехьар. Царах ву Ошаев Халид. Дуккха хан яра и «Брест – цIеран гIап» книги тIехь болх беш волу. «Вайн Нохч-ГIалгIайн республике-

ра ши бIе сов тIемало хилла тIом болалучу юьххьехь Брест-гIопехь эскаран магIаршкахь.

Шайна юкъахь оьрсий, нохчийн, гIалгIай, иштта кхиберш а болуш, майра летта уьш фашистски акхаройх. Царах дукхахберш гIопехь бечу тIамехь эгна. Амма цхьаберш, тIамца го хадош, арабевлла цу чуьра. Цул тIаьхьа а, шайна чохь синош мел ду, летта уьш фашистех», – яздора «Ленинан некъ» газето Ошаев Х. книги тIера «Брест-гIопехь» очеркана зорба тухуш.

Яздархочо доггах дуьйцу, «Брест-гIопехь» тIом а бина, кхечу шен накъосташца фашистийн го а хадийна араваьллачу Сатуев Османах, цуьнан тIеман доттагIех – гIалгIачух Газиков Iумарх, хIиричух Цоболов Харитонах, нохчочух Гадаев Шемилах, кхечарах лаьцна. Белорусски хьаннашкахь фашистски акхарошна майра дуьхьаллаьттина Кавказера и майра кIентий. Шен Даймехкан декхар кхочушдеш, Даймехкан паргIатонан дуьхьа са дIаделла турпалхочо Сатуев Османа.

Цуьнан тIаьххьарчу шерашкахь тIеман темано шена тIе хьовзийра Ошаев Халидан ерриг ойла. Яздархочо шен коьрта декхар лорура тIамехь нохчийн, гIалгIайн халкъаша дакъалацарх материалаш гулъяр. Оцу декхаршца дозуш ду Халида нохчаший, гIалгIаший Даймехкан тIамехь гайтинчу хьуьнарех лаьцна документальни очеркашца дийцар. Иштта арайовлу цо Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех, комиссарех Имадаевх, Сапаевх язйина очеркаш. Нагахь оцу очеркашка, очеркан жанран хила ма-еззара йолчу бакъонашна тIе а теIаш хьаьвсича, вайна карор дара царах цхьаерш очеркан лехамашна жоп делла цаIар. Масала, «Комиссар Имадаев», «Аьчкал чIогIа» очеркаша шуьйра кхетам ло вайна комиссарийн Имадаевн, Сатуевн майраллех, уьш, Даймехкан сий, паргIато ларъеш, шайн синош дIадала кийча хиларх. Ткъа «Рыцарь Отчизны» произведенехь Нурадилов Ханпашин тIеман шерашкахь хилла дахар гайтина ца Iа яздархо. Цо гойту вайна цуьнан беролла, цуьнца цхьаьна хьалакхиъларш, церан вовшашца хилла юкъаметтиг, Ханпашин дог-ойла, амал кхиаран некъаш. Доцца аьлча, «Рыцарь Отчизны» произведенино чулоцу заманан дийнна цхьа кийсак, цу заманан башхаллаш, лехамаш, хазхетарш, халкъан дахар а гойтуш.

Цундела оцу произведенино чулоцучу хеней, хиламашкий хьаьжча, гучудолу вайна иза очеркал шуьйра а, кIорга а хилар. «Рыцарь Отчизны» – документальни дийцар я повесть лара мегар ду.

Шайн идейни маьIница оьшуш а, тидам тIебохуьйтуш а ю Ошаев Х. Даймехкан тIамехь турпалалла гайтина нохчийн кIентий буьйцуш йолу очеркаш а – «Майра кIант», «Ламанан лечарчий». Яздархочо вайна йовзуьйту нохчийн тIемалойн керла цIерш. Царах ву майра чекист Махашев ИсмаьIал.

Фашистски гIеранех майра летта Шуьйтан лаьмнашкара схьаваьлла летчик, авиацин полкан командир Акаев Даша, летчик Имадаев Ахьмад. Нохч-гIалгIайн дошлойн 255-чу полкан комиссар хилла Имадаев Мохьмад Ахьмадан воккхаволу ваша вара. Хала чевнаш хиллачу меттехь фашисташа йийсаре лаьцна иза. Царна ша комиссар вуйла хиъча, шен сий ца дайа, мостагIчунна яхь дIа ца яла: «Со комиссар а ву, коммунист а ву», – аьлла цо, шена тоьпаш тохале.

Ахьмад, мостагIий эшийна, тIом чекхбаьллачул тIаьхьа дуккха а шерашкахь авиацехь гIуллакх деш вара.

Документальни произведенин чулацамах дийца, цунах лаьцна шуьйра маьIна дан хала ду, хIунда аьлча цу тIехь вуьйцу турпалхо тIетоха а, тIерадаккха а хIума доцуш а, ма-варра вайна гуш волу дела. Масала, иштачу халонех Iиттало вай «Рыцарь Отчизны» произведени кхоьллинчу Ханпашин вастах дуьйцуш. Ханпаша цо гайтинчу Iаламат даккхийчу хьуьнаршца дика вевза ерриг пачхьалкхехь. Цуьнан патриотически вахаро, валаро кхиабо, кхиор а бу къона даймехкан гIаролхой. Цуьнан доцачу дахарх, сийлахьчу валарх дика аьлла нохчийн гIараваьллачу драматурго Хамидов Iабдул-Хьамида шен «Лийрбоцурш» пьесехь: «Хьоме доттагIий, зама дIаоьху, оьхур а ю. Амма адамийн дегнаш чуьра цкъа а дIаяьлла яц, я ер а яц, Даймехкан тIеман буьрсачу деношкахь вайн халкъан сий, ирс лоьхуш, шайн синош дIаделлачийн сийлахь цIерш. Оцу сийлахьчу цIерш юккъехь ю Нурадилов Ханпашин а, цуьнан накъостийн а цIерш. Бала къона бара Нурадилов, цуьнан накъостий. Амма къонахийн дахар шерашца дагардеш хила ца деза, цара шайн халкъана динчу гIуллакхашца дагардеш хила деза. БIе шарахь ваьхнарг а ца ваьхна дукха, и шен

халкъана гIуллакх деш ца ваьхнехь, ткъа шарахь ваьхнарг а ваьхна дукха, и шен халкъана гIуллакх деш ваьхнехь».

Оцу дешнаша стаг сапаргIат ца вуьту, цара цуьнан патриотически дог-ойла ойу.

Къаьсттана мехала ю оцу доккхачу гIуллакхна Висаитов Мовлидан «Терка тIера Эльби тIе кхаччалц» («От Терека до Эльбы») книга. Иза Даймехкан тIом болчу хенахь нохч-гIалгIайн 255-чу дошлойн къаьсттанчу полкан хиллачу командиро язйина ю. Книга, документальни хиларе терра, чекхйолуш сюжет йолуш яц. Авторо къеггина гойту нохчийн, гIалгIайн майрачу кIентийн – бIахойн – сийлахь некъ, я болате, я дошан догIане йохалур йоцу церан къонахалла. Дешархочун интернациональни дог-ойла кхин а лакхарчу тIегIане йоккху полко бина тIеман некъ Висаитовс кхечу халкъийн векалшца цхьаьна гайтаро.

ТIеман тема юкъайогIу вай билгалдаьхначу шерашкахь поэзин жанрана а.

Сулаев Мохьмада 1943-чу шарахь язйира Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамах лаьцна гIараваьллачу Советски Союзан Турпалхочун – Нурадилов Ханпашин – васт кхуллуш йолу дуьххьарлера «Малх тоьлур бу» поэма. Иза тIеман хенахь вайн литературехь язйинчарех уггар йоккха а, чулацаме а произведени ю.

Мохьмада «Нохчийн кIант Волгин йистехь» поэмин коьрта турпалш – Заур, цуьнан доттагI – Саша а, авторо, дахарехь хиллачух тар а деш, шегара кхоьллина персонажаш ю.

Поэма язъечу муьрехь авторо, Волгограде а вахна, цигарчу музейшкара материалаш теллина. Цундела поэми тIехь дуьйцу тIеман некъашкахь хилларш а, хьехош болу цхьаболу турпалхой а исторически бакъдерг ду: инарла Чуйков В.И., тIаьхьо – маршал; лакхара лейтенант Федосеев; сержант Смирнов, сержант Павлов, кхиберш.

ТIекхуьучу чкъурана шайн дайн хьуьнарш довзийтарна, кегийрхойн дегнаш патриотически ойланехь Iаморна хьажийна яра поэма.

Хьалхарчу декъехь («Винчу кертара...») го Заур кхиъна доьзал, цуьнан цIахь, школехь Iамавар. Зауран нанас, тIаьхьа, и тIаме воьдуш, дас динчу хьехарша гойту ламанхойн оьздангаллин, къонахаллин хатI.

Малх бузучу хенахь «цIастах цIен гулмаьнда баххьех а хьерчош» лаьттачу лаьмнийн кура сурт а Зауран Даймахке безам чIагIбеш цуьнан дагах кхетар къаьсттанчу тидамца гайтина. Заур кхета:

Даймахке безам...
Массо а безамал нуьцкъала буйла.
Гергарниш цул тIаьхьа кхин а чIогIа беза,
Хаарна, Даймехкан уьш сибат дуйла!..

И безам цIаьххьана иккхинчу тIамо зерах, тIеман Iазапехь и кхин а чIагIбаларх ду цул тIаьхьа догIу поэмин дакъош.

«КIайн килс йолчохь» шолгIачу декъехь гойту Зауран, цуьнан доттагIчун Сашин тIамехь дуьххьара хилла хьуьнарш. Уьш поэто, лерина, массо а коьчалшца къастош, гайтина.

МостагIчун салтий шайх тоам бина хиларна, церан кураллина дуьхьалхIоьттина го вайна советски салтийн бакъйолу майралла.

Цул тIаьхьа тIемалочун хьуьнарш массо а билгалонашца гайтар совнаха долу дела, барамехь а гойтий, турпалхойн дог-ойла талларна тIебохуьйту авторо шен тидам.

Чулацам луьсто болчу поэмин кхоалгIачу («Волгин йистехь») декъехь госпиталехь бу Заур, кхиболу дархой. Кхузахь гойту дархойн сатийсамаш. Госпиталера араваьлча, Сашех дIакхетар ца нислуш, тIемаш беш лела Заур. Гитлеровцийн кураллех хIумма а бухадисна цахилар гойтуш ду цхьана фашисто цIа яздинчу кехат тIера могIанаш:

Волгина тIекхача бIе метр йисна,
Амма, хьо тешалахь, ерриг Европех
Чекхдовла цул аттах тхуна дара.

Ткъа советски салтийн стогалла тIеман халонехь, мелхо а, кхин а яхчаелла гойту:

Шелоно чал дера це етта лергех,
Беснеха Iиттало лайн механ ю.
ТIеетташ шина агIор, егайо цIергахь
Стогаллин памятник – Мамаевн гу.

Советскин, фашистийн инарлашна юккъехь йолу моральни бIостаналла а дика билгалъяьккхина поэмехь. Чуйковс, уггар хьалха,

шен берийн санна гIайгIа беш, голаьцначуьра кIелхьарбоху вайн салтий. Ткъа Паулюса, ша каравоьдуш, шен кIантах лоций хотту юххерчу адъютанте: «Сан кIантах хIун ду-те? ДIакхаьчний-техьа?»

Шен кIант йийсарера кIелхьарваьлчхьана, бисинчу салтийн гIайгIа кIезиг хуьлу цуьнан. Поэмин коьрта маьIна гучудоккхуш ду тIаьххьара доьалгIа дакъа – «Юха а кIайн килс».

Кху декъехь кIезиг бу хиламаш.

Амма довха дош ца кхоош гайтина кхузахь советски салтийн, эпсарийн шатайпана йолу къонахалла.

Советски тIемалойн стогаллина бухахь, къизаллех цинц боцуш, адамаллий, Даймахке болу безаммий хилар дог тоьшшуьйтуш чIагIдо поэто. Шайн сийлалла ца лоьхуш, Даймехкан сийлаллехь, цуьнан ирсехь го вайн бIахошна шайн ирс а, сий а:

Даймехкан гIуллакхна, шен са ца лоьруш,
Ша вехь а, цIе шена тIейоьху цо!

Дукха нисло кхузахь советски бIахойн адамаллех а, къонахаллех а боккхачу синайамца яздина могIанаш:

Цхьанна а ца гина тIехь тIемаш,
Амма уьш, гуш доцуш, тIедовлура
Цу сохьтта, схьагучуболлушехь кхерам –
ТIаккха уьш кхерамна чухьовдура!

Цу магIарх ву Заур а, Саша а. Дерриг шен хиллачу тIеман дахаран зерца Заур кхоччуш кхета Даймохк, бохо ницкъ боцуш, бекъа йиш йоцуш, цхьаъ хиларх. ТIаме воьдучу дуьххьарлерчу дийнахь Заура безамна ша винчу кертара лаьттан цинц шеца хьуш вайна гинехь, цунах цо даиманна а дIатуху генарчу Волгин йистерчу Сашин коша тIера ша схьаэцна лаьттан цинц:

Цо цхьаьна эдира, вовшах ца даккха,
Шинхьара цхьа латта – ша кхиийнарг:
Нохчочун бIаьрхиша тIундина латта,
Оьрсичун цIий шорта чухуьйдинарг!

Ишттачу мукъамехь чекхйолу ерриг а Сулаев М. поэма. Дуьххьарлера цуьнан «Малх тоьлур бу» поэма санна, вайн поэзехь Сий-

лахь-Боккхачу Даймехкан тIеман тема схьайоьллучу произведенеш юкъахь шен меттиг дIалоцуш ю и поэма.

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Маца, муьлхачу хенахь кхоллаелира нохчийн, оьрсийн культурин, литературин юкъаметтигаш? И тайпа уьйраш тIечIагIйинчу оьрсийн яздархойн Iилманчийн цIерш яха.

2. Маца кхоллаелира нохчийн йозанан литература? ХIун исбаьхьаллин башхаллаш яра Даймехкан тIом болчу хенахь кхиъначу литературин?

3. Муха кхуьу цул тIаьхьа вайн литературехь тIеман тема, хIун башхаллаш ю яздархойн исбаьхьаллин лехамийн?

4. «Даймехкан тIамехь стеган кхоллам» темина сочинени язъе.

5. Шаьш ешначу текстана комментари е, нохчийн литература кхиаран шатайпа бахьанаш, лехамаш буьйцуш.

6. Дийца, хIун пайда болу муьлххачу а къоман культурина цуьнан кхечу къаьмнийн культурашца йолчу культурни диалогах?

7. Лахьахь цIерш яьхначу Iилманан-талламан белхех пайда а оьцуш, «Нохчийн литературин кхоллам» темина реферат язъе.

8. ЦIерш яха 1960-гIа шераш дуьйладелча нохчийн литературина юкъабаьхкинчу яздархойн. ХIун идейно-тематически билгалонаш яра церан произведенийн, дахарца уьш юьстича, хIун бакъдерг дара цара Iорадоккхуш дерг?

9. ЦIерш яха историко-революционни темина язйинчу произведенийн. ХIун проблемаш ю царна тIехь яздархоша хIиттийнарш?

10. Нохчийн литературин къоначу чкъуран кхолларалли хIун башхаллаш ю?

11. ХIун исбаьхьаллин башхаллаш яра Даймехкан тIом болчу хенахь кхиъначу литературин?

12. Муха кхуьу тахана вайн литературехь тIеман тема, хIун башхаллаш ю яздархойн исбаьхьаллин лехамийн?

13. Ешначунах ойла е. ХIун керланиг Iеми шуна?

14. Кийсак тIехь юьйцу проблемаш схьаястаран проекташ кхолла.

15. Лахьахь цIерш яьханчу белхех пайда а оьцуш, «Нохчийн литература ХХ бIешерийн шолгIачу эхехь» темина реферат язъе.

16. «Даймехкан тIамехь стеган кхоллам» темина сочинени язъе.

*Литература*

1. «Нохчийн литературин историн очеркаш». Грозный, 1963.

2. Туркаев Х.В. «Чеченская совесткая поэзия 20–40-х годов». Грозный, 1971.

3. Туркаев Х.В. «Нохчийн дийцар. Жанр кхиаран а, кхолларан а проблема». Грозный, 1971.

4. Туркаев Х.В. «Исторические судьбы литератур чеченцев и ингушей». Грозный, 1978.

5. Индербаев Г.В. «Велсние времени. О современной чеченской драматургии». Грозный, 2014.
6. «Чеченцы в истории, политике, науке и культуре России». М.: «Наука», 2015.
7. Туркаев Х.В. «Художественный мир чеченцев в контексте русской истории и культуры». В 6-ти томах. М.: «Наука», 2016–2018 гг.

## 2. 1970–1990-чуй шерийн проза

1970–1990-гІа шераш, и ткъе итт шо, нохчийн къоман дахарехь, экономикехь, культурехь баккхий кхиамаш а, шен чаккхенехь даккхий зен-зуламаш а хиларца билгалделира. Оцу хенаца дозуш ду литературин хьелаш, цуьнан башха сиха кхиаран болам а, цунна хилла новкъарлонаш.

Вайна хаа дезаш ду нохчийн литературин ерриг а исторехь XX бІешеран 50-чу шерийн шолгІа ах, 60–80-гІий шераш уггар беркате хилла хилар: оцу хенахь Къилбседа Кавказан къаьмнийн литератураш кхиарехь, шен исбаьхьаллин чулацамца царна тІаьхьа а кхиъна, Советски Союзехь а, Европехь а евзаш дІахІоьттира иза.

1970–1990-чуй шерашкахь и литература шуьйра дешархошна йовзар а, езаялар а уггар хьалха доьзна дара поэтийн кхолларалла-лица. XX бІешеран 20–30-чуй шерашкахь яздан а буьйлабелла, Даймехкан Сийлахь-Боккхачу тІамехь дакъа а лаьцна, Сталинан, Бериян таІзарша (репрессеша) хьийза а бина, Сибрехий, Къилбседеххьий хиллачу лагершкахь дуккха шераш а даьхна, КПСС-н XX съездо бинчу сацамаша мукъабаьхна бара халкъаца шайн хьомечу Даймахка цІа бирзина болу яздархойн хьалхарчу магІарера поэташ Мамакаев Мохьмад, Мамакаев Іаьрби, Гадаев Мохьмад-Салахь, Музаев Нурдин, Сулаев Мохьмад, Эдилов Хасмохьмад, прозехь яздеш хилла волу Арсанов СаьІид-Бей, Ошаев Халид.

1950-чу шерийн чаккхенгахь – 60-чу шерашкахь кхолла а елира, кхиа а кхиира нохчийн литературехь эпически (романан) жанр.

1956-чу шарахь Алма-Атахь (Казахстан) араелира Арсанов СаьІид-Бейн оьрсийн маттахь язйина «Маца девза доттагІалла» роман.

1958–1963-чуй шерашкахь Ошаев Халида арахийцира «Алун шераш» кхаа декъехь роман.

1963-чу шарахь Мамакаев Мохьмада язйина «Революцин мурд» роман евза дешархошна, ткъа 1967-чу шарахь – оццу авторан «Зеламха» роман а.

Вай цIерш яьхна дукхахйолу произведенеш яздархоша историко-революционни теманашна язйина яра. Цу тIехь йоккхачу говзаллица гайтира цара нохчийн халкъ, Россехь 1917-чу шарахь хиллачу революцин дарц Къилбседа Кавказе кхаьчча, шаьш бIешерашкахь сатийсина паргIато, латта шайна большевикаша лур ду моьттуш, жигара дакъалоцуш оцу революцина юкъадахар.

Романан жанр кхиарна чIогIа беркате хилира нохчийн литературина 1957–1972-гIий шераш. Кхузахь ала деза: 1957–1992-чуй шерашкахь цхьа республика яра – Нохч-ГIалгIайн Автономни Советски Социалистически Республика. Цхьа нохч-гIалгIайн литература а яра. Цундела хIетахьлера нохчийн литература тахана юьйцуш, гIалгIайн литература ца хьахийча, къоман исбаьхьаллин культурин сурт диллар кхочушхир дац: нохчийн яздархошца цхьаьна вай билгалдаьхначу шерашкахь исбаьхьаллин говзаллица романаш язйира гIалгIайн яздархоша а: Базоркин Идриса 1967-чу шарахь зорба туьйхира «БIешеран боданашкара» («Из тьмы веков») йоккхачу эпически произведенина, Чахкиев СаьIида – «ШолгIачу дийнахь, Iуьйранна» («На второй день, утром»), Боков Ахьмада – «Бекин къоьнгаш» («Сыновья Беки») романаш язйира. Цу произведенешкахь, нохчийн яздархойн романаш тIехь санна, дахаран бакъдерг башха талха а ца деш, дуьйцура Нохч-ГIалгIайн исторехь хилла турпалаллин дахар. И произведенеш язъеш яздархоша шайн турпалхойн амалийн психологически кIоргенаш гайтаран некъаш шордира, кIаргдира. ТIейогIучу хенан литература кхидIа а кхиорна чIогIа пайдехь дара цара IаIийна и исбаьхьаллин зеделларг.

Нохч-ГIалгIайн Республика юхаметтахIоттийна (1957-гIа шо) итт-шийтта шо далале, Къилбседа Кавказехь хьовха, ерриг а Советски Союзехь евзаш дIахIоьттира нохч-гIалгIайн литература. Ткъа иза йовзаран, езаяларан бахьанаш вайн тоьлашха йолу произведенеш гIарабевллачу оьрсийн гочдархоша массарна а хууш болчу оьрсийн матте яхар а дара. Оьрсийн матте и произведенеш яхар бахьана долуш, уьш цхьаболчу европейски меттанашка а гочйира. Иштта,

масала, 1959-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэзия Чечено-Ингушетии» антологино доккха гIо дира нохчийн, гIалгIайн поэзехь XX бIешеран 20–50-чуй шерашкахь баьхна тоьлла кхиамаш кхечу къаьмнашна бовзуьйтуш. Тхьа вайнехан фольклорехь болу синхаамаш 1964-чу шарахь Москва-гIалахь зорба тоьхначу «Чудесные родники» книго бовзийтира.

70-гIа шераш дуьйлалушшехь нохчийн литературин романан жанр, хьалха дIадахначу шерашкахь литературехь зеделлачунна тIе а теIаш, кхин а лакхара кхиамаш баха йолаелира. Хийцаелира оцу жанран форма а, чулацам а: нагахь лакхахь вай цIерш яьхна романаш шайн теманашца а, чулацамца а Октябрьски революцица а, Граждански тIамца а йозуш хиллехь, 1972-чу шарахь араяьллачу Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш» романо чулоцу нохчийн историн XIX бIешеран хьалхара а, шолгIа а эхенаш, аьлча а оцу заманахь хилла историко-политически гIуллакхаш. Цундела и роман нохчийн романашкахь цкъа а ца хиллачу кепара шен къаьсташ форма, яздаран хатI а долуш яра: иза яздархочо, шен говзаллица исторически документаш, шен исбаьхьаллин ойланаш, яздаран публицистически хатI вовшахтоьхна, вовшахтесна яра.

«Еха буьйсанаш» романо хIетталц нохчашна евзаш йоцу шайн истори йовзийтира. Романна зорба тоххалц Iилманчаш-историкаш а, яздархой а кIоргене ца гIортуьйтуш латтош яра коммунистически партин идеологино нохчийн халкъо XIX бIешарахь шайн паргIато ларъеш паччахьна дуьхьал дуккха а шерашкахь латтийнчу къийсаман истори. Абузара майра а, кхачам боллуш кIоргера а гайтира хIетахь нохчийн халкъо латтийна къийсам, лайна баланаш.

Оцу дерригено а 1970-гIа шераш дуьйладелча а кхоччуш самаялаза йолу нохчийн шайн исторех дозалла дан дезаш йолу дог-ойла самаяькхира, халкъан кхетам кIаргбира, шорбира. Партин идеологашна дезаш хьал дацара «Еха буьйсанаш» романехь халкъана шен дIаяхна истори йовзар. Цундела и роман цара кесталгIа оьрсийн маттахь ара а ца яккхийтира, авторна шайга ялуш йолу новкъарлонаш а йира цуьнан дахарехь, кхолларалле хь. Романан кийсакаш 1974-чу шарахь 10-чу классана лерина йолчу хрестомати юкъа яхийтира. Амма яздархо шен роман 1970-гIа шераш чекхдовлуш оьрсийн маттахь араяккха

гIоьртича, иза ара а ца яккхийтира, хрестоматин романан кийсакаш тIехь йолу агIонаш цу юкъара схьа а ехира. Роман оьрсийн маттахь 1990-чу шарахь бен ца елира ара.

Изза кхоллам нисбелира Айдамиров Абузара язйинчу «Лаьмнашкахь ткъес» романан а. Цу тIехь дуьйцуш дерг Зандакъара имам Iаьлбаг-Хьаьжа коьртехь волуш 1877–1878-чуй шерашкахь паччахьан Iедална дуьхьал хиллачу гIаттамах дара. Яздархочо иза книжни издательстве дIаелира 80-гIа шераш дуьйладелча. Амма партин идеологаша шийтта шарахь рецензенташка дIасакхийсийтира и роман: иза зорбане магош а, ца магош а гучубевлира дукха нах, шайх «рецензенташ» олуш берш. Яздархочо, оцу «рецензентийн» жимма а пайдехь долу хьехарш кхочуш а деш, къар ца луш болх бора шен роман тIехь.

1988-чу шеран март баттахь Москвахь дIахьуш Нохч-ГIалгIайн литературин денош долчу хенахь РСФСР-н яздархойн пленумехь къамел дира Туркаев Хьасана Айдамиров Абузаран оцу шина романан хьокъехь, уьш Нохч-ГIалгIайн партин обкомо, ара ца йовлуьйтуш, сецош ю аьлла. Цул тIаьхьа а дикка хан елира «Лаьмнашкахь ткъес» романна зорба ца тухуш.

1989-чу шарахь бен ца кхечира иза ешархочуьнга.

«Лаьмнашкахь ткъес» «Еха буьйсанаш» трилогин (цхьана темина язйина кхо роман) шолгIа дакъа дара. Ткъа оцу трилогин кхоалгIа дакъа, роман «Дарц», зорба тоьхна араелира 1999-чу шарахь. Цу тIехь паччахьан Iедало 1905–1913-чуй шерашкахь Нохчийчохь хIоттийна къиза хьал кIоргтера довзийтира яздархочо. Романан коьрта турпалхо мискачу нехан накъост, гIоьнча Хорачара обарг Зеламха ву.

1970-чу шерашкахь нохчийн литературехь романан жанрехь яздеш дукха бацара яздархой. Цуьнан бахьана дара, цкъа-делахь, хьалхарчу итт шарахь оцу жанран коьрта хилла историко-революционни тема ешархочун синхаамна мелла а кIордийна хилар, шолгIа-делахь, романан жанр кхиийна яздархой дукхахберш литератури юкъара дIабевлла хилар. Литературехь тIекхуьу чкъор роман язъян корматалла лакхаяьлла дацара. Ткъа Айдамиров Абузар, хууш махиллара, шен кхоллараллехь шортта зеделларг долуш яздархо вара, цундела шен романашкахь нохчийн халкъан историн кIоргенаш гайта корматалла тоьира цуьнан.

Билгалдаьккхинчу иттех шарахь тIеттIа кхиа буьйлабелира керла романисташ. Церан исбаьхьаллин ойла юх-юха а соьцура нохчийн халкъан чолхечу истори тIехь.

Царна луург дара оцу историн хала муьраш дIакхехьна долчу нохчийн халкъан кхетам сама а, лакха а баьккхина, халкъана тIейогIучу хенахь тIехIитта мегачу бохамех лардар.

Оцу яздархойх вара Окуев Шима а. Цуьнан тидам тIебахара цхьацца кхечу яздархоша мелла а хьахийна йолчу XX бIешо долалуш Нохчийчохь хиллачу социально-политически, экономически хьолана. Амма Окуев Шимас и хьал дийца ца дуьйцура: Iаламат чолхе хиллачу дахарехь ваьхначу нохчочун кхетам, ойланаш самайовларан некъаш, иза шен хала, декъаза дахар хийца дезарх кхетар гайтира яздархочо шен хьалхий-тIаьхьий араевллачу «Юьхь», «Лай тIехь цIен зезагаш» (1-ра книга – 1976, 2-гIа книга – 1978), «ЦIий, латтий» (1987), «ТIаьххьара верас» (1993) романаш тIехь.

Яздархочо, хIетахьлерчу дахаран ойла еш, коьрта тидам тIехьовзийнера нохчашна юкъахь юьйлаелла галморзахаллаш гайтарна: халкъана юкъахь сиха кхуьура шортта хьал дерш а, алсамбовлура къехой а. Оцу классови бекъамо бола а бира, тIейогIучу хенахь кIарг а бира церан вовшашца хилла Iоттабаккхамаш.

«ТIаьххьара верас» романехь и Iоттабаккхамаш кхин а кIаргбелла хилар гойту яздархочо гражданский тIом дIабаьллачу хьалхарчу шерашкахь нохчийн хиллачу дахарехь. Цу кеппара яздархочо довзуьйту вайна йоза-дешар ца хуучу нохчийн халкъана юкъахь Россин капитализм а, революцин идейш а яржаран некъаш.

Историко-революционни теманаш нохчийн литературехь яздархоша оцу романца «дIакъевлира». Бакъдерг дийцича, хьалха дIадахначу шерашкахь оцу теманашна язйинчу произведенешца аьллачул сов хаа а, довза а хIума ца диснера. И тайпа хьал литературехь нисдаларан шен бахьанаш а дара: 1970-гIа шераш дуьйладеллачу хенахь Нохчийчохь кхиира керла чкъор.

1957-чу шарахь шен Даймахка цIа дирзинчу халкъан вузашкахь дешна, ерригсоюзни литература а, культура а евзаш интелигенцин керла чкъор кхиира. Церан хьекъална, кхетамна историко-революционни прозано дала кхин хIумма а дацара, цара исбаьхьаллин

литературехь лоьхуш ерш кхин механлаш яра. Уггар царна хаа луург, довза луург халкъан синъоьздангаллин хьостанаш дара: керла чкъор, халкъан дог-ойла а евзина, цуьнан орамашка кхийдара.

Амма дахарехь, къаьсттана литературехь, цкъа а хуьлуш дац тIаьхьенаш, теманаш цIаьххьана хийцаялар. XX бIешеран 60–70-гIий шерашкахь хьалхарчу магIарийн яздархошна тIаьхьакхиъначу чкъуран цхьаболчу векалша а гайтира литературин, дахаран шорталла шайна гар. Цуьнца доьзна дара церан кхолларалхехь баккхийчу яздархошна цагинарг, я уьш яздан цакхиънарг билгалдаккхар.

Кхузахь къеггинчу масална яло мегар ду яздархочун Саракаев Хьамзатан цIе. Хетарехь, иза а ларор вара, шел баккхий яздархой санна, историко-революционни темица. Амма нохчийн литературехь вуно кIезиг хIиттийна тема – берийн, кхиазхойн дахаран шатайпаналла – хаьржира цо шен кхоллараллин Iалашонна. Цул хьалха нохчийн литературехь цу теманах лаьцна яздина кIезиг яздархой бара: XX бIешеран 20–30-чу шерашкахь Бадуев СаьIид, Айсханов Шамсуддин, ткъа оццу бIешеран 60–70-гIий шерашкахь – Гайсултанов Iумар. Царна цу хьокъехь исбаьхьаллин зеделларг пайдехьа хилира Саракаев Хьамзатна.

XX-чу бIешеран 60-чу шарахь Саракаев Хьамзата язйира берашна а, кхиазхошна а лерина кхо книга: «Хьалхара хьуьнар» (1964), «Шира гIап» (1966), «Халчу некъийн ирс» (1969). Ткъа 70–80-гIий шераш цуьнан кхоллараллин новкъахь уггар беркате шераш дара. Цо тIекIел арахийцира маситта книга: «Нихалара тIай» повесть (1972), «Ширчу гIопахь» (1980), «Лаьмнашкахь гIап» (1983), «Эдалханан некъаш» повесташ (1984), «Малхана тIаьхьа» дийцарш (1986), «Толамах тешарца» повесть (1987), «Эдалханан доттагIий» (1988), «Довзазчу некъашца» повесташ, дийцарш (1991). 1998-чу шарахь зорбане довлу «Ибрагим-Бек» романан дакъош. Романан цIе шен ден цIарх туьллу Хьамзата – Саракаев Ибрагим-Бек XX бIешеран юьххьехь гIараваьлла публицист, просветитель вара.

Саракаев Хьамзата нохчийн литературе берашна а, кхиазхошна а лерина язйинчу произведенешца деана керланиг дара цуьнан турпалхой догцIена а, доттагIаллина ямарт боцуш а, яхь-доьналла долуш а хилар. Нохчийн къоначу ешархочунна чIогIа пайдехьа

хиндолу кхин цхьа керланиг деара Хьамзата литератури юкъа: шен «Довзазчу некъашца» повестаца цо дуьххьара берийн литератури юкъа ялийра Юккъерчу Азин тема, гайтира цигахь нохчийн жимчу стеган Эдикан тайп-тайпанчу къаьмнийн кегийчу нахаца хилла доттагIалла. 1944-чу шарахь нохчийн халкъана тIе хала киртиг хIоьттича Юккъерчу Азехь дехаш долчу къаьмнаша дина вошалла диц ца далийтархьама, тIекхуьучу тIаьхьенна оьшуш тема яра иза.

1984-чу шарахь «Эдалханан некъаш» повестан, дийцарийн сборникна ша язйинчу «Адам хила Iамош» статьяхь Ахмадов Мусас яздора: «Билгалъяккха еза Саракаев Хьамзатан йозанан хотIан кхин цхьа башхалла а. Шен турпалхой цо кхиорехь оьздангаллин керл-керлачу анайисташка бийларехь гойту. Иза яздархочо до, хIума дуьххьалдIа схьадийцарца кIорда а ца войтуш, тайп-тайпана хиламаш бовзийтарца. ...Яздархочо боху: нагахь хьо адамашца догцIена, царна орцахвала гуттар а кийча хилахь, хьо цкъа а вуьсур вац цхьаллехь гIаш некъ бан – тIаьхьакхиъначу дикчу стага шен вордан тIе хаор ву, хьо цкъа а вуьсур вац арахь, дорцехь я догIанехь – хьуна гуттар а йиллина ю дуьнен чохь массо а меттехь долчу дикчу стеган цIийнан неI, хьо вуьсур вац муьлххачу а бохаман йозалла айххьа ловш – дикчу стага, буха белш гIортийна, яйийр ю хьуна иза...

Керла дацахь а, и бакъдерш вайх хIоранна хаа дезаш а ду, хIораммо дагахь латто дезаш а ду, къаьсттана «дахаре болчу некъан юьххьехь лаьттачу къоначара».

Оцу чкъуран синлазамех, синхаамех дика кхетара цу юкъара схьабевлла къона яздархой. Цара, ала мегар ду, шайн кхолларалла кхечу боламе, кхечу чулацаме ерзийра 1980-чу шерашкахь нохчийн литература, цара дехкира халкъаца а, вовшашца а керла юкъаметтигаш юьйлалуш болчу керлачу турпалхойн васташ.

И тайпа кхолларалла корматалла йолчу яздархойн хьалхарчу магIарехь лаьттара прозехь яздеш болу Нунуев Сайд-Хьамзат, Яшуркаев Султан, Бексултанов Муса, Ахмадов Муса. Прозин кегийчу жанрашкахь къоначарна, баккхийчарна юкъахь нислучу юкъаметтигех, къоначара дахарехь лоьхучу синтемах лаьцна ойланаш ян буьйлабелира уьш. Масала, дуьххьара араяьллачу «Даьссачу цIа чохь буьйса» книги юкъа дахийтира Ахмадов Мусас «БочIа», «Деса

бIар», «Хьер-м сатесча а хьийзаш яра», «Хьаннийн ирзошкахь», кхиерш. ХIетахь язйира Мусас шен дуьххьарлера повесть «Воккха стаг Очча».

Ахмадов Мусас, Бексултанов Мусас («Наггахь, сайн сагатделча», «БIахон тезет», «Мархийн кIайн гIаргIулеш», «КIайчу лайлахь лараш», «Корталин Хантоти», «Юха кхана а, селхана санна» повесть, кхиерш) дуьххьара къоначу чкъуран тидам тIебахийтира лахлуш лаьттачу нохчийн хазчу гIиллакхашна. ХIетахь дуьйна коьрта тема хилла дIахIоьттира церан кхолларалле хь къоначу стеган (йоьIан) сий, яхь, хIора стеган дахарехь коьрта меттит дIалаьцна латта безаш болу кхетамаш.

Хьалхара книга араяьлла дукха хан ца елира Ахмадов Мусас «Сатосуш, седарчий довш» (1980) роман язъеш. Дуьххьара зорба тоьхна 1986-чу шарахь. Цуьнан къона турпалхой хьалха къинхьегамах къехка, оьздангаллин маьIнех ца кхета, амма тIаьхьо дахаран кIорггера маьIна девзий, нийсачу новкъа бовлу уьш. Цул тIаьхьа Ахмадов Мусас язйира «МаьркIажехь дитташ» роман. Дуьххьара зорба тоьхна 1988-чу шарахь.

Романашкахь коьрта тема дIалоцуш нохчийн халкъан юкъаралле хь лаьтташ долу синхаамийн хьал делахь а, халкъан дIаяхна истори а ю яздархочун ойланашкахь шен меттиг дIалоцуш. Эпически жанрехь кIорггера болх беш волчу хенахь язйира Мусас «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» повесть (1986). И повесть яздархочо нохчийн, гIалгIайн ярташкахь Деникинан эскарх леташ хIаллакьхиллачу нехан безамна язйина ю. Повестана дуьххьара зорба туьйхира 1989-чу шарахь «Орга» альманах тIехь. Цу повестал шо хьалха язйинчу шина повестан чулацам а («Зингатийн барз а ма бохабелаш» (1985)), («Мохк бегийча» (1985)) адамашна юкъахь хила езачу догцIеналле хь лаьтташ бу. И кхо повесть, «МаьркIажехь дитташ» роман, царал хьалха-тIаьхьа яздина дийцарш – и произведенеш яра 1989-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Ахмадов Мусан «МаьркIажехь дитташ» книги юкъа яхнарш.

Вай цIерш яьхна къона яздархой хилла ца Iара 1980-чу шерашкахь нохчийн гIиллакх-оьздангаллех, сий-ларамех лаьцна яздеш. Аьлча а, уьш лахдаларан проблемех лаьцна яздеш.

Массарал хьалха и проблема шен кхолларалле хIоттийнарг лара мегар ду Айдамиров Абузар. XX бIешеран 60-гIа шераш дара цо цу темина тидам тIебахийтина хан. Ткъа 80-чу шерийн шолгIачу эхехь яздархо, ша эпически романаш язйина ваьллачул тIаьхьа, юхавирзира цу проблемах лаьцна ойла ян. И хан Горбачев Михаила, СССР-н президенто, «перестройка», «гласность» аьлла СССР-ехь халкъийн «ширбелла» кхетам самабаккха воллу ша аьлла, халкъийн дахар мелла а галморзахдоккху хан яра. Iедалан чIогIалла мелла а малъелира цу хенахь, цундела нехан дахарехь хила дезаш долу низам а лахделла догIура, гIиллакх-оьздангаллица йоьзна юкъаметтиг а хьалха санна дика яцара. И проблемаш яра Айдамиров Абузара 1985-чу шарахь «Ирхеш» цIе йолчу романехь хIиттийнарш.

Чулацамца а, коьрта долчунна, маьIница а Айдамиров Абузара «Ирхеш» романца дIадолийна къамел кхин а дIадаьхьира 1986-чу шарахь араяьллачу шен книгица («Даймехкан мукъамаш») Нунуев Сайд-Хьамзата. Иза шолгIа книга яра къоначу яздархочун. Хьалхарчуьнца, «Маьлха тIехь хьоькхнаш» (1983), цо хаийтира ша нохчийн литературехь дахар сатирически формехь гайтарехь билгалдаьлларг (масала, Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалла) кхин а кIаргдеш дIадахьа корматалла йолуш волу яздархо вуйла. Ткъа «Даймехкан мукъамаш» тIехь къоначу яздархочунна халахеттарг нохчашна юкъахь хердала доладелла гергарлонаш, тIеттIа алсамйовлуш йолу вовшашца ларам боцу юкъаметтигаш, берашна шаьш шайн дайшна-наношна хьалха декхарийлахь цахетар дара.

TIаьхьо Нунуев Сайд-Хьамзата арахецначу «Гезгамаша» (1986), «Йилбазан оьмар» (1991) романашца нохчийн литератури юкъа дуккха исбаьхьаллин хазнаш йохьу. Цунна, ша юьртахь Iийна, кхиъна волу дела, дика евзара хан харца кечлучу замано (1980-гIа шераш юккъе дахча) хуьйцуш йолу нохчийн шира, оьзда амал а, гIиллакхаш а.

Шайн корматалле а, дахаран кIоргенаш шайна гаре а хьаьжжина, оцу проблемех ойланаш йира цу хенахь Мусаев Мохьмада (повесть «Тапча яьлча»), Ахмадов Iумара (повесть «Тешнабехк», роман «Ден весет», пьесаш «Хьоме нус», «Хила ца лууш хилла шайх»), оьрсийн маттахь яздеш хиллачу Абдулаев Зияудис (повесташ «На

берегах Ассы», «Всполохи»), Дадашев Iабдуллас шен романашкахь («Лаьмнашка некъ», «Зойрбекан шовда»).

Оцу хенахьлерчу Мусаев Мохьмадан кхолларалле хь коьрта меттиг дIалецира кегийрхойн темано. Яздархо гайта, къасто гIертарг къоначу чкъуран кхетам а, ойланаш а, церан доглаьттарш а, юкъараллин хьалхарчу жоьпаллин барам а бу. Царах ву «Дашо маха» повесть тIехь вуьйцу нийсонна тIера вер воцуш волу, шен декхарна, гIуллакхна хьанал волу лейтенант Дадалов Азамат.

Мусаев Мохьмад шен произведенешкахь адаман психологин бухе, гIуллакхан чолхаллин кIоргене кхийда. Иза дика хаало цуьнан цхьадолчу васташкахь.

XX бIешеран 70–80-гIа шераш нохчийн къам шен Iар-дахарца, хьолаца кога-метта а хIоьттина, литература, культура СССР-ехь евзаш, халкъан дика цIе йоккхуш, лоруш шераш дара.

1989–1990-чуй шерашкахь СССР-ехь хиллачу харжамашкахь Союзан Лакхарчу Совстан депутаташ хаьржира гIараваьлла волу яздархо Айдамиров Абузар, иштта гIарабевлла болу Iилманчаш Хаджиев Саламбек, Хасбулатов Руслан. Оцу шина Iилманчина Iедалан дукхе-дукха лакхара даржаш делира: Хаджиев Саламбек СССР-н нефтехимически промышленностан министр хIоттийра, ткъа Хасбулатов Руслан 1991-чу шеран октябрехь РСФСР-н Лакхарчу Советан Президиуман Председатель хаьржира. Пачхьалкхан шолгIа дарж дара иза. Оцу даржехь иза лаьттира 1993-чу шеран октябрь тIекхаччалц.

Къоман драматически театр, шен репертуарца, актерийн говзаллица СССР-хь къаьмнийн театрашна юккъехь кхоалгIа меттиг яьккхина, гIараяьлла яра.

Нохч-ГIалгIайн халхаран, иллин ансамбло («Вайнах»), Европехула а, Герггарчу Малхбалехь йолчу Iарбойн пачхьалкхашкахула гастролаш еш, нохчийн, гIалгIайн халкъан исбаьхьа дог-ойла, къоман амал гайтира. Ансамбль массанхьа а лакхара мах хадийна, артисташна оцу пачхьалкхийн деза совгIаташ дина яра.

СССР-н махкахь, Европехь бевзаш бара художникаш Шамурзаев Шамиль, Асуханов Аманди, Ахмедов Хамур, вежарий Юшаев-гIар и. д. кх. а.

Оцу дерригенех лаьцна вай доцца хIунда дуьйцу? Вайна хаа деза: нохчийн халкъ муьлххачу а балха тIехь йоккха корматалла шегара гайта хьекъал, хьуьнар, яхь йолуш халкъ дуйла.

Нохч-ГIалгIайн Республика юхаметтахIоттийна (1957) ткъе итт шо далале республикин экономика, политика, литература, драматически театр, эшарийн-халхарийн ансамбль, дуккха а кхийолу дахаран агIонаш, вайн лулахь шайн Даймахкахь а ца бохош, шайн цIахь, шайн махкахь бисначу лулахойн кхиамашна тIех а лилхина, кхиъна, лакхенаш яьхна яра.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Маца, муьлхачу шерашкахь кхоллаелира нохчийн литературехь романан жанр?

2. Муьлха идейни лехамаш бара хьалхарчу романийн авторийн? Церан произведенийн цIерш яха. Дийца церан исбаьхьаллин лехамех лаьцна.

4. Муьлхачу яздархойн цIершца дозуш ду нохчийн 1980-чу шерийн литература кхечу боламе, кхечу чулацаме ерзар?

## 3. 70–90-гIий шерийн поэзи

*Билгалдаьхначу шерийн поэзи* шен чулацамца, формица, дуьйцийла йоцуш, къаьсташ яра Нохч-ГIалгIайн Республика 1944-чу шарахь Сталинан сацамца дIайохаяле хьалха кхиъначу поэзех. ХIетахь, фашистски Германица СССР-н тIом болчу шерашкахь, нохчийн поэташа шайн кхолларалле хь коьрта тидам тIебахийтинарг хIора стеган патриотически дог-ойла лакхайоккхуш йолу теманаш яра. Цара шайн кхолларалле хь а, халкъо а вуьйцуш верг мостагIчух Даймохк ларбеш шегара майралла, хьуьнар, доьналла гайтина къонах вара (масала, халкъо цу шерашкахь кхоьллина «Нурадилов Ханпашех лаьцна илли», Эдилов Х. язйина «Суьрта хьалха» стихотворени, Мамакаев І. «Дозахочуьнга кехат» стихотворени, Сулаев М. «Малх тоьлур бу» поэма, дуккха а кхиерш).

Нохчийн литература, къам махкара дIадохийна Казахстанехь, Киргизехь даькхинчу кхойтта шарахь, кхидолчу къаьмнийн санна кхиар доцуш, сецна яра. Амма яздан, яздинчунна зорба тоха бакъонаш ца хиллехь а, ойланаш ян, винчу латтана сагатдар дехка, я уьш совцо цхьаннан а ницкъ бацара. Даймахках къастийна даьхначу шерашкахь

кийра ца таръяллал ойланаш Іаьінера баланаш лайначу яздархойн, халкъан.

Цундела поэташа 1957-чу шарахь шайн Даймахка цІа бирзича бассийра шайн кийра, дассийра шайн дегнаш. ХІан-хІа, цара хІетахь, 1950-чу шерийн шолгІачу эхехь – 1960-чу шерийн хьалхарчу эхехь, бІаьсте йолуш ломара охьахаккаделла хиш санна, шайн дагара дуьйцуш язйина стихотворенеш леткъамаш беш яцара: цара дуьйцуш дерг шаьш динчу лаьтте болу безам бара, дахарх, стеган кхолламах лаьцна ойланаш яра. Хетарехь, Іедало шайна бинчу ницкъо баьхнера поэташ стеган дахаран философски къайленашка кхийдаш ойланаш ян езачу новкъа.

ХІетахь, цул тІаьхьа 1960-чу шерашкахь, нохчийн поэтийн кхолларалле хь Іаьіна, гулъелла философски ойланаш бахьана долуш евзира нохчийн поэзи Советски Союзехь, Европехь. Кхечу къаьмнийн яздархошца яхь йолуш хиларна, шайн кхолларалла церачул оьшуш хилар шайна ца магадора нохчийн яздархоша. Кхечу къаьмнийн яздархошца кхолларалли н уьйраш, доттагІалла леладора цара.

Хьалхарчу магІарийн поэтийн лехамаш, церан ойланаш, халкъан исторически кхолламах лаьцна лиро-эпически жанрашкахь язйинчу произведенийн традицеш (Мамакаев М. «ЦІий хуьйдина лаьмнаш», «ВорхІ вешин йиша», «Ненаца дина къамел» поэмаш, Музаев Н. «Нохчийчоьнах лаьцна дийцар» поэма, Мамакаев І. «Нохчийн лаьмнашкахь», Сулаев М. «Малх тоьлур бу» поэмаш, Эдилов Х. «Сийлаха», «Шиннан къайле», «Ямарт ваша», кхиерш) кІаргйира 50-гІа шераш чекхдовлуш, 60-гІа шераш дуьйлалуш нохчийн поэзина юкъабаьхкинчу Ахматова Раисас, Айдамиров Абузара, Хасбулатов Ямлихана, Арсанукаев Шайхис; царал жимма тІаьхьа яздан буьйлабеллачу Сатуев Хьусайна, Гацаев СаьІида, Супаев Руслана, Окуев Шимас, Кибиев Мусбека, Дикаев Мохьмада, Шайхиев Іалвадис, Рашидов ШахІида, Абдулаев Лечас, Гешаев Мусас, Мамакаев Эдуарда, Ахмадов Хизарс, Ахмадов Мусас, Усманов Іимрана, Диаб Ваппис, Алиев ГІапура, иштта дІа тІаьхьо юкъабаьхкинчу хІинцалерчу къоначу поэташа а. Аьллачунна масална дало мегар дара РСФСР-н (Российская Советская Федеративная Социалистическая Республика) яздархойн І-чу съездехь, 1957-чу шеран декабрехь, Мамакаев Мохьмада аьлла

дешнаш: «Тхан, хьалхарчу магIарерчу яздархойн, дегнашкахь даим а дегайовхонца дагахь лаьтта тхо къона долчу хенахь тхуна гIо динчу оьрсийн яздархойн цIерш». Мамакаев Мохьмада хIетахь дIадолийнчу къамелан маьIница догIуш дара Нохч-ГIалгIайн яздархойн йоьалгIий (1961 ш. 5 июнь), пхоьалгIий (1963 ш. 12 февраль) конференцешкахь дина кьамелаш а. «ТIаьхьарчу шерашкахь кхуьуш йолу нохч-гIалгIайн поэзи идейни кIоргаллица а, чулацам шорбаларца а евзаш ю. Иза хьекъална а, дагна а пайдехье йирзина. Цо шен кхиарехь оьрсийн поэзех пайда а оьцу»[1], – элира Ахматова Раисас.

Хьалхарчу магIаран поэтийн кхолларалла, ерриг а аьлча санна, нохчийн халкъан турпалаллин исторех, хьуьнарех дуьйцуш яра. И тайпа чулацам къаьсттана шорбелира церан кхолларалле хь уьш набахтешкара а, лагершкара а 1950-гIа шераш юккъе дахча шайн Даймахка цIа бирзинчул тIаьхьа. Амма кхоччуш и тема схьаелла а, цунах лаьцна философски маьIнийн ойланаш ян а уьш ца кхиира, хIунда аьлча Нохч-ГIалгIайн Республикин автономи юхаметтахIотточу хенахь уьш дукхахберш лайначу халонаший, гулйинчу цамгарший кIелбитнера: оцу хьолехь болчу поэташка кхолларалли н болх дукха ца бабелира.

Оцу теманаш тIехь цара йина ойланаш, уьш схьайостуш цара лехна исбаьхьаллин форманаш, дешан говзалла кхин а дIакхехьа литературин тIаьхье хилира лаккахь вай цIерш яьхначу шолгIачу магIарийн поэтех. Набахтешкахь, лагершкахь уьш ца Iийнехь а, цара лайнера Казахстанан, Киргизин аренашкахь шелой, мацаллий, сий лахдеш беш болу тIехбеттамаш, кхечу къаьмнел лахара, кIезиг хеташ Iедало лелийна харцонаш. Даймехкан васт, хьоме Iалам, нохчийн мотт, дуьненахь уггар хазахеташ долу нохчийн оьзда гIиллакхаш, вайн хала, амма яхьах юьззина йолу истори – уьш яра поэтийн кхолларалле хь, кхийолу теманаш тIаьхьа а теттина, уггар хьалхарнаш. Нийса аьлча, церан кхолларалли н хьалхарчу муьрехь коьрта меттиг дIалаьцнера оцу теманаша.

Иштта аз долу Айдамиров Абузаран кийрара ша 1957-чу шарахь Нохчийчу кхаьчча:

Бераллехь со хьоьха
Къаьстинчу хенахь,

[1] Нохч-ГIалгIайчоьнан яздархой пхоьалгIа конференци. Соьлжа-ГIала, 1964. – 14 агIо.

Со жима бер долуш
Ас ма-биттара,
Карий хьо ас дагахь
Латтийнчу суьртахь,
Сих-сиха гIенаха
Суна ма-гарра.
*(«Вина мохк»)*

Дагах кхстачу дешнашца юьйцу Арсанукаев Шайхис нохчийн къам, шен махка цIа а дирзина, шен мотт а, культура а юхаметта-хIоттош цунна хьалха хIиттинчу коьртачу проблемех, халонех лаьцна.

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,
Хьо винчу ненан мотт дIатесна ахь.
«Сов къен бу дешнашца, бац атта кхеташ», –
Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь.

ЛадогIа цкъа соьга, «хьекъале корта»,
ЛадогIа, яккхий дIа лергара потт:
Йист йоцу хIорд санна, бу хьуна шорта
IIIа хууш волчунна вайн нохчийн мотт.

ГIиллакхе, оьзда бу доттагIче буьйцуш,
МостагIче вистхуьлуш ду ира герз.
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш,
Бека и, шех хуьлий хьан деган мерз.
*(«Ненан мотт»)*

Хасбулатов Ямлихана кху дешнашца дIайолайо нохчийн поэтийн керлачу чкъуран кхолларалле хь Нохчийчоьнан къиза истори исбаьхьаллин дашца йийцаре ян:

ХIай, Нана-Нохчийчоь, юрт юй хьан ягаза,
МостагIчо шалха го лацаза,
Шен беран цIогIанца, дастазчу аганца,
Цкъа нана орцах хьалаялаза?

Цу могIанаша, историкийн цхьа болх беша а ца оьшуш, «сама-боккху» вайн кхетамехь вайн халкъан луьра а, къаьхьа а хилла некъ.

Ямлиханан хIокху дешнаша кхоччуш кIаргдо цу некъан васт:

Шийла шок хьийзаеш, хьо лакъо хазделла,
Мел уьгIна хийра аз...
И дицдан дог хилча,
И диц а лур дарий?
Кхехкачу дагна мел дазделларг,
Ламанан шовданах хьо лебан хIоьттича,
Хьоь дийцалур дарий?

*(«Ненан матте»)*

Я хьовсур вай цуьнан кхечу стихотворенин чулацаме:

Даймехкан турпала некъ бийца гIоьртича,
Бийцина валалур варий-те?
Бакъдолу ирс лоьху дош ала хIоьттича,
Ма-дарра алалур дарий-те?

ШолгIачу магIаран поэтийн кхолларалле хь Даймехкан темано хьалхара меттиг дIалацаран шен бахьана дара: Даймахкана дукха сагатдинера, сатийсинера цара а, халкъо а. Ткъа оцу Даймахкана тIехIиттинчу халонаша кIаргбира цуьнга болу безам.

Оцу а, кхечу а теманаша дог-ойла хьийзочу поэтийн шайна ала хууш дерг нийса дIаала йиш яцара партийни идеологи йолчу хенахь: хIетахь яздархочун, поэтан, Iилманчин хIора дIаяздеш долу дош маситтазза литта дезаш дара, цензура цунах ца кхетийта а, автор Iедале хьийза ца вайта а. Цундела поэташа цу хенахь шуьйра лелабора тайп-тайпана поэтически гIирсаш: инверси, аллитераци, символш, метафорш, кхиберш а. Кхечу кепара аьлча, поэташа шайн халкъан кхолламах, цо лайначу баланех, цуьнан доьналлех дуьйцуш кIоргге дIахьулдора шаьш аьллачун маьIна.

Масала, 1967-чу шарахь шен дуьххьара поэтически сборник арахийцира хIетта хьехархойн институт чекхьяьккхинчу Сатуев Хьусейна. Жима стаг вара иза «Дарце» стихотворени язъечу хенахь:

Садаккха санна,
Хьо стенна тийжа,
ХIай гаур, акха мох,
Кху сенчу панахь?
Сан деган пхенах

МІараш ма тийса,
Ма кхийла сан коьрте
Ца лехна бала.

Шорта яц хьуна
Берзалойн ареш?
Шелоно чахчийна,
Са доцу мехаш?
Ма гІерта яккха
Соьгара къаро,
Ас дукха лайна ду
Хьол дера мехаш.

ГІум лайца лоьхуш
Хезна ду къемат,
Аркъала со ветташ,
ДІадоккхий гІора,
Доьналлех вохо,
ТІелестарх кхерам,
Дарцех чекхвийли,
Ца хІуьттуш гора.

Шен Казахстанехь дІаяхна бераллин хан яра поэто юьйцуг, цигахь дара «гІум лайца лоьхуш» хІуттуш долу къемат. Цигахь шелоной, дарцой «аркъалвиттира» поэт а, цуьнан нийсархой а. Цигахь бахчабелира уьш, «дарцах чекх а буьйлуш», амма «ца хІиттира гора». Дарце деш долу къамел хІетахьлерчу Іедалца деш дара поэто. Цензура ца кхийтира, цунах кхеттехь, стихотворенина зорба тоьхна хир яцара. Амма поэто санна Казахстанехь, Киргизехь халонаш лайна болу нийсархой Сатуев Хьусайнах кхийтира.

Дуьненах, дахаран хазаллех уггар сакъерадала дезачу хенахь цу тайпанчу ойланаша хьийзийра нохчийн поэтийн шолгІа тІаьхье. Иза ша-шаха хилла дацара: бІешерашкахь халкъо лайна баланийн ов детталора церан цІийца, церан синхаамаша дагаоьхуьйтура царна генара бераллин хан. Цундела хаьара царна, шаьш кегий нах белахь а:

Дог сема даьгна вайн маршонан цІарна,
ЮьхьІаьржа ца лехна кІедачех гІовла.

Сийсаза тІедеънарг осала гарна,
Іаьмма вай Іожаллин юьхь-сибат довза.

*(«Вайн зуьрат»)*

ЦІийн лараш сайн юьтуш веъна,
Шуна тІе богІу некъ лоьхуш.
Тхан бала шайн кийрахь Іеткъаш,
Дилхина Іана ца доьлхуш,
Шу муха лаьттина, лаьмнаш?

Иштта кІорге а, философин маьІна долуш а яра, 1960-гІа шерашкахь яздан а буьйлабелла, 1970–1980-чу шерашкахь шайн кхоллараллехь лакхенаш яьхначу поэтийн поэзи. Цара халкъан дІадаханчу, хІинцалерчу дахаран ойла ян езаш яцара: аьлла ма-хиллара, истори церан цІийца яра, цара стихашкахь иза дІа а язйора.

ХІунда? Цу хаттарна жоп юха а Сатуев Хьусайна делла:

Дуьххьарчу жималло айъинчу
ТІам сихчу бовхачу кхайкхамца,
Со гІерта да хила сайн мехкан,
СадаІа ца юьтуш ойла.

Ца юьтура церан, оцу поэтийн, ойла садаІа Нохчийчоь шайна сил дукхаезаро:

ХІе-ей! Стигла кхийдаш дешех лепа вина ламанаш,
Ялта кхиош хІордах ловзу шера аренаш.
Генахь хилча со,
Гергавоьхуш со,
Гергавеъча, сан ирс хуьлу шера аренаш.
Маьлхан тІемаш хоьций йогІу нохчийн Іуьйренаш,
Ойла хазъеш, аьхна кхочу сийна суьйренаш.
Даймохк хазбеш, дахар тодеш, кхечи заманаш.
Ирсо яьхна эшарш лоькхуш, дека ламанаш.

*(«Маьлхан Нохчийчоь»)*

Поэтийн Даймахках, халкъан кхолламах лаьцна церан дегнаша вайна йовзийтина ойланаш воккхий-жимий хиларх йоьзна яцара: уьш массо а бераллехь дуьйна Даймехкан сибаташ кхечу мехкийн аренаш-

кахула шаьш лелаш шайна хьалха лаьттина, цунах хьегна, цунна шайн безам дIахаийта гIерташ, вовшашца къийсалуш санна, сихбеллера.

Нагахь санна, масала, 1939-чу шарахь винчу Сатуев Хьусайна шен дуьххьарлера стихийн сборник «Лаьмнийн бер» (1967-чу шо) шен ткъе бархI шо кхаьчначу хенахь араяькхинехь, яздан цул тIаьхьа волавеллачу Дикаев Мохьмада шен хьалхара стихийн сборник «Нохчийн хIусам» (1965) йовзуьйту дешархошна шен ткъе пхиъ шо кхаьчначу хенахь. И данне а дац и поэт, церан магIарера кхиболу поэташ санна, цхьаъ вукхул корматалла алсам йолуш вара, бохург. ХIан-хIа, уьш массо а церан бераллехь нисделлачу халчу шераша дукха ойланаш яйтина, Даймахках дукха хьегийна нах бара. Дала шайна еллачу корматаллица цара кIорггера философски маьIна долуш дилла а диллира шайн Даймехкан васт, хIора дешархочунна хаийтира цуьнан дахаран ирс Даймахкой, ненан маттой деш дуйла.

Нанас берахь дуьйна
Суна хьо марзбина,
Хьоьга дагардуьйцуш,
Хийла ойла йина,
Сан дай баьхна латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Ахь кхиийна,
Ахь стаг вина,
Со новкъавелира.
Хьуна генаваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара,
Сан дай баьхна латта
Сан ирс долу Даймохк,
Малх бицбина,
Нур къагийна,
Суна хьо лепара. –

И илли халкъана дезаделира, оцу халкъан дагахь дерг дара къоначу поэто бохург а.

Дикаев Мохьмад шатайпа кIорге йолуш лирик вара. Цуьнан ерриг стихотворенеш йоьрзий-те аьлла, эшарг йоьрзура, уьш дуккха а ю,

поэт дIакхелхина шовзткъа шо зама яьллехь а, тахана а нехан дегнех кхеташ, синошна оьшург кховдош йолу дела, нахана юкъахь ехаш ю. ГIараваьлла волчу нохчийн поэто, Iилманчо Сулейманов Ахьмада аьллера Дикаев Мохьмадах лаьцна: «Дикаев Мохьмад, мурйоьлла дечиг санна, кхерчахь сийсачех вацара. Иза, чоь серла а оьккхуьйтуш, вогучех вара. Вай и лар ца вира».

И бакъ ду...

Шайн халкъана хьалха шаьш бехке лоруш бара и поэташ, цунна кхоччуш декхарш дIадала цакхиарна кхоьрура уьш:

Тезеташ лайна ас,
Къурдаш а сецош,
Воккхавеш даздина
Бер дина денош.

Масане нисделла?
Гина ву мел?
Къинош а летийна,
Баькккхина мел.

Дерриг а сайн даг чохь
ЛийIина ву.
Адмашна хьалха со
Куьгбехке ву:
Стаг веллехь,
Иза дIакхалхарна;
Бер динехь,
Iожаллех цалардарна, –

олу, ша яздан волавелла дукха хан ялале, Шайхиев Iалвадис.

ГIамарийн пана махкахь шаьш бо-бераш хилла лелачу хенахь кхоллаелла оцу поэтийн Iедало чIогIа хьийзийнчу шайн халкъана хьалха шаьш декхарехь хеташ йолу ойланаш:

Юха а – Нохчийчоь.
Юха а – сирла малх,
Шен сил а езачо
Хадор бу цуьнан мах.

Со муха лийли-те,
Сахьийзош, са ца гуш,
БІарзбелла некха тІе
Сайн корта охкалуш? –

бохуш, хилларш дагаоьхура Гацаев СаьІидна, ша Нохчийчоьнан хазалло цецваькхича.

«Бо хир дац сох, соьцанна мел ду дайн стигаллий, дайн латтий, хьой», – олу хІетахь Казахстанехь кхиъна волчу Супаев Руслана шен «Нохчийн матте дина доІа» стихотворенехь.

Советан Іедало башха серло ца гойтуш даьхначу шен халкъо дина некъаш ду Абдулаев Лечин коьртехь:

Ойланаш яхъелла буьйсанаш,
Шу мел йин, лаамаш херца.
Садолуш къевлина буй санна,
Шад хилла, шу логехь сеца.

1970-гІа шераш чекхдовлуш поэзин корматалло, ткъесо серлайоккху буьйса санна, нохчийн къона поэзи серла а йоккхуш, яздан буьйлабелира и поэташ.

ХХ бІешеран 60–80-чу шерашкахь кхиъна нохчийн поэзи вайн литературин дешнийн хазна ю. Цуьнан мехалла, шо шаре мел дели тІеттІа алсамйолуш, серлайолуш, лаьттар ю. И поэзи 1944–1956-чуй шерашкахь нохчийн халкъана тІехь лаьттинчу балано кхоьллина йолу дела ю цуьнца оцу дахаран ачонаш.

Делахь а, дахаран хазалла, нехан дикалла ца гуш цІенна шайн халкъана тІехІиттинчу баланех дуьйцуш яц церан поэзи. Поэташна, уьш кегий бераш долчу хенахь а, царах кегий нах хиллачу хенахь а, дика хиира Казахстанехь, Киргизехь доттагІаллин мах, муха иракарахІоттадо дог доттагІалло. Дукха ю церан кхечу къаьмнашка болу шайн безам, ларам буьйцуш йолу стихотворенеш. Масала, Арсанукаев Шайхис сий до Украинин гІарабевлла хиллачу поэтийн Котляровскийн, Леся Украинкин, церан кхолларалли. Ткъа Дикаев Мохьмада язйинчу «Вежараллин илли» стихотворенин чулацамо хоуьйту вайна Казахстанехь, Киргизехь Іийначу массо нохчичун дагахь дерг:

Веданан хьаннашка буьйлуш,
Шуьйтара шовданаш муьйлуш,
Тянь-Шанан лекхачу раьгІнех
Вайнаха шайн иллеш даьхна.
Казахаш, киргизаш – вежарий,
Марзонца вай цхьаьна даьхна,
Аш динчу хьошаллех лаьцна
Вайнаха шайн иллеш даьхна.

*(«Вежараллин илли»)*

ДоттагІаллин марзо а, баланийн къаьхьа чам а хиъна шайн халкъаца Даймахка цІа бирзинчу поэтийн кхолларалла 1960–1980-чуй шерашкахь, бІаьста дитташа санна, заза а даькхина дІахІоьттира. И поэзи, дІадаханчу дахаран жима къахьо шеца елахь а, вай аьлла ма-хиллара, нохчийн литературин уггар мехала агІо лара мегаш ю. Цхьа а шеко яц, нагахь санна нохчийн халкъан дахар кхин зен-зулам ца хуьлуш кхиа дитнехьара, цІерш яьхначеран, яхаза бисинчу поэтийн корматалла кхин а лакхарчу тІегІанехь хирг хиларан.

***Хаттарш, тІедахкарш***

1. ХІун исбаьхьаллин башхаллаш яра 1960-гІа шераш дуьйлалуш нохчийн поэзина юкъабаьхкинчу поэтийн кхолларалин?
2. Яха оцу поэтийн, церан книгийн цІерш.
3. Муьлхачу дешнашца хадийра Сулейманов Ахьмада Дикаев Мохьмадан кхолларалин мах?

***ХІума довза луучарна***

Школехь «ХХ бІешерийн шолгІачу эхехь нохчийн юкъараллин дахар а, цуьнан литература а» темина конференци е.

## III. XX БIЕШЕРАН ЮЬХХЬЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА КХИАР

### ХIинцалера проза а, поэзи а

ХIинцалерчу прозин, поэзин а чулацам юкъа догIу XX бIешеран чаккхенера, XXI бIешеран хьалхара шераш. Вайна хаа деза: муьлхачу халкъан литературин исторех лаьцна дуьйцуш историн хIора итт шеран башхаллаш тидаме оьцу. Цундела оцу муьран литературех къамел деш вай билгалдаьккхина «хIинцалера проза а, поэзи» а аьлла. Цу хронологи чу йогIу поэзи, проза тематика цхьаъ хиларца къаьсташ ю вайн литературехь.

Цуьнан шен боккха историн, политикин чулацам бу: СССР цIе йолу импери 1991-гIа шо чекхдолуш хIаллакьхилира (юьйхира). Оцу империн халкъийн докъазаллина дара иза. Къаьсттана нохчийн халкъан баккхийчу кхиамашца хьалхахьа доьдуш долу дахар дохийра историно хахарцарца.

Оцу бахьанаша кхуьучуьра сацийра 1990-чу шерийн хьалхарчу эхехь нохчийн литература. Литературин цхьа а жанр, ур-атталла халкъана тIе хало хIоьттича «сихлуш» йолу поэзи, публицистикин жанраш а «дIатийра»: оцу жанрашкахь корматалла йолу яздархой, дерриг а халкъ санна, Iадийча санна, бисира.

Амма кхолларалла, къаьсттана исбаьхьаллин дог-ойла, цхьана а хIумане сацалуш яц. Аьлларг бакъдира Москвахь тайп-тайпанчу жанрашкахь араевллачу книгаша. Цара тоьшалла дира: яздан а, Iилманца талламан болх бан а таро ца хиллачу 1990-чу шерийн хьалхарчу пхеа шарахь дегнашкахь IаьIнарг, кортошкахь гулделларг кехат тIе даьккхира яздархоша, Iилманчаша.

Уггар хьалха цхьацца таронаш, яхь йолчу наха арахийцира Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш»[1] (Москва, 1996), «Дарц»[2] (1999) романаш. Цул тIаьхьа, циггахь, 1996-чу шарахь зорба туьйхира яздархочун Нунуев Сайд-Хьамзатан «Нахи, пророки, судьбы» цIе а йолуш, авторо ша «роман-эссе» аьлла къобалйинчу книгина. Амма шен чулацамца, нохчийн халкъан историна дукхе-дукха кIорге

[1] Айдамиров А.А. «Долгие ночи». М., изд-во «Атраф», 1996.

[2] Айдамиров А.А. «Дарц» М., 1999.

а вахна, оцу халкъан мотт, культура, философи хIокху лаьтта тIехь уггар шира хилар гайтина оцу книгица авторо. Цундела «Нахи, пророки, судьбы»[1] – иза Iилманан болх бу, вайх хIораммо беша а бешна, нохчийн халкъан орамаш историн кIоргенехь хиларх дозалла дан а дезаш.

Нунуев Сайд-Хьамзата Москва-гIалахь 1997-чуй, 2008-чуй шерашкахь нохчийн, оьрсийн меттанашкахь арахийцира «Тапча ца оьшу»[2] цIе а йолуш забарийн, анекдотийн, новеллийн, кицанийн, хьехамийн книга а, кхиерш[3] а. И книгаш, церан чулацам къаьсттана оьшуш бара тIамо човхийнчу книгаешархошна: шайн исторех, маттах, забарх даккхийдедеш, иракарахIиттадора церан дегнаш, хьекъал.

Советан Iедало йиххина, шайх яздан ца магош лаьтташ яра дуккха а теманаш. Царах яра, масала, нохчийн халкъ, кхидолу маситта халкъ санна, махкахдаккхаран тема. 1990-чу шерашкахь и тема юха карлаелира яздархошна: хетарехь, хIинцца чекхбаьллачу тIамо ойланаш йойтучух тера дара цаьрга шайн халкъан кхолламах лаьцна.

И тема хьалха а, Советан зама йолчу хенахь, яра нохчийн яздархойн дегнашкахь. Цара хIетахь, шайн шерашка, исбаьхьаллин корматалле хьаьжжина, дIабохийнчу нохчаша лайна баланаш шуьйра а, кIоргера а гойтур бара аьлла, хетало хIинца. Амма, лакхахь аьлла ма-хиллара, царна дихкина дара оцу темина тIеберзар.

Шен хене а, шен авторшка а хьоьжуш лаьтташ яра и тема. Иза чIогIа Iаьткъина хиллера бераллехь шен халкъана тIехIоьттина халонаш а лайна, цул тIаьхьа, воккха хилча, Iедалан балхахь лаккхарчу даржехь хиларна, нохчийн халкъ махкахдаккхаран бахьанашна Iедало кечдина «документашка» хьежначу Хатаев Ахьмадна. Цо йоккхачу говзаллица болх бира цу теми тIехь. Оьрсийн маттахь язйинчу трилогин хьалхара книга «Эшелон бесправия»[4] («Бакъонаш йоцу эшелон») яра; шолгIа роман – «Враг народа»[5] («Халкъан мостагI»); кхоалгIа роман – «Ночи без Бога» («Дела воцу буьйса-

[1] Нунуев С.-Хь. «Нахи, пророки, судьбы». Москва. 1996.

[2] Нунуев С.-Хь. «Тапча ца оьшу». Москва. 1997.

[3] Нахи и священная история. М., 1998; «Живительный дух ислама». М., 2000; «Хадисы пророка», М., 2003; «Чеченцы», М., 2008, «Дух и золото». Роман, М., 2006.

[4] Хатаев А. «Эшелон бесправия». М., «Виолонта», 1997.

[5] Хатаев А. «Враг народа». М.–С.-П., 2007.

наш»). Трилогин и дакъош хIинца а кхоччуш мах хадийна дац вайн литературин критикехь.

Цу яздархойн кхолларалле лаьцна дуьйцуш билгалдаккха дезаш кхин цхьа хIума ду: Хатаев Ахьмад а, кхиболу цуьнан магIарера, хенера яздархой а оьрсийн маттахь яздан буьйлабелира. Шайн нохчийн маттах цабашар дацара церан иза, тIехIоьттинчу замано нисдина хIума дара. Уьш Нохчийчуьра арабевлла тайп-тайпанчу мехкашкахь Iаш бара. Цундела оьрсийн маттахь аьлла дош сихо кхочура дуьненан юкъаралле дIа. Царах цхьаъ ву Ибрагимов Канта. Цо 1999-чу шарахь арахийцира йоккха эпически роман «Прошедшие войны» («ДIабевлла тIемаш»). Нохчийн халкъан дахаран дукха шераш чулоцу оцу романо. Кхузахь бу Граждански, Даймехкан Сийлахь-Боккхачу тIемашкахь дакъалаьцна, 1920–1930-чу шерашкахь Нохчийчохь Советан Iедал тIечIагIдеш шайн са, дегI ца кхоийна турпалхой. Iедална муьтIахь, цуьнца догцIена болуш цара къахьегнехь а, мостагIех лардинехь а, и турпалхой Сибрехула, лагершкахула чекхбоху оцу Iедало. Цул тIаьхьа, куьг хьаьккхина шайн Даймахкара ара а бохий, Юккъерчу Азехь мацаллой, цамгарший хIаллакбо. Биснарш шайн Даймахка юха цIа а балабой, ур-атталла уггар халчу балха ца бохуьйтуш, Iедало хIора дийнахь ша царах цатешар хоуьйтуш, хьийзабо. Цул тIаьхьа 1990-чу шерашкахь тIом а болабой, хIаллакбо романан турпалхой.

Церан васташ нохчийн дахарехь (массеран а санна) дара. «Прошедшие войны» романан идейца (маьIница) йозуш ю Ибрагимов Кантин «Седой Кавказ»[1] («Къоьжа Кавказ») шина книгехь роман а.

Советан замано, советан идеологино бинчу тIеIаткъамо а, 1990-чу шерашкахь Нохчийчохь хиллачу тIемаша а хийла-хийла кегийрхой, дайх дисначу гIиллакх-оьздангаллех баьхна, шайн дахарна хьалха лаьтташ йолу Iалашонаш яйна, маларца, вахочу молханашца шайн дассаделла карзахе хьийзаш долу дегнаш совцо гIертара. Къомана тIехIоьттина кхин цхьа хало ю иза: могуш, сица, дегIаца цIена тIаьхье кхиаран гIайгIане дирзина халкъ. И проблемаш нохчийн литературина дуьххьара юкъаялийра шен «Волчья яма»[2] («Берзан боьра») романца Мусаев Iалаудис.

[1] Ибрагимов К. «Седой Кавказ». 1, 2-гIий дакъош. 2001.

[2] Мусаев А. «Волчья яма». М., «Молодая гвардия». 2000.

Даймахкана тIе халонаш хIиттаро яздархойн цуьнга болу безам алсамбаькхира. Халкъан кханалера де муха нислур ду, ца хууш, саготта бу уьш. Иза хаало шен кхиарца романан жанрал жимма тIаьхьайисна йогIучу повестан жанрехь а. Ахмадов Хизаран «Огненный брод», «Исповедь чеченца»[1] («Нохчочо дагардийцар»), Берсанова Залпаа «Я выбираю горы» («Аса лаьмнаш хоржу») повесташа юха карлаехира тIаьхьарчу шерашкахь оцу жанран традици.

ХХ бIешеран 90-чу шерашкахь, ХХI-гIа бIешо доладелча а Нохчийчохь хиллачу къизачу тIемаша документально-публицистически форма а, чулацам а болуш литературина юкъаелира хьалха ца хилла и форма йолу повестан жанр. Иза а замано хьехна дара яздархошна: массо а литературехь, хьалхарчу рогIехь оьрсийн литературехь а, фашистски Германица 1941–1945-чуй шерашкахь хилла Даймехкан Сийлахь-Боккха тIом дIабаьлча кхоллаелира исбаьхьаллин, документально-публицистически формехь язйина произведенийн жанраш: повесташ, дийцарш, поэмаш, публицистически статьяш, тIаьхьо – романаш. Цаьрца яздархоша жамIаш дора дIадаханчу тIеман шерийн, тIамехь дакъалаьцначу нехан, Даймехкан кхолламех лаьцна.

Цундела цхьа а тамашийна хIума дац хIинцалера нохчийн литература оцу новкъа ялар: иза, вай аьлла ма-хиллара, муьлххачу халкъан литературо деш дерг ду, хIунда аьлча литература даим халкъийн дахар, кхоллам гойтуш йолу дела. Иштта ду литературин низам.

Аьллачуьнца доьзна цIе яккха мегар дара Минкаилов Эльбруса язйинчу «Дахкарлахь байна некъ»[2] повестан.

ТIемаша хийцина, дохийна халкъан дахар, бIешерашкара схьадогIу халкъан синъоьздангаллин Iадат, даьтта санна, лелина дIадовш латтар, халкъан кхолламах лаьцна ойланаш яр и. д. кх. проблемаш юкъайогIуш лаьтта хIинцалерчу нохчийн прозина. Бакъдерг дийцича, болх беш вуно кIезиг нах бу. Цуьнца дозуш ду прозин жанрийн формийн го шорцабалар а.

...ТIеман шераш тIекхачале, советийн Iедал лаьттинчу иттаннаш шерашкахь дохош, даржош лаьттира нохчийн къоман сий

[1] Ахмадов Х. «Исповедь чеченца». Москва, 2008.

[2] «Орга», № 6, 2006.

латтийна Іадаташ. «Ширачух бухадисна Іадаташ» бохуш хиллачу советийн идеологино луьра къийсам латтийра нохчийн халкъан сий-оьздангалла лаккхахь латточу къоман гІиллакхашца. И проблема нохчийн литературехь шен хенахь, XX бІешеран 60-чу шерашкахь, хІоттийра «Тавсолта ломара дІавоьду» романехь Сулаев Мохьмада а. Оцу цхьана романо, Советийн Іедал долчу хенахь язйинчу муххале а, кхоччуш ца элира вай цІе яьккхинчу йоккхачу проблемех лаьцна. Иза хІинццалц вайн литературехь хьаяза лаьтташ яра. Ткъа хІинца, тІеман шераш чекхдевлча, къеггина гучуделира цу темица доьзна долу бакъдерг: нохчийн халкъан гІиллакхаш тІехь лаьтташ йолу сема кхоччуш кагйинарг тІом бу, амма и сема кагъян йолийнарг советан Іедалан идеологи ю.

И проблема хІоттийна Тагаев Сайд-Хьасана шен «Беттан нур догу анайист»[1] романехь. Яздархочо ша билгалъяьхна романан коьрта идейш. Цо яздо:

«Беттан нур догу анайист» сан хьалхара шуьйрачу барамехь хІоттийна адаман синдахаран а, синхаамийн а, сатийсамийн а, бакъдолчун кьаьхьаллин а онда сурт я васт ду; вайн дахарехь ца карош йолу нийсо, кхечу, уллерчу, дахарехь лехаран жамІ. Адам мел атто, хало ловш хиларх, адамийн дахаран бакъдолчун йийсарехь дуьсу. Суна исбаьхьаллин кхолларалле хь керла кепаш еза, керла ойланаш (идейш). Оцу агІор бина аса хІара болх, хилахь, кхиамна а, ца нислахь, со зерна а»[1].

Роман ешча, яздархо шена хьалха хІоттийнчу декхарца ларавелча санна, хетало. Тахана, вайна оьшуш а, царах лаьцна яз ца дича ца долуш а проблемаш ю цу тІехь: «дайн гІиллакхех, ненан маттах хаьдча, хІун хир ду тІаьхьенах? КІант-м дІачекхволура, йоІ ю халаниг»; «цкъа хьалха дІаихначу хенахь, юьртахь тезет даьлча, шарахь ловзар а ца дора, синкъерам а. Герз а ца кхуссура»; «хІара зиярт дохо баьхкина нах»; «дІа ойла йича, доккха хІума а ду и, йинчу ненал а чоьхьара а хилла, ахьа со боданерчу дахарера мукъаяккха терго яр»; «со ца кхета, и сел генара боцу кхетам болу нах кху дуьнен тІе муха бевлла, муха лелало? Бакъдерг аьлча, ширчу Іадато шен нуьцкъала Іаткъам бина цунна, сан дена», – и тайпа ойланаш дІаязйо дневник

[1] Хьажа: «Орга» № 5, 2006 (юьхь).

тІе ден-ненан йоІа; «оцу йоІах цІена гІам хилла даьлла-кх, – юха оьгІазъоьху цуьнан нана Басар».

Иштта кортош дІадаьхьна, шайн дай-наношна дуьхьалбовла кхиийра советийн идеологино нохчийн цхьаболу кегий нах. Шайн халкъан гІиллакхийн хьостана генабаьхна и кегий нах советан Іедал доьхча болабеллачу тІамо оцу хьостана кхин а дукха генабехира, церан дахаран Іалашонаш, яйъина, махо чан санна, дІасаяржийра.

Халкъана Іаьржа бала тІебеъначу XX бІешеран 90-чуй, XXI бІешеран юьххьеххьий оцу халкъан сий, цІей, кхоллам боьхкинчу нахах дІа а кхетта, шайгара даккхий зуламаш далийтира Тагаев Сайд-Хьасанан романехь буьйцучу советан идеологи шайн коьртехь йолуш кхиъначу цхьаболчу наха.

Цара, Делан дашца халкъан кхетам самабаккхар шайна тІеэцначу чкъуран цхьаболчу векалша, Нохчийчохь хІоттийна дахаран кІуркІмани говза гайтина «Къоман тептар» цІе йолуш зорба тоьхначу шен романехь Юсупов Іусмана. Цо дехкинчу турпалхойн вастийн амалийн кІоргенашка хьаьжча гучуйовлу вайна дуккха а дакъошка екъаелла халкъан хьашташ хьанна а дохка кийча йолу тобанаш.

ЦІе яьккхинчу романо тоьшалла до: нохчийн прозин, къаьсттана цуьнан яккхий жанраш (роман, повесть), тІом дІабаьлла дукха хан ца яьллехь а, авторш халкъан хІинцца дІаяханчу историн исбаьхьаллин дашца жамІаш дан кечлуш бу.

ХІокху тІаьхьарчу пхеа-ялх шарахь кхо роман арахецна вайн яздархоша. КхоалгІаниг Юсупов Іазима XIX бІешарахь Кавказски тІом болуш Нохчийчохь хилла тІеман къизалла гойтуш йолу «Іожалла къарйинарш» роман ю.

Дахарх лаьцна шаьш повесташкахь, романашкахь дуьйцур дара бохуш Іен таро а, хан а яц тахана яздархойн: тІаьхьарлерчу ткъа шаре кхоччуш йолчу хено нохчийн халкъан дахарехь дукха проблемаш, сихха, хІинцца дан дезаш долу гІуллакхаш дукха гулдина. Оцу гІуллакхийн чулацам уггар хьалха хІоттош бу халкъан эс юхаметтахІотторца, цуьнан синхаамаш, синшорталла юха самаяккха дезаш хиларца, дуьне а цец а доккхуш хилла гІиллакх-оьздангалла, тахана, цкъачунна наб озийна йолу, юха, хьалха ша ма-хиллара, къегина юхакарлаяккха езаш хиларца.

Уьш а, кхийолу а халкъ шен дахар юхаметтахIотто доладелла-чу хено билгалъяьхначу проблемех лаьцна йолалуш лаьтта вайн литературехь даим кхечу жанрел тIаьхьайисна хилла йолу публицистикин жанр.

Тахана а бац оцу жанрехь яздеш кхолларалли похIма долу нах дукха. Амма и нах, уьш кIезиг белахь а, хIокху денойн нохчийн литературин дукъ шайна тIехь долуш, оцу литературехь, журналистикехь даккхий гIуллакхаш дина а, деш а болу нах бу. Церан хьалхарчу магIаре хIитто беза Абдулаев Леча, Бексултанов Муса, Ахмадов Муса, Джамбеков ШаIрани. Халкъана хьалха тахана хIиттинчу муьлхачу гIуллакхаша карзахъяьхна церан ойланаш?

ТIаьхьарчу шерийн халкъан декъазчу дахарх лаьцна ойланаш еш, шен кIорггера чулацам болчу «Дагадаийта: хьо хьенан-мила ву? Хьан ЦIе хIун ю?...» статья тIехь Абдулаев Лечас яздо: «ХIокху хиламаша гайтира: цхьаверг юккъехь лаьтташ чекх а велира. Шен-шен агIо ца лаьцча, дехьарчарна а, сехьарчарна а иза шайн ца хийтира! Сан накъостана карийра лаца агIо. Цунна шенаш карийра. Ткъа хIетахь цхьа а агIо цалаьцнарш, юккъехь хилларш, маслаIат лехнарш, къомана коча балочу балина, шайн эгIаза агIонаш бетташ, дуьхьаллаьттинарш, тахана а шайн берд кароза бу»[1].

Деган лазамца, маьIница Абдулаев Лечин къамелаца дозуш хетало гIараваьлла волчу яздархочо Бексултанов Мусас бохуш дерг а.

«Хазалло сацайо зама» шен чулацаме интервью тIехь цо боху: «Кхузахь, Нохчийчохь, и тайпа дахар дац (юьйцуш ерш Диккенсан, Бальзакан, Л. Толстойн, Достоевскийн, Шолоховн реалистически произведенеш ю), однообрази олург ду кхузахь... Кхузахь-м ойла ян а дац хIумма а»[2].

Литература дахарна, цуьнан проблемашна юьстахо латтаро алийтина дешнаш ду уьш.

Кхечу гIараваьлла волчу яздархочо Ахмадов Мусас шега: «Стенна оьшуш ву яздархо халкъана? Хьоьга язде бохуш мила ву?», – аьлла, динчу хаттарна иштта делира жоп: «Соьга язде бохуш стаг а вац... Нагахь аса яздечу жайнаша адамийн дегнашна синтем лахь,

[1] «Даймохк», 9-гIа январь, 2008 ш.

[2] Бексултанов Муса. «Хазалло сацайо зама». «Орга», № 3. 2006. – 44 а.

церан дика ойланаш кхоллаялийтахь, Дала магийна гIиллакхаш хьехахь, сан йозанаш цхьа маьIна долуш ду, цундела яздан а мегар ду».

Цу кеппара массо а похIма долу яздархо кхета шайн кхоллараллин Iалашонех.

...ТIаьхьарчу шерашкахь жигара кхуьуш лаьтта дийцаран жанр а. И жанр литературехь «самаяларан а», сиха кхиаран а бахьанаш вай лакхахь дийцина. Цунна тIе тидам бахийтина зударша а: Айдамирова Машара («Некъаш къаьстачохь»), Тапалаева Амината («Мехкарийн дийцар»), Бадаева Ларисас («Отражение»). Зударий, зудабераш литератури юкъадахкаро дахаран дуккха а дика билгалонаш гучуйоху: халкъан синпаргIато юхайогIуш а, халкъан интеллектуальни (хьекъалан) ницкъ лакхаболуш а лаьтта.

Халкъан векалш – поэташ – шайн дахарехь шолгIа бала тIебеача, Iадийча санна, бисира. Церан поэзин мукъам хийцабелира. Нохчийн юкъараллехь даьржина зуламаш, яьржаш йолу къизалла, дIадовлуш лаьтта гIиллакхаш – и дерриг поэташка лан ца делира. Цундела цара хаттарш дора шайн халкъе:

ЦIандала, цIиндала лууш ца хиллехь,
Вай хIунда дендира берзалойн иллеш?
Вон-дикий ца къасттол хьекъалах тиллехь,
Вай эрна даржийра зуламе хIилла.

Даймехкан майданахь цIоканаш хийцарх,
Акхаройн амалш а евзаш ю цIийца,
Берзалойн даржаш а мел дера къийсарх,
Билгала хезаш ду чагIалкхан цIийзар.

...Берзалойн угIаро Iехадо Iаннаш,
ЧагIалкхан цIийзаро цецйоху хьаннаш.
Хьаьнца вай тоба дер Iесачу махкахь,
Ша карча масделла вайн дуьне тахкахь?

*(«Вай хьаьнца тоба дер?», 1994)*

1994-чу шарахь Арсанукаев Шайхис язйинчу «ДоIа» стихотворенино кIорггера довзуьйту вайна хIетахь нохчийн дахарехь хIоьттина хьал:

Стигланаш, латтанаш, дерриг жил-Іалам
Кхоьллинарг, Кхиошверг, Кхобушверг,
Хьоьга кхойкху тхо, базбелла тхайн къинойн бала,
Гуш ву-кх Хьо, барт боьхна, хІоьттинарг тхоьга:

Дицдина оха дайн гІиллакхаш, Іадат,
Адамаллел тоьлла тхан акхаройн амал.
Дегнаш тхан туьгуш дац вовшеха Іаба,
Хьаьвдда тхо, ца къестош хьарам я хьанал...

Поэташа дуьйцуш дерг шаьш шайн хьалхарчу стихашкахь хестийна нохчийн гІиллакх-оьздангалла, собар, къинхетам, кхин дуккха а халкъан дийцина ца валлал дегнийн хазалла юхуш, сабІарзделла, ца лалуш, дуьйцуш дара.

Дахделлачу тІеман шерашкахь дукха ойланаш йойтура хан яьллачу а, хІинцца яздан буьйлабеллачу а поэташка. Церан массеран а деган лазам цхьаъ бу – Нохчийчоь, цуьнан декъаза кхоллам, цуьнан тІехиндерг муха нислур ду цахаар.

Ахмадов Мусана, ша яздархо, поэт, прозаик, драматург, публицист хиларе терра, гора и тема. Дукха ю цуьнан оцу темина язйина, аьлча а стихийн форме ерзийна цу хьокъехь цо еш йолу ойланаш: («Нохчийчоь, юха а керчи хьан кхоллам», «Нохчийчоь, Нохчийчоь...», «Ло», «Сингаттам, синхьийзам, гІенаш...»).

Ахмадов Муса, Цуруев Шарип, Гайтукаева Бана, кхин царал жимма баккхий а, кегий а поэташ – уьш нохчийн поэтийн кхоалгІа чкъуран поэташ лара мегар ду. Уьш бина ХХ бІешеран 50-гІа шераш чекхдовлуш, 60-гІа шераш дуьйлалуш. Уьш кхиаран, гІеметтахІиттаран шерашкахь (1970–1980-гІий) нохчийн дахар токхе а дара, культура а, литература а сиха кхуьуш шераш дара. Кхечу агІор аьлча, оцу къоначу чкъуран дахар стигалахь цхьа марха йоцуш, синкъераме, шайн жиммалех уьш баккхийбан безаш дахар дара. Къаьсттана цундела цецвоккху тахана церан поэзин чулацамо: иза, ерриг а аьлча санна, гІайгІане, халкъан исторехь хиллачу эшамех, цунна мостагІаша бинчу ницкъах, шаьш оцу халкъан цІийх схьабевлла хилар, цунна шаьш декхарийлахь хилар – оцу философех юьзна ю церан стихаш, поэмаш.

ХIун бахьана ду-те нохчийн уггар а къона поэташ, жималлин синкъерам дIа а тесна, шайн халкъан кхолламах ойланаш ян буьйлабаларан?

Царна шайн нанойн шурица, цIийца йоьллера нохчийн яхь, эхьоьздангалла, халкъаца цIена, хьанал хила везар, цуьнан таханлерчу а, тIехиндолчу а дахарна шайн корматалле хьаьжжина гIуллакхаш дар. Халкъан бераш лорура цара шаьш: нохчийн халкъ, церан кхетамехь, цхьа сиркхо йоцуш, дахарехь, амалехь цхьа сакхт доцуш хила дезаш дара. Ткъа 1990-чу шерашкахь цунна юкъара «къа хета, къа а доцуш, эхь хета, эхь а доцуш» гIера ялар къоначу поэташка лан ца делира.

Iедало къоначу поэтийн кхетамех долу халкъан цIена а, хаза а васт дохийра, талхийра, ткъа иза кхоччуш кхиьна бовлаза, дегнашца а, дегIаца а чIагIбалаза болчу поэташка лан ца делира.

Къаьсттана зевне а, шен кийрара баьллачу лазамца цецвоккхуш а дийкира Гайтукаева Банин аз:

Хьан цIийнах яра со, Нохчийчоь, хьан цIийнах яра,
Нахана дIайийца ворхIе а ден цIе а хилла,
Хьан цIарца яьхна со, Нохчийчоь, хьан цIарца яьхна,
Хьешана хIоттадан комаьрша шун а сан хилла, –

йолало Бана. Цо диллина лирически турпалхочун васт доккха дозалла дан мегар долуш васт ду, хIунда аьлча иза яхьйолуш, доьналла долуш йолу дела:

Хьан юьхь ас ларйина, сайн эхь-бехк,
Сайн сий а санна, –

боху цо Нохчийчоьне.

Банин хIора могIано халкъан исторехь хилла чевнаш, ягийна ярташ, багийна нах карлабоккху вайн кхетамехь:

Къа доцчу сан сина теш хIотта Терк а ду дийна...
Хьайбахахь ягийна да вийна мостагIа санна, –

юха карладоккху нохчийн исторехь хилла бакъдерг. И тайпа а, кхин а бакъдерш ду тахана Банин синхаамаш карлабохуш:

Сайн кхерчах йохийна, цхьа мискъал бехк боцуш бийца.
Безам а сан хилла дуьненал лекха со хIотто,

И тешо са оьзда кIентий а сан новкъахь хилла.
Дуьнен чохь мел болчу мехкарел со маьрша къасто
Бахьана цхьаъ хилла-кх – со ларъян къонахий хилла.

Оццул халчу халонаша яхьах ца йохош, шен сий лардеш схьаеанчу лирически турпалхочо боху Нохчийчоьне:

Ткъа тахна со лаьтта хьан лаьмнийн когашкахь йоьхна.
ХIара дуьне Iададал мохь-цIогIа сайн кийрахь къуьйлуш,
Яхь йолчу сан сица хьагI лаьцна йилбазан махо,
Доккхачу дуьнен чохь яржийна сан деган аьхкаш...

Хьан къина йилхина, бIаьрхиш а чекхдевлла лекъна,
Нохчийчоь, со йисна хуьлучух ца кхеташ тахна.
Йилбазо чIабанаш лачкъийна, йовлакх а даьхьна!
Орцаха ялахьа! Сан сих-м хьаьрчиний лаьхьа!

*(1994 шо)*

ЛадогIийша! ХIетахь вайн дахарехь хуьлуш лаьтташ болу вон хийцамаш, нахана юккъера дIадолуш долу нохчаша ворхIе а дайшкара схьадеана эхь-бехк, гIиллакх-оьздангалла, катоьхна хийцалуш лаьтташ долу синош – оцу дерригено а йохийнера лирически турпалхо. Нохчийн къам шен шога тIулг санна чIогIачу буха тIера галдаккха гIиртира хIетахь дукха ницкъаш:

Гой хьуна, къийгаша го бина дIалаьцна стигла!
Царна а ма гома хилла-кх сан гIаргIулийн илли.
Ас лоьху сайн хилла аматаш хьан бIаьвнийн кхерчахь,
Ас лоьху, ткъа суна жоп дала цхьа а вац уллохь...

ХIаъ, халкъан цхьана хенахь хиллачу гIиллакхан, яхьан аматаш лоьху лирически турпалхочо, амма уьш тахана цунна каро хала ду: цунна уьш дIахьеха а «цхьа а вац уллохь». Цхьана хенахь «дуьнен чохь мел болчу мехкарел а маьрша» хиллачу нохчийн зудчунна («со ларъян къонахий хилла») дахарехь хIоьттина хьал лан хала дара. Банига, иза, сина кIорге а, кийра буьззина яхь а йолуш йоI хиларе терра, лан ца делира.

Иштта вайга, бухабисинчаьрга, весет а дина дIаяхча санна хетало Бана. Цхьа а шеко йоцуш ала мегар ду: «Хьан цIийнах яра со, Нохчийчоь, хьан цIийнах яра» стихотворени шен маьIница, чулацамца,

формица, дешархочун ойла самаяккхарца нохчийн къоначу поэзин уггар лакхара лакхе ю.

Иштта кIорггера ю цуьнан кхийолу стихаш а: «БIаьвнийн махка», «Со аренца кхиъна акха зезаг», «Малх сихъиккхина...», «Буьйса дIагIур ю», «Дерзинчу сан дагах хьекхало хьан бIаьрг-негIарш» «БIаьрзе хилий, яха, боху соьга», «Нохчийчоь, тховса ма гIайгIане йоьжна хьо», «ГIаргIулийн илли», «Лозучу сан дагах...», «Нахана гуш дерриг ган бIаьргаш ца хилла», «Ас Лазам алий хьох, Дахар», «Со йинчу дийнахь...», «Долийнчохь диси-кх хьо, сан деган илли», «Зама».

Нохчийн поэтийн кхоалгIа тIаьхье 1990-чу шерийн шина тIамо ягийна тIаьхье ю. Оцу тIемаша човхийна, цкъачунна кхоччуш самайовлаза ю церан исбаьхьаллин ойланаш, йийцаза ю и буьрса хан, дахказа ду оцу хенан турпалхойн, кIиллойн васташ. Цу тайпана дахар листа царна хан оьшу. Жимма хан яьлчахьана, и теманаш церан поэзехь, кхехкаш болу яй санна, тIехъоьхуш хир ю.

... Поэзин кхолларехь тематикийн чулацаман боламан шен некъаш, шен къайленаш ю. Хьалхо вайна моттадала тарлора: вай йийцина буьрса хан дIа ма-елли, тIехинйолу поэзи тIеман тематикех, халкъан тIехIиттинчу халонех лаьцна дуьйцуш хир ю. ТIаьхьарчу кхаа-деа шарахь поэташа язйинчу стихашкахь гучудолу: уьш, ерриг а аьлча санна, халкъан хинболчу кхолламах лаьцна язйина ю. ХIан-хIа, и кхоллам эшна, гIорасиз, миска хир бу аьлла цкъа а дага ца деана поэташна. ТIехIиттина халонаш, лайна эшамаш тIедогIучу ирсечу дахаран юьхь лору цара.

Масална гIараваьлла ву, ала мегар долчу, доккха похIма долуш волчу поэто Абдулаев Лечас шен «Шайхалла» стихотворенехь боху:

Хир ду аьлла, боху соьга,
Хиндолчунна хила кийча.
Хир ду аьлла, Нохчийн Махкахь
Шен да валлал дерриг ирча:

ГIала йолчохь – хьакхлагIаш,
Ирзош долчохь – акха кхаш,
Дахар долчохь – кешнаш, кешнаш...
Синош бIаьрза, дегнаш эшна...

Хир ду дера, вонах тешна,
Вай тIеэца хилахь-м кийча,
Хир ду тIаккха винчу махкахь
Шен да валлал дерриг ирча...

Хир ю ахьар доцу хьераш...
Хир бу пхьола доцу пхьераш...
Шайн доьзалша чехош дай...
Шайн дай болуш хилла бай а...

Амма хIунда ду вай кийча,
Хир ду аьлча, вонах теша?
Хир ду аьлча, тешаш хилча,
Цкъа мукъне а сох а теша!

– Хир ду баьхна, хир ду, боху,
Хир ду бохуш, чекх а вер ву:
Мацах даьхна, хIинца доху
Къаьхьа кхаьънаш хир ду эрна.

Лекха хир ду лекха лаьмнаш.
ГIургIаз луьйчуш хир ду Iаьмнаш,
Чехкадуьйлуш ломан Орга,
Тийна Терк а хир ду кIорга[1].

Къиза хиламаш лайна халкъ шен тIехиндолу дахар сирла, токхе хиларх тешар оцу халкъе лаамийн чIогIалла юхаерзаран билгало ю.

ТIаьхьарчу итт–шийтта шарахь нохчийн поэташа язйина байташ, поэмаш, ерриш а аьлча санна, кIорггерчу сингаттамийн ойланех юьзна ю. Наггахь бен карош яц цара нохчийн халкъана оцу шерашкахь тIехIиттинчу а, лайначу а баланех ца дуьйцуш язйина произведени – кхолларалли коьрта тема хилла дIахIоьттина нохчийн халкъан, Нохчийчоьнан кхоллам.

Кхечу агIор кхуьуш, кхечу теманех юьзна поэзи хила йиш яцара, хIунда аьлча вайна хууш ма-хиллара, халкъана тIе, муьлххачу халкъана – цуьнан яхь, доьналла, къонахалла, эхь-оьздангалла зуьйш, хала, яккхий, еза киртигаш тIехIиттича кхоллало бакъйолу поэзи,

[1] Абдулаев Леча. Нохчийчоь, сан Нохчийчоь. Соьлжа-ГIала, 2005.

шен чулацамца, маьIница, дохкучу васташца иза йоьшучунна дагах кхсташ а, цуьнан синкIоргенехь Iаьхкина ойланаш самайохуш а хуьлу.

Абдулаев Лечин 2005-чу шарахь араяьлла «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь» стихийн гулар йоьшуш хьалхахIутту вайна нохчийн халкъана хIора бIешарахь тешнабехк бан цхьа имам волуш хилар:

Я аьтту агIор гIо –
карор бу тIом,
Я аьрру агIор гIо –
карор ду дов.
Кху Нохчийн бешахь кхин
ца кхуьу стом.
Кху Нохчийн туьшахь кхин
ца дека зов[1].
*(«Имаман таж»)*

Халкъан къизчу кхолламан баланех юьзна дукха ю оцу книги тIехь стихаш («ГIайгIа», «Диканиг хьахадан кхоьру со», «Юх-юха а йолуш», «БIаьрга тIе бIаьрг хIоттош», «ТIаьххьара бал», «Я белха бIаьрг ца бисна», «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь», «Дола дан мостагI воцуш», «Нохчийчоь, ши ун ду хьуна», кхиерш):

Цхьа шад балла йовлакх юккъе таръеш,
Дуьне ма-дду юьтуш къаьхьа лараш,
Хьо идош а со ма дукха лелла.
Хьан баланийн мохь сан бай-м ца белла.
*(«Нохчийчоь, сан Нохчийчоь»)*

Иштта Нохчийчоьнан исторехь хилла кхолламан васт дуьллу Абдулаев Лечас.

Хиллачу тIемаша ойланаш самаяьхна, поэзин гIирсашца царах дуьйцуш кIорггера маьIна долу произведенеш язъян буьйлабелла поэташ бу тахана нохчийн литературехь. Царах уггар хьалхара ву Алиев ГIапур. Цуьнан дуьххьара стихотворенеш зорбане евлира 1996-чу шарахь. Хьалхарчу шен стихотворенехь цо хаийтира поэзиезархошна ша литератури юкъа иллеш баха веана воцийла:

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
Заманна тоьшал дар ду,

[1] Абдулаев Леча. Нохчийчоь, сан Нохчийчоь. Соьлжа-ГIала, 2005.

Нохчийчоь, хьо сайна езар
Дуьнене кхайкхадар ду.
*(«Иллеш дац ас бохурш»)*

Шен са санна, шена дукхабезаш болчу Даймахкана ямартло совъяьллачу наха цуьнан хаза, токхе кхоллам бохош ца лало поэте:

Нохчийчохь садайча, садаьржаш хеттарш,
Ма бале девли шу, весеташ деш,
Эхьо а, эхь хетта, юьстаха битнарш,
Эхьдацар эхьана хIиттадеш теш.

IадIайша, даIдаьлларш, дитийша Iийжарш,
Ца лозчу даг тIера белхарш ца деш.
IадIайша, ешапаш, сий дайна гIемаш,
Селхана йишхаьлларш, гIовгIа ца еш!
*(«Ма бале девли шу»)*

Алиев ГIапуран поэзин цхьана итт шарахь кхолладели шен хатI, шен форма, шен чулацам. Цо тIекIелъязйина ю шайх «сонеташ» олу дукха стихотворенеш. Церан чулацам бинарг поэтан карзахдаьлла дог ду, кхечу агIор аьлча, царна тIехь цо дуьллург Нохчийчоьнан васт ду шен къизачу кхолламца.

ТIеман шерийн хиламаш мелла а дIа мел гIоьрти а, цара кхоьллинчу лирически турпалхочун дог-ойланах дийцар тоьуш ца хуьлу юкъараллин духовни лехамашна: царна оьшу цу шерашкахь хиллачу халкъан синхаамаша хIун хьехна цуьнан дIаяханчу историс а, хуьлуш лаьттачу трагедис а. Литературин оцу законаша хьехнера, масала, Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болчу шерашкахь (1941–1945) оьрсийн яздархошна Толстой А. «Петр Первый» роман язъяран Iалашо, Твардовский А. «Василий Теркин» поэма язъяран Iалашо. Цкъа-делахь, цара самабоккхура советски юкъараллин дIаяханчу исторех дозалла дан дезаш болу кхетам, шолгIа-делахь, шен мохк ларбархьама фашисташца тIом беш долчу советски халкъан патриотически дог-ойла самайоккхура цара.

Исбаьхьаллин литературо шен боламехь юкъараллин дог-ойлане хьаьжжина хоьржуш долчу некъаша валийра, масала, Яхьяев Леча а поэмин жанрехь Нохчийчохь геннарчу хенахь хилларший,

тІаьххьара тІом болчу хенахь хилла къизаллий, массара а кханалера дахар сирла даре сатийсаррий гайтаран Іалашоне. Иза цуьнга Іаламат йоккхачу говзаллица дан а делира «Дуьне дохар»[1] («Апокалипсис») поэмехь. Поэмин механлле хьаьвсича гучудолу поэма нохчийн поэзсхь цкъа а ца хиллачу кепара шен форма йолуш хилар. Оьрсийн классикийн, демократийн, хІинцалерчу политикийн, президентийн, философийн хьекъалечу дешнаша гІо до дешархочунна поэмин хІора декъан чулацамах, маьІнех кІорггера кхета: адамаша исторически схьа вовшийн хІаллакдеш лелочу дийцина ца валлал даккхийчу зуламашна массо а халкъаша дуьхьало ян езаш хиларх доьзна ду и маьІна. Оьрсийн классически литературехь хийла хІиттийна проблема ю Яхьяев Лечас шен поэмехь хьалаайъинарг.

Вайна хаа деза, литературин жанраш, яздархойн хатІ, цара кхоьллинчу произведенийн чулацам – и массо а агІо дахаро, цуьнан хийцамаша нисъеш юйла. Ненан маттаца цхьаьна оцу дахаро нохчийн халкъана хьалха хІитточу проблемех лаьцна оьрсийн маттахь яздеш а бу вайн литературехь яздархой. Церан и традицеш XIX бІешаре дІайоьлху: оцу хенахь оьрсийн маттахь кхуьуш яра нохчийн просветителийн (Къилбседа кхечу къаьмнийн просветителийн санна) кхолларалла. Иза доьзна дара, цкъа-делахь, хІетахь нохчийн шайн йоза цахиларца, шолгІа-делахь, халкъана хьалха лаьттачу социально-экономически, политически проблемех оьрсийн маттахь яздинарг Россин политически юкъаралле сиха дІакхочура. Лаудаев Умалт, Эльдарханов Таьштамир, вежарий Исмаил, Ахметхан МутушевгІар, вежарий Денилбек, Заурбек, Асламбек ШериповгІар, Саракаев Ибрагим-Бек – уьш бара 1917-гІа шо тІекхачале оьрсийн маттахь нохчийн халкъехь паччахьан Іедало латтош йолчу къизаллех лаьцна дийцинарш. Ткъа Советан Іедал тІедеача царна тІаьхьа баьхкира оьрсийн маттахь яздеш хилла болу яздархой, публицисташ Арсанов СаьІид-Бей, Ошаев Халид, Саламов Іабдул-Хьалим, кхиберш.

ХХ бІешеран шолгІачу эхехь цара кхоьллина традици кхин а дІаяьхьира къоначу яздархоша Юсупов Султана, поэташа Садулаев Іабдуллас, Яричев Іумара[2], Гешаев Мусас. Церан хІораннан а маситта

[1] Яхьяев Леча. Дуьне дохар. Соьлжа-ГІала, 2004.

[2] Яричев Умар. Лавина времени. – Грозный, 1990; Стихи. Поэмы. – Грозный, 2004; В обойме времени. – Грозный, 2005.

стихийн гуларш зорбанера арайийлина. Амма кхузахь а билгалдаккха деза поэзин кхиаран къайленаш йолу некъаш: иза сиха кхуьу 1990-чу шерашкахь, нохчийн халкъана тIе боккха бала хIоьттича.

Оцу бахьанашца дозуш ду, масала, цу шерашкахь Гешаев Мусан поэзи цIаьххьана заза даьккхина дIахIоттар. Цуьнан хьалхара книга араелира 1989-чу шарахь Москва-гIалахь «Очередь за счастьем» («Ирсехьа хIоьттина рагI») цIе йолуш. Нохчийчохь хилла хьалхара тIом дIа ма-беллинехь цо арахийцира «Ожерелье желаний» («Ламийн кочар») книга (1996). 1998-чу шарахь циггахь зорбанера арайолу Мусас язйина поэзин стомма книга «Опрокинулось небо» («ТIекIелъели стигал»). Церан лаккхара мах хадийра литературни критикехь. Коьрта чулацам – халкъан кхолламах дегаIийжамна безамах кхоччуш марзо эца кхиаза волчу лирически турпалхочун сингаттам.

ТIамо човхийнчу дахаран лараш хIинца а йисна къоначу поэзехь. Амма царах лаьцна дийцаран дош хьалха санна баттара даьккхина дац, амма лирика хIетахьлера алун мох хьакхабелла ю:

Седарчий, мичара девлла шу,
Мичара оьгу шу эвла чу?
Iилмано боху, шу генахь ду,
БIаьргашна гушдерг ткъа генахь ду?
Сахьтана тIом сецна аьлла,
Шун ма чIогIа самукъадаьлла!
ДIадовла, ма ловза бешахь,
Лазор ду шу шокъалеша... –

яздо Яшуркаев Султана – лаккхара похIма долчу поэто а, прозаико а. Книгашъешархошна дика евза цуьнан оьрсийн маттахь араяьлла «Царапины на осколках» книга.

Дакаев СаьIидбекан, Макалов Шамсуддин, Махмудхаджиев Мусан, Ахматукаев Адаман, кхин дуккха а къоначийн поэзин лирически турпалхой сирлачу, лакхарчу ойланашца тIехиндолчу токхечу, маьршачу дахаре сатийсам шорбеш, кIаргбеш бу.

ТIамо, зенаш дина ца Iаш, нехан хьекъалш, ойланаш самайоху. И бакъдерг тIечIагIдеш ду нохчийн тIаьххьарчу шерийн литературехь зударийн поэзи алсамъялар.

Нохчийн бартан кхоллараллехь а, йозан литературин исторехь а хилла эшарийн, стихийн говзанчаш зударий.

Барта кхоллараллехь «халкъан лирика» жанр, ерриг а аьлча санна, зудаберийн, зударийн синъойланаша, синхаамаша кхоьллина ю. Цуьнан хронологи, чIагIо еш ӏца аьлча, нисло XIX бIешеран шолгIачу эхехь – XX бIешеран хьалхарчу итт-пхиййтта шерашкахь а. Ткъа Советан Iедалан 1920–1930-гIий шерашкахь Нохчийчохь а, хиллачу Союзехь а гIарабевлла бара эшаршкхоллархой («сказительница») Мунаева Саибат, Муртазалиева Камиса, Анзорова Балкан. TIаьххьарчунна 1939-чу шарахь кхоллараллехь кхиамаш бахарна, халкъан керлачу дахаран хазалла хесторна «Знак Почета» орден елира.

Ткъа XX бIешеран шолгIачу эхехь (60–80-гIа шераш) Советски Союзехь, Европехь евзинчех цхьаъ яра Ахматова Раиса.

Оццу шерашкахь шен масех поэзин книга арахийцира Хамидова Заргана. Цуьнан лирика а яра шен кIорггера чулацам болуш, цуьнан лирико а йовзийтира вайзаманхочунна хIетахьлерчу нохчийн зудчун дог-ойла, деган лазамаш.

Хилла чевнаш, бохамаш дIаберзош халкъ доллучу хенахь зудаберийн, зударийн поэзийн традицеш самаевлла, яздеш болчеран цIерш а алсамъевлла. Иза а халкъан духовни могашалла тIечIагIъяларан кхин а цхьа билгало ю.

Зуцаева Хадишат, Идигова Жанна, Талхигова Роза, Абубакарова ПетIамат, Амаева Маша, Айдамирова Машар – уьш бу таханлерчу литературехь вайн дахарехь гуш йоцу, амма вайн дахар нисдеш, тодеш, токхдеш, вайн халкъан тIаьхье сий-оьздангаллица, яхь-майраллица кхиош болчу нохчийн зударийн ойланаш, церан хазахетарш, шайна хилла весаш а вайна йовзийтина болу вайн йижарий, вайн бераш.

Церан массеран а шайн яздаран хатI ду, амма, нагахь санна «божарийн» поэзи эшамийн теманех юьзна елахь, «зударийн» поэзе муьлххачу агIор хьаьжча а, уьш цхьатера бийраш цара шайн ца хиллачу, ца нисделлачу ирсан ойланаш яр ду. Цу тайпанчу ойланех а вай нийса кхета деза: оцу зудаберийн, зударийн ирс каро хан тIеман кIуьралахь нисъелира, церан ирс кхолла беза церан нийсархой кхин гIуллакхаш деш бара цу хенахь. Амаева Машас олу:

Херйина дахаро сан деган йовхо,
Херйина бIаьстено, шех хилла довхо.

Малх суна ца кхета, дегIе луш гIора.
Замано ца хьоьсту, гонах еш терго.

Ткъа Идигова Жанна тешна ю:

Сан Нана-Нохчийчоь денъелла гIоттуш,
«Ва гIоза яха со!» – доггаха олуш,
Со цуьнца денлур ю сийначу арахь,
Цу Хастам Хиларна хастамаш кхайкхош.

И тайпа чулацам болуш долу масалш кхин а дало мегар дара хIинцалерчу зударийн, зудаберийн къоначу поэзи тIера. Вай тешна ду, цара, церан кхолларалло халкъан эсан кIоргенаш самайохур ю.

***Хаттарш, тIедиллар***

1. Муьлха шераш чулоцу «хIинцалера проза а, поэзи а» дешнаша?
2. Муьлхачу яздархойн, поэтийн произведенеш арайийлира цу шерашкахь?
3. Юкъараллин дахарехь хIиттина муьлха хьелаш бахьана долуш шина маттахь кхиа йолаелира оцу хенахь нохчийн литература?
4. Нохчийн халкъан таханлерчу дахарна хьалха хIиттинчу проблемех муха дуьйцу ядархойн керлачу чкъуро?
5. Яха нохчийн поэтийн кхоалгIачу чкъуран цIерш. ХIун ойланаш ю цара шайн кхолларалле хь йийриш?

## Литературин родаш

Дешнашца язйина исбаьхьаллин кхолларалла (литература) дукхахенахь дуьйна схьа тIеэцна ду кхаа декъехь екъалуш хилар. Оцу декъех *литературни родаш* олу. Уьш ю: эпос, драма, лирика. Литературни родаш цIе йолу кхетам дуьххьара хьахабелла бу Древни Грецин баккхийчу Iилманчийн, философийн белхашкахь.

Литературин *эпически родехь* (древнегречески маттахь – ерос – дош, къамел) йолчу произведенин хьалхара гIулч, цуьнан сюжет кхиар доьзна ду турпалхойх лаьцна дийцар, аьлча а, церан юкъаметтигашца церан амалш вайна йовзийтар, церан кхолламах, леларх, ойланех вайна хаам бар, церан дахар муха нисделла гайтар.

Эпически произведенино чулацамца гайта там бу дуккха персонажаш (турпалхой), цара лелийнарш, нехан кхолламаш. И тайпа кхолларалин паргIато яц кхечу литературни родашкахь.

## Художественный образ (исбаьхьаллин васт)

Термин «художественный образ» («исбаьхьаллин васт») дуьхьара билгалъяьлла немцойн философ хиллачу Гегелан белхашкахь. Россехь и термин литературно-критически белхашна дуьххьара юкъаялийна В.Г. Белинскийс. «Исбаьхьаллин васт» («художественный образ») исбаьхьаллин кхолларалли «мотт» бу, цуьнан гIоьнца дуьйцу оцу кхолларалле дахарехь нислучу проблемех лаьцна, нехан вовшашца хуьлучу юкъаметтигех лаьцна. Васт (образ) кхоллалучу хенахь (я иза кхуллучу хенахь) яздархочун берриг хьекъалан ницкъ, дог-ойла а цунна тIехьовзийна хуьлу. Цуьнан оцу хьолах «поэтическое вдохновение» олу.

Лирикехь исбаьхьаллин васт кхуллуш волу поэт я Iаламан хазалла гайта, я лирически турпалхочун синан кIоргенехь йолу ойланаш вайна йовзийта гIерта. Амма хаа дезаш ду: исбаьхьаллин кхолларалла дахаран копи (иза ма-дарра) яц, цуьнан Iалашо оцу дахаран кIоргерчу маьIнех, философех ешархо кхетор ю. Кхин цхьа хIума а ду хаа дезаш: яздархочун (скульптор, архитектор, сурташдахкархо) коьртехь иза болх бан а волавалале кхолладелла хуьлу хиндолу исбаьхьаллин васт. Цуьнан кIорггера чулацаман маьIна вайна довзийта гIерташ къахьоьгу цо ша дIаболийнчу балха тIехь.

## Сюжетах а, композициx а кхетамбалар

Сюжетехь, композицихь шен исбаьхьаллин дахаре кхочуучу яздархочо вайн дахарна юккъера схьаэцна бакъдерг. Сюжетехь, композицихь хаало произведенин коьрта маьIна а.

*Сюжет* – исбаьхьаллин произведенин чулацам бовзуьйтуш йолу коьрта форма ю.

*Композицис* чулоцу произведенин васташ а, уьш кхуллуш долу исбаьхьаллин басарш а.

Сюжетехь турпалхойн вовшашца йолчу юкъаметтиго, церан хIораннан шен-шен долчу дахаро шатайпа дахар кхуллу. Толстой А., яздархочо, сюжет тIехь бечу балхах лаьцна аьлла: «Сан декхар, исбаьхьа дуьне а кхоьллина, цу чу книгашъешархой хецар ду».

Сюжето карлабоху дахарсхь хуьлуш болу цхьацца хийцамаш. Кхузахь билгалдаккха дезаш ду сюжетехь гойтуш йолу дахаран агIонаш шайн *хьалхе*, *тIаьхье* йолуш *(логическая завершенность)*, шайн маьIна долуш хуьлуш хилар.

Шен хенахь Аристотела сюжет чекхдаьллачу, шен чулацам болчу гIуллакхах тарйина. Масала, Мамакаев М. «Революцин мурд» романехь вайна хьалхахула чекхдолу граждански тIеман турпалхочун, нохчийн халкъан сийлахьчу кIентан Шерипов Асламбекан хилла дахар. Роман йоьшуш, вай цуьрриг шек ца довлу иза дахарехь иштта хилла хиларх. Иштта хетадолуьйту яздархочо говза хIоттийнчу сюжето.

Шен произведенехь яздархочо кхуллуш йолу конфликт схьаястало *юьхьйолоран (экспозиция), долоран (завязка), гIуллакхан кхиаран (развите действия), къасторан (кульминация), дерзоран (развязка)* гIоьнца. Цкъацкъа произведенехь кхидIа эпилог а хуьлу.

Произведенин турпалхойн кхечаьрца йолу юкъаметтиг йолаялале йолчу хенах лаьцна дийцарх *юьхьйолор (экспозици)* олу. Масала, вай хьахийнчу Мамакаев М. романехь хьалха дийцина Асламбекан бераллех лаьцна, кхетийна, цуьнан амал муха кхиира. Цундела вайна атта хуьлу, тIаьхьо, Асламбек воккха а хилла, цуьнан нахаца йолу юкъаметтигаш йолаелча, цуьнан дахаран Iалашонах кхета.

Схьалоцур вай кхечу масална Мусаев Мохьмадан «Дашо маха» повесть. Кхузахь а авторо къоначу следователан Азаматан шен нийсархошца йолу юкъаметтиг йовзийтале вайна цуьнан амал кхиаран, чIагIъяларан некъ гойту. Иза берахь дуьйна догцIена, харцонна дуьхьал ву. Цундела, иза дахаран хало-аттонех хьекхавала волавелча, дешархо дика кхета оцу хьаналчу говзанчин идейни тIетовжамах.

Турпалхойн хинйолу *юкъаметтиг йолалучу хенах* (цунах бозуш хуьлу церан хинболу кхоллам а) *завязка* олу.

*Завязка (долор)*, массо а хенахь санна, кхоллало турпалхой хуьлуш лаьттачу конфликта юкъа балорца. «Маца девза доттагIалла» романехь Арсанов С. гойту Арсби хьоладайн жа дажош лелар, цуьнан говр ловзаргахь хьалхаялар (хьоладайн кIенташка и ца лало), наха вийна стаг цунна тIевожар. ТIаккха дуьйна дIайолало романан конфликт чехка кхиа. Иштачу завязкица яздархочо гойту Арсбин

хинболчу дахаран некъан Iалашо кхоллаялар. Иза хьалдолчу нахаца классови къийсам латтор ю.

Произведенехь хIоттийнчу хаттарна (Iалашонна) жоп ло цу произведенин гIуллакх *кхиаро (развитие сюжета)*. ГIуллакх кхиар – иза ду произведенехь турпалхойн дахаре а, юкъаметтигашка а, конфликте а хьаьжжина кхиамаш я хийцамаш хилар. «Революцин мурд» романехь иза дозу Асламбека, реальни училище чекх а яьккхина, «Ламанхойн Союзе» хIоьттина, цигахь а шена хетарг ца карийча, большевикийн гIуллакх схьаэцарх.

Произведенехь дахаран бакъдолчуьнца конфликт къасторах сюжетан *кульминаци (къастор)* олу. Кульминацехь гучуйолу турпалхочун дахарехь хилла Iалашо, цуьнан доьналла, стогалла. Доцца аьлча, кульминацехь гучудолу, иза хIун стаг ву. «Революцин мурд» романехь Шерипов Асламбека, большевикийн магIаре а хIуттий, революцина шен ницкъ, хьекъал дIало. Кхузахь гучуйолу цуьнан йоккха революционни корматалла.

Произведенехь хIоттийна йолу дахаран конфликт чекхйолуш хиллачу жамIах *дерзор* олу. «Революцин мурд» романехь дерзор – иза революционни ницкъаш, идейш паччахьан тишделлачу, къинхьегаман халкъашна таIзар деш лаьттинчу Iедалал толар ду. Цул совнаха, яздархочо гойту халкъашна паргIато йоккхуш Асламбека дIаделла шен дахар. Иза а догIу дерзорна чу.

Кхолларалле хь дерзоран маьIна чIогIа доккха ду. Цо кхачам боллуш чIагIбо вайн турпалхошца болу безам я цабезам, хадабойту вайга дийцинчун идейни мах. Дерзорна чохь гулло, фокус чохь санна, конфликтан идейни маьIна, вастийн амалийн коьртаниг.

Цхьайолчу произведеннйн конфликтийн чулацамах тоам ца хуьлу церан коьртачу маьIнех дешархо кхето. Цундела цкъацкъа турпалхойх лаьцна кхидIа а дийца дезаш хуьлу. *Развязка (дерзор)* хиллачул тIаьхьа турпалхойх лаьцна дийцарх *эпилог* олу. Масала, Мусаев М. «Анзор» повестан конфликт чекхйолуш кхоччуш ца къаьста коьртачу турпалхочун Анзоран кхидIа хиндолу дахар. Цундела яздархочо эпилогехь дуьйцу вайна, цуьнан дахаран некъ муха нисбелла.

*Эпилого* наггахь кIаргдо произведенин идейни коьрта маьIна.

## ДРАМАТУРГИ

XX бIешеран 70–90-гIий шерашкахь, XXI бIешо долалуш йолчу литературин сурт дуьззина хир дац, нагахь санна вай цуьнан драматургин жанр кхиаран некъаш, кепаш ца гайтича. Цуьнан форманаш, чулацам а мелла кьаьсташ бу билгалдаьхначу шерийн прозин, поэзин чулацамах. Аьлларг тIечIагIдархьама, дагадаийта мегар дара 1960-гIа шерашкара дуьйна схьа литературехь хIоьттина хьал: хIетахь, вайна хууш ма-хиллара, массо а жанрал хьалхаяьлла кхуьуш яра исторически, историко-революционни романан жанраш. Яздархоша дуьйцура нохчийн халкъан дIаяханчу турпалаллин исторех лаьцна. Цу хенахь и тайпа чулацам чIогIа оьшуш а бара литературехь, хIунда аьлча кхойтта шарахь цIера даькхина а Iийна, шен махка цIа дирзинчу нохчийн халкъана хаа лууш яра шен историн башхаллаш.

Изза чулацам болуш яра, ала мегар ду, хIетахь кхиъна поэмин жанр а. Ткъа цу хенахьлерчу лирикехь коьрта тема яра Даймахке болу безам, цуьнан кхоллам, Iаламан хазалла, халкъашна юкъахь долу доттагIалла.

Амма цу хенахьлерчу драматургехь кхин лехамаш бу авторийн: церан коьрта тидам тIебахнера кхойтта шарахь нехан махкахь а Iийна, дахаран хала дукъ а текхна, юха шен махка цIа деанчу халкъан мелла а зен хилла сий-оьздангалла, яхь, гIиллакх-гIуллакх боху кхетамаш чIагIбарна. Драматургаша дукха ойла йора цу хенахьлерчу нохчийн зудчун кхолламах, цуьнан ирсан новкъахь цхьацца къиза, ямарт нах нислуш хиларх, Даймехкан Сийлахь-Боккха тIом болчу хенахь (1941–1945) халкъо гайтинчу турпалаллин (Ошаев Халид. «Зулай», «Ши Зайбулла», «Декхаран сий деш», «Керлачу дахарца дехар вай»; Музаев Нурдин. «Мекхаш-Мирза», «Сирлачу новкъахула»; Хамидов Iабдул-Хьамид. «Совдаттий, Дауддий», «БожIела», «Лийрбоцурш»; Мусаев Мохьмад. «Теркан тулгIенаш», «Цхьана эвлахь»)[1].

1970–1980-гIий шерийн пьесийн чулацам дукхахьолахь коммунистически партин идеологица бозуш бу. Цу шерашкахь яздархойн

[1] Айдаев ЮшаI. Нохчийн 1920–1940-й шерийн советски драматурги. Грозный, 1975. Хьажа: Индербаев Гелани. Отражение времени. Сборник литературно-критических статей. Грозный, 2007. С. 285–304.

хIора съездехь, партийни хIора араболуш болчу сацамехь литературин коьрта тема хилла дIахIотта еза белхалочун васт кхуллуш йолу тема бохуш, хьехамаш бара беш. Кхеташ ду, нохчийн литература а, кхечу къаьмнийн литератураш санна, партин новкъа ца яхча ца йолура. Амма кхин бакъдерг ду: литературин массо а жанр яцара белхалочун темин чулацам болуш. Цу хенахь кхуьуш яра исторически, хIетахьлерчу нохчийн къомана хьалха хIуьттуш йолчу проблемех язъеш йолу романаш. ХIетахь язйина исторически поэмаш: Арсанукаев Шайхин «Ушурмин Ших», Дикаев Мохьмадан «Даймехкан суьрташ».

Амма драматургехь белхалочун тема коьртачарех цхьаъ хилла дIахIоьттира (Музаев Нурдин. «Теша стагах»; Саидов Билал. «Чолхе захалонаш»; Мусаев Мохьмад. «Цхьана эвлахь» пьесаш).

1970–1980-чуй шерашкахь сиха кхуьу Ахмадов Iумаран драматургин жанрехь йолу кхолларалла («Хьоме нус», «Бехк боцу бехкениг», «Хилаза ца ваьлла шайх», «Юьртара ден йиша», кхиерш). Уьш хIиттийра Нохч-ГIалгIайн драматически, Лермонтов М.Ю. цIарх хиллачу оьрсийн драматически театрашкахь. Царах цхьаерш, масала, «Хьоме нус», оьрсийн театран СССР-н махкахула гастролаш йолуш ерриг а союзни хьовсархоша лакхара мах хадош тIеийцира.

1980-чу шерашкахь – 1990-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн драматурги кхиар доьзна дара Ахмадов Мусан, Гацаев СаьIидан, Яхьяев Лечин, Нунуев Сайд-Хьамзатан цIершца. Поэзехь, прозехь яздеш белахь а, халкъана хьалха хIуьттуш йолчу тайп-тайпанчу проблемех лаьцна драматургин жанраца къамел дора цара шайн турпалхойн васташца. Масала, Гацаев СаьIидан сатирин формехь язйинчу комедеша («Пелхьонаш». 1989; «Тамашийна нуц». 1992) шайн забаршца, хаза буьйцучу нохчийн маттаца, догцIена, хIилланаш, ямартлонаш йоццчу нехан васташ дахкарца доккха гIо дира цу хенахьлерчу театръезархошна дахаро тIекхоьхьучу проблемех дукха ойланаш ца ян (Нунуев Сайд-Хьамзат. «Лулахой» (1989) комеди).

Йоккха кхолларалли коркаталла йолуш юкъавеара нохчийн литературина Яхьяев Леча а. Иза дукха къона волуш язйира, театрехь хIотта а йира цуьнан «Iаьржа чIаба» стихашца язйина пьеса (1980). Бадуев СаьIида «ПетIамат» пьеса язйинчул тIаьхьа (1930)

нохчийн драматургехь стихашца язйина пьеса яцара, Лечас «Іаьржа чІаба» язъяллалц. Цул тІаьхьа «Ши бІаьсте» (1985), «Хала киртиг» (1988) пьесаш язйира цо. Уьш театро хІитта а йо. ТІаьххьара а цо язйира боккха политически, патриотизман чулацам болу «Нигат» драма (2006).

ХІеттахь Гацаев СаьІида язйира «Нохчийн баллада» трагеди.

Нохчийчохь болабеллачу къизачу хийцамаша, хиллачу шина тІамо цкъачунна Іадийча санна йитира ерриг а литература, шен драматургин жанраца цхьаьна. Делахь а поэтийн, прозаикийн, драматургийн дегнашкахь цу шерашкахь гулбелла баланаш, цара йина ойланаш. Царна къеггина гучуяьлла къонахийн амал, халкъан са, дахар, сий духкуш леллачу кІиллойн (шаьш цара халкъан «патриоташ» лорура) цІийзар – и ши коьрта тема хилла дІахІоьттира цІерш яьхначу яздархойн драматургин жанрехь кхуьуш йолчу кхолларалле хь.

Халкъана тІегІерташ долу зулам хьалха гира Ахмадов Мусана («Барзанакъин Барза а, кхиберш а» (1992). Нохчийчохь «цІий ца Іанош революци йина» боху «нах» бара пьесехь гайтинарш.

Мусас язйина «Берзалой» (2004) драма 2002-чу шарахь французийн маттахь араяьлла Парижехь, 2006-чу шарахь хІоттийна Парижехь йолчу «Европин а, Малхбузен а цІийнан театрехь». Цуьнан чулацам нохчийн халкъ 1944-чу шарахь махкахдаккхаран некъаш гойтуш белахь а, халкъана хьанал а, ямарта а леллачу нехан васташ дахкарца чІогІа богІуш бара Нохчийчохь 1990-чу шерашкахь леллачу къизаллица. Уьш говзаллица а, дегалазамца а гайтина Ахмадов Мусас «Буьйсанан адамаш» пьесехь (2004). Нохчийн халкъан амалехь хуьлуш болу хийцамаш, цунна юккъера дІадолуш долу хаза, къинхетаме Іадаташ дукха хьалхе гира Ахмадов Мусана («Мохк бегийча» (1989), «Дарц даьллачу буса», «Ша тІехь йина гІала» (1993).

Ахмадовс язйина исторически драма «Алдара Ушурма» (2003), «Зингатийн барз а ма бохабелахь» киносценарий (2004).

ХХ бІешеран 90-чу шерашкахь, ХХІ бІешеран юьххьехь Нохчийчохь хиллачу инзаре хиламаша дог-ойла карзахьяккхар бахьана долуш цІаьххьана поэташ хилла самабевлира Нохчийчохь хийла кегий а, гІеметтахІиттина а нах. Тахана церан стихаш, пьесаш йоь-

шуш мел синпаргIато йолу стаг а, и синпаргIато дIа а йолий, ойла ян волало: иштта чIогIа бу цхьаболчу поэташа, драматургаша оцу догучу дахарна юккъера схьаэцначу дешан ницкъ.

Царах ву Нунуев Сайд-Хьамзат («Дела воцург, накъост воцуш» (1991). Амма ала мегар ду, хьалхара цу темин кIорггера чулацам болуш ойланаш йинарг Алиев ГIапур ву. Цо язйина пьеса кхоъ ю: «Гезарий» (1996), «Жуккарш» (1997), «Да воцу доьзал» (1999). ХIун тема, муьлха проблемаш ю ГIапура шен пьесаш тIехь хIиттийнарш? 1990-чу шерашкахь, Дела бен, вала да воцуш, шен балица ша-шеца дисинчу нохчийн халкъан юкъара схьаевлира хьалакхоьссича охьа а йогIур йоцуш йолу яьсса хIуманаш. Цара Iехийра халкъ: цуьнан паргIатонна дуьхьа лела шаьш бохуш, дийнахь, буса а эшарш лоькхуш, шайна луъург дан шайна паргIато яькхира цара. Гуро лаьцначу халкъах къа ца хеташ, и халкъ дууш, шайна бахамаш а гулбина, Нана-Нохчийчуьра аратилира и къуйн тоба. Амма церан масал хIинца а цхьаццаболчарна хьоме ду.

Халкъан историно хахарцаран бахьанаш, оцу муьрехь хилла зенаш, хийцина амал, лахйина я лакхаяькхина дог-ойланаш, дахарехь лоьхуш йолу мехаллаш – уьш, дерригенан кIоргенеш, ган гIеххьа хан-зама дIаяьлла хила еза. Аьллачуьнца доьзна тIаьхьарчу итт-шийтта шарахь язйинчу пьесашка хьаьжча, гучудолу: авторша шайн пьесашкахь хIетахь сиха хуьлуш лаьттачу хиламийн сурт схьалаьцна, амма оцу хиламийн кIорге гIерта, замано кхоьллинчу халкъан тайп-тайпанчу чкъурийн философин жамI дан и драматургаш лара ца бина. И тайпа философи а йолуш кхачамболлуш яккхий пьесаш язъян гIеххьа хан-зама оьшу вайн яздархошна.

### *ТIедиллар*

Дийца XX бIешеран 70–90-гIий шерашкахь, XXI бIешо долалуш драматургин жанр кхиаран некъех лаций.



**ИСАЕВА Султанан Марьям**

***(1898–1977)***

Исаева Марьяма Іаламат йоккха меттиг дІалоцу нохчийн халкъан просвещенин исторехь, культурехь, литературехь. Иза, нохчийн халкъан советски муьран истори дІайолалуш, XX бІешерийн 20–30-чуй шерашкахь просвещенин бухбиллархойх цхьаъ хилла: школийн Іаматаш язийна цо, оьрсийн литература деша дІадуьйлалуш долчу берашна, гоч а еш, йовзийтина, яздархо хилла, нохчийн культурин историн музейна куьйгалла деш, гулъеш а хилла.

Марьям йина 1898-чу шарахь Одесса-гІалахь. Циггахь дешна шолгІачу Одесски гимназехь, цул тІаьхьа – Соьлжа-ГІалахь хиллачу гимназехь.

Къилбседан Кавказехь Советан Іедал дІа ма-хІоьттинехь, Исаева Марьям Нохчийчоьнан халкъан образованин отделан школе даха хан кхачаза долчу берийн гІуллакхаш лелочу подотделан заведующи хІоттийра. Цу хенахь дІаболабелира цуьнан кхолларалли нехъ а. Дуьххьара цо кхоьллира берашна лерина йолу эшарш, стихаш, туьйранаш.

Дукха хан ялале Исаева Марьяме белира партизанийн бераш, бобераш берийн цІеношка дІанисдеш бан беза болх. Марьяман литературин корматалло доккха гІо дира берашна керлачу дахаран хазалла, халкъана цо луш йолу яккхий таронаш йовзуьйтуш.

1924-чу шарахь Исаева Марьяма Ростов-на-Дону-гІалахь хиллачу крайн женотделехь болх бира, Ростовски университетехь деша а доьшуш. 1920-гІа шераш чекхдовлуш иза Грозни-гІалахь болх бан схьаялийра.

Оцу хенахь а, царал тІаьхьо догІуш долчу шерашкахь а Марьям Нохчийн автономни областан керлачу советски школашкахь деша

долалучу нохчийн берашна йоза-дешар Іаморхьама а, царна оьрсийн классически литература йовзийтархьама а ондда болх беш схьаеара. Дуьххьара цо 1928-чу шарахь арахийцира букварь Іамийнчул тІаьхьа йоьшуш йолу кхоалгІа книга. Цул тІаьхьа, 1932-чу шарахь, Марьяма язйира дешаран кхоалгІачу шаре девллачу берашна «Кегийра хІайттархой» дешаран книга.

1933-чу шарахь Исаевас арахийцира юьхьанцара классашна лерина литературин хрестомати. Ткъа 1942-чу шарахь, боьдуш Сийлахь-Боккха Даймехкан тІом а болуш, цо хІоттийра, дешархошка дІа а кхечира 5-чу классана лерина йолу литературин хрестомати.

Жоьпаллин Іедалан болх беш ша йоллушехь Марьяма ша ца кхоайора шен халкъан тІекхуьуш йолу къона тІаьхье керла дахар дІахІотто кечъярхьама.

1930-гІа шераш дуьйладелча Исаева Марьяма язйира «Гамар», «Революционерийн илли» поэмаш. «Гамар» поэмехь поэтессас гайтина паччахьан заман чохь къинхьегаман халкъан хилла дскъаза дахар.

1937–1943-чуй шерашкахь Исаева Марьяма Нохч-ГІалгІайн краеведчески музейн директоран болх бира.

И шераш нохчийн советски литературин исторехь билгалдевлла ду дукхе-дукха оьрсийн литературин классикийн, оьрсийн яздархойн произведенеш нохчийн маттахь гочъярна. Ала дашна, 1937-чу шарахь нохчийн маттахь араелира Пушкин А.С. произведенийн йоккха том («Хаьржинарш»). Цу юкъа дахара Марьяман дуккха а гочдарш. Уьш цо 1940-чу шарахь юхаарахийцира «Дашо чІеран, чІерийлоьцучун хьокъехь туьйра» цІе а йолуш. Оццу шарахь Марьяма гочйира Крылов Иван Андреевичан баснеш, уьш леринчу изданехь зорбане ара а евлира.

*Хьалхарчу муьран кхолларалли лехамаш.* 1930-чу шерашкахь зорба туьйхира, вай ма-аллара, Исаева Марьяман цхьамогІа дийцаршний, поэмашний. Уьш йоьшуш дагаяхкийта еза хІетахьлерчу литературин боламан башхаллаш, тІаккха атта кхетар ду церан идейно-тематически чулацамах.

Цу хенахь нохчийн литературина хьалха хІиттина коьрта дехкарш керла стаг патриотически ойланашца кхиорца, цуьнан къинхьегаман, турпалаллин хьуьнарш кхайкхорца дозуш дара. Кхеташ

ду, Исаеван кхолларалли теманаш, турпалхойн амалш оцу хенан аматаш дика йовзаро билгалъяьхна хилар, халкъана хьалха социализм дIахIоттош лаьттачу декхаршца йозуш хилар. Революционни майраллех дуьзна ду цуьнан «Сох большевик муха хилира» дийцар а, «Революционерийн илли» поэма а. Оцу поэмехь, цу хенахь Бадуев СаьIида язйинчу поэмашкахь санна, гойту революцина дечу гIуллакхо лакхабаькхина ламанхочун кхетам, цунна ша-шен сий дан Iемина, иза кхета, шегахь дуьнен чохь нийса доцурш дIадаххал ницкъ буйла.

Вай юьйцучу поэмехь Исаеван кхиамаш хилира цо исторически хиллачу бакъдолчух, оьрсийн советски поэтийн кхолларалех пайдаэцар бахьана долуш.

Оццу шерашкахь Исаевас гойту шен кхолларалли коьрта Iалашо халкъан дахаран морально-нравственни, социальни проблемаш схьаеллар хилар. Халкъан кхолларалли буха тIехь цо язйо «Гамар» поэма. Халкъан легендин сюжет, поэтессас тIехь болх бар бахьана долуш, халкъан хIетахьлерчу дахаре хьаьжжина, керлачу маьIница ека.

Поэми тIехь дуьйцу ПетIаматан, Гамаран декъазчу безамах. ПетIаматан цIенчу даг чохь кхоллало цхьаьнгге сацалур боцу Гамаре бахна безам. Цо сацам бо Гамарца яда. Амма доьгIна ца хиллера цушиннан ирс дуьнен чохь цхьаьна даха – вежарша даькхина орца тIаьхьакхуьу царна... Шен хьоме езар кхалхар ца лов Гамара. Цунах боккха берд хуьлу.

ТIе тидам бохуьйтуш бу поэтически гIирсаш, вастийн исбаьхьалла гойтуш долу дешнаш. Цул совнаха, поэмехь хаало романтически исбаьхьаллина юкъайогIу дахаран, идеалан вовшашца йолу галморзахаллаш. Делахь а и романтизм яц. Турпалхойн дог-ойла цара ирсечу, пергIатчу дахаре сатийсар шатайпа гайтар поэтессина хьехна халкъан барта кхолларалло, оьрсийн романтически литературо.

1930-чу шерийн шолгIачу эхене шен кхолларалли корматалла Исаевас оьрсийн литературин классикийн цхьацца произведенеш нохчийн матте гочъяран балхана тIехьовзайо. Цо лаккхарчу тIегIанехь бина гочдаран болх бахьана долуш, нохчийн берашна а, баккхийчарна а шайн ненан маттахь дуьххьара девзира Пушкин А.,

Лермонтов М., Крылов И., Шевченко Т., Чехов А. ницкъболу исбаьхьа дош. Ала деза, Исаевн а, кхечу гочдархойн а болх Iаламат доккха маьIна долуш дIахIоьттира, нохчийн къона литература кхоллалучу муьрехь цуьнан исбаьхьаллин агIо лакхаяларна.

Оццу шерашкахь Марьяма дукха ницкъ а, хан а дIаелла нохчийн школашна хрестоматеш хIиттош.

*«Ирсан орам» роман кхолларан истори.* Ша ца кхоош къахьоьгуш а, оьрсийн литературин дикчу произведенех Iемаш дIаихначу шераша кхиийра Марьяман кхолларалин коьрта амал: яздархо даим а сема яра Даймахканий, халкъаний хьалха хIуьттучу декхаршна. Даймехкан тIом болчу хенахь иза Джамбульски областан Чолак-Тау поселкехь ехаш яра. Цигахь цунна гора вайн мехкан тайп-тайпанчу къоман векалша, цхьабарт болуш, доттагIаллица республикин маьIданаш йохуш гойту турпалаллин хьуьнарш. Цигахь йолало иза дукхапланови йолчу роман тIехь болх бан.

Ткъа шаре дIакхочуш болх бира цо, гинарг, лайнарг исбаьхьаллин форме дерзош. 1964-чу шарахь араелира романан хьалхара книга – «Ирсан орам», 1970-чу шарахь шолгIаниг – «Ирс кхоллархой».

*«Ирсан орам» романехь къинхьегамхойн-интернационалистийн васташ.* Дукха нехан кхолламаш, идейни тIетовжамаш, романехь йоккхачу говзаллица гайтина болу, нохчочун Акаев Русланан, цуьнан оьрсийн зудчун Вассин кхолламца боьзна бу.

Вассин дас, Грозни-гIалин промыслийн белхахочо, Советан Iедал доккхуш дIаделла шен дахар. Изий, Русланан да Оьздий ши доттагI вара, цундела цуьрриг тамашийна дац Руслан дайн турпалаллин хьуьнарех масал оьцуш кхиъна хилар. Кхеташ ду вайна, иза, Испанин къинхьегаман халкъо шен паргIато къуьйсучу хенахь, царна гIоьнна цига вахар. Юха Даймахка цIа веача Руслан хьалхачул а каде хьийза, балхана чувулу.

Васса къинхетаме а, амма амал чIогIа йолуш а стаг ю. Цуьнан дог цIена ду, иза дагахь хIума доцуш, моттаргIанаш лело ца хууш стаг ю. Русланан шега болу безам цIаьххьана кхачабеллийла ма-хиънехь, Васса, майрий, шен йоI юьтий, тIаме йоьду. Цигахь цкъадолчунна санитарка хуьлу цунах, амма тIаьхьо, цуьнан шен дехарца, разведке йохуьйту. Цхьана тIамехь хала чов хуьлу Вассина, цигахь йийсаре

юьгу иза. Амма, дукха хан ялале, иза, йодий, фашистийн Іазапна кІелхьара йолу.

Госпиталехь ша Іуьллуш цунна хеза, кхузахь, Чолак-Тауна генавоццуш, стройкин начальникан болх беш шен майра Акаев Руслан ву олий. Романехь кхачамболлуш дика гайтина Вассин кийрахь Руслане хьалха хилла безам самабалар. Ша тояларе а ца хьоьжуш, иза Чолак-Тау дІайоьду. Амма цуьнан хазахетар хьалхе хилла: Руслан кхин зуда ялийна карийра цунна. Шен куралле хьаьжжина, иза тІаккха Русланна гучу ца йолу.

Са чІогІа хиларой, къинхетаме йолчу оьрсийн зудчо Клавдия Ивановнас нанас санна динчу гІоной ша ца юьту Васса, ницкъ ло цунна оцу йоккхачу белхалойн коллективна юкъахь шен меттиг каро.

Чолак-Таухь бехаш-Іаш бу дукхакъаьмнийн векалш. Цара лоьху, схьа а къастайо Даймахкана оьшуш йолу маьІданаш, хьалхарчу рогІехь тІамна оьшуш йолу фосфор. Оцу тайп-тайпана амал йолчу, амма цхьана идейни Іалашоно цхьаьнатоьхначу нахана коьртехь лаьтта хилла волу тІемало, орденлелорхо Акаев Руслан. Дешархо иза шена вовза ма-вевззинехь теша волало цунна Іедало шега кховдийнчу участкана говзаллица куьйгалла дан хаарх. Цул совнаха, цунна хаьа нахаца болх бан, цунна дика бевза хІора белхахочун даг тІе боьду некъ, уьш цо нравственни кхиабо. «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романан шинна а декъехь кхоьллинчу дуккха а нехан васташа билгалйоккху оцу халчу хенан амал. Царах цхьаъ ю парторг Анна Васильевна. Ширчу хено яхчийна коммунистка ю иза. Цунна дика бевза нах, церан хьашташ. Русланна иза балха тІехь накъост хилла ца Іа, иза цуьнан доттагІ ю. Юкъараллина дечу гІуллакхна, балхана иза даим а хьалхарчу магІарехь ю. Шен шерашка хьаьжна ца Іаш, Анна Васильевнас маьІданаш лоьхучу экспедицица ялх бутт боккху. Цигахь цо лов хало, эшамаш... Оцу оьрсийн зудчун дегайовхо массарна а тоьу, цо шен беран санна гІайгІа бо цу пана арахь керла промышленни гІишло ечу белхалойн. Цуьнан и тайпа амал бахьана долуш еза иза ширчу партизанна, казахна Божейна, цуьнан несана Айшина, карачаевцана Мухтарна, комсомольцашна Амангельдина, Тамарина, Шурина, Лушина, кхечарна дукханна а.

Анна Васильевна белхалойн партийни куьйгалхо ю. Цо тайп-тайпанчу халкъийн векалех цхьабарт болу, интернациональни коллектив вовшахтуьйхира. Цундела Акаев Русланан балха тIехь каялар, иза белхалоша ларар, сий дар, цуьнан Анна Васильевна санна болчу нахаца доттагIалла ца хиллехь, хир долуш дацара.

Иштта, яздархочо, турпалхойн юкъараллин гIуллакхо церан дог иракарахIоттийна хилар гайтина ца Iаш, уьш вовшашна хиллачу хазахетарх, бохамах дакъа кхочуш хилар а гойту. Оцу хьуьнарс, ницкъболчу турпалхойн амалша дика масал ло ешархочунна.

Романехь ша юьйцучу хенан хьесап шуьйрачу планаца дина яздархочо. Цуьнан массо а агIо талла воьлча, дукха хан езар яра. Делахь а романан кхечу цхьацца васташна тIе тидам бахийта лаьа.

Исаева Марьяма исбаьхьаллин дашца схьадиллира вайн литературехь оьрсийн Iилманчин васт. Оцу халчу шерашкахь шаьш ца кхоош къахьегначу Iилманчех бу романера профессор Яковлев а, Гладков а. Царна карийра маьIданийн йоккха меттиг. Даймахкана хьалха шаьш декхарийлахь хетаро даим а гIамарийн аренашкахь, мацаллий, шелой ца лоруш, болх бойту цаьрга. Амма шайн Iилманан балхана гIайгIа йина ца Iа поселкехь и нах. Царна бала кхочу схьаелла езачу школийн, музей схьаелла каро дезачу ахчанан, доцца аьлча, дерриг а ца хилча ца тарлучу гIуллакхан.

1970-чу шарахь араелира яздархочун шолгIа книга. Вайна юха а го Васса. Иза, хьалхарчу книги тIехь санна, шен дахаран Iалашо хийцина яц. Иза, даим шен дахар нахана пайдехь хилийта гIерташ, къахьоьгуш йоллу. ШолгIачу книго а гойту, Вассин кхоллам чIогIа декъаза хилар. Делахь а хала ду иза шен доьналлех йохо: цо кхолламца къуьйсу, оцу луьрчу къийсамехь кхуьу цуьнан амал. Вассас шен некъ, ала хIума доцуш, цIена дIакхоьхьу, къонах санна шен Iалашоне гIерта иза, тIаьххьара а цунна шен ирс карадо.

«Ирс кхоллархой» книгица Исаевас вайна кхин цкъа а гайти шена литературин турпалхойн амалийн къайленаш дика свзаш хилар. Масала, Iайшина хаьа шен цхьаъ бен воцу кIант тIаме воьдуш хилар. Сахьийзаш, чуьра арайолу иза. «Ткъа хIун ду арахь хуьлуш лаьттарг? Нехан кибиткаш, стенна делахь а, цIаьххьана лах ма делла, урамаш а цIаьххьана гат ма делла. Ткъа хIун хазделла-те-

хьа дIогахь ловзуш дуьйлучу берашна? ХIа-а-ан... Уьш-х тIамах ловзуш хиллийца. Ткъа хIун хала ду-теша дуьненан аксакалашна, цхьана дийнахь вовшах а кхетта, шайн бераша, берийн бераша цкъа а вовшашца тIом бийр бац аьлла, чIагIо яр? Тамашийна ду-кх хьо дуьне». ЦIаьххьана цуьнан ойланаш юкъахйоху Амангельдис. Вай кхета къеначу ненан дагах, цуьнан ойланех. Делахь ма сиха хийцало иза шай, шен майрачо, Амангельдин дас, басмачашца латтийна къийсам Амангельдис шена дагабаийтича. Дог курачу зудчо-нанас олу, кхана шена шен кIант стешха хилла аьлла хозуьйтучул, тахана яла реза ю ша.

Исаева Марьяман книгаш тIехь исбаьхьаллин бакъдолчуьнца кIорггера гайтина тIеман хенахь къинхьегаман фронтехь хиллачу советски стеган амал. И тайпа тема схьайоьллуш яздархочунна пайдехь хилира тIеман хено шайна тIедиллина юкъараллин гIуллакх дика девзаш къахьегначу дуккха а къаьмнийн векалша шайгара гайтина хьуьнар цунна дика девзаш хилар. Романан оцу шина агIоно йо цуьнан мехалла.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Дийца, хIун лехамаш бара нохчийн литературехь цунна юкъа Исаева Марьям йогIучу хенахь.

2. Нохчийчоьнан хьалхарчу школашна лерина Исаева Марьяма бинчу белхех лаьцна дийца.

3. ХIун идейно-тематически лехамаш бара Исаева Марьяман цуьнан хьалхарчу поэмашкахь?

4. Къастаде «Ирсан орам» романан шина а декъехь долу коьрта васташ. ХIун Iалашо ю шайн дахарехь оьрсийн Iилманийн?

***Кхолларалин тIедиллар***

«Исаева Марьям – Нохчийчоьнан просветитель, яздархо, юкъараллин деятель» темина сочинени язъе.

*Литература*

1. Туркаев Х.В. «Художественный мир чеченцев в контексте русской истории и культуры». В 6-и томах. Том 2. С. 344–349. М., «Наука», 2016–2018.

## ДРАМАТИЧЕСКИ КЪОВСАМАХ КХЕТАМБАЛАР

Драма боху кхетам гречески маттахь долчу действие (хилам) дашах схьабаьлла бу. Драма литературин цхьа род ю (эпос а, лирика а санна). Цуьнан шатайпаналла йоьзна ю иза сцени тIехь хIотто Iалашонца язъеш хиларца. Драмехь дац эпосехь турпалхочун догойланах дешархо кхетош, хиламан маьIнех лаьцна авторо деш долу повествовательни къамел. Драмин турпалхойх болуш болу кхетам церан шайн къамело (диалогаш, монологаш, къийсарш), повествовательни жанрашкахь уьш хилча цара дина хила мегачу коьрта маьIна чулоцучу гIуллакхаша луш бу.

Драма литературин цхьа род ю. Цуьнан вид я жанр санна язъеш ю, трагедица цхьаьна, комеди, водевиль, мелодрама.

Драма драматургически произведенин кхоалгIа жанр ю (трагедина, комедина тIаьхьа йогIуш). Драмано тоам ца бо трагически я беламе (комически) хилларг гайтарх, цо дахаран массо а агIо гойту, цуьнан тайп-тайпанчу конфликтийн дукхалла а цхьаьна. Драмехь гойтуш хила мега стеган бала. Амма дахарехь хуьлуш долу кхачамбацарш, нахаца нислуш долу кIезиг хIуманаш Iорадаха тарло уьш сатирически я юмористически формехь а ца гойтуш. Трагически, комически дерг драмехь башха къаьсташ а ца хуьлу, уьш, стагана тIехIиттинчу гIуллакхийн чолхе агIонаш билгал а йохуш, цхьаьнаийна лела а мега драмехь.

ДIаяханчу хенахь (масала, XIX бIешарахь) драмано Iорайохура шен хенан политически дIахIоттаман форманаш. Оцу хенан драмин башхалла буржуазни бакъдерг Iорадаккхарца йозуш ю. Иштта ю, масала, Островский Н., Чехов А. драмаш.

Драмин кхиар керлачу тIегIан тIе долу Горький А.М. революционни драматурги кхиа йолаелча. Цуьнан драманашкахь гайтина тишделла дахар доха дезаш хилар а, революцин ницкъ тола безаш хилар а. Оцу драмийн коьрта турпалхо ву пролетариатах схьаваьлла революционер. Горькийн драманаша тIечIагIдо керлачу стеган сий, цуьнан гIуллакхийн сийлахь хилар. Горькийн и традицеш тахана а кхиамца дIахьуш бу дукхакъаьмнийн драматургаш.

Россин драмин кхиаран мур маситта хилла, вайн мехкан драма кхиаран мур – историга хьаьжжина. 1920-чу шерашкахь драмехь коьрта меттиг дIалоцуш яра публицистикин, агитацин пьесаш (В. Маяковский, А. Серафимович и. д. кх. а).

1930-чу шерашкахь драмин стаг идейно кхетош-кхиорна тIехьажийна йолу Iалашо алсамйолу (В. Катаев, Н. Погодин). Цу шерашкахь историко-революционни драма кхуьуш баккхий кхиамаш боху (Вс. Вишневский. «Оптимистическая трагедия», А. Корнейчук. «Гибель эскадры» и. д. кх. а). Советски драма дуьххьара В.И. Ленинан васт дилла гIоьртира (Н. Погодин. «Человек с ружьем», «Кремлевские куранты»; К. Тренев. «На берегах Невы» и. д. кх. а). Оццу шерашкахь баккхийчу кхиамашка кхочу нохчийн литературехь кхуьуш йолу драма а. И кхиамаш бозуш бу цхьана Бадуев СаьIидан цIарца. Цо цу хенахь язйира пхиитта сов пьеса («ПетIамат», «ЦIен гIап», «Политотдел», «Дашо Iам», «ЦаIебина зуда ялор», «ЖаIуьнан доьзал», «Хаза бIаьсте», кхиерш).

Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болчу хенахь драматургин Iалашо яра советски халкъан мостагIчуьнга болу цабезам лакхабаккхар, патриот кхетош-кхиор (Л. Леонов. «Нашествие»; К. Симонов. «Русские люди»; А. Корнейчук. «Фронт»). Цу хенахь нохчийн маттахь Мамакаев Iаьрбис язйира «Разведка», «Капитан Ибрагимов» пьесаш.

ХIетахьлера драма, стеган психологин кIоргенаш нийса гайта гIерташ, керла стиль, керла жанраш лоьхуш ю (Хамидов Iабдул-Хьамид. «Бож-Iела», «Лийрбоцурш»; Музаев Нурдин. «Стагах теша», кхечеран а пьесаш).

## Драма

Драматически произведенино (др.-гр. драма – действие), ша эпически чулацам болуш йолу дела, чулоцу цхьамогIа хилларш, нехан гIиллакхаш, церан вовшашца хилла галморзахаллаш. Цундела тамашийна дац драмин чулацам театран сцени тIехь бовзуьйтуш, турпалхойн амалш йовзуьйтуш суртхIоттаран кеп дукхахьолахь мелла а азъайарца нислуш хилар. «Театран амалехь ду актерийн аз а, цара дуьйцург а, цара тIамарш лелор а айаделла хуьлуш», – яздора Н. Буалос.

Драма сиха кхиа йолало XIX бIешарахь, литературехь критически реализман метод йолчу хенахь. Литературехь романтизман метод тIечIагIъелча, сиха кхиа йолаелира трагеди. Цуьнан бахьана дара романтически турпалхо даим а реза цахилар ша вехачу ханна, цуьнан социальни, политически лехамашна.

## Комеди

*Комеди* драматически произведени ю. Цуьнан чулацамехь яздархочо (драматурго) гойтуш хуьлу юкъараллин дахарехь нислуш йолу социальни, духовно-нравственни маьIна долчу проблемех нах тайп-тайпана кхетар, уьш цаьрга тайп-тайпана хьежар. Комеди театран сцени тIехь хIоттош хуьлу, даим а беламе хуьлуш а ю. Амма нах бела а буьйлуш юьйцуш йолчу дахаран проблемийн шайн кIорггера маьIна хуьлу, церан вовшашца нислуш йолчу юкъаметтигийн цхьамогIа сакхташ Iорадоху, нахана дахарехь нийса некъ хьоьху (масала, Хамидов А.-Х. «Абубешар», «БожIела» комедеш).



**АЙДАМИРОВ Іабдулхьакиман Абузар**

***(1929–2005)***

*Вина 1929-чу шеран 29-чу октябрехь Мескитахь. Дешна Фрунзе (Бишкек) гІаларчу юьртбахаман техникумехь. Чекхьяьккхина Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Дешна Москварчу Лакхарчу литературин курсашкахь. Къахьегна: библиотекехь, школехь хьехархо, директор, СССР-н Лакхарчу Советан депутат хилла. Поэт, прозаик, публицист.*

*«Ненан дог» (1961); «Винчу лаьмнашкахь», стихаш (1962); «Лаьмнашкахь серло» (1963); «Г'енарсолтин хьуьнарш» (1965); «Тхан эвлахь» (1966); «Маршонан цІарх», роман (1968); «Еха буьйсанаш», роман (1972); «Лаьмнийн некьашкахула» (1975); «Ирхеш» (1986); «Лаьмнашкахь ткъес» (1989); «Дарц», роман (1999); «Вайн амалш» (2003).*

Нохчийн литературина 1950-чу шерийн шолгІачу эхехь юкъа а баьхкина, оцу литературин истори а, таханлера юьхь а еш болчу яздархойх цхьаъ вара Айдамиров Абузар.

Волалуш волчу яздархочун дуьххьарлерчу дийцарна зорба туху 1957-чу шарахь Алма-Атахь нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетехь.

1958-чу шарахь Абузар деша воьду Нохч-ГІалгІайн пединститутан историко-филологически факультете. ХІетахь дуьйна вайн республикин муьран зорбанехь кест-кеста арадовлу цуьнан дийцарш, повесташ. Яздархочо чекхъяьхна СССР-н яздархойн Союзехь йолу литературни Лаккхара курсаш. Дукха шерашкахь хьехархочун, школан директоран болх бира цо. Нохч-ГІалгІайн АССР-н сийлахь хьехархо а, Нохчийн Республикин халкъан хьехархо а вара иза.

1989-чу шарахь Абузар хаьржира СССР-н Лаккхарчу Советан халкъан депутат.

Халкъана дика евза цуьнан стихаш а, эшарш а. Царна зорба тоьхна цуьнан дуьххьарлерчу «Винчу лаьмнашкахь» сборник тIехь.

Амма Айдамировна поэзел муьтIахь проза яра. Прозехь язйина цо шен масех книга. Ткъа дуьххьара зорбатоьхнарг прозехь язйина «Ненан дог» повесть яра.

***«Ненан дог»*** повесть язйина 1961-чу шарахь. Чолхе яц цуьнан сюжет. Цу тIехь дуьйцу школан завхозо СаьIида шен кхаа беран нанна Курсамна тIе зуда ялорх, ткъа юкъаралло иза цуьнга йитий-тарх, и шен доьзална тIе юхаверзарх лаьцна.

Вайн дахарехь хIинца а наггахь нислуш ю и тайпа меттигаш. Амма повесть язйинчу хенахь (1960-гIа шераш дуьйлалуш) нохчийн юкъараллин дахарехь зудчунна тIе зуда ялор, кхиаза йолу йоl маре ялар, мехкаршка школехь а, кхечу дешаран заведенешкахь а цадешийтар – и проблемаш кест-кеста хуьлура. Цундела дахарехь хуьлуш лаьттачу хиламашна сема волчу яздархочо шен кхолларалли-лин берриг ницкъ дIабелира оцу юкъараллин дахарна хьалха хIуьттучу халонашна исбаьхьаллин дашца жоп далархьама. Айдамиров А., вайн ярташкахь долу дахар, нехан вовшашца хилла юкъаметтигаш, церан психологи, церан дахарехь хIора дийнахь хуьлуш болу хийцамаш шена дика гаре терра, кIорггера гайтина повестан турпалхойн амалш.

Повестехь турпалхой дукха бац. Уьш бу СаьIид, цуьнан зударий Курсам, Асет, школан директор Берсанов, парторг Ваха, Курсаман нана Куржан. Церан вовшашца Iоттаеллачу юкъаметтиго йовзуьйту вайна оцу турпалхойн амалш.

Шен заманца цхьаьна хьалхахьа ваха ца хууш стаг ву СаьIид. Цо, Асетан хазаллех Iеха а лой, шен зудий, бераш дIа а кхуьйсий, шолгIа зуда ялайо. Дахарехь хуьлуш долу бакъдерг гучу яздархочо нийса мах хадабо оцу хиламан. СаьIида Асет ялийча, юьртара дукхахболу баккхий нах, и гIуллакх ца товш, иза шен доьзална тIеверзо гIурту.

Коьрта долчунна, парторг волчу Вахас, школан директоро бинчу хьехамаша воккху СаьIид нийсачу новкъа.

Асет, зезагашна тIехула лела полла санна, дахаран ойла ца еш, цкъа цхьаьнга йоьдуш, цул тIаьхьа кхечуьнга йоьдуш лелаш ю.

Безам, деган йовхо, оьздангалла – и тайпа кхетамаш цунна ца бевза. Цунна масал лара мегар дара Асета ша йолчу деанчу СаьIидан шина берана еттар а, уьш бахьанехь СаьIиде и лер а. И тайпа нах дахарехь болуш бу. Цундела яздархочо шен декхар лерина церан яьсса ойланаш, сонта амалш Iораяхар.

Кхин чулацам болуш ду Курсаман васт. Иза хьанал къахьоьгуш стаг ю, шен доьзална хьоме нана а ю. Цуьнан амалехь а хааделла яздархочунна вайн тишделлачу гIиллакхаша лар йитина хилар. Масала, шена тIе зуда а ялийна СаьIид охьахиъча а даго ца йитира иза юкъараллин гIоне ладогIа: иза, цунна хетарехь, «товш дац».

Шен повесташкахь, дийцаршкахь Абузаран коьрта Iалашо зударийн васташ кхоллар, дахарна юьстаха лаьтта жуккарш Iораяхар яра. «Лаьмнашкахь серло» гуларехь арахоьцу цо «Генарсолтин хьуьнарш» (1965) цIе йолу сатирически дийцар. Ала деза, цуьнан сатира дахар, цунна новкъарло еш долу хIуманаш а девзаш язйина хилар. «Генарсолтин хьуьнарш», «Жуккаран мукIарло», «Анонимка» дийцарша кхачам боллуш гучубоху болх бан ца лууш, даа-мала дезаш, шайна и ца хилахь, мичча кепара а даккха реза болу генарсолтагIар.

Шен башхаллаш йолуш ю сатирически жанр. Сатири чу догIу дахарехь типични доцург. Вайн дахарехь нислуш йолу цхьацца жуккарш типични хилла дIахIиттина яц.

... Цуьрриг тамашийна дац Абузара, шен кхолларалла муьтIахь йолу цу заманахьлера тематика жимма нацкъартеттина, исторически тематика схьалацар. 1968-чу шарахь цуьнан кхолларалла тематика цIаьххьана хийцаелира: оцу шарахь араяьллачу «Маршонан цIарх» романехь цо гойту нохчийн халкъан исторехь XIX бIешеран 40-чу шерашкара схьа 1905-гIа шо тIекхаччалц йолу заманан кийсак.

Цул тIаьхьа цо язйинчу «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романаша а тешийтира литературин критикаш, Айдамиров Абузара хьалхарчу итт шарахь бина болх эпически йоккхачу жанрана беш болу кечам хилла хиларх.

***«Еха буьйсанаш». Романан документальни, исторически бух.***

Айдамиров Абузара яздинчу дийцарша а, повесташа а билгалдоккхура иза цо эпически йоккхачу жанрана беш болу кечам хилар.

Яздархочо хьалха кхоьллинчу дийцарийн тематика вайн заманан дахар толлуш хиларо новкъарло ца йира цунна, исторехь маситта шарна юхакIегар а ваьлла, оцу заманан коьрта сибат гайта. Иштта яра, масала, цо 1968-чу шарахь язйина «Маршонан цIарх» роман. И роман «Еха буьйсанаш» романан цхьа кийсак ю. Дахар талла Iамар, иза муьлххачу исторически хеназа дозуш делахь а, яздархочунна чIогIа оьшуш ду. Коьртаниг цунна цу заманан коьрта Iалашо гучуяккха хаар ду.

Дуккха а шерашкахь лаьттинчу Кавказски тIеман (XIX бIешо) чаккхено Къилбседа Кавказан ламанхошна керла бохамаш бира, керла, кийрахь цатарбаллал бала беара. Халкъан историн и мур цу кепара нисбалар гойту архивни документаша, историкийн белхаша а. Амма вайн исбаьхьаллин литературехь историн и кийсак хIинццалц теллина яцара, хадийна бацара цуьнан политически мах, дина дацара философски жамIаш. «Еха буйсанаш» романехь карадо вайна цу хьокъехь Iалашонан кIорггера чулацам болу къамел.

Наггахь, исторически проза йоьшуш, исторически документашца цхьаьна а догIуш, цу тIехь дIаяханчу хенан бакъдерг каро лаьа. Дешархочун оцу хьолах кхета хала дац: хIора халкъ шен дIаяханчу историга лаамца хьоьжу, цунна даим а лууш дерг истори документашца йозуш хуьлийла а, я исбаьхьаллин формица тIаьхьене нийса кхачар а ду.

Цунах дика кхетара Айдамиров Абузар. Цундела шен книги тIехь XIX бIешеран шовзткъе уьтталгIий, кхузткъалгIий шерийн муьрехь нохчийн халкъан хиллачу дахарх лаьцна дуьйцуш чIогIа тидаме, сема ву иза. Оцу хенан амал билгалъяккхар бахьана долуш кхоччуш евза вайна яздархочун Iалашонан исбаьхьаллин концепци.

«Еха буйсанаш» роман екъало кхаа декъе. Хьалхарчу «Дагийна латта» декъехь дуьйцу Къилбседа Кавказан ламанхоша латтийнчу къийсамах лаьцна.

Яздархочо бовзуьйту вайна Нохчийчохь иттаннаш шерашкахь лаьттина къийсам, нохчийн халкъан дахар, и эшамех, трагедех дуьзина хилла хилар. Оцу буьрсачу, тIом уггар марсабаьллачу хенахь хилла тIеман-политически, социально-экономически гIуллакхаш авторо ша дийцарца девза вайна, я турпалхойн кхетам бовзийтарца довзуьйту. Амма хьалхарчу декъехь а, романан кхечу шина

декъехь санна, яздархочун коьрта тидам тIехьовзийнарг стаг ву. Цуьнан хьекъал кIаргдалар, хьалха дахаран цхьана дийнан бакъдерг таллий бен ца хилла кхетам тIаьхьо заманан бакъдерг галла шорбелла хилар гойту Айдамировс. Иза ю романан хьалхара механлла. XIX бIешарахь Кавказски тIом хиллачу хенахь нохчийн халкъан дахарехь кхоллабелла дуьне довзаран болам а, халкъан юкъараллин кхетам кIаргбалар талла хаар а хета яздархочун кхиам.

Амма юхадоьрзур вай хьалхарчу декъе.

Кавказски тIеман буьрсачу шерашкахь, 1860-гIа шераш дуьйладелча, нохчийн халкъан дахарехь хиллачу хийцамаша сихдира цунна юкъахь социальни а, классови а кьастамаш кхоллабалар, гIо дира хуьлуш долчу политически гIуллакхан хьесап дан хаар кIаргдаларна. Кхуьуш йогIура халкъан буржуази а. ТIаьххьарчара халкъан хьашташ, цуьнан карара хьовха, тIехиндолу хьал-дахар паччахьан администрацин латтанех, чинех духкура. Ткъа латтанаш кхузахь вуно кIезиг ма ду. Шен хьадалчашна дIасадекъа иза шорта а хилийтархьама, цу тIехь дехаш долу халкъ цхьанхьа нацкъар а татта дезара я, куьг хьаькхина, цу тIера дIадаккха дезара. И тайпа некъ хIирин инарла-майорна Кундухов Мусина дагабеара (шена хуьлучу пайденна). Къайлаха барт бира цо, Хункар[1] паччахьан векалшца Россера нохчийн пхи эзар гергга доьзал цига дIаккхалхо. И исторически бакъдерг ду романан сюжетан бух хIоттийнарг. Книгин кхийолу проблемаш, мухха хьакхаелла а, оцу коьртачу тIегIанах ца хьакхалуш ца юьсу.

***Халкъо шен пархIатонехьа латтийнчу къийсамах, цуьнан кхолламах йолу эпопея.*** Дукха ю яздархочо романехь хIиттош йолу проблемаш. Кхузахь ю социальни къийсамаша кхоьллина халкъан дахаран трагедин, безаман, къинхьегаман проблемаш; мюридизман, цуьнан идейни концепцин проблема, халкъан баьччанийн, церан идейни лехамийн проблема, «дай», «бераш» халкъо маршонехьа латточу къийсамах тайп-тайпана кхетар, тIаьххьара а, обаргалла, цуьнан чулацам, оьрсийн ахархойн кхоллам и. д. кх. а. ЦIерш яьхначу проблемех дукхахъерш схьайиллина, вуьш хIиттийнчохь йисна, амма уьш массо а авторна оьшуш яра XIX бIешеран шолгIачу эхехь

[1] Хункар – Турци.

хилла халкъан хала а, чолхе а дахар таллархьама. Уьш хIитторца гучудолу вайна халкъан кхоллам цу халкъан юкъара, цунна ямарт хиларца, шайх хьоладай а хилла дIахIиттинчу чкъуро декъаза беш хилар. Исторически бакъдолчунна тIетаIарца яздархочо типически васташца гойту вайна халкъан юкъара хьолахойн тайпано (сословие) дахарехь лехна некъаш, церан дахаран дог-ойла а.

Масала, Гати-Юьртахь кхолладелла и тайпа классови чкъор. Шахьбин, ХортIин, Товсолтин карахь ду дин. Церан васташ кIорггера схьаделларца яздархочун аьтто хилла халкъан историс голатухучу меттехь кхолладелла хьал шуьйра гайта: тIеман хан чекхъяьлча, халкъан дахар шен кхиарехь кхечу кепе дирзира, оцу муьрехь кхоллабеллачу социально-экономически къийсамаша таро хилийтира Нохчийчохь европейски капитализман зIийдигаш хецийта. Шахьби, ХортIа, Товсолта санна болчара кхуллура къоман буржуази а, цара сихдора халкъан социальни самадалар а. Историн болам толлуш яздархо говза ву, цунах лаьцна дуьйцуш исбаьхьаллин вастийн вовшашца хуьлучу Iоттабаккхамашца толлу цо иза. Капитализман бакъонаш къаьсттана сиха кхуьу халкъо дуккха а шерашкахь къиза тIом бинчул тIаьхьа, цуьнан шена дукхабезачу маьршачу къинхьегамехь дог Iабо таро хилча. Кьинхьегамхойн хьацар дууш кхуьу цунна юкъара хьоладай, кегий буржуа[1]. Романан сюжетан и агIо дика схьаеллало, масала, доьзалан, зуда ялорайитаран проблема хIоттийча. Тоьур дара, масала, Эсет Шахьбин веше маре яхаран бахьане хьаьжча: шен сил а дукхавезачу Аьрзуга болчу безамна тIехула а яьлла, яхара иза цуьнга. Кхин дан амал доцуш, халчу хьоло, хIоьттинчу мацалло яккхийтира цуьнга и гIулч; безамо кхойкхучу гIойла дацара, цо шен гIайгIа бинехьара, цуьнан йиша-ваша мацалла лийр бара.

Делахь а, социальни лакхенийн васташ толлуш, яздархочун тидам мелла а совнаха соцу царна тIехь. Цунах кхета хала дац: романан оцу проблемица ийна ю цуьнан шолгIа мехала проблема а – халкъо оьрсийн культурех пайдаэцар, иза Россин пачхьалкхах дIакхетар. Айдамировс шен ойла, таллам оцу проблеми тIехь эрна ца сецабо: яздархочо, къаьсттана ша классови къастамаш гойтучу хенахь, вайн

[1] Буржуа – хьоладай.

халкъан хIетахьлера дахар а, тIаьхьа тIехинболу цуьнан кхоллам а дуккахьолахь цуьнан политически, дипломатически кхетамех бозуш хилла хиларх тешадо вай. Амма исторически документаша а, «Еха буьйсанаш» романо а тоьшалла до: нохчийн халкъан хьалдолчу чкьуран гуьнахь дацара, заманна юккъехула хьаьжна, тIехиндерг ган. Доцца аьлча, церан вовшашлахь барт бацара, церан дог ца лозура шаьш бацош болчу къинхьегамхойх, уьш ур-атталла муьтIахь бацара шайна чинаш, латтанаш луш долчу паччахьан Iедална а. Масала, цхьана дийнахь, ХортIий, Товсолтий, Iосий, Шахьбий вовшахкхеттачохь, ХортIас шен накъосташка хоуьйту Соьлжа-ГIалахь нохчийн берашна схьайиллина оьрсийн школа хилар а, ша цига шен бераш дIадала реза хилар а. Амма и хаам Шахьбиний, Товсолтиний ца безало. Царна хетарехь, бусалба бераш оьрсийн маттахь деша доладаларо халкъан кортошкара иман-беркат дIаоьцур ду, динах дIакъаьстар ду, шайн къоман юьхь цара йойур ю. Кхечу кепара аьлча, царна атта ду халкъ ша ма-дарра бодане хилча. Церан ойланашца ца оь ХортIин, Iосин лаамаш, уьш тоххарехь кхетта шайн кхоллам паччахьан Россица бозуш хиларх, оцу зIено бен шайн хьал, аьтто, берийн хиндолу дахар нисдийриг цахиларх. ХIан-хIа, аьттехьа а дац кхоллалучу буржуазис (кхузахь – ХортIий, Iосий) халкъ дагалаьцна цхьана минотана а шайна бохам бан. Уьш а кхоьру халкъах, цо маршонехьа къийсам болабарх. Юртдас Iосас боху шен накъосташка:

«Халкъо, нагахь цо оьрсий эшабахь, вай а кхоор дац. Нагахь аша аса бохург дахь, вай хIокху юьртана тIе нуьйр туьллур ю, ца дахь, юьрто вайна тIе туьллур ю».

Цхьанна ца хаахь а, цунна-м хаьа халкъана дуьрста паччахье бен тасалур йоций. Цундела паччахьца уьйр хила езарх къамелаш деш цо дуьххьалдIа шен цIокан гIайгIа йо.

Цу кеппара, чIогIа оьшуш, амма чIогIа чолхе йолу нохчийн халкъ Россех дIакхетаран проблема хIоттийна авторо.

Яздархочо халкъаш дацоран политика дIакхоьхьучу паччахьан администрацица цхьаьна уьйш йолу нохчийн хьоладайн амалш гайтира. Цул тIаьхьа атта хуьлу роман йоьшуш волчунна нохчийн пхи эзар доьзал Турце дIакхалхош кхузахь лелийнчу хIилланийн, ямартлонийн кIоргенех кхета...

Романан турпалхошна юкъахь халкъехь латтийнчу къизаллица гIараваьлла ву Iоса. Цо дукхазза дакъалаьцна, куьйгалла а дина «мятежни» ярташна дуьхьал лаьттинчу маситта экспедицина. Цо луьра таIзар дора гIаттамашна, ойла ца еш, шен Iалашонна тIе воьдура. Дахарехь коьртаниг цо чинаш, шен юьртахошна тIехь куьйгалла дан шена паччахьо кховдийна Iедал лорура. Халкъ хьовха, шен кIентий а баьхнера Iосас шена дуьхьал. Тайп-тайпана хьоьжу дай, кIентий хуьлуш лаьттачу къийсаме: дена цара шена дахьаш долу хьал го. Амма деган кIоргенехь цо латтабо паччахье болу цабезам а. Цундела ву Iоса цхьа а идейни тIетовжам боцу стаг. Кураллой, халкъе болчу цабезамой дог чIагIдина волчу цунна бен а ца хета шен кIентий шех къаьстича а. И тайпа васт романехь догIуш кхоьллина ду, цо къаьсттана билгалбоккху халкъан дахарехь хIетахь Нохчийчохь кхоллабелла феодализман, капитализман болам.

Эрна дац цундела оцу васто романан йоккха меттиг дIалацар: таманан башхаллех, цуьнан гIуллакхийн драматически чулацамех дешархо кIоргера кхеторхьама, оьшуш ду иза яздархочунна. Цуьнан кIентий Дакаш, Саьмби, Ловдий, изий къийсаман тайп-тайпанчу агIонашкахь нисвелла. Iосин кIентий, къинхьегаман халкъан хьашташ кхочушдархьама, бала а кийча бу. Цундела церан исбаьхьаллин васташ романан нуьцкъалчарех ду.

Iосин, цуьнан кIентийн масалшца яздархочо говза хоуьйту вайна оцу хенахь нохчийн лаьмнашкахь тIеман Iалашонех, цуьнан некъех лаьцна тайп-тайпана кхетамаш хилар а, оцу кхетамийн тоьлашха йолчу ойланаша халкъан къийсамна некъаш лехна хилар а.

***Нохчийн, оьрсийн къинхьегаман халкъийн векалийн васташ.*** «Еха буьйсанаш» романехь Нохчийчохь хилла дахар гайтина ца Iа яздархо. Салтичун Васалан, эпсаран Косолаповн типически васташ дахкарца оьрсийн Россин геннарчу губернешкахь хилла дахар а, прогрессивни кхетам болуш хиллачу эпсарийн идейни тIетовжамаш а гайтина Абузара. Церан амалшка ма-хьаьжжинехь гучудолу вайна, оьрсийн халкъан тайп-тайпанчу сословийн кIоргенашкахь а маршонехьа доьлху некъаш лехна хилар. «Аьрха» ойланаш лелораш таIзар деш Кавказе бохуьйтура паччахьо, амма кхузахь ламанхошка

кхоллабелла безам, цабезаман меттана (иштта моьттура паччахьан администрацина), церан дог-ойла шайн паргIато ларъеш летачу ламанхошка хьаьвзара. Цундела атта кхеташ ду, дуккха а салтий, эпсарш ламанхойн магIаршка а хIуьттий, паччахьна дуьхьалбовларан бахьанех. Исторически документаша дуккха а масалш даладо, оьрсийн эскаран тIемалой, нохчашкахьа а бовлий, шайн доьзал а кхуллий, баха охьаховшаран. Царах ву Василий, Косолапов. Церан васташ кхуллуш йоккхачу гуманистически дог-ойланца хьоьжу автор дахаре. Иза а ю романан ницкъболчарех цхьа агIо.

Къаьсттана дика нисделла романехь бевдда сехьабевллачу оьрсийн нохчашца хилла юкъаметтиг гайтар, церан машаре, тIеман дахар нисдаларан некъаш. Оцу халчу шераша кхетийра оьрсийн, нохчийн ахархой шайн исторически кхолламаш, къасталур боцуш, вовшашца богIуш а, шайн массеран а мостагI паччахь а хиларх. Цу тайппана, яздархочо къинхьегамхойн, хьоладайн, эпсарийн и. д. кх. исбаьхьаллин васташца тешаво нохчийн дешархо хIетахь Россия шина декъе – къинхьегамхойн а, помещикийн, тIеман декъан а – екъалуш хилла хиларх, массо а къинхьегамхойн стеган мостагI хилла лаьттинарг и шолгIа Россия хиларх. Оцу проблемин исбаьхьаллин таллам чIогIа оьшуш бара ламанхоша латтийнчу къоман паргIатонехьа, антиколониальни темина язйинчу романехь. Халкъана юкъара хIетахь а бевлира хьекъал долу куьйгалхой а, уьш кхета, халкъ цхьаьнатухуш хьоькхуш болу моттаргIне балоз[1] ледара а, тIаьхье йоцуш а гIуллакх хиларх а, цара, ца хуьлчу даьлча, халкъан хьашташ шайна аьтто лоьхуш, духкур дуйла а.

***Романан халкъан хьашташ лардеш хилла турпалхой.*** Къинхьегаман халкъан хьашташ паччахьан векалша а, хьоладайша а духкучу хенахь, цунна юккъера схьа а бовлий, кхуьу къоначу баьччийн чкъор. Романан турпалхой Iела, Аьрзу, Маккхал – уьш бу Нохчийчохь хIетахь хиллачу тIеман-политически хено а, социально-экономически хьоло а кхиийна, Россин пачхьалкхехь а, Европехь а хуьлуш болу хийцамаш бовззал дешна а, хьекъал а долуш болу халкъан векалш. Царна дика евза Россин паччахьан Кав-

[1] Балоз – бальзам.

казехь йолу Iалашонаш, дика хаьа, Турци, кхийолу вайн «лулара» пачхьалкхаш кхузахь шайн хьашташ кхочушдан гIертийла. Цара халкъана гондIахьа хьийзачу кIорггера ямартло йолчу жIуганах и халкъ лардора, цуьнан кхиазхой Iамабора йоза-дешарна, тIемалойн говзаллина, шайн могашалла ларъян, хIунда аьлча цIерш яьхначу турпалхошна шера хаьара: кхана а и халкъ шен паргIатонехьа къийса дезаш хир дуйла, цундела цунна коьрте дIахIитто майра, хьекъал долуш болу куьйгалхой оьшур буйла.

Амма церан могIа боца бу, уьш кIезиг бу. Цундела цаьрга хIумма а дан ца делира инарла Кундуховс, цуьнан ахчано берталбахийтинчу цхьаболчу нохчашка а нохчийн халкъ, Iеха а дина, Турце дIа ца дигийтархьама. Кхин дан хIума ца хилча, оцу турпалхойх цхьаберш цига нахаца цхьаьна дIабоьлху, и нах цигахь, вала да а воцуш, байлахь ца бита. Цара чIагIо йинера халкъан хьашташ кхочушдеш шайн синош дIадала. Яздархочо тидамца бинчу талламо хоуьйту вайна, мел къахьега дийзира церан, дуккха а шерашкахь буьрса къийсам латтийча а шайн ойланаш, хьашташ, сатийсамаш кхочуш ца хилча, хIинца цхьаннах, я шайха, ца тешаш долчу халкъан дегнашка къийсаман керла цIе латош.

Турцин пачхьалкхо шайца къизалла лелорна юханехьа шайн Даймахка цIа бахка гIоьртинчу нохчашца ву Iела. Амма оьрсийн-турцин дозанехь чов хилла леш воллучу Iелас весет до шеца болчу нохчашка: хIуъа дай а, Даймахка цIа кхача а хьажа, оьрсийн белхалошций, латталелорхошций гергарлойн зIе дIатаса, хIунда аьлча нохчийн къинхьегаман халкъ шен паргIатоне кхочур дац цаьрца цхьаьна бен.

Документальни, исбаьхьаллин яздархочо бинчу талламо хоуьйту вайна, 1864-гIа шо тIекхочуш нохчийн халкъ социально-экономически дахаро таIийна, къоьлло хьаьшна, морально-политически халонаша са легашка далийна хилла хилар. Халкъе и хьал ма-хIоьттинехь цунна хьанал боцчу цхьаболчу молланаший, хьоладайший лелийнчу провокацеша Iехийна Турце кхалхийра нохчийн пхи эзар доьзал, шайн «динан вежарий» болчу.

Кхузахь вастийн психологически кIорге, церан исбаьхьалла алсам ю романан хьалхарчу декъехьчул а (масала, нохчий ДанчIа, Iалха, Гати, оьрсий Андрей, Яшка, эпсарш Берса, Гуссв и. д. кх. а).

Халкъан дог-ойла кхечу агIор йоьрзуш гойту Абузара: паччахьан реакци чIагI мел ели, дахаран таронаш мел ийши, Далла гIуллакх деш шен сапаргIатдаккха гIертара стаг. Халкъан динах тешар алсамделира. Иза а дара нах молланаша, шайхаша (паччахьан детех бохкабелла болчу) Турцех лаьцна юьйцу гIаннабарш бакъ а хетта, цига дIакхалхаран бахьана.

ТIекхуьуш болчу халкъан керлачу баьччанашна цкъадолчунна хало дара, хорша еача санна, синтем байна нах, цаьрга цхьа хьаштдоцург ца дойтуш, совцо а, уьш нийсачу новкъа баха а. Цул сов, ахчанаша эцна болчу паччахьан хьадалчаша нахана юкъахь даржош долу эладита а чIогIа дара. Цундела Туркойн махка дIакхелхачу нахаца (уьш цигахь цабитархьама) баьччанийн кхеташоно Аьрзой, Маккхаллий, Берсий хьажаво.

Яздархочо кхачамболлуш йовзуьйту баьччанийн керла программа. Шаьш беш болу сацамаш цхьаммо ша ца беш, вовшех дага а бовлуш бар, гIуллакхех кIорггера кхетар, хиндерг геннара гар – церан оцу амалийн билгалонаша хоуьйту вайна, и нах, маситта шо даьлча, халкъ тIаьхьа а хIоттийна, революцин къийсамашка дуьгур долчу нехан сибатийн билгалонаш шайца йолуш хилар.

***«Еха буьйсанаш» романан коьрта идея.*** Туркойн махка дIакхаьччча, ялсамани хьовха, ца валлал яхIумий, чуверза коьрта тIехь тховвий ца карийра «бусалба вежарий» болчохь Нохчийчуьра ваханчу маситта эзар стагана. Цигахь кхета буьйлабелира нах дуьнен тIехь цхьанхьа а бакъой, нийсой цахиларх, иза цхьаммо а лург цахилар, нагахь санна шайн куьйгашца ца яккхахь. Хункар паччахьан махка тIехь кхидIа шеко йоццуш хиира нахана маршо, паргIато, хьалха я тIаьхьа, Къилбседехьара оьрсийн халкъера йогIург хиларх. Иза малхбалехьара йогIур ю аьлла, сатуьйсийла а яцара. Аьрзос а, цуьнан доттагIаша а хьоьху халкъана, маршонехьа къийсам латтош, Кавказан а, оьрсийн а къинхьегамхошца цхьаьнакхета дезийла. Иштта бен яккхалур яц и дукха сатийсина маршо...

Романан кхуьй а дакъа шайн композицица вовшашца дозуш, XIX бIешарахь хиллачу исторически хиламийн дийнна сурт кхуллуш ду. Шен эстетически мехаллица роман кхечу исторически романел, тоьлашха яцахь, оьшуш яц.

«Еха буьйсанаш» роман халкъан дІаяхначу исторехь хилла кхоллам вуно дика гойтуш ю. Цо шена йогІу йоккха меттиг дІалаьцна вайн исторически прозехь.

### *Хаттарш, тІедиллар*

1. ХІун исбаьхьаллин башхалла ю Айдамиров Абузара дуьххьара яздинчу дийцарийн?
2. Муьлха турпалхой бу яздархочун тидам шайна тІехьовзийнарш, дахаран Іалашо муха ю оцу турпалхойн?
3. ХІун Іалашо яра яздархо «Еха буьйсанаш» романца кхочушъян гІиртинарг?
4. Романехь халкъан васт кхуллуш, дахаран мел хан толлу яздархочо?
5. Муьлхачу басаршца дехкина яздархочо къинхьегаман халкъийн векалийн васташ?
6. Муьлха идея ю «Еха буьйсанаш» романан коьртаниг?
7. «Еха буьйсанаш» романехь нохчийн Россия шайн Даймохк хиларх кхетам самабахаран некъаш» темина реферат язъе.

### *Ешначух ойла е вай*

1. ХІун ойланаш кхоллаялийти шун «Еха буьйсанаш» романо?
2. Муьлха хиламаш бу цу тІехь гайтинарш?
3. Муьлха хилам бара шуна уггар дегаІийжаме?
4. Муьлха турпалхой бу аша уггар лоруш берш?
5. Шуна хетарехь, романна иштта цІе хІунда тиллина авторо?
6. ХІун юкъаметтиг ю Гати-Юьртарчу хьоладайшна, къехошна юкъахь?
7. ХІун ойланаш кхоллало, шайн хьоме Даймохк а битна, цабевлла Турци дІакхелхинчу нохчийн шайна хийрачу махкахь?
8. Муьлха весет до Аьрзос, цуьнан накъосташа а шайн Даймохке юхабахка новкъабевллачу нохчийн къехошка?

### *Вайн къамел кхиадо*

1. Схьалаха романехь юьртан хьолахоша халкъах лаьцна вовшашца деш долу къамел.
2. Романан план хІоттае. Боцца юхасхьабийца цуьнан чулацам.

### *Кхолларалли тІедиллар*

1. Хьехархочуьнга гІо а дойтуш Іилманан доклад язъе «XIX бІешарахь Нохчийчохь лаьттина юкъараллин-политически хьал Айдамиров А. «Еха буьйсанаш» роман тІехь» темина.
2. «Еха буьйсанаш» романехь нохчийн зударийн кхоллам» темина сочинени язъе.

## РОМАНАХ БОЛУ КХЕТАМ КІАРГБАР

И термин схьа мичара яьлла, хІинца а билггал къастийна дац. Цхьаболчу Іилманчаша и схьаялар дузу XII–XIII бІешерашкахь европейски литературехь романски меттанашкахь прозаически произведенеш кхоллаяларца. Иза а цара шайна хетарехь бохуш ду. Кхечара и термин Ром (Рим) дашах схьадаьлла лоруш ду, хІунда аьлча юккъерчу бІешерашкахь (в средние века) романашкахь гойту, дахар чІогІа хаза, самукъане хилла, бакъдолчу дахарца дуьстича. ХІетахьлерчу дешархочо романехь шена дуьйцу дахар тардан тарлуш хилла антични Римехь шатайпа исбаьхьа хиллачу дахарца. Антични литературехь роман кхоллаелла антични юкъаралла (общество) юхучу заман чохь.

Классически роман кхоллаелла феодальни юкьаметтигаш юхуш, буржуазни юкъаралла кхоллаеллачу заманашкахь. Романаш язъяран баккхий говзанчаш хилла дІахІиттина Возрожденин баккхий гуманисташ Рабле а, Сервантес а.

Роман кхечу жанрашна юкъахь къаьста шен дахар шуьйра а, кІорггера а гайтарца, оцу дахаран яккхий проблемаш хІитторца. Уьш, проблемаш, стеган дахаран массо агІонна кІорггера тидам тІебахийтина лаьтташ хуьлу. Романо къастайо нехан вовшашца йолу юкъаметтиган социальни форманаш, йовзуьйту стеган психологи. Керлачу хенан романан коьрта амал иза реалистични хилар яра.

Романо, ша эпически произведенин йоккха форма хиларе хьаьжжина, Іорайоккху стеган, юкъараллин вовшашца йолчу юкъаметтиган муьлхха а агІо. Цундела романо хІиттайо дахаран яккхий проблемаш. Арсанов С.-Б. шен «Маца девза доттагІалла» романца гойту нохчийн къинхетаман халкъан кхетамах революцин идейш йолар, оцу халкъан типични болчу векалша – Арсбис, Бенос, кхечара а – шайн дахаран Іалашо хІоттийна лаьтта цу революцин гІуллакхаш.

Шен чулацамехь дукха персонажаш хилар а, церан амалш кхиар а, вовшашца йолчу юкъаметтигийн башхаллаш зер а – уьш дерриг романан коьрта башхаллаш ю. «Романехь хила везарг стаг ву шен чолхечу психологица», – аьлла Горький А.М. Романан коьртачу билгалонех цхьаъ лору цу тІехь турпалхойн амалш кхуьуш гойтуш хилар.

ТІаьхьарчу заманахь романан жанрах лаьцна дуккха а къийсамаш хуьлу. Европехь искусствон векалша боху, классически романан форма ширъелла. Царна моттарехь, цу тайпанчу романе хІинцалера чолхе дахар гайталур дац. Цундела царна шайна керла теори яьккхина. Оцу теорино ма-бохху хилча, романехь турпалхо а, сюжет а хьашт дац. Идейно-художественни агІонга диллича, и теори реакционни ю, хІунда аьлча иза кхоьллинарш кхоьру дахарехь хийцамаш хиларна.

Нохчийн литературехь романан жанр кхоллаелла 1930-гІа шераш дуьйлалуш. Цуьнан бухбиллархо ву Бадуев СаьІид. Нохчийн советски литературин бухбиллархочо язйинчу дуьххьарлерчу романо шен чулацамца а, дахар зерца а йоккха меттиг дІалецира кхуьуш йолчу литературехь. Яздархочо кхуллу паччахьан заман чохь шен сий лардеш гІаьттинчу йоьІан ПетІаматан васт. ПетІамат догцІена, хьекъал долуш, майра йоІ ю. Иза ца тарло халкъан мостагІашца. Цо, шен ирсехьа къийсина ца Іаш, халкъан ирсехьа а къуьйсу.

Романан чулацаме хьаьжча, вайна го, яздархочо юьйцу хан 1917-гІа шо тІекхачале хилла хилар. Цундела яздархочо, исторически бакъдолчунна тІегІерташ, нийса гойту халкъана юкъахь цу хенахь паччахьна дуьхьал болабелла къийсам. И къийсам болабалар бахьана долуш, ПетІамат шен паргІато ларъеш цхьаъ яц, цунна гІо до паччахьна резабоццчу наха.

1930-чу шерашкахь, романан жанр кхоллаллуш, кхидІа а болх бо Арсанов СаьІид-Бейс. Цо оьрсийн маттахь язйира «Ши тІахье» роман. Яздархочо дуьйцура нехан керла амал кхоллалучу хенахь Іитталуш йолчу халонех а, керлачу дахарх а лаьцна. И роман шен чулацамца, идейни маьІница историко-революционни прозин хьашташна жоп луш яра. Ткъа исторически романан шен билгалонаш ю, цу тІехь дуьйцуш дерг исторехь цкъа хилла хІуманаш ду. Амма исторически роман исторически документаш дац. Исторически роман исторехь хиллачун маьІна исбаьхьаллин дашца деш эпически проза ю.

Нохчийн исторически роман сиха кхиа йолаелира 1950–1980-чуй шерашкахь. Араевлира Ошаев Х., Мамакаев М., Айдамиров А., Окуев Ш., тІаьхьо яздан буьйлабеллачу къоначу яздархойн романаш.

## Повесть

*Повесть* – иза эпически произведенийн шен чулацамца юккъера форма ю. Литературоведенехь наггахь яздина хуьлу йоккхачу а (роман), жимчу а (дийцар) форманашна юккъехь йолу повесть оцу формийн чулацамах дIатарло бохуш. Иза иштта дан а ду. Баккъал а, дукхахйолчу хенахь повесть романах, я барамца доккхачу дийцарх къасто хало хуьлу. Повестан авторо, романан я дийцаран авторо санна, стеган (турпалхочун) кхолламах лаьцна дуьйцу, дахарца цуьнан йолу юкъаметтигаш билгал а йохуш. В.Г. Белинскийс повесть романан шатайпа форма лоруш хилла. «Повесть – изза роман ю, барамца цул жимо а йолуш», – яздина цо. Цундела эпически жанрийн дозанаш къасточу хенахь, церан барам тидаме эцна ца Iаш, чулацамехь яздархочо еш йолу ойланаш мел гена, мел кIоргене, юкъараллин-политически, социальни проблемашка кхийдаш ю, хьажа веза.

## Дийцар

*Дийцар* – иза эпически жанран жима форма ю. Иза барамца повесте ца кхочу, чулацамца цхьана стеган дахарехь хиллачу цхьана гIуллакхах лаьцна дуьйцуш хуьлу, стеган амалан цхьа билгало гучу а йоккхуш. Цхьа событи (хилларг), цхьа проблема гайтар кхечу литературин жанрашна юкъахь дийцар къастош ерг цуьнан билгало ю.

Дийцаран жанрехь болх беш волчу яздархочун говзалла Iаламат лакхара хила еза, хIунда аьлча дийцаран кIезигчу майданахь (барамехь) цо исбаьхьаллин вастаца дешархочуьнга ойла яйта езаш дукха маьIна долуш хIуманаш нисло. Нагахь санна ша яздархо доккха похIма долуш велахь, хуьлуш ду иза иштта.

## Очерк

Эпически произведенийн магIарехь лаьтташ ю *очерк* а. ХIун билгалонаш ю кхечу эпически жанрашкахь язйинчу произведенешна юкъахь очерк къастош ерш? Цкъа-делахь, очерк кхечу эпически

формехь язйинчу произведенешна юкъахь шатайпаллица къаьста шен чулацамца, бакъонашца, дахаран массо а агIо йийцаре ярца. Нагахь санна эпопейн авторш шайн тидам халкъан (национальни) оьшуш йолчу теманашна тIехьовзийна белахь, романан автор шен тидам оцу я кхечу стеган кхолламна тIехьовзийна велахь, очеркан тоьхна доза дан а дац, цуьнан вайна йовзийта бакъо ю документальни бух болу хиламаш, таро ю дахарх лаьцна публицистически ойланаш ян. Очерк хуьлу историн чулацам болуш, документальни, путевой, публицистически, цхьана стеган дахарх, гIуллакхех, кхиамех лаьцна и. д. кх. а.

Очеркан наггахь синтетически жанр олу, хIунда аьлча цуьнан формехь хила там бу дийцаран, Iилманан-талламан хатI.

Очеркан бараман доза дан а дац. Иза хила мега масех бIе могIа я произведени, масала: Радищевн «Путешестве из Петербурга в Москву», Карамзинан «Письма русского путешественника» я Горькийн «Путешествие по Советскому Союзу».

## Рецензи

Муьлххачу кепехь а, формехь а бинчу *кхоллараллин белхан* (поэзи, проза, драматурги, Iилманан таллам, скульптура, кино, художникийн суьрташ и. д. кх. а) мах хадош яздинчу йозанах *рецензи* олу. Вай билгалбинчу белхийн *чулацам* тIера схьа а волалой, и белхаш дахаран хьашташна жоп луш бу я бац, церан исбаьхьаллин агIо а, авторийн похIма гучу а доккхий, юкъараллин дахарна а, стеган исбаьхьаллин дог-ойла кхиорна а пайдехьа хир бу я бац – и тайпа декхарш лаьтта, доцца аьлча, *рецензентана* хьалха. Цо шен тидаме эца езаш ю ша мах хадочу белхан массо а агIо: тема, сюжет, композици (проза, поэзи, драматурги, кино, художникан сурт и. д. кх. а.), меттан башхаллаш, хатI (йозан, суртдиллархо, кино, скульптура). Кхечу агIор аьлча, цо *анализ* ян еза ша мах хадочу белхан.

Iилманан белхан рецензи язъеш волчо уггар хьалха билгалдаккха дезарг ду оцу балхо, цуьнан авторо Iилман юкъа хIун керланиг дохьу къастор. Цул совнаха, рецензенто дийца деза оцу белхан кхачамбацарх лаьцна а. Иза дерриг а рецензенте далур ду, нагахь

цуьнан и тайпа болх бан хьекъалан ницкъ, рецензи язъечу предметан къайленаш дика йовзахь.

Рецензи, ма-дарра аьлча, литературин критикин, литературоведенин шатайпа йоцца форма ю: рецензехь, литературно-критически, литературоведчески балха тIехь санна, рецензенто билгалдоккху оцу белхан коьртаниг, мехала дерг, мехала долчух мехала доцуш дерг дIа а къастош.

Амма и тайпа болх бан волалуш волу рецензент ша а хила веза кхиъна, ша рецензи язъечу темина кIорге вахна, и тема дика евзаш. Нагахь санна рецензент хIинцалерчу кьоначу поэтан стихийн сборникан мах хадо волахь, цунна дика бевзаш хила беза хIинцалерчу къоначу поэзин идейни а, исбаьхьаллин а лехамаш. ТIаккха бен хадалур бац рецензенте сборникан кхоччуш мах, билгалдаккхалур дац, хIун керланиг деана поэто хIинцалерчу къоначу поэзина юкъа.

Нагахь санна рецензи Iилманан балхана язъеш елахь (масала, литературно-критически, литературоведчески сборниках я диссертацех), рецензент ша хила веза оцу белхаш тIехь йинчу анализан мах хаддол Iилма долуш а, цу тIехь юьйцуш йолу проблемаш дика евзаш а.



**АХМАТОВА Солтамурадан Раиса**

***(1928–1992)***

*Йина 1928-чу шарахь 30-чу декабрехь Котар-Юьртахь.*

*Чекхьяькхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университет. Дешна Москварчу Лакхарчу литературин курсашкахь.*

*Бина белхаш: хьехархо, газетан литературин белхахо, Культурин министран гIовс, республикин яздархойн Союзан правленин председатель (1961–1984). Поэтесса, публицист, очеркист.*

*Язйина: нохчийн маттахь: «Хьоме Республика» (1958), «Нийсархошка» (1963), «Сан седа» (1966), «Шовдан йистехь» (1969), «Стихаш» (1972), «Дикалла» (1975), «Цхьаьнакхетар» (1978), «Хаьржинарш» (1987); оьрсийн маттахь: «Бей мне, ветер, в лицо» (1959), «Иду к тебе» (1960), «Трудная любовь» (1963), «Откровение» (1964), «Лунной тропою» (1968), «Лирика» (1970), «Будьте счастливы» (1972), «Доброта» (1973), «Медный листопад» (1974), «Поющая чинара» (1976), «Перевал» (1977), «Откровение» (1979), «Прикосновение» (1981), «Ожидание» (1988).*

ХIора стага Дала шена деллачу дахарехь нахана пайдехьа дан дезаш сийлахь гIуллакхаш ду. И гIуллакхаш цунна тIедехкина а ду. Доккха похIма долчу поэтан кхолларалли кIоргене мел гIоьрти а билгалдолу лакхахь вай аьлларг. И поэт ваьхначу заманан поэзи йоьшуш даим а коьрте хьийза ойланаш: заманан хатI, цуьнан лехамаш, социальни, политически чулацам, цара нисдина я дохийна стеган дахар, цу заманан турпалхой – уьш а, цуьнан кхин дуккха аматаш хIора доккха похIма долчу поэто шатайпа гойту, кхолларалле хь шайн заманахь шаьш ма-хиллара «сацайо», тIаьхьа гойтучу тIаьхьене кхийдайо. Кхечу поэташна оцу дахаран хазаллаш, чолхенаш гар кхечу агIор хуьлу.

Аьллачунна дало къеггина масал ду нохчийн халкъан XX бIешеран 50-чу шерийн шолгIачу эхера схьа 80-гIа шераш чекхдовллалц кхиъна литература: цо баккхий исбаьхьаллин кхиамаш бехира, кхиира цуьнан тайп-тайпана жанраш, СССР-хь евзина ца Iаш, евзира Европехь а, Герггарчу Малхбалехь а. Тешам боллуш ала мегар ду: и литература оццул кIезигчу хенахь шуьйра евзар а, еза а лур яцара цIерш яьхначу меттигашкахь, нагахь санна цу литературехь нохчийн зудчун дагара дуьйцуш, цуьнан ойланаш, сатийсамаш, дахарехь цунна тIехIиттина халонаш юьйцуш вай билгалдаьхначу шерашкахь нохчийн поэтесса ца хиллехьара. Вайна хаа деза: хIора халкъан синкIоргенаш зудчунна бен хууш яц, поэзин дашца цуьнга санна бен йоьшучунна дагах кхеташ гайталуш а яц.

Масална кхин а дагадоуьйтур вай: XIX бIешеран шолгIачу эхехь, XX бIешеран юьххьехь Нохчийчохь ондда кхиира социально-политически лирика. Цуьнан чулацам, берриг а аьлча санна, набахти чу воьллина, каторге, ссылке вахийтинчу стеган дог-ойла гойтуш бу, аьлча а оцу стагана (тIехьийза кIант, да, ваша) йоIа, нанас, йишас сагатдарх боьзна бу. И тайпа лирика цхьана Нохчийчохь кхоллаелла ца Iара билгалдаьхначу шерашкахь, иза шуьйра яьржина яра оьрсийн, кхечу къаьмнийн дахарехь. Гойтуш дерг паччахьан Iедалан векалша къахьоьгуш воллучу стагана бинчу ницкъах лаьцна дара. Нохчийчохь цу тайпанчу лирикин авторш зударий бара. Цара, шайн дегнашкахула чекх а яьккхина, ма-ярра гайтина оцу заманан къизалла.

Халахетарца ала деза: цу хенахь а, дикка тIаьхьа а и тайпа «зударийн» лирика я дIаязйина, я зорба тоьхна, я архиве охьайиллина болх ца бина Нохчийчохь. XX бIешеран 60–80-гIий шерашкахь Нохч-ГIалгIайн Iилманан-талламан институтан архивехь Iилманан белхахоша гIеххьа гулйинера оцу жанрехь йолу поэзи. И архив а тIаьххьара хиллачу тIемаша хIаллакйина. Цундела тахана вайга кхаьчнарш оцу лирикин цхьакIеззиг дакъош бен дац.

Амма цара а кхоччуш тешадо вай: зударийн лирика Нохчийчохь шортта идейни а, исбаьхьаллин а зеделларг долуш ю. Оцу зеделлачух пайда а оьцуш, шуьйра яьржира Нохчийчохь XX бIешеран 30-чу шерашкахь Iилманехь шайх «сказательницы» (дийцархо, илланча, йишлакхархо) олучу зударийн кхолларалла. Уьш бара Мунаева Саибат, Муртазалиева Кемиса, Анзорова Балкан. Цара

шаьш яьхначу эшаршкахь, язйинчу стихашкахь дуьйцург халкъо дукха сатийсина еанчу паргIатонах лаьцна дара, церан турпалхо и дахар тодеш, хаздеш, Даймахкана (СССР-на) гIарол дан дIахIотта кийча волу къонах вара.

Цу зударийн кхолларалла нохчийн халкъ шайн махках даькхича дIатийра. Амма, хIара ю аьлла, яккха цIе билгал а ца йолуш, 1940-гIий – 1950-гIий шерийн хьалхарчу эхехь дукхе-дукха эшарш кхоьллира нохчийн зударша нохчийн халкъ Казахстанехь, Юккъерчу Азехь долчу хенахь. Церан чулацам, коьрта долчунна, политически бара: церан коьрта «турпалхо» Сталин вара.

Дукха масалш ду и тайпа эшарш яьхна а, лекхна а зударий Iедало хьийзорна а, царна набахти чохь яккха хенаш йиттина а.

1946–1954-чу шерашкахь Казахстанехь Кушмурун станцехь юьхьанцарчу классашкахь хьехархочун болх бинчу Раисина дика девзара мацаллой, махкаллой, коменданташа бечу ницкъой гIелдинчу шен халкъан дахар. Сема а, экаме а дог долчу цунна синпхенех детталора колхозийн аренашкахь белхаш бечу нохчийн зудаберийн, зударийн эшарийн зевне аьзнаш, иза цецъюьйлура царна карочу исбаьхьаллин басарийн шорталлех: цIераяккхале а стихаш язъян йолаеллачу цунна эшарш лоькхучу зударша, зудабераша говза олучу исбаьхьаллин дешан хама бан хаьара. Иза царах Iемара, муха яста еза дагахь гулъелла ойланаш, муьлхачу исбаьхьаллин басаршца къаго еза ша кхуллуш долчу вастан амалан агIонаш.

1955-чу шарахь Раиса Алма-Ата дIаяхара цигахь нохчийн маттахь арадала доладеллачу «Къинхьегаман байракх» газетехь болх бан. Оцу газетан агIонаш тIехь арайийла йолаелира цуьнан хьалхара стихаш.

Цундела хир ду-кх Ахматова Раисас 1958-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн Автономни Республика юхаметтахIоттийна цхьа шой ах шой далале арахецначу «Хьоме Республика» сборник юкъа яхна стихаш исбаьхьаллин агIонгахьара а, чулацамца а цхьа а сакхт доцуш хилар. Чулацам а шатайпа бара оцу сборникан: цхьана а стихотворенехь хаалуш дацара поэтессас шен халкъо, ша хьегна бала бахьана долуш дегабаам бина хилар. Мелхо а, цуьнан стихаш йинчу махкаца цхьаьнакхетар, цуьнан хазалла, цо сина а, дегIана а луш болу ницкъ, иза бахьанехь сагатдар дуьйцуш ю. Цул сов, Раисин кхолларалла, кхечу

цуьнан хенара а, цул баккхий а хиллачу поэтийн кхолларалла санна, берриг а СССР олуш хиллачу Даймахке болу безам, ларам, кхечу халкъашца доттагIалла дезарх юьзна ю. И тайпа Iаламат йоккхачу къонахаллех, яхьах, догдикаллех юьзна хиларо езаялийтира нохчийн поэзи ерригсоюзни дешархочунна XX бIешеран 50–60-гIий шераш хийцалучу муьрехь. Цунна масал дара 1959-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэзия Чечено-Ингушетии» антологин ерригсоюзни литературин критико лаккхара мах хадор.

Ткъа нохчийн халкъан литературехь хьалхара хиллачу поэтессин Ахматова Раисин кхолларалла къаьсттана езаелира ерригсоюзни а, дозанал арахьарчу а ешархочунна.

Ткъа хIун теманаш ю цуьнан хьалхарчу «Хьоме Республика» гуларна юкъа яхначу стихийн? Уггар хьалха, кхечу нохчийн поэтийн санна, цуьнан са, ойла дIалаьцнарг хьоме Даймохк бу, цуьнан кхоллам, цунах къаьстинчу хенахь хилла дегаIийжам, кхойтта шарахь цунна гатдина са, цунах дIакхетча, цIаьххьана пергIатдалар и. д. кх. а:

Диц-м ца делла хьуна
винчу мехкан
Стигалахь кхозуш хилла
седарчий?
Жимма хьалакховдахь,
боданашкара
Йоккхур ю ахь
юьзна хорха схьа...

Боданашкахь
аьрха и хиш декар,
Церан халчу некъийн
сихалла,
Ткъа вайн лаьмнаш,
шайна тIехь ша лепаш,
Лаьтта, курра кортош
айъина!
Хьоме Даймохк,
и хьан исбаьхьалла
Хьан кхоьллина, стенца юстур ю и?



ХIора стаг ву кхузахь,
седа санна,
Йина латта,
деган безам сан.
*(«Диц-м ца делла хьуна...»)*

Стихотворенехь кхоьллина Даймехкан васт Казахстанехь дагахь лелийна ду Раисас. Ша йинчу махка цигара цIа ма-кхеччинехь, кехат тIе а даьккхина, зорба тоьхна а ду.

Хьовсур вай цо кхечу стихотворенехь яьстинчу ойланашка:

Алахьа, хьан белла
оццул ницкъ хьуна? –
Мел идарх, ца кIадлуш,
бер санна, ловзу.
Хин тулгIийн шабаршца
сан лерехь дека,
Сан даг чохь лекхачу
Даймехкан илли.

И ду сан боврбоцчу
безаман илли,
Мукъам бу и ненан –
хьоме бер хьоьстуш.
Ткъа хьуна-м хезаш яц
ас хьайх ен ойла,
Хьан тулгIеш тIехула
полларчий догу.

Хьо стенга сихделла?
Мичара догIу?
Я берийн сур гина
хьо ловзадаьлла?
Я цхьаьнга кхаъ баккха
сихделла-техьа?
Я орца доьхуш, хьо
уьду-те иштта?

Гергара ду вайшиъ –
амма йиш хилча,
Лаьар-кха хьан тІадам
сайх хилла, гІатта –
Хьогалло лаьцначун
кийра сайх Іабо!
*(«Ламанан хи»)*

Ша йина мохк Казахстанехь дагалоьцуш язйинчу (дагахь лелийнчу) стихотворенех ю хІара стихотворени а:

Даим уьш
дагахьлаьтта суна,
Сан бераллин
бІаьргаш сирла бу.
Араяьлча –
лулахь хилла лаьмнаш,
ХІинца а сайна
гуш ду, моттало.
*(«Даим уьш дагахьлаьтта суна...»)*

Даймехкан, цуьнан воІан (йоьІан) кхоллам, вовшахкъасталур боцуш, цхьаъ хиларх кхетта волчу (йолчу) лирически турпалхочун васт нохчийн поэзехь нуьцкъалчарех ду хІокху стихотворенехь кхоьллинарг. КхидІа а юьйцу оцу турпалхочо шен деган ойланаш:

Лаьа суна
йина лаьмнаш талла,
Жа ган дежаш
лаьмнийн басешкахь.
Чахчареш чуоьгу,
еш шайн гІовгІа,
Де чекхдолуш
лаьмнийн некха тІехь
Дохк дІадуьжу.
*(«Даим уьш дагахь лаьтта суна...»)*

Цуьнан бахьана дара цо шен поэзехь нохчийн зудчун керла, цІена ойланаш массарна а хьоме хетачу кепара юьйцуш хилар. Цул совнаха, и тема керла а яра советски дукхакъаьмнийн литературехь.

1957–1958-чуй шерашкахь Ахматова Раисас болх бо Нохч-ГІалгІайн республикин газеташкахь. Цул тІаьхьа Москвахь хиллачу Лаккхарчу литературин курсашка шина шарна деша яхара Раиса. Дешаро кІаргйина цуьнан говзалла, шорйина тематически агІо а.

Ахматова Раисас исбаьхьаллин дашца кхуллуш долчу Даймехкан васте ма-хьаьжжинехь хааделира, хІетахь, 1958-чу шарахь, нохчийн поэзи юкъа шатайпа, поэтически йоккха корматалла йолуш поэтесса еана хилар. Цуьнан поэзи езаелира халкъана, ткъа бахьана дозуш дара цо шен деган ойланаш вайн массеран дог-ойла сапаргІат ца юьтуш долчу дахаран дикчу, вочу агІонех еш хиларца. 1960–1980-чуй шерашкахь Нохч-ГІалгІайн Республикехь а, Москвахь а арайийлира Раисин стихийн сборникаш. Шен халкъан дахаран проблемех дуьйцучу меттехь поэтесса еккъа цІена и цхьа тема хьалаойъий ца соцу. Кхолларалле хь нохчийн халкъах лаьцна дуьйцучу хенахь цо шуьйра юкъалоцура кхечу къаьмнийн дахаран проблемаш а. Кхечу кепара аьлча, цуьнан стихашкахь къоман дахар доьзна ду, цхьаьнадогІу цо ечу интернациональни ойланашца. Нохчийн халкъан поэтесса дуьнен чохь хуьлуш долчу гІуллакхашна юьстаха ца лаьттара, оцу гІуллакхашкахь даррехь жигара дакъалоцуш яра.

Масална яло мегар ду поэтессас машаран хьокъехь язйина цхьамогІа стихотворенеш. Цуьнан интернациональни дог-ойла даим а йозуш ю Даймехкан темица. Ахматован уггар а тоьлуш йолу стихаш Даймехкан хьокъехь язйина ю.

Раисин поэтически кхолларалло йоккха меттиг дІалоцура билгалдинчу шерашкахь нохчийн поэзехь.

Поэтан дог бІаьсте йолуш аьхна латта ду: нагахь малхо дохдинчу, Іаламо самадаькхинчу лаьттан кийрахь цІена, могуш хІун буьртиг нислахь, ялта дика хирг хиларх тешна хуьлу вай, стигалахь мархаш мел юькъа гулъяларх, мох мел чІогІа баларх кхуьуш лаьттачу ялтина башха зен хир доцийла хаьа вайна – орамийн чІогІалле хьаьжжина хуьлу ялтин дебар а.

Лаьттах дІатосу хІух тера хуьлу поэтан кийрахь ойланаш Іалар. Уьш, кехат тІе юьйшуш, вайга кхачар ялта чудерзорах тера хетало. Буьртиг дІатесна, цунах ялта кхиъалц беш болу некъ атта бац. Поэтан кийрахь кхоллало ойланаш а ша-шаха кхоллалуш яц, уьш кехат тІе йийшшалц поэто Іаламат чІогІа къахьоьгу. Стенан дуьхьа?

Безамна,
диканна
даим ю кийча,
Амма яц вонах а цкъа а со едда...
Тешаме доттагIий – сатийсар, чIагIо,
МостагIша хийла а ю со ягийна.
*(«Со урд ду аьхна...»)*

Ахматова Раисин поэтически сборникаш ешча, вай дийцинчунна а, хIоттийнчу хаттарна а жоп карор ду вайна. Поэтессин кхолларалли чулацам шуьйра бу, цуьнан стихаший, поэмаший чулоцу философски маьIна долу ойланаш дукха а, шуьйра а ю.

**Ахматова Раисин лирикехь нохчийн зудчун васт.** Дешархочунна дика евза поэтессин коьртачарех йолу ойланаш: иза «безамна, диканна даим ю кийча». Шега кхаьчна «хала дакъа» дуккха а шерашкахь, кIадъялар хIун ду ца хууш, майра дIакхийхьира цо.

«Денна а сихлора» иза «белхан стоьла тIе, сатоссуш аренга ахархо санна». Амма динчух цаIабар, шен йижаршна дика дар тIеттIа алсамдаккха лаар хаало лирически турпалхочун дагахь. «ГIо дехьа, стогалла, нагахь гIелъелча», боху цо. Иза кхоьрург «ницкъ кхачийна, гIорасиз йисна», массеран кхоллам ирсе берзо ша цакхиар дара.

Ахматовас, ша нохчийн поэтесса хиларе терра, шен йижарийн, нанойн дагахь дерг, цаьргахь хиллачу баланех лаьцна дуьйцура.

Йижарийн тема даим а яра Раисин кхолларалле хь коьртачарех цхьаъ. Маситта шарахь и тема цуьнан поэзехь коьртаниг яра, дукхахьолахь цуьнца доьзна дара поэтессин дахаре хьежар. Хан дIа мел ели тематически шорлуш, идейно-философски чулацамна кIарглуш лаьттара цуьнан кхолларалла.

1970–1980-чуй шерашкахь язйина стихаш, поэмаш лирически турпалхочун дагалецамашца дахаран кIорге кхача гIерташ, стеган Iер-вахаран маьIнин къайленах кхета гIерташ, яханчуй, каларчуй, тIехинйолчуй заманашна юккъехула чекхъюьйлу дог-ойланаш йолуш яра. Йижарийн тема, и йиц ца йинехь а, тIаьхьо коьртаниг ца хилира цуьнан. Коьртаниг, дахар луьттуш, философски ойла яр дара. Ткъа иза оьшуш ма ду сиха хахкаелла йоьдучу хенахь вайзаманхочунна.

Дуккха а стихотворенийн чулацамехь вайна дика евза поэтессин хилла къонахчун амал:

ХІан-хІа, яц со сапаргІат,
Синтем а суна карор бац.
Кхин керла лакхе яккха гІерташ,
Со лаьмнийн новкъа оьхур ю.
«Цкъа маца, Коперникана санна,
Монахо шен неІалт кхайкхийна суна.
Ткъа хІара, уллера... Хилларнг хІинца!
Диц ца деш, дагахь ас латто и деза.
Дог кура со Іуьллу,
Фашистан даьндарго чахчийна, йоьжна».

Вайна ма-гарра, лирически турпалхочун дагах чекхъевлла заманийн халонаш, уьш цуьнан дагна Іеткъа, цара, стеган лазам муха хуьлу, хаийтина цунна, цара Іамийна иза дахарехь хуьлуш долчуьнга тидаме хьажа, цара Іовжийна цуьнан дог ду халкъашна ирс лоьхуш карзахдаьлла хьийзарг. Делахь а, цу новкъахь цо оццул къахьоьгушшехь, цуьнга ца далуш а дуьсу гІуллакхаш. Уьш дан ницкъ ца тоьъначохь олу цо:

Дависарг, мел лайнарш, догІа а тоьхна,
ДІадахка, хи санна, гІайгІанаш хьаъалц!

**«Догдика хьан бІаьргаш»** стихотворенехь поэтессас къеггина диллина ненан васт. Лирически турпалхочун ненаца йолу мерза уьйраш, шераш дІа мел ихи цуьнга болу безам кхин а серлаболуш, иза хІинца шен дахарехь цатоар, цо лайна халонаш бахьанехь оцу турпалхочун бисна дагахьбаллам – уьш дерриш дика хаало стихотворенехь.

Беральа хала хиллачу, амма тІаьхьо ирсечу дахарехь хьалхахьа яха даим а шена ницкъ луш хиллачу ненан васт хІинца а дуьхьаллаьтта лирически турпалхочунна:

Дахарехь сан гІайгІа
Алсам ахь бира,
Цкъа лайна ца Іийна
Наб йоцу буьйса хьо.

**«Хала дакъа жималлехь кхечира суна»** – турпалхочо, иштта, ма-дарра, бакъдерг дийцарца дIайолайо стихотворени. Амма халчу декъо охьатаIийна, кIелйитна, хIун дан деза ца хууш ца йисна и турпалхо. Мелхо а, оцу дахарна баркалла боху цо, хIунда аьлча цо яхчийна, хьекъална ницкъ а белла, дахаран Iалашо билгалъяьккхина, кхиийна и турпалхо:

Цу ирсана, дахарна
Баркалла боху ас,
Махана дуьхьал а
Дика со ларийра,
Эрна ца тесира ас
Дорцаца хьошалла.

ДагадогIу поэтессина ненан «ойлане, самукъане» хилла бIаьргаш, йоI йоккха хилча цуьнан ирс муха кхоллалур ду-техьа бохуш, иза гIайгIане йоьжна хилар. Хан дIаяхи. Къаста дийзи ненан, йоьIан. Делахь а нанойн йовхо, церан оьздангалла, комаьршалла, нахаца догдика уьш хилар, тешаме хилар – уьш дерриш а вайца ду, хила дезаш а ду. Лирически турпалхочо, шераш дукха дIа мел девли а, уьш чIогIа хаалуш, нене болу безам тIеттIа алсамболуш ша юйла хоуьйту. Нагахь санна «*лар ца луш*» шегара дош даьллехь а, «*ялахьа даггара къинтIера суна*», доьху цо.

«Доглозу ненан тидаме бIаьргаш» ду вайн дахарна ницкъ луш дерш:

Ахь до суна хьехарш,
ларлуш хила бохуш,
Даима сагатдеш,
ларйо хийла со.
Йина мохк, хьо, нана, –
шу ю-кх сан гIорториаш,
Шуьшиннех а яьлла лелалур юй со?
*(«Нене»)*

«Кхерац со, доттагIаша…» стихотворенехь ненан тема кхин а дIахьо поэтессас, амма и тема кхечу тIегIан тIехь йосту цо. Лирически турпалхо хIинца шек ца йолу ша «халонаш Iовшарх», дуьненахь

яхарехь «халахетар хиларх», иза «кхерац доттагIаша аларх шега къежъялар, къанъялар хийра дац» аьлла. Цунах шех нана хилла. Цуьнан дахар хIинца «бIаьстенан малхаца къегина», хIунда аьлча цо ша ерриг а дIаелла шен кIантана, цуьнан дахар ирсе хилийтархьама. Оцу стихотворенехь хаза а, чолхе чулацам болуш а лелочу исбаьхьаллин гIирсашца олу поэтессас шуьйра маьIна долу дешнаш. Стеган вахар гуьйренгахьа лестича, «къорзачу духарца» цуьнан шераш даздича, дахар чекхдолучу муьрехь «самукъане ойланца» тергал бо цо «кхиъначу Iожа тIехь хилла цIен стом-Iаж».

Иштта, ша дахарехь динчу дикчу гIуллакхаша, тIаьхьаюьсучу оьздачу тIаьхьалоно воккхавево стаг, иза къеналле вирзича.

Ахматова Раисин тIаьхьарчу шерашкахь самаевлира кхоллараллин диканах йолу ойланаш. Церан, массеран а бохург санна, чулацам нахана юкъахь дикалла кхайкхош бу, вонна дуьхьалхIоьттина, гIаролаш санна, лаьтта уьш. Амма поэтессас юьйцучу дикаллин шен чулацам бу:

Ас ца боху, дерригенна геч а деш,
Доллучунна бIаьрзе хила веза стаг...
Дикалла а тIамна кийча хуьлийла –
ТIаккхий бен цо зулам юхатухур дац!

Раисин лирикехь йоккха меттиг дIалоцу *безаман темано*. Цо дуккха а стихотворенешкахь поэтически говза гайтина везачу стагаца зуда-ламанхочун йолу юкъаметтигаш. Кхечу, керлачу тайпана, гойту цо адамаш а, церан безам цхьаьнатосуш долчу гIуллакхийн уьйраш а. Цу тайпанчу стихотворенешкахь йолчу лирически турпалхочунна, тIе мел халонаш Iиттаярх, ницкъ карабо шен ирс лаха, шен новкъа яла:

Шераш дIаихира
Самукъадолу сан,
Хаздели дуьне...
Кхетий хьо хIинца?

Оцу тайпанчу стихаша, цара лирически турпалхочун деган кIоргенешкахь дерг схьадийцар бахьана долуш, таро хуьлуьйту граждански, философски чулацам а болуш, дахарна хьалха хIитточу

декхарх кхин а кIорга кхета. И турпалхо догцIена стаг ю. Цунах дозуш ду хьалхарчу рогIехь иза халкъана а, Даймахкана а тешаме стаг хилар, цо цIена безам кхайкхабар. Амма везаш верг шега кхийдочу цIенчу безамах ца кхетахь, я ца вашахь, я ямартло хилахь:

Со гIур ю, курра ойуш корта,
Хьожур яц хьоьга юха со.

Безаман ирс шена хеттачу агIор ца нислахь, гIорасиз ца хуьлуш, доьналлех ца юхуш, хьалхахьа йоьду иза:

Атта некъаш ас ца хоьржу,
Халонашна леткъац со.
Генна хьалхахь, сирла йогуш,
ЦIаро суна шен ницкъ ло.
*(«ХIан-хIа, хир яц со сапаргIат...»)*

«Чекхдийр ду вайн шераш» стихотворенехь поэтессас кхидIа а кIаргдо лирически турпалхочун васт. Тешна ю лирически турпалхо:

Чекхдийр ду вайн шераш,
БIешераш хуьлуш...

Амма «Даймахке» стихотворенин чулацамехь къеггина гучубовлу оцу турпалхочун дахаран лаамаш:

Шийла мох, со шелъеш,
Сан дегIах хьерчалахь,
Меженаш эгаеш,
Со къаръян хьажалахь.
Нуьцкъала шокьетташ,
Сан лергаш къарделахь,
Шан суйнаш сан цIийца,
ДегI шелдеш, кхарстаде!
Хьомечу Махкана
Сайн ницкъаш дIабала
Со кийча ца хилахь,
ДIаэца лаьттара!

ХIун бахьана долуш езаелира дуккха а ешархошна Ахматова Раисин поэзи? ХIун бахьана долуш хадабора критикаша цуьнан кхол-

лараллин лакхара мах? Оцу безаман къайле ю Раисин похIма. Амма цуьнан стих, нохчийн дешархошна дезачух, оьздачух чам баккха аьтто а луш, царна юкъахь юьсур яра, нагахь санна сийлахь-боккха оьрсийн моттий, оьрсийн гочдархой бацахьара. «Сан стихаш боккхачу лаамца гочъян реза болчу оьрсийн гIарабевллачу поэташца гергарло таса сан аьтто хилийтина кхолламо. Амма царах замано шиъ бен ца витна: Ирина Озерова, Геннадий Русаков. Цушинца сан дукха хенахь дуьйна доттагIалла а ду. ДуьххьалдIа дIаэр ду аса: сан боккха аьтто баьлла. ХIунда аьлча сан дог-ойланех а, сан стихийн кхолламах а кхечарел дика кхетта и шиъ. Сан дог-ойла чекхъяккха а, шайн могIанаш суна кхийдо а безаш меттигаш ца хуьлу церан. Цушиммо а шаьш сан стихаш тIехь беш болу болх лерина а бо, сан стихийн амал Iалаш а йо. Тхан-тхешан доттагIалле дирзинчу кхолларалин доттагIаллин шерашкахь аса тидаме эцна тхуна юкъахь диллина вовшийн кхиор хилар а, кхолларалин агIонгахьара вовшашна Iаткъам кхачар а», – яздора Раисас.

Поэтана оьшуш дерг гочдархо цуьнан «чоьхьарчу дуьненаххий, цуьнан стихийн кхолламаххий» кхетар ду-кх. ТIаккхий бен гочдархоша Iалаш ца йо «поэтан юьхь», цуьнан къоман шатайпалла а. Озерова Ирининий, Русаков Геннадиний поэтессин мотт, дог-ойла, синхаам гочбан хаар ду-кх тайп-тайпана меттанаш дуьйцучу дешархошна Ахматова Раисин поэзи езаяларна тIекхеташ дерг (похIмина тIекхеташ дерг).

**«Дагалецамийн новкъа»** поэмин турпалхочун васт – нохчийн зудчун типически кхоллам. Цу поэмехь къеггина гойту «сов аьрха, хьийзаш некъаш» хиллачу нохчийн зудчун васт. Иза лиро-эпически формица язйина хилар бахьана долуш, поэтессин таро хилла, лирически турпалхочун васт санна, шуьйра чулацам болуш ден, ненан васташ кхолла, яханчу заманийн къиза гIиллакхаш гайта. Тахана шен ирсе кхаьчна йолу нохчийн зуда, оцу ирсах Iехаелла ца Iаш, къинхьегаман новкъахь ю. Кхетам сов мел бели, дахаре баркаллица хьоьжу иза:

Хьоме халкъ, баркалла даггара хьуна,
Езарна, елхарна, хиларна ехаш.

Амма кхиа халкъо йинехь а, шуьйрачу, ирсечу новкъа Даймахко яьккхина нохчийн йоI. Цундела боккха чулацам болуш ду поэтессас аьлла дешнаш:

Халонаш лайначу халкъан даг тIера
ДIаэца, сан Даймохк, баркалла хIинца.
Со – хьан йоI. Хьуна ду сан ирсе елар,
Сан сирла ойланаш, сан деган лехам...

«Дагалецамийн новкъа» поэмехь шен ненан васт дуьллуш исторически бакъ ма-дарра дуьйцу поэтессас нохчийн зудчун дIадаханчу дахарх лаьцна. Дуьрачу хьацарахь, Iаьржачу баланехь дара цуьнан дахар хьалха. Дахарехь кхин гуш ирс доцуш, нохчийн наноша шайн деган безам, йовхо, комаьршалла шайн берашна дIалора, уьш мукъане а ирсе кхачаре сатуьйсуш. Шен ненаца къамел деш, поэтессас боху:

Тамаше кхаж тоьлла, кхолламо суна
Хьехархой башханаш белла хилла:
Вайн нохчийн эпос а, Лермонтов, Пушкин...
*(«Дагалецамийн новкъа»)*

ЙоьIан дахар а хир дацара ирсан лакхене кхаьчна, нагахь санна «массарал а бовха цIен бос» болу малх ца кхеттехьара. Лирически турпалхочунна «дешнашца тир йохуш, кехаташ къарздечу» новкъа ша ялале гина шатайпа халонаш, цуьнан а дийзира шен махкахойн ойланашкахь йисначу ширчу ойланашца къийса. Къинхьегамехь а яхчаелла лирически турпалхо, дешаран лакхене а кхаьчна, безаман цIе а марсайийлина цуьнан даг чохь. Уьш дерриш а лирически турпалхо дахаран философех кIорггера кхетийта оьшуш хилла:

Хьоме халкъ, баркалла даггара хьуна,
Еларна, елхарна, хиларна ехаш.
Баркалла совгIатна даларна иллеш,
Теша, кхин лун дерш хир ду сов тоьлуш.
*(«Дагалецамийн новкъа»)*

Бакъволу поэт даим, шен халкъана дагахь дерг хууш, дашца халкъан дог-ойла кхочушъян гIерташ, болх беш хуьлу.

Поэтессин бакъо ю цундела «Дагалецамийн новкъа» поэма чекхйолуш хIара тайпа дешнаш ала:

Бала сов Iаьткъина вайн нохчийн латта –
Мел хийцаделла и цадевззарг хилла.
Цу лаьмнийн йоI – со – ю лакхене кхаьчнарг,
Йижарийн цIарх ду сан дагарадийцар.

«Дагалецамийн новкъа» поэмехь шуьйрачу чулацамца дуьйцу халкъан кхолламах лаьцна. Оцу поэма-произведенехь халкъан дIадаханчу, хIинцалерчу дахаран сурт кIорггера хIоттадо.

**Халкъийн доттагIаллин тема.** TIаьхьарчу шерашкахь Ахматован поэзехь кест-кеста гора лаьттах лаьцна йоху байташ. ХIун бахьана дара поэтессин ойла оцу теми тIехь сецар? ХIун маьIна дохьу лаьттах лаьцна язйинчу стихаша?

Даймохк хесторан, цунна баркалла бахаран чулацам болу цуьнан стихаш идейни маьIница кхин а тIеюьзна, цара хIотто васт кхин а чолхе хилла. Хьалхо, йина мохк, цуьнан лаьмнаш Даймахках хадалур доцу дакъа санна дийцинехь, шен кхоллам йинчу лаьттаца бозуш цо бийцинехь, тIаьхьо Даймохк аьлла цо лелочу дешан чулацам Iаламат шорбелла. Даймохк йина латта ду, «дсган безам» бу:

ХIинца а
Йина латта,
дагна хьоме лаьмнаш,
шу гар суна
доккха совгIат ду.

Цул тIаьхьа боху цо:

ХIай, Кубань,
хьешана комаьрша латта,
Хьох кьаста цалаарх, сан яха деза.

Ткъа Къилбседа хIордан йистехь ша йолуш, цунна «помораш хсташ... хилла наьртийн гергара». Цу тайпана, поэтессин йина латта берриг Даймохк бу. Хьалхо шен ницкъ, хьуьнар йинчу лаьмнашний, аренашний хьажийна хиллехь, тIаьхьа цуьнан лаам Iаламат шуьйра бу:

Дависарг, яйн марха хилла,
Даймехкан арешка яржа!

Цунах дозуш хир ду-кх, хетарехь, поэтессин лирически турпалхочун ша динчух, шега кхаьчначу декъах тоам цабар а. Цунна хаьа, хаза, дог хьостуш де деача, цунах Iеха ца яла. Ткъа кхоьлинчу дийнах кхера ца яллал ницкъ а бу цуьнгахь. «ДIайоьду зама вайна ца гуш, Iа хуьйцуш, йогIу аьхке тIе». И дика хууш йолу турпалхо, сихъелла, гIалат а ца йолуш, партал хиллачу заманал тIаьхьа а ца юьсуш, шен ерриг корматалла дIалуш яра хьаналчу къинхьегамна. Халкъана а, Даймахкана а динчу гIуллакхаша юьту лаьтта тIехь стеган лар. Хьовсал шу:

Мартынов вайна, лар шен йоцуш,
Къанваллалц ваьхна дунен чохь.
Ткъа Лермонтов хIинца а веха
ХIора хIусамехь, и лийр вац.

Ахматован поэзи цкъа а яцара шен маьIница нохчийн дозанал чохь соьцуш. Далийнчу масалша кхин цкъа а тоьшалла до аьллачунна, Даймахках дозалла деш, цуьнан йоI хиларх йоккхаеш иза хиларна:

Езнера, Сибирь, хьо йолуш со генахь,
Ткъа хIинца бIозза а сов еза хьо.

Дукха ю Россин кхолларалле хь кхечу къаьмнийн сий, юьхь ларъеш, церан культурийн сий деш язйина стихаш. Тешам боллуш ала мегар ду: кхечу нохчийн цхьана поэтан йоцчу кепара гена дIалистина цуьнан ойланаш, довзийтина нохчийн зудчун цIена са, комаьрша дог («Махачкала», «Ереван», «Сибирь», «Кубанан лаьтта тIехь», «Лермонтовн дара ткъе ворхI», «Гамзатов Расулна» и. д. кх. а. Церан чулацамехь вайна карадо заманан васташ, исбаьхьаллин лехамаш:

ГIаргIулех гIаьттина илли хьан лаккха,
Дерриге вайн латта хьан стол ю белхан.
Аьхкен тIехь ло къега и баххьаш санна,
Дахаро къежбина хьекъале корта, –

иштта, доцучу дешнашца, кIорге чулацам болуш диллира Раисас дуьненахь а гIараваьлла волчу Дагестанан поэтан Гамзатов Расулан васт.

Ахматова Раисин дешнаш тIехь композиторша яьхна дукха эшарш.

Ткъе кхаа-деа шарахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзан правленин председателан болх бира Раисас. Цу шерашкахь нисло массо а жанрашкахь нохчийн, гIалгIайн литература сиха кхиар, кIорггера исбаьхьаллин хазна гулъялар. Оццу шерашкахь СССР-н дуккха гIаланашкахь, республикашкахь дIадаьхьира нохч-гIалгIайн литературин денош: Москвахь, Казахстанехь, Украинехь, Карелехь, Къилбседа Кавказан автономни республикашкахь. Оцу денойн маьIна доккха дара: кхечу къаьмнашна евзира вайнехан исбаьхьаллин дашца хоуьйтуш йолу ойланаш, церан доьналла, къонахалла, комаьршалла, царна доттагIалла дезар. Нохчийн халкъан хIетахь махкахь йоккхуш йолу дика цIе дукхахьолахь оцу деношца доьзна йоккхуш а яра.

Ахматова Раисас доттагIалла лелийра дуккха а цIарна а цIеяхначу нахаца: Михалков Сергейца, Кулиев Кайсынца, Гамзатов Расулца, Берггольц Ольгица, Друнина Юлица. Иза цхьаьнакхийтира Ахматова Анница, космонавт хиллачу Титов Германца. Цара лаккхара мах хадийра цуьнан поэзин.

Ахматова Раиса СССР-ехь, кхечу мехкашкахь евзаш, сий деш поэтесса яра. Цуьнан стихашна зорбайиттира Россехь, Украинехь, Прибалтикехь, Белорусехь, Англехь, Францехь, Индехь, Польшехь. Уьш юкъаяхара гIараяьллачу «Библиотека всемирной литературы» серина.

Раиса нохчийн литературина йоккха исбаьхьаллин хазна йиллина зуда ю. Цуьнан цIе вай хьакъ долчу кепара ларъян а еза, лара а еза.

### *Хаттарш, тIедиллар*

1. ХIун исбаьхьаллин башхаллаш ю Ахматова Раисин лирикин?
2. Муьлхачу ойланаша, Iалашонаша кхуллу цуьнан поэзехь лирически турпалхочун васт?
3. Нохчийн халкъан дахарехь хилла муьлха хийцамаш буьйцу поэтессас шен поэзин васташца?
4. «Ахматова Раисин поэзехь – нохчийн зудчун васт» темина сочинени язъе.
5. «Ахматова Раисин кхолларалехь оьрсийн интеллигенцин васт» темина реферат язъе.

### *Текстана комментари*

Ахматова Раисин кхолларалли маьIна доккха ду нохчийн литературехь. Нагахь санна 1930-чу шерийн шолгIачу эхехь, халкъан дахар жима-тIама тода-

ладоладелча, литератури юкъа дахарх лаьцна эшаршкахь дуьйцуш болу зударий баьхкинехь, репрессехь хилла шайн халкъ (1944–1957) литература юхакхолла дIахIиттинчу кIезигчу яздархойн магIаршна юкъара яра поэтесса Ахматова Раиса. Иза яздан йолаялар доккха идеологически маьIна долуш хIума дара: цуьнан масало гойтура халкъан мировоззрени лакхаяьлла хилар а, халкъан кийрахь гулбеллачу баланех дийца нохчийн литературехь поэт гучуваьлла хилар а: массарна хууш ду, стеган синлаамех лаьцна зудчо кIорггера дуьйцийла.

Ахматова Раисас, шел хьалха хиллачу сказительницашка, цул тIаьхьа нохчийн поэзина юкъабаьхкинчу къоначу поэташка ца даделлачу кепара иза дан а дира. Тоьур дара аьллачух кхета цуьнан граждански лирика ешча а, «Тропою памяти», «Алхазур – летящая птица» поэмаш ешча а.

Цуьнан дахаран некъ атта ца хиллехь а, поэзехь цунах лаьцна ца дуьйцура Раисас: цуьнан деган йовхо а, кхолларалли ницкъ а халкъан кхолламах лаьцна дийца тIехьажийна бара.

### *Культурийн диалог*

Ахматова Раисин СССР-н кхечу къаьмнийн литературашца а, культурашца а йолу диалог, иза вуно жима йолуш, цуьнан дуьххьарлера берашна лерина йолу стихаш цу хенахь арадолуш хиллачу «Пионерская правда» газет тIехь зорба матоьххинехь, йолаелира. Цул тIаьхьа, кхоллам хийцабелча, 1957-чу шарахь, Казахски АССР-н столицехь Алма-Атахь нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газет тIехь кхечу къаьмнийн теманаш йолчу шен стихашна зорба етта иза йолаелча дуьйна цуьнан кхолларалле хь шорлуш а, кIарглуш а схьаеана.

Къаьсттана керлачу, лакхарчу тIегIан тIе болу Ахматова Раисас къаьмнийн культураш вовшашна гергахилош беш болу болх цо Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзана куьйгалла дечу шерашкахь (1961–1984). Цкъа-делахь, иза хаьржира Советски Комитет зашиты мира декъашхо. Цо Комитетан заседанешкахь къамел деш даим а дуьйцура нохчийн, гIалгIайн литератураша баьхначу кхиамех лаьцна. ШолгIа-делахь, цуьнан кхолларалле хь, юкъараллин-политически балхахь уггар коьртаниг: иза Председатель Союза писателей ЧИАССР йолчу ткъа шарал тIехьиккхинчу хенахь Советски Союзехь наггахь бен регион ца йисира нохчгIалгIайн культурин, литературин денош дIа ца хьуш. Доккханиг, генара хьаьжча, дика го олуш, кица ду. Тахана кхоччуш кIорггера кхета вай Ахматова Раисас билгалдаьхначу шерашкахь халкъашна юкъах культурни диалог дIахIоттош бинчу белхан маьIнех: цо вайнехан халкъан культура дуьненна а йовзийтира.

Цуьнан кхолларалехь дукха ю оьрсийн Iаламах, декабристех, оьрсийн, дукхакъаьмнийн гIарабевллачу яздархох лаьцна язйина стихаш. Иза дерриг а нохчийн синлаам кIорггера бовзийтархьама дина граждански чулацам болуш гIуллакх ду.

### *ХIун Iемина вайна*

Бакъволу поэт, яздархо шен кхолларалли н болх халкъан синан хьашташна тIеберзийна хуьлу. Халкъаца йолу уьйр шен чIагI мел ели а, цу хьаштийн кIорге

дика го поэтана. Иштта ю Ахматова Раисин кхолларалла а. «Хьоме халкъ. Со хьан йоI ю», – боху поэтессас шен цхьана стихотворенехь.

***Кхолларалли тIедиллар***

«Ахматова Раисин кхолларалле халкъан синлаамийн ойланаш» темина сочинени язъе.

## ЛИРО-ЭПИЧЕСКИ ЖАНРАХ КХЕТАМБАЛАР

Турпалхочун дог-ойла, лирикехь санна, эпически жанрехь а еллало схьа. Амма эпически жанрехь цуьнан дог-ойла, амал вайна евза, и турпалхо, кхечу турпалхошца уьйраш йолуш, цаьрца цхьаьна дахаран новкъахь хилар бахьана долуш. Ткъа лирикехь лирически турпалхо ша ву, цо дуьйцург шена дахаро довзийтинарг, тIеаткъам бинарг, дахарехь хуьлийла шена лууш дерг ду. Кхечу кепара аьлча, лирикехь лирически турпалхочунна дуьне гар, цуьнан амал, кхечу турпалхошца Iоттабаккхам боцуш, цо ша дийцарца евза вайна. Лирически а, эпически а жанрийн дахар толлуш йолу ший а башхалла чулоцуш йолу произведенеш а ю литературехь. Цу тайпанчу произведенешкахь, цхьана агIор, шайн амалш йолуш долчу вастийн чулацамехь девза вайна дахар, кхечу агIор, оцу произведенин сюжетаца чIогIа возуш а воцуш, амма сюжетехь хуьлуш долчун мах хадош, я цунах лаьцна хетарг олуш волу лирически турпалхо нисло.

Далор вай масал. Мамакаев Мохьмада дуьххьара язйинчу «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» поэзехь а бу лирически а, эпически а турпалхой. Эпически турпалхойн васташ поэмехь кхоччуш девза вайна церан дахарехь хиллачу гIуллакхашка, Iалашонашка ма-хьаьжжинехь. Эпически турпалхоша йовзуьйту вайна халкъан дIадаханчу дахаран йоккха кийсак, оцу заманахь халкъан хилла йолу социально-политически Iалашонаш. Ткъа лирически турпалхо оцу заманахь ваьхна вац, иза советски заманахь кхиъна, дешна ву. ДIадаханчу дахаран мах хадабо цо воккхачу стага Довлата шена и дахар довзийтинчул тIаьхьа.

И тайпа произведенеш *лиро-эпически жанрана юкъайогIу*. Царах лиро-эпически аларо а хоуьйту вайна оцу произведенеша амал эпически а, лирически а кепара йовзуьйтуш хилар.

Лиро-эпически формехь язйина дукхахьолахь поэмаш хуьлу.



## СУЛЕЙМАНОВ Сулейманан Ахьмад

## (1922–1995)

*Вина Хьалха-Мартан кIоштарчу Олхазар-КIотарахь 1922-чу шеран 1 майхь. Чекхъяьккхина хьехархойн институт. Ткъе дейтта шарахь берашна нохчийн моттий, литературий хьехна. Хьалха-МартантIехь, Олхазар-КIотарахь школийн директоран болх а бина.*

*Поэт, гочдархо, Iилманча.*

*Сулейманов Ахьмадан стихаш тIехь композиторша дукха мукъамаш даьхна. Яз а йина, арахецна «Нохчийчоьнан топоними». Гуларш: «Безаммий, шаьлтий» (1967); «Дог дохден цIе» (1968); «Ламанан хьостанаш» (1971); «Ламанийн симфони» (1977); «Даймехкан» некъаш» (1982); «Цхьаши дош» (1988); оьрсийн маттахь: «Топонимия Чечни» (1976–2013-чуй шерашкахь маситтазза зорбане яьлла).*

Сулейманов Ахьмадан кхиаран, гIеметтахIоттаран хан нисъелира XX бIешеран 30-чу шерашкахь. И шераш нохчийн халкъан керлачу исторехь хала шераш дара: 1920-чу шарахь Къилбседа Кавказехь а, Нохчийчохь а чекхбелира граждански тIом. Дуккха а йохийний, ягийний ярташ, байъинчу нехан бухадисна бобераш, йохийна дIаяьккхина экономика. И хьал дара Нохчийчохь Сулейманов Ахьмад бер долчу хенахь. Цу хенахь хиллачу дахаран кIоргене гIоьртина, хьаьвсича, вайна гучудер ду: халкъехь хилла болу уггар коьрта эшам халкъана йоза-дешар цахаар бара. Оцу хьоло нохчийн халкъ цу хенахь лулахь дехачу халкъел уггар тIаьхьадитнера: йоза-дешар цахаарна, шен хьашташ кхочушдан ка ца долуш дара нохчийн халкъ.

И хьал дара хIетахь вайн халкъа юккъера бевллачу хьалхарчу интеллигенцин коьрта тидам тIебахна лаьттинарг.

Царах вара, масала, Эльдарханов Таьштамар, хIетахь, 1920-чу шерийн хьалхарчу эхехь, Нохчийн автономни областан ревкоман, облисполкоман председателан даржехь болх бинарг.

Цо дукха къахьийгира Нохчийчохь школаш схьайоьллуш, боберашна деша а, чохь Iен а меттигаш кечъеш, белхан факультеташка, Советски Союзан лаккхарчу дешаран заведенешка нохчий деша хьийсош, нохчийн Iилма, керла культура дIахIоттош а, кхиош а.

1923-чу шарахь нохчийн маттахь кхоллаеллачу литературехь баккхий кхиамаш бохуш, массо а аьлча санна жанрашкахь болх беш вара Дудаев Iабди, Нажаев Ахьмад, Бадуев СаьIид, тIаьхьо Мамакаев Мохьмад, Арсанов СаьIид-Бей, Ошаев Халид, 30-чу шерашкахь царна улло дIахIиттира Музаев Нурдин, Айсханов Шамсудди, Мамакаев Iаьрби. И шераш чекхдовлуш литератури юкъа баьхкира тIаьхьо шайх гIарабевлла яздархой хилла болу Сулейманов Ахьмад, Сулаев Мохьмад.

Мамакаев Iаьрби, Сулаев Мохьмад, Сулейманов Ахьмад яздан буьйлало хан (1930-чу шерийн шолгIа эхе) оьрсийн поэзи юкъа патриотически тема еана хан яра. Цуьнан бахьана дозуш дара Европехь Гитлеро тIемаш болорца а, цо СССР-на тIелата кечам беш хилла хиларца а.

Ша-шаха кхеташ ду нохчийн поэташ оцу хиламашна сема хилла хилар. Нохчийн поэзина а юкъайогIу патриотически теманаш. Нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Ленинхо», «Ленинан некъ» газетийн агIонаш тIехь арайийлира вай цIерш яьхначу а, кхечу къоначу а поэтийн патриотически дог-ойланех юьзна дукха стихаш. Царах дукхахъерш Советски эскарехь гIуллакх деш хиллачу нохчийн къонахошна язйина яра.

ЦIерш яьхначу кхаа поэтан кхолларалла цица доьзна ду, къаьстана Мамакаев Iаьрбин цIарца, нохчийн поэзина лирикин жанр юкъаяр. И хан тIекхаччалц нохчийн поэзи, кхечу халкъийн поэзи санна, колхозийн белхийн, советан Iедалан хазалла юьйцуш йолу социально-политически лирика яра. Нагахь санна Мамакаев Iаьрби 1940-чу шарахь «Теркан тулгIе» цIе а йолуш шен стихийн сборник арахеца кхиънехь (иза Ахьмадал 4 шо воккха вара), Ахьмад иза дан ца кхиира: 1944-чу шарахь Казахстане дIавигначу Ахьмадах цигахь

поэт хилира, аьлча а цигахь нохчийн халкъо хьоьгу Іазап, бала а гаро кІаргйира цуьнан дахарх, дуьненах еш йолу ойланаш.

Делахь а поэзин книга арахеца сих ца лора иза. 1957-чу шарахь Казахстанера шен Даймахка цІа веана Ахьмад нохчийн берашна школехь нохчийн меттан, литературин хьехархочун болх бан волавелира. Хьалха-МартантІехь, Олхазар-КІотаран школашкахь директоран белхаш а бира цо.

1967-чу шарахь араелира цуьнан, «Безаммий, шаьлтий» цІе а йолуш, дуьхьарлера стихийн, поэмийн сборник. Сулейманов Ахьмад лирик вара. ЦІеяьккхинчу сборник юкъа яхара цо Даймахка цІа вирзича язйина стихаш. Уьш, кхечу цуьнан нийсархойн стихотворенеш санна, Даймахках хьегна, цунна сагатдина шаьш хиларе терра, цуьнан хазаллех, цо луш йолчу синпаргІатонах лаьцна язйина яра.

Амма Сулейманов Ахьмадна шатайпа гора стеган дахаран Іалашо, цунна Даймахко хьалха хІиттош долу декхарш. Стаг шен халкъана хьалха декхарехь ойланашца, сица цІена хила везаш хилар – и тайпа волчу стеган васт кхуллу поэто шен дукхахйолчу стихашкахь:

Лойша суна шийла шовда,
Амма цІена шовда ло!
Адмийн дегнаш, чуьра мекха
ДІаяьккхина, цІандийр ду.

Лойша суна, безам лойша,
Амма сирла безам ло!
Дерриг халкъаш, барт цхьаъ бина,
Бертахь даха ховшор ду.

Лойша суна сийна стигал,
Амма цІена стигал ло!
ХІай адамаш! Лаьттахь, стиглахь
Ас машар дІахІоттор бу!

Лойша суна, аша ирс лойша,
Дуьненнал ирс суна ло!

Сайна пайда цунах ца беш,
Шуна ас и дIалур ду!

Даймахке сайн безам гайта,
ДоттагIий, аш таро ло!
Цуьнан дуьхьа муха веха,
Муха ле, ас гойтур ду!

Массо адамийн бала кхаьчна, царна шен ирс дIадала, уьш бертахь дахийта, Даймахке болу безам кхин а кIаргбан, цуьнан дуьхьа вала а кийча волу лирически турпалхо валийра Сулейманов Ахьмада нохчийн поэзи юкъа.

И турпалхо шен ойланца, вахарца, нийсонан, бакъдолчун, оьздангаллин лай ша хиларе терра, нехан хьашташна вехаш ву:

Ницкъ болчо гIело еш
Шел эшначунна,
Кхерстара сан дегIехь
Нийсонан цIе,
Харцонах чекхдовлий,
Тоьпан хIоъ санна,
Ма кхочура сан дош
Бакъонна тIе...

Ма дохковаьлла со,
Ма дохкохваьлла!
ДIаала дезачохь
Цкъа дош ца аьлла!

Тоьллачо гIийланиг
Харцонна хьийзош,
Бехказа ца вуьтуш,
Ницкъаца хьийзош...

Ма дохковаьлла со,
Ма дохковаьлла!
ДIаала деззачохь
Цкъа дош ца аьлла!

Доьналла долуш ву и турпалхо, комаьрша ву, цо «гІуллакх дина шел гІийлачарна: тІехаа дин белла, делла герз, шех дийца хастаме дош дуьтуш, комаьршо хестаеш, бекийна мерз...»

Амма «кІеззигчу хІуман тІехь цкъа осалваьлла», дохковаьлла иза:

Цкъа, чІогІа гІо эшна
Со волчу веанарг,
Тергал и дІа ца веш,
Юхаверзорна, –

дохкохваьлла турпалхо.

Адамийн хьашташна
Іуьйренца гІоттий,
Малх кхетале хьалха
Воьдура со,
ГІуллакхдар ца хилча,
Хуьлуш саготта,
Со вецаш дІадаха
Сан кхузткъа шо.

Амма «цкъа цхьаннан гІуллакхна ара ца ваьлла, езаш йолчуьнга сонта дош аьлла, кІеззигчу хІуман тІехь цкъа осалваьлла, цхьалхха цкъа малхана дуьхьал ца ваьлла»:

Ма дохковаьлла со,
Ма дохковаьлла!

Бакъволчу нохчийн къонахчун васт диллина Сулейманов Ахьмада оцу стихотворенехь. Бакъволу нохчийн къонах хила а хилла поэто диллинчу лирически турпалхочун вастах тера: шеца кІезиг хІума доцуш, нехан муьлххачу а гІуллакхна, мокхаз берд санна, бІо ца къажош, дІахІуттуш. Ма-дарра аьлча, шен ойланаш, васт ду Ахьмада цу стихотворени тІехь диллинарг.

Къонахойн васташ, къонахаллин тема ю даим а Сулейманов Ахьмадан коьрта тидам тІеийзош ерш:

«Къонаха мила ву? И меллалц веха?» –
Хаьттира ахь соьга, шуьнехь Іаш вай.

– Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!
ХIар дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай!

Ламанца дин лелац, ца хилча ленаш,
Уьш кхачаделлачохь соцуш бу дин...
Иштта бу къонахий, хIара дуьне латтош,
Къонахий дIабевлча, духур ду и!

Къонаха дахаран синIхенийн мерз бу!
Къонаха – дуьненан гIайгIанийн шад!
Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!
Къонаха – пха кхосса дуьйлина Iад!

Къонаха вехийца Даймехкан сийнна.
Даймехкан сий лардеш, вала а и ле!
Ле иза, кхин ваха ца лууш санна,
Лен воцчу сийлалле кховдаеш цIе!

*(«Шуьнехь дош»)*

И тайпа къонахий Сулейманов Ахьмад ваьхначу шерашкахь а болуш бара. Цкъа-делахь, цо школашкахь хьехархочун, директоран белхаш бечу шерашкахь советан Iедало башха къобалдеш дацара берашна нохчийн мотт хьехар. Иза хьеха а беза, школашкахь цу маттана лерина долу сахьташ алсамдаха а деза аьлла, уггар хьалха Iедале дIахаийтинарг Сулейманов Ахьмад вара. Оцу луьрчу заманахь нохчийн интеллигенци кхиа ца юьтуш, нохчийн культура, литература кхиарна новкъарло еш долчу Iедална ца дезара Сулейманов Ахьмада цу хьокъехь лаьцна дуьйцург. Иза Iедало хьийзо волийра, амма къар-м ца велира иза Iедална.

Оцу шовзткъе итт шерийн шолгIачу эхехь, 60–70-чуй шерашкахь (1973-чу шеран 1 август тIекхаччалц) интеллигенцин тхьамда вара, ала мегар ду тахана, Мамакаев Мохьмад. Ткъа шо гергга лаьцна, чохьваьллина, Северан лагершкахула чекхваьлла вара яздархо, поэт, публицист, юкъараллин деятель Мохьмад. Цо, оза а ца луш, Ошаев Халида санна, дуьхьало йора оцу Iедална, нохчийн истори, мотт, культура сийсазъечарна. Мамакаев Мохьмад цу хенахьлерчу

наха лоруш, гIоьнна кийчча лаьтташ вара. Цунах наха, и «наж санна стаг ву», олура. Цуьнан вастах тера хета Сулейманов Ахьмада «Борз ю угIуш» (Мамакаев Мохьмадна)» стихотворенехь диллинчу нажан:

Борз ю угIуш дера-дера.
Дарцо тIаьхьара лоькху йиш.
ДIасхьалестош, дитташ тIера
Цо, каетташ, доху гIаш.

Къона синтарш махна хьалха,
Шарлуш, лаьттахь дийши дIа.
Ткъа турпал наж бодац шалха,
Буьрса дарц цо доьху схьа.

Стигла лестарх, и ца кхоьру:
Лаьттах чIогIа ийна бу.
Кхин цхьа а ницкъ цо ца лоьру, –
Дахаран ницкъ боккха бу!

Синтарш лардеш, стелахаьштиг
Уьйзира цо шена тIе.
Метта кхетта, отуш бIаьштиг,
Ножах латий сийна цIе.

ГондIачарна маршо яккха
Хьуьнар долчо хало лов.
Дахар иштта дебац тIаккха?
Хиллий толам, йоцуш чов?

Гуш ма-хиллара, Iаламан сурт поэзин гIирсашца (метафора, иносказани, аллегори, кхиерш) кхолларца поэто диллинарг къонахчун васт ду. Цо бен ца лов хало «гондIачарна маршо яккха».

Нохчийн поэзехь, иза кхоллаелчахьана дуьйна схьа, уггар кхиамца хIоттош долу сурт Iаламан сурт ду. Кхузахь, дуьйцийла а йоцуш, халкъан барта кхолларалле хь халкъо бIешерашкахь ша Iаламе бинчу тидамо кхоьллина суьрташ поэзин гIирсашца билгалбахаран традицех поэташа пайдаэцар дара. Цензура уггар марсаяьллачу хенахь шайн ойланаш, ала дагадеана дош, кхолла дезаш долу васт, нийса дIа ца олуш, хьулдан дезаш бара поэташ советан Iедал лаьттинчу

хенахь. Оцу муьрехь Іаламан сурт хІотторца дуьйцу цара нийса дІаала йишйоцург. «Ткъа турпал наж бодац шалха, буьрса дарц цо доьху схьа» – иштта кхоьллира Сулейманов Ахьмада Іедало хьийзош волчу, амма къар ца веллачу Мамакаев Мохьмадан васт.

Хьовсур вай Сулейманов Ахьмадан могІанийн чулацаме:

Акхарой, олхазарш нисло бертахь,
Кхерамехь вовшашна цара гІо до...
Іаламехь дерриг а ду-кх шен-шен меттехь,
Тешнабехк вон хилар хьанна ца го?

*(«Сай»)*

Сулейманов Ахьмад санна Іаламан хазалла а, амат а, бес-бесара суьрташ девзаш, цаьрга дукха тидаме хьежна поэт вацара нохчийн литературехь. Лаьмнашкахь вина, Іаламна юккъехь кхиъна, вокхахилча, «Нохч-ГІалгІайн топоними» тІехь болх беш, гІаш ерриг Нохчийчоь, де-буьйса ца лоруш, волавелла лелла, хІора ломан, Іаннийн, меттигийн, тайпанийн цІерш дІаязйина стаг вара Ахьмад. Цунна санна стеган дахарехь нохчийн гІиллакх-оьздангаллин маьІна хууш хир вацара мил-милла. Цундела ду цо хІоттош долу Іаламан сурт хаза, кІорггера маьІна долуш:

Іаьржа буьйса, буьрса буьйса.
Дарцо левсе кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьалтуьйсу,
Халчу новкъа вогІу со.

Сан бора дин ма кІайбелла –
Дарцо тІе хІур биллина.
Ломахь тхойшиъ некъах тилла,
ХІусмах ас дог диллина.

Цецах санна, гІиттош верта,
Сох чекхбуьйлу шийла мох,
Тхойшиннех шен пхьор дан гІерташ,
БІарзо бІаьргаш къегабо.

Сан дин, сой – шиъ дарцо гІорош,
Шело даге кхийдайо, –

Хьеше кхойкхуш цхьаннан-м корехь
ГІийла серло еттало.

Барзах, къуьнах хьаша къасто
Іамийна вайнехан пхьу,
Генна дуьхьалдогіий, хьоьстуш
Тхойшинна некъ хьоьхуш ду...

– ХІей нах! – олий, ас мохь туху.
Корехь серлаболу чиркх.
Вевзаш вацарх, ломахь наха
Даим оьцу хьаша чу.

«Беркат шорта хуьлда хьоьца!
Воссал динара, хьаша, хьо!» –
Олуш, онда луьйта лоций,
ХІусамдас со воссаво.

«Дела ва хьо могуш-маьрша!
Ма гІелвелла хир ву хьо!
Кху тхан тишчу хІусмах вашахь,
Даккхахь тхоьца дийнна шо», –

Олий, йоьлуш, дуьхьалйогІу
Нохчийн оьзда хІусамнана.
Шарахь цаьрца Іан дог догІу,
Ваха деззашехь сан кхана.

Вайн кхерчарчу цІарочул а
Хьаша вохвеш, йовхо луш,
Ю вайнехан комаьршалла,
Ду вайнехан оьзда дош!

*(«Дог доxден цІе»)*

Іаламо, бакъдолуш, стеган дог-ойла цІанйо, синхаамаш кІаргбо. Сулейманов Ахьмадан безаман лирикехь къеггина хаало иза. По-это безамо самаяьхна шен ойланаш Іаламан суьртех тарйо: оцу

метафорша, дустарша хоуьйту вайна, мел кIорге хилла лирически турпалхочун езачу йоIе безам, мел цIена хилла цуьнан йоIаца хила еза юкъаметтиг, мел хаза дуьллу цо йоьIан васт:

Орцан дукъахь дато маIаш
Туьйсуш, баттo сагатдо...
ЦIестан кIудал нохчийн йоIа
Шовдана кIел сецайо.

Хета, баттах схьабухдуьйлуш,
КIудал юзу шовдано.
Нур-зIенаршца безам муьйлу,
ЙоIах хьерчаш, цу батто.

КIудал юьзна... Iанаоьху
БIаьрхих тера дато хиш.
Ткъа, йоI гича, дог а лехий,
Нохчийн кIанта лоькху йиш:

ЙоI, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур ло суна хьайн!

Маржа! ХIинцца доцу кема
Ткъесах гIатта космосе!...
Маршал хатта, даржош тIемаш
Хьол генарчу седане!

Лоцур дар-кха стелахаьштиг,
Стигла кхарсто сийна цIе,
Стиглан дари цIарца дагош,
Хьан цIе язъян цунна тIе!

ЙоI, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур ло суна хьайн!

*(«Баттo сагатдо»)*

Поэт безамах воккхавеш а, безамо човхийна а вара. Дуккха а берашца ша висна, безамах хьегна а вара. Дахарца йолу марзо кхоччуш юьзна ца хуьлу стеган, иза безамо вохвина а, хьистина а вацахь. Хьовсал шу, кхоччуш ца хиллачу безамо йитина мел къаьхьалла ю хIокху стихотворенехь:

Вовшийн хила доьгIна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьо езнариг дагалоцуш,
Цкъа сан коше ялалахь.

Сох дисина дуьне делхош,
БIаьрхиш охьа ма хецалахь.
Къа ца хеташ, дог ца лозуш,
Екхалой а хIотталахь.

Безам буьйцуш байташ язъеш,
Чурт кхала ма гIерталахь.
«Хьо чекхвели!» оххуш, яздай,
Цхьа акха тIулг богIалахь.

Цу тIулга тIе хIора сарахь
Цхьа олхазар хуьйшур ду...
Безам хестош и декарехь
Хьан дог доьлхуш хезар ду.

Вовшийн хила доьгIна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьо езнариг дагалоцуш,
Цкъа сан коше ялалахь.

*(«Весет»)*

Сулейманов Ахьмадан поэзин шуьйрачу а, кIорггерчу а чулацамах доцца ала гIоьртича, билгалдаккха мегар дара: цуьнан поэзин йозалла, механлла йинарг ю цо къонахаллин, доттагIаллин, безаман сийлахьчу кхетамийн философи цхьаммо а ца йийцинчу кепара йовзийтар. Бакъволчу кьонахах бен бакъволу, тешаме доттагI хуьлуш вац («Борз ю угIуш»), цIенчу, хьаналчу безамо бен стагах къонах

веш вац («Безаммий, шаьлтий» поэма) – деза, таханлерчу чолхечу дахарх чIогIа пайдехьа дешнаш ду поэто дуьйцурш.

Иштта ю Сулейманов Ахьмадан кхолларалли коьртачу теманийн агIонаш. И кхолларалла шуьйра, кIорга ю. Вайн литературоведенехь цуьнан кхолларалла, кхечу дукхахболчу яздархойн кхолларалла санна, кхоччуш мах хадоза ю.

Сулейманов Ахьмад, кIорггера поэт хиларал совнаха, илланча а вара. Иллийн дешнаш, мукъамаш ша язбора цо. Цул сов, воккха Iилманча а вара иза. Цо, маситта шарахь, Нохчийн Республикехь дуьххьара гулйира, зорба а туьйхира «Нохчийчоьнан топоними» Iилманан балхана. Кхечу меттигашкахь и тайпа белхаш язбеш Iилманчийн якхий тобанаш хуьлура.

### *Хаттарш, тIедиллар*

1. ХIун исбаьхьаллин башхаллаш йолуш ю Сулейманов Ахьмадан поэзин?
2. Муьлхачу дешнашца дуьйцу поэто нохчийн халкъан сий-оьздангаллех?
3. «Сулейманов Ахьмадан безаман лирикин чулацам» темина сочинени язъе.
4. «Сулейманов Ахьмадан поэтически кхолларалли на Лермонтов М.Ю. бина тIеIаткам» темина реферат язъе.

*Литература*

1. Гайтукаев К.Б. О влиянии М.Ю. Лермонтова на поэтическое творчество А. Сулейманова». – В кн.: «Поэзия и современность». Грозный, 1981. С. 37–52.

### *Текстана комментари*

Сулейманов Ахьмадан кхолларалли хатI, чулацам, дешнашца поэзехь цкъа а ца хиллачу кепара суртхIотторан говзалла, цуьнан васташ и д. кх. а – уьш дерриш а цуьнан ду, иза цхьаннех тера вац. Цул совнаха, иза хаза аз а долуш, ладугIучун дог пергIат ца дуьтуш болу чулацам болуш иллиалархо вара, дечиг-пондар тIаьхьа а балош.

Ахьмада ша, шен лаамца, язбира Iаламат боккха а, тахана цуьнан мах бина вер а воцуш болу боккха Iилманан-талламан болх – «Топонимия Чечни» (4 том). IIIа, юххехь накъост а воцуш, цо гIаш лелаш теллира нохчийн ярташ, хиш, тайпанаш, тайпанийн орамаш, кхидолу дуккха а нохчийн халкъана тахана Iаламат пайдехьа долу гIуллакхаш.

ТIаьхьо, Нохчийчохь юкъараллин-политически долу хьал хийцаделча (XX бIешерийн 90-гIа шераш), цуьнан поэзин цхьайолчу жанрех (масала, поэма «Цхьа-ши дош») нийса ца кхеташ тоба хааелира, амма царна оьшург оцу поэмин эстетически мехалла яцара, цара лоьхург шайн политически Iалашонна гIо оьшуш лелош дара.

Тхо (Мамакаев Мохьмад, Туркаев Хьасан) кест-кеста хуьлура Олхазар-Кlотарахь школан и директор волчу хенахь цуьнан хlусамехь. Хlинца а, дуккха а шераш цул тlаьхьа дlаихнехь а, зевне декаш санна хета цо, пондарх пlелг тосуш, лекхна иллеш («Кхокха», «Къонаха мила ву, и меллалц веха...», и. д. кх. а).

***Гlиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай***

Сулейманов Ахьмадан поэзи (лирика, поэмаш), ерриг аьлча санна, нохчийн гlиллакх-оьздангаллех лаьтташ ю. Шен дахарехь вара иза иштта гlиллакх-оьздангаллех вуьззина. Цуьнца дуккха а цхьаьна хиллачарна дика хаьа иза. («Къонаха мила ву, и меллалц веха...», «Безаммий, шаьлтий», «Дог дохден цlе», «Борз ю угlуш», кхин дуккха а цуьнан поэтически произведенеш нохчийн гlиллакх-оьздангаллех дуьйцуш ю.)

1. Къоман муьлха гlиллакх дуьйцу поэто буьйсана новкъах тилавелла хьаша уьйтlа хlоьттича? Хlусамдас, араволий, муха воссаво и хьаша говрара?

2. Муха, муьлхачу дешнашца дуьхьалйолу хlусамнана хьешана?

3. Муьлхачу дешнашца дуьйцу поэто вайнехан оьздачу дашах, вайнехан комаьршаллех лаьцна?

***Произведенийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай***

Сулейманов Ахьмадан поэзехь даим а ду дешнаш: кхерар, цlе, шаьлта, комаьршалла, оьзда дош, шийла шовда – сирла безам, ма дохковаьлла со, къонах мила ву, хин чами, дато мlараш туьйсуш и. д. кх. а.

1. Тидам бе текстехь муьлха васт (Iаламан я тlехьийзачу йоьIан) кхуллуш леладо поэто и дешнаш, эпитеташ.

2. Муха бу «Безаммий, шаьлтий» поэмин дlахlоттам?

3. Хlун проблема ю, шуна хетарехь, поэмехь айъинарг: социальни, адамийн юкъаметтигийн? Шайна хеташ дерг тlечlагlде.

## ЛИРИКЕХ, ЛИРИЧЕСКИ ТУРПАЛХОЧУХ КХЕТАМБАЛАР

Лирика (греч.) – лирин аьзнаш тlаьхьа а далош, йиш лакхар. Лирика исбаьхьаллин литературин цхьа дакъа ду (эпос, драма санна).

Лирика шен цхьамогIа башхаллаш хиларца къаьсташ ю литературин кхечу жанрех.

Лирикехь цхьана стеган амал цо шен хазахетарш, я халахетарш, я дагна тIеIаткьам бинарш дийцарца схьаеллало. Лирически турпалхочо йовзуьйту вайна стага дахарх лаьцна еш йолу дог-ойла. Оцу дог-ойлано чулаца мега безамах, философски ойланаш, политически я публицистически формехь дахарх лаьцна дийцар, Iаламан

хазалла йийцар, цуьнан къайленаш йовза гІертар, вуьшта аьлча, тайп-тайпанчу ойланийн херцар а, керчар а гойту.

Лирически турпалхочун дог-ойла цо дечу гІуллакхашкахула, хуьлуш лаьттачу Іоттабаккхамашкахула ца евза вайна, дахаран хиламашца бозуш болчу, цо самабаьхначу цуьнан цхьацца синхаамаша йовзуьйту вайна цуьнан дог-ойла, дуьнене хьежар, дахаран Іалашо. Поэтан ерриг а бохург санна лирически стихотворенешка тидаме хьаьжча, хаало, гучуйолу лирически турпалхочун амал, поэтан эстетически кхетам.

Лирически турпалхочун васт, поэтан васт кхоччуш цхьатера ду, бохург нийса хир дац, поэтан хьежар, эстетически кхетам цуьнан кхолларалле хь даим а лирически турпалхочух къасталур боцуш белахь а. Цундела лирически турпалхочун дог-ойла, синхаамаш поэтан болуш санна тІеэцар хиллане а нийса хир дац. Лирически турпалхочун васт поэто кхуллу, литературин кхечу жанрашкахь исбаьхьаллин васт санна, дахаран типически хиламашна тІе а теІаш, уьш исбаьхьаллин формехь шена гучу, хетачу кепара бийцарца. Цуьнца доьзна аьлча, поэтан амал, дог-ойла, синхаамаш (цуьнан биографий, кхолларалли вовшашна гергатаьІча) авторан прототип хуьлу, ткъа лирически турпалхо – царна тІе а теІаш, кхоьллина васт ду.

## ПОЭТИЧЕСКИ МАТТАХ КХЕТАМБАЛАР

Поэтически меттан шен башхаллаш ю. И башхаллаш йо поэтически мотт наха вовшашца буьйцучу маттах мелла а къаьсташ хиларо а, оцу маттана хьалха лаьттачу шатайпа исбаьхьаллин Іалашонаша а.

Яздархочо, поэто нехан дахар исбаьхьаллин дашца юха карладоккху тайп-тайпанчу меттан гІирсашца, меттан хотІаца (стиль). Хьалха лаьтташ йолчу Іалашоне хьаьжжина нисло яздархочун меттан хатІ (Іилманан, гІуллакхан, къамелан, дагара, и. д. кх. а.). Поэтически мотт дукхахьолахь шина тайпана хуьлу: персонажийн мотт, дуьйцучун мотт. Поэтически матто кхочушдо исбаьхьаллин литературо кхуллучу вастан дог-ойланийн кІорге гайтар. И Іалашо кхочушхуьлу доккха маьІна долуш йолу меттан хазйина кепаш бахьана долуш – эшаран карчам, аьзнех къамел тардар, и. д. кх. а.), нагахь персонажан я дийцаран Іаткъаме (чарпе) хьал гойтуш уьш елахь. Меттан хазйинчу кспаша до яздархочун хатІ, уьш йозуш ю исбаьхьаллин некъаца.



**АРСАНУКАЕВ Іабдулмуслиман Шайхи**

***(1930–2013)***

*Вина Веданан кІоштан Дишни-Веданахь 1930-чу шеран 15 августехь. Дешна Семипалатинск-гІаларчу финансийн техникумехь. Чекхъяьккхина Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Къахьегна: финансийн органашкахь, зорбатухийлехь редактор, «Орга» альманахан коьрта редактор, яздархойн Союзан правленин председатель (1988–1994). Поэт, гочдархо, публицист, критик.*

*Книгаш: «Лаьмнашкахь Іуьйре» (1965), «Безаман шовда» (1967), «ЦІеран суй» (1969), «Новкъахь» (1970), «Стихаш» (1971), «Сийна некъаш» (1973), «Лакхенан гІиллакх» (1975), «Тешам» (1978), «Керла де» (1980), «Кхолламан сизаш» (1987), «Лаьмнийн иллеш» (1991), «Сийна гене» – І-ра том (2009), «Уьш харжа йиш яц» – ІІ-гІа том (2009).*

ХІордан тулгІено, шена хьалха йоьдучу тулгІенна тІе а керчаш, иза дІатоьтту, цуьнан болар сихдо. Иштта ю-кх хІокху дахаран амал а – тулгІенийн боларх терра: хьалха дІаоьхучу чкъуран белшаш тІе а теІаш, цуьнан хьекъалх, цунна дахаран къайленаш йовзарх а Іемаш, цуьнан новкъа, шена тІеуьдуш кхин тулгІе юйла а хууш, тІекхуьуш долу чкъураш а дІаоьху, дІаоьху, дІаоьху...

Ткъа исбаьхьаллин дешнех юьйцина литература а ма ю дахаро кхоьллина. Иза кхоллаелла и дахар кхидІа а хаздан, нехан дегнаш, цуьнан хазаллех цецдохуш, сиха деттадалийта, я дахарехь нислуш болу къаьхьа чам а Іовшийтина, Іийжо, таІо.

Нохчийн поэзис кхочушдина, хІинца а кхочушдеш ду дахаро деттачу оьвно кхоьллинчу чулацамца и шен декхарш.

Цо кхочушдина декхарш нохчийн поэзи когаметтахIуттучу хенахь (XX бIешеран 20–40-гIий шераш) чолхе а, хала а декхарш дара: замано хахорцучу муьрехь (1917 шо) нисвеллачу стеган коьртехь гулъелла ойланаш дIаса а яржийна, дахаран хазалла а гайтина, ша шен лакхара мах хадо кечъян езаш яра цу хенахь кхоллаелла нохчийн поэзи. И сийлахь декхар шайна тIеийцира цу хенахь къоначу, амма йоккха корматалла йолчу поэташа Нажаев Ахьмада, Мамакаев Мохьмада, Мамакаев Iаьрбис. Цу шайн декхаршна тешаме бара уьш 50–60-гIий шераш хийцалучу хенахь а.

Амма цу шерашкахь заманан чулацам кIорггера хийцабеллера: цIерш яьхначу а, кхечу а поэташа (масала, Сулейманов Ахьмад) къона болуш дахаро шайна хьалха хIиттийнчу декхаршна исбаьхьаллин дашца жоп деллера, ткъа 1950–1960-гIий шерийн заманан чолхечу чулацамо нохчийн халкъана хьалха хIитточу чолхечу хаттарех дийца кхин керла, къона ницкъ оьшура. И ницкъ беара оцу шерашкахь къоначу поэташка – тулгIенна тIаьхьа тулгIе йогIура...

Арсанукаев Шайхи вара оцу керлачу ницкъаллин тулгIенийн буьххьехь лаьтташ, хIетахь, 1960-гIа шераш дуьйлалуш, гинарг. Ткъа хIинца... ХIетахь дуьйна шовзткъе итт шо сов зама яьлла, амма цуьнан тулгIено беана поэзин ницкъ хIинца а, къоначу стеган пхенаш чохь уьш дуьззина чехка лелаш долу довха цIий санна, лах ца белла нохчийн поэзехь. Мелхо а, оцу ницкъо латтош бу цуьнан исбаьхьаллин философин чулацам.

Цуьнан хьалхара кхолларалли гIулчаш, иза яздан волалуш волу къона поэт велахь а, онда яра. Шайхин хьалхарчу стихотворенешкахь хааделира поэтан корматалла нохчийн классикийн Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан поэтически кхолларалли тIехь дебна а, кхиъна а йогIуш хилар. Цундела кхеташ ду, волалуш волу поэт цхьана кIеззиг йолчу ханна дахаран, кхолларалли некъаш Iаламат эвсаре хиллачу къаношна карийнчу идейша а, васташа а схьалацар. Литературина юкъавогIуш волчу муьлххачу яздархочун хилла а, ца хилча ца болуш болу некъ бара стихотворенеш язъян волалуш Шайхис бинарг а.

Цуьнан хьалхарчу стихашкахь хаалора къоначу поэтан дахаран хазалло хьехна сирла ойланаш нахана йовзийта гIерташ йолу Iалашо. «Сирла ю ойланаш, кийрахь дог ойуш», – яздора хIетахь Шайхис.

«Лаьмнашкахь Іуьйре» (1965) гуларна чуйогІу стихаш дешархочун дог ойуш, цуьнан дахаре болу безам тІечІагІбеш яра.

Масала, Даймохк безаш ша хилар хоуьйтуш:

Даймохк, хьох къаьстича,
Вахар а оьшуш дац,
Цхьаьна хьоьца декънарг бен,
Кхин ирс со лоьхуш вац, –

аьлча, тоам бира хІетахь Шайхис. ТІаьхьо, вайн деношкахь, Даймехкан, цуьнан даге хьоьжуш волчу Даймехкан кІентан вовшашца йолу идейни, философски уьйраш, къайленаш гучуйоху цо.

Хьалхарчу гуларехь а хаалора поэтан кхолларалле хь тІаьхьо кхин а кІарглур йолу теманаш. Къаьсттана билгалъевлларш яра поэтийн-гуманистийн исторически вовшашца хилла йолу зІенаш, хьомечу халкъан тайп-тайпанчу халкъийн кхиаран проблемаш, заманан сиха болар, стагана лаьтта тІехь вахарна билгалйина хан вуно кІезиг хилар, цо дан дезаш долу гІуллакхаш.

«А.С. Пушкине» стихотворенехь сийлахь-воккхачу гуманистан хІусам ган лиьна веанчу нохчийн поэто дуьйцу оьрсийн классико Кавказан ламанхойн хьокъехь йинчу ойланаша тахана ламанхошна дага тІе туьйсучу сирлачу ойланаша керла, нуьцкъала поэтически дош кхуллуш хиларх лаьцна.

Оцу темица къасталур йоцуш, йозуш ю поэто хІиттийна нохчийн дог-ойланийн хазна кхиаран проблемаш. «Ненан мотт» стихотворенехь «Лермонтовс, Толстойс а ладегІна, Услара даггара хестийна, моз санна мерза, ламанан шовданал цІена болу» нохчийн мотт цхьаболчара «доьзалехь бийцар а дастам а хеташ, сов къен бу дешнашца, бац атта кхеташ» бохуш, дІатасаран тІаьхьенан маьІнех дика кхеташ волчу поэто хІоттайо проблема: къаьмнийн, халкъийн вовшашна тІсттІахилар дозуш ду церан меттанаша, культураша зазадаккхарца.

Дуьххьара вайга кхаьчначу Шайхин стихотворенешкахь тІаьхьо хинйолчу шуьйрачу ойланийн хьалхара хаамаш хаало. Лаьтта тІехь дан дезачу хьаналчу гІуллакхийн маьІна шен халкъан, Даймехкан кхолламца дозуш хилар хоуьйту цо шен «Замане» стихотворенехь:

Хаац, мел хир сан некъ беха,
Мичхьа кхочур со.

Амма херлур вац сайн халкъах,
Цунна дуй ас ло!
Синтем боцу дог сан кийрахь
Детталуш мел ду,
Даймахкана гІуллакх дан а
Даим кийча ву.

Шен Іалашонна тІекхача гІерташ, шегара ондда хьуьнар гайта, шен берриг ницкъ дІабала стаг паргІат хила веза – и маьІна ду «Лаьа суна» стихотворенин. Оцу стихотворенехь дуьххьара гучуйолу Арсанукаевн кхолларалле хь гуманизм тІечІагІъяран, тІамна дуьхьал йолу ойланаш.

Дахаран кІорге, дуьненан шоралла гар, Іаламо стаге кховдийнчу ницкъан, хьекъалан хьесапах кхета гІертар догІу тІеттІа цуьнан стихотворенешна юкъа. Лирически турпалхо, нагахь, хьалхарчу стихотворенешкахь шен дагой, бІаьргой схьалаьцначух воккхавеш хиллехь, тІаьхьа, муьлх-муьлххачу кега-мерса хІуманех цец а ца вуьйлуш, стеган дахаран Іалашо, цуьнан ницкъан къайле гучуяккха гІерташ ву. «Дахаран гІовгІа», «Некъахо», «Инзаре ницкъ», «Дахаран денош», «Дуьнен чу валале мичахь со хилла?», «Сан некъ», кхин дуккха а стихотворенеш ю поэтан шайн чулацамехь лирически турпалхочун дахарх лаьцна ойланаш еш. Хьалха, кхолларалли хьалхара гІулч йоккхуш, турпалхочунна «лиъ нера ирсехьа кховда, гІовгІанна ваьлла... гена»:

Моьттура поэзин шовда,
Тийналлехь бухдуьйлуш, Іена...

ТІаьхьо кхета иза, «гІовгІанах яц ведда гІойла, дахаран гІовгІа и хилла!» Цундела шен декхар, дахаран гІовгІанна юккъехь а волуш, иза кхин а хаздар, лаьтта тІехь токхе яржор лору цо. «Со адам» стихотворенехь кхоччуш йовзуьйту цо шен Іалашо:

Кхиъна со.
Инзаре ницкъ ІаьІна дегІехь!
Ткъа хІинца, гІаьттина
Дуьне а эшо,
Сирла бІаьрг бетта ас.

*(«ХІун ду цул дехьа?»)*

Кхузахь шуьйра чулацам болчу тардарша лирически турпалхочун вастан философски чулацам шорбо, цара кхуллу шегахь хьекъалан, технически ницкъо космос талла а, кхидолу дуьненаш лаха а корматалла йолчу гуманизмах вуьзначу стеган васт. «Инзаре ницкъ» стихотворенехь и тема кхидIа а шорйо Арсанукаевс: «Цкъа хIордан бух охку, хахкало тIаккха космосе, ткъес санна, латта дуьтуш!»

*Даймехкан, доттагIаллин теманаш.* Даймехкан сийдар, цуьнан дуьхьа шен вахар, са дIадалар – иза ду вайна хьалхарчу рогIехь поэтан лирически турпалхочун амалехь хаалуш дерг. Бохь лекхачу волучу турпалхочун дагара цкъа а дIа ца долу ша «сийлахьчу Даймехкан гражданин» хилар. «ХIора стеган ши нана ю» – и сирла ойла дагара ца йолу турпалхочун. «Ши нана» стихотворенехь «кIант вина нана, ахьа стенна йо ойла?» олий, хаттар а дой, дуьйцу турпалхочо шен дагара: «Кхайкхина озо дIа генна, гIаттийна Декхаро». Уьш Даймехкан шолгIачу ненан аз а ду, цунна хьалха долу декхар а ду. «ГIаролехь латта, шен кIант дIавоьхуш бу Даймохк – вайн Нана».

Даймохк, Даймахке болу безам – и дешнаш поэтан кхоллараллехь кIорггера чулацам болуш ду. Даймехкан вастан шоралла йогIу цуьнан поэзехь, цо оьрсийн, украинцийн, гуьржийн, кхечу халкъийн васташ дахкар бахьана долуш. Цуьнан поэзина шуьйра юкъаяьржинчу кхечу халкъашка йолчу доттагIаллин, безаман догойланаша, церан синмехаллин хазнех воккхавеш, цунах пайда оьцуш волчу лирически турпалхочо дохкучу исбаьхьчу васташа кхуллу Даймехкан дийнна васт.

Лирически турпалхочун дог иракарахIоттийна, иза дахарехь хIайт-аьлла вийриг кхо лакхе ю. Нохчийчоь цуьнан хIусам ю. «Цул еза меттиг яц дуьнен чохь дагна», «Кавказ – со вина юрт. ХIора го кхузара хьоме бу суна»:

Ткъа Росси Даймохк бу
Сан Сийлахь-боккха.
Бохь лепа
Кхо Лакхе –
Сан кхоллам,
Безам.
*(«Кхо лакхе»)*

ДоттагIаллин тема дIайолаелира Шайхин кхолларалле хь «Суьрта хьалхахь» стихотворе ница. Гуьржийн сийлахь-воккха поэт Шота Руставели вина барх I бIе шо кхачарна язйинчу цу стихотворенехь кIорггера гойту цо «жима нохчийн халкъ» Шота Руставели «везаш, лоруш хилар». Ткъа вайн дегнашна боккха кхаъ луш ду кхечу къаьмнийн йолчу синмехаллин хазнех нохчаша пайда эца безар тIечIагIдеш поэт хилар.

Къаьсттана дукха ю Арсанукаевн поэзехь Гуьржийчоьнан, Украинан халкъашна лерина язйина стихотворенеш. Харц хир дацара, нагахь вай оцу стихотворенешкахь доттагIаллин вежаршка поэтан болу безам, цуьнан шен халкъе болу безам санна, кIоргера бу аьлча. «Дакх лаьтта, корта а оллийна, доьлхуш», «Тбилиси», «Нана-Гуьржийчоь монумента хьалха», «Алазань», «Кахети» – иштта цIерш ю Арсанукаев Шайхис Гуьржийн махкана, халкъана язйинчу стихотворенийн:

Тбилиси... Суна и шина суьртехь го,
Ший а ду дагна сов хьоме:
Цкъа моьтту, хьекъале ненан юьхь го,
Цкъа хета – нускал го, олий.

Мел хьоме дешнаш карийна поэтана Гуьржийчоьнан васт дилла – хьекъале нана, нускал! И ший дош хIора стеган дахар дуьззина деш, хаздеш, стеган доьналла латтош ду. Лулахойн лаьттан, гуьржийн вежараллин халкъан васт дуьллуш шатайпа, цхьаммо а лелоза долу дешнаш карийна поэтана. Цара йо Гуьржийчоьнна язйинчу стихийн циклан къаьсттана йолу исбаьхьалла. Ненан монументан ши куьг ду поэтан дуккха а ойланаш самаяьхнарш: «Сов сема ду ши куьг ненан, гIуллакхна даим а кийча ду ший а... Цхьа куьг ду комаьрша, хьешана тIера. Важа ду нуьцкъала, ца бевзаш кхерам, кийча ду тур айа и мостагIчунна». «Зоьртала гIаьттина, дог кура лаьтта» и нана. Цуьнан ши куьг «ширчу лаьмнийн ши амал» ю.

Нохчийн, гуьржийн исторически схьаеанчу цхьааллех, доттагIаллех лаьцна даьссачу дешнашца ца дуьйцуш, кIоргера исбаьхьчу басаршца дуьйцу:

Органера салам эца,
Алазань.
Цхьана хIордан хиш шу деца,

Алазань,
Цхьана диттан ду шу генаш,
Алазань,
Цхьана деган шу ду пхенаш,
Алазань!
*(«Алазань»)*

Вежараллин халкъашка, церан мехкашка бахна безам кхоччуш бийца гІертаро керл-керла исбаьхьаллин жовхІарш карадойту поэтана. Амма, наггахь шен безаман кІорге йовзийта оьшу дош ца карош, холчу а хІутту поэт. Поэто даггарчу безамца шена карийнчу дешнашца оьздачу Украинин, цуьнан кІентийн васташ кхуллу: «Шовда санна хьаьъначу», лилула-сийначу стигал кІелахь «керча ялтийн тулгІеш. Зарзарийн и зевне эшарш, Ворсклин сийна тогІеш...»; Украинин аренийн сурт кийча дІахІоттий поэто. Оцу токхечу, хазчу махкахь поэтана гиначарех коьртаниг хІун ду? Адамаш! Цигахь саца а реза вара поэт, «Грозный яцахьара», дукхадезаш долу лаьмнаш дацахьара:

Уггар лекхачу ломал лекха
Хета суна-м къонах.
*(«Оьзда Украина»)*

Иштта сий деш дуьйцу поэто «гІиллакх, яхь» йолчу Украинин дІаяхначу исторех а. Цуьнан сийлахьчу кІентийн цІерш поэтан дагна езаш, цо лоруш ю. «Полтаван суьйре» стихотворенехь хьалхахІутту вайна тийначу Полтавин суьйренехь ойланашка ваьлла Іачу нохчийн поэтан васт. Поэтана го «Гоголь араваьлла, ойланаш ян хиъна». «Котляревскийс юьйцуш хезна суна цхьа полтавка. Ала соьга, хилий реза: «Хьо юй и Наталка?»:

Доьху, цІе хьайн ахь схьайийца –
Ольга я Олеся?
Ала, лаьмнийн кІанта хІинца
Дагна хІун дан деза?

Гоголь, Котляревский, Леся Украинка – церан а, украински халкъан кхечу сийлахьчу къонахийн а цІерш дика евза нохчашна. Поэтан ойланаш шен халкъан дагахь дерг, цуьнан цаьрга болу безам бовзийта гІертаро кхоьллина ю.

ТІаьхь-тІаьхьа поэтан лириксхь шоръелира, идейно-исбаьхьаллин маьІница кІаргъелира тІамна дуьхьалйолу а, гуманизман а теманаш. И ши тема, вовшех къаьсташ йоцуш, вовшех йозуш кхуьу поэтан кхолларалле хь. «Къизалла», «Медалаш», «Кхо бос», «Лаьттан монолог» стихотворенешкахь и теманаш схьайоьллуш поэт шен яздаран хатІ долуш, кхечу поэтех тар ца луш ву. «Махкахь кхирстинчу мокхачу ардангаша миллионаш адамаш хІаллакдина. Цара хІун лехна? Къизалла...» Къизалла хета поэтана Хиросима атомца ягийнчара, сийна цІе кхарстийнчара гайтинарг. Оцу къизаллина дуьхьал ойу лирически турпалхочо адаман сирла хьекъал.

Стеган дахаран Іалашонах, хила дезачу ирсах лирически турпалхочо еш йолу ойланаш философски чулацам болуш ю:

Ши эзар къам деха дуьнен чохь,
Ши эзар къам.
Ши эзар мотт бека дуьнен чохь,
Ши эзар мотт.
Ткъа суна... Суна цу ши эзар маттах
Шиъ бен ца хаьа.
Нийсса шиъ:
Нохчийниггий,
Оьрсийниггий.

Амма стеган балий, ирссий сиха хаалуш волу лирически турпалхо «вуно атта кхетта... лаьтта тІехь дехачу массо а къоман маттах а», хІунда аьлча оцу меттанашкахь «цхьабосса ду велхаррий, веларрий...»

Иштта ю, доцца дийцича, историн а, дахаран а хиламаша поэте йойтуш йолу цхьайолу ойланаш. Уьш сирла, тІехиндерг дика хирг хиларх тешна ю.

**Поэмаш.** Арсанукаев Шайхин лирикин кІоргехь кхоллаелла а, кхиъна а йогІуш ю поэмин жанр. Цо язйина «Кхоллам», «Безаман ирзу», «Захар», «Тимуран тур», «Сан гІала», «БІаьстенан юьххьехь», кхин а поэмаш, «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман, хенан яккхий кийсакаш, халкъан историн, гІиллакх-оьздангаллин проблемаш, чулоцуш йолу.

«Захар» поэмин коьрта турпалхо Даймехкан тІамехь шегара турпалаллин хьуьнар гайтина, фашистийн ардангех майра леташ

шен са дIаделла волу нохчи-партизан Ахматханов Зауди ву. Амма поэмехь цуьнан васт диллина ца Iа поэт.

Поэма йолалуш, мостагIчунна тIаьхьа шаьш дIадахале, Ахматханов Заудис яздинчу заявлени-дуйна тIера кийсак поэто ялор бахьана долуш евза дешархочунна оцу турпалхочун майра амал. «Со нохчи ву, – яздира Заудис шен заявлени-дуйна тIехь. – Тхан нанас дийцарехь, со вина буьрсачу боданечу буса Итон-Кхаьллан лаьмнашкахь, халчу хьелашкахь. Цундела аса со, цIахь Iен вина воцуш, майра хьуьнарш гайта вина лору, дийнахь гайтина ца Iаш, Iаьржачу буса а, со цхьаъ цхьанна дуьхьалхIоьттина ца Iаш, ткъа дукхазза а алсамчу мостагIийн ницкъана дуьхьалхIоьттина а.

Шун тешам аса сийлаллица бакъбийр бу. Нагахь нохчичо дийр ду аьллехь, иза дина хир ду».

Поэмехь йоккхачу исбаьхьаллин говзаллица карладаьхна Заудис мостагIчуьнца кьийсам латтош гайтина хьуьнарш. Цуьнга майралла, хьуьнар доссар Зауди вина Нохчийчоьнан аьрзунан бенаш долчу Iаламца дозуш дуйла, хоуьйту поэто. Делахь а, Заудин майра, Даймехкан сий лардеш шен са дIадала кийча бIахо дIахIоттар дукхакъаьмнийн бIахошца хиларх а дозуш ду, боху поэто:

Цхьа Даймохк, кхоллам а вайниг цхьаъ бу,
Цхьа малх бу серло лург вайна.
ПаргIато, безам, вайн ирс цхьаъ ду.
Халонаш вай, йоькъуш, лайна.

Оцу ойланаша, кхетамо яхчайо Заудин амал, хьалаойу цуьнан патриотически дог-ойла.

Къаьсттана мехала ду поэми тIехь шина доттагIчо – Заудис, Козуб Кузьмас – мостагIчунна тIехьа гайтинчу хьуьнарх лаьцна дийцар. И майра ши бIахо, мостагIаша го бича, шайгара патармаш кхачийча, шайн карахь граната а оькхуьйтий, царна кара ца воьдуш, ле:

Вожарх и къийсамехь, къонаха веха,
Даймехкан сий лардан тIаьхьенаш Iамош.

«Захар» поэма нохчийн литературехь Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь лаьттинчу советски бIахочун васт дилларехь хьалхахьа яьккхина йоккха кхиамг гIулч ю.

«Кхолламан сизаш» роман стихашца язйина йоккха эпически произведени ю. Нагахь санна лирически стихийн шортта исбаьхьаллин зеделларг хиллачул тІаьхьа бен лиро-эпически, эпически поэмаш кхоллалуш яцахь, оцу исбаьхьаллин Іедалца дозуш ду стихашкахь роман язъяр а: роман ша-шаха кхоллалуш яц, иза а кхуьу лиро-эпически, эпически поэмашна зеделлачунна тІе а тийжаш. Ткъа Арсанукаев Шайхин кхолларалле хь оцу жанрийн кепехь язйина дукха поэмаш ю: «Хан-ГІала», «Тимуран тур», «Къизаллин халхар», кхиерш.

Стихашца язйинчу романан кеп, Арсанукаев Шайхин кхолларалле хь хилла ца Іаш, ерриг а нохчийн литературехь хилла кхиам бу, хІунда аьлча, цкъа-делахь, цо и роман язъяллалц нохчийн литературехь оцу кепехь роман яцара, шолгІа-делахь, стихашца язйина романаш Россин халкьийн литературашкахь, оьрсийн литературехь а вуно кІезиг ю, хІунда аьлча иза Іаламат хала кеп йолу дела. Ала дашна, Пушкин А.С. «Евгений Онегин» роман стихашца язйина ю. Цул тІаьхьа и тайпа масалш кІезиг ду оьрсийн литературехь а.

Ткъа Арсанукаев Шайхи, ша Іаламат йоккха корматалла йолуш поэт хиларе терра, ша шена хьалха хІиттийнчу декхаршца боккхачу кхиамца ларийна. Цул хьалха шегара и тайпа корматалла гайтина нохчийн литературехь нах бацара. Бакъду, 1930-чу шарахь нохчийн советски литературин бухбиллархочо Бадуев СаьІида стихашца язйира ворхІ суьртехь лаьтташ йолу «ПетІамат» драма.

Ткъа хІун дуьйцу «Кхолламан сизаша», муьлхачу турпалхойн кхолламехь муьлхачу агІор доьрзу и сизаш, кхечу яздархоша ца аьлларг хІун карийна Арсанукаев Шайхина, вайн тидам тІехьовзо?

Нохчийн литературехь цхьанна а яздархочо кхоьллина дацара ХХ бІешерийн 30-гІа шераш чекхдовлуш кхиъначу нохчийн кегийчу нехан васташ. Ткъа хІунда кхийда-те Арсанукаев Шайхи нохчийн халкъан дахаран оццул генарчу шерашка, хІун ду цуьнан тидам шена тІе хьовзийнарг?

Ткъа шо хан а ца яьллера, Шайхис дуьйцуш долу шераш тІекхочуш, Нохчийчохь Советан Іедал дІахІоьттина. Амма цу йоцчачу хенахь кхиъна нохчийн кегий нах гІеххьачул дуьне, дахар довза кхиънера. Шен халкъан яхь-оьздангалла, сий-ларам, гІамаро хи санна, чуийзина болу и кегий нах, 1930-гІа шераш чекхдовлуш,

шен халкъана а, Советан Iедална а тешаме, хьекъале, сий деш, шайн синош кхоор доцуш кхиънера. Царна дика евзара халкъан исбаьхьаллин хазна а, оьрсийн литература а.

Царах бу Шайхин романан коьрта турпалхой Ризван, цуьнца цхьана классехь дешна школа чекхйоккхуш йолу Зарган а.

Ризвана шен дахаран Iалашо билгалйира, ша школехь дешна мавеллинехь: цунна лиира Москвахь йолчу ГИТИСе (Пачхьалкхан театран искусствон институт) деша ваха. Дас-нанас, цо хаьржина и некъ башха къобал ца бахь а, кхин генара дуьхьало а ца йира: оцу масалло а хоуьйту вайна вай дуьйцуш долчу шерашкахь нохчийн халкъан кхетам дукхе-дукха лакхабаьлла хилла хилар, иза культурин маьIнех кхеташ, Советан Даймахкана цхьа кхерам тIехIоьттича, герз карахь цунна гIо дан хьалагIатта кийча хилла хилар. Иза цо хаа а хаийтира, дукха хан ялале фашистийн Германи Советски Союзана тIелетча.

...Москва дIакхаьчначу Ризванна шайн тидамца доккха гIо до ГИТИС-ан хьехархоша. Церан гIоьнца цо баккхий кхиамаш боху дешар тIехь. Шайхис, ша похIма долуш поэт-психолог хиларе терра, говза гойту вайна Ризванан керлачу доттагIийн, цуьнца доьшуш болчу Викторан, Володин, догцIена хилар. Иза цара ган а гойту, кестта болабеллачу тIамехь шаьш цхьаьна нисделча. Оцу «кхаа мушкстеран» вовшашца йолу цIена юкъаметтиг ю романан сюжетан цхьа агIо.

Амма деша дIаваханчу Ризвана, шена цигахь доттагIий карийнехь а, иза везавелла цаьрца цхьаьна доьшуш йолу Клара елахь а, дукха сагатдо шен гергарчарна, шена езаш йолчу Зарганна. ЦIенна а, тIехьийзаш йолчу йоIана а ша генаваьлча, кхийти Ризван:

ХIан-хIа, бакъ дац, ца лаьтта
Вай дуьне киташна тIехь а.
МаIаш тIехь дац стеран, аьттан,
Дац цхьаьна а дийнаташ тIехь а.
Вай дуьне шена тIехь лаьттарг –
Цунах со даггара теша –
Безам бу! Безам бу лаьттан.
Лаьтта тIехь ницкъ бац и эшо.

Безаман тема коьртачарех цхьаъ ю «Кхолламан сизаш» романехь. Зарганан васт, цуьнан юхь-сибат, цуьнан бIаьргийн нур, аз –

оцу дерригено, даим дуьхьаллаьтташ, ницкъ ло Ризванна деша а, тIамехь шегара турпаллалин хьуьнарш гайта а. Ма-дарра аьлча, Зарганан вастаца доьзна ду Ризванна дийнахь, буьйсана гIенахь дуьхьаллаьтташ долу винчу Даймехкан васт:

Хийла а ихнера деца ирзошка мангала и.
Ламанан юькъачу бецан
Хийла цо дожийна тхи.
КIадбелча, шовда-хиш молий,
Ховшура садаIа уьш.
Бацалахь, аркъал а волий,
Iуьллура, сатийсам гуш…

Безамца бусту поэто стеган мах, цуьнан сий, оьздангалла, доьналла, яхь, къинхетаме хилар, кхидолу бакъволчу къонахчун амалехь хила дезаш долу хIуманаш. Шена тIе цхьа хала киртиг тIехIоьттича, наха шех дозалла деш долу хьуьнар къеггина гайтархьама, халкъан легенди тIера турпалхочун васт дуьллу Шайхис романехь:

Ехаш-Iаш хилла, кIант кхобуш,
Цхьа нана, ша йисна.
КIанта, шен ялхитта кхочуш,
Цуьнга шен да хаьттина:
– Дийцахьа, со вина сан нана,
Со волу да мичахь ву?

Дийцаза ца яьлла нана:

– Хьан ден цIий хьоь кхойкхуш ду…
КIанта, шен туьрах катоьхна,
Лехна схьа мостагIа шен.
Ткъа вукхо-м, ца хьаьвзаш воьхна,
Букъ берзош:
– Хьайн гIуллакх де![1]

Герз доцу стаг вен ца велла,
Лаьттачохь витина и,

[1] Нохчийн доьналлица лелийнчу оьздангаллица догIуш хилла чIирхочунна а, мостагIчунна а букъ берзийна дIахIоьттинчу стагана хIумма а ца деш: букъ берзийнчо гойтуш хилла цаьрга болу шен ларам.

ДІавахна кІант, цуьнга аьлла:
– Воккха стаг, ас хьо витна.

ДІаьвшечу матто тІетоьхна:
– Цуьнан-х хьо санна кІант ву.
Нагахь ахь ца вехь и, тоьхна,
Хьуна тІехь эхь дуьсур ду!

Вахна кІант. ЧІирхо схьалехна:
Шовданан коьртехь и Іа.
ЧІирхочо-м собарца дехна:
– Езар ю ян езаш схьа…

Сецна кІант, юьстах а ваьлла,
ДІахьаьжча, эхІ, маржа-яІ!
ЙогІуш гин, самукъадаьлла,
Шена сил дукхаеза йоІ!

ОьгІазвахна кІант, «тоьхна кху шаьлтанах ка: цостур ву, вожор ву, аьтта, хІинца и, ца хеташ къа!»:

Амма кІант, садетташ лаьтта –
Сацийна и Безамо!
ХІан-хІа, сил езачун дог цо
Дохор дац, Іанийна цІий.
Вуьтур ву.
Шен ала долчо
Аьнд шена, цунах дац сий…
Цу сарахь яхна, бах, маре
ЧІирхоче сел езна йоІ.
КІентан дог доьжна, бах, бале,
Хилла шех зезаган баІ.

И киртиг тІекхаччалц кІанта лелийна, шегара гайтина доьналла, оьздангалла, собар хІумма а ца хилла цо тІаьхьа тІейогІучу хенахь шен чІирхочуьнца, шена сил дукхаезаш йолу йоІ йигначуьнца лелийнчу доьналле хьаьжча:

ЧІирхочо нускал далорца
Кхин бохам нисбелла, бах:

Цу буса, кхайкхина орца,
Лома дIабехна, бах, нах.
Шарахь цкъа, бах, иштта хилла
Къонахийн доьналла зуьйш.
Орцанна хьевелларг хилла,
Бах, цигахь кхел а йой, вуьйш.

КIенташа буссехьа ирхо
Хадийна, хаьхкина дой.
Нускалца хьевелла чIирхо
Сихвелла, сатосуш гой.
ЧIирхо дIакхачале лома
ГIаьттина Iуьйренан малх.
Хьаьвсина нах цуьнга гома,
Кхардаме хьаьвсина нах.

– Бехке ву, тхьамда, со чIогIа, –
Дегийна чIирхочун аз. –
Дайн Iадат дохорна, догIу
ТаIзар тIеоьцур ду ас…

Тхьамдин кхел кхочушъян тIеволавелла чаьлтач сацийна генара схьахезначу озо:

– ДIахеца и, вита! – бохуш, –
Цул тIаьхьа висина со!
Хаьттина, бах, тхьамдано цуьнга:
– Схьадийца бахьана ахь.
Хьо хIунда хьевелла? Кхуьнга
Кхаьчначул сов ду хьан эхь!
– ХIай къоьжа тхьамданаш, дерриг
Ма-дарра ас дуьйцур ду,
Цул тIаьхьа аш сайна дийриг
ТIеэца кийча а ву…
Сийсара сил дукхаеза
ЙоI йигна сан чIирхочо.
Кечвелча, орца а хезна,
Сацийра со ойлано:

«Къоначу нускалца ловза
Ваьллачохь хьелур ву и,
Ткъа хьелахь орцанна, тховса
Гур вац и нускална кхин.

Ша суна санна, сил дукха
Везна-кх цунна иза.
Цунах ша ялахь, лийр ю-кх
Сил дукха езариг сан!...
Цундела, езачу цунна
И бохам ца хилийта,
Хьевели со чIирхочул а,
И таIзар сайна дайта!

ДIатийна тхьамданаш къоьжа,
Цецбаьхна кьонахалло.
Адам а тап-аьлла хьоьжу,
Хьагийна шех Безамо!

Кхаа дийнахь, кхаа бусий Iийна
Тхьамданаш, къийсамаш беш.
Кхаа дийнахь, кхаа бусий Iийна
Кхеташо, кIентан кхел еш.
Эххар а кхел схьакхайкхийра:
– Мукъа ву, оьзда кIант, хьо!
Ца оьшуш тIаьхьенах кхера
Низам вай Безаме ло!
Безам, хьайн доьналла лолахь,
Майра кIант, Махкана вайн.
Хьо санна кIентий вайн ломахь
Кхиар ду доккха ирс вайн.

Иштта чулацам болуш ю Арсанукаев Шайхис «Кхолламан сизаш» роман юкъа ялийна халкъан легенда. Ша-шаха хилла дарийтехьа иза поэтана дагаяр, цунна тIехь цуьнан ойла сацар?

Легендин маьIна, вайна ма-гарра, шатайпа кIорггера чулацам болуш ду: цо хьоьху, муха хила веза бакъволу къонах, муха лардан

деза цо шен сий, яхь, доьналла, мичхьа гучуяккха еза къинхетаме амал. Оцу легендин къонахех тера бу, боху поэто, шен романан турпалхой а. Ризванан амалехь хаало вайна легендин турпалхоша шайн сий-яхь ларъеш динчу гIуллакхийн сибаташ. Цкъа-делахь, Ризван, легендин къона турпалхой санна, ша винчу, кхиийнчу халкъан тешаме кIант ву: халкъана тIе кхерам хIоьттича, иза уггар хьалхарчарел а хьалха гIотту и халкъ мостагIех лардан. Амма Ризван дахарх, шен Даймахкана хьалха долчу декхарх шуьйра а, кIорггера а кхета: цо лардан дезаш дерг шен цхьа халкъ хилла ца Iа, цо фашистех лардан дезаш дерш Даймехкан дуккха а халкъаш ду. Иза гIотту герз а карахь, «Европин столицаш тIе мокха Iиндагl дижча».

И цхьа хатI ду Ризванан легендин турпалхойх тарвеш дерг. ШолгIа хатI – иза цо ша тIехьийзаш, шена шен сил дукхаезаш йолчу йоIана, Зарганна, хьаналхилар. Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIаме дIавоьдуш, цо олу Заргане:

Вайн ирсах теший, хьо Iелахь,
Безам шел ма белахь вайн…

Ша а ву иза Зарганан, шен хиндолчу ирсах тешаш. Цундела цо ГИТИС-ехь ша везавелла йолу оьрсийн йоI Клара, цунна бохам бина шех дIа а ца къахкайо, амма эвхьазлонах иза а, ша а лардо.

Клара а ю шен сийлахьчу халкъан амалшца кхиийна йоI: иза догцIена ю, ямартло яц цуьнца безам тIехь а, иза майра ю, къинхетаме ю. Цо Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь доьналла, майралла гойту. Цо хийлаза кхехкаш болчу тIамна юкъара боху салтий. ТIаьххьара ша хIаллак а хуьлу, фашистан даьндарг а кхетий.

ТIаме а ца вохуьйтуш, юьртда волчу шен дас цIахь витинчу Мовсара тешнабехк бо Зарганна: цо йоI, цуьнан дега ехча а, шега ца йогIуш дуьхьалъяьлча, ядайо:

Безам – и синхаам экам –
Лийрина вайн дайша бехке.
Даим а хилла беш бекхам,
ГIортахь цхьаъ сий цуьнан бехдан.
Безамехь даим а хилла
Вайн дай сов лараме, оьзда.
Бакъ безам даим а хилла

Оьздангаллин терзан тIехь оьзна.
Безамехь эвхьазло, хIилла,
Ямартло доккха эхь лоруш,
Вайн дайша даим а хилла:
«ЙоьIан сий – мехкан сий», – олуш…

…Тешнабехк ахь барна тховса,
Дохко ца воккхуш Iийр яц!.. –

боху Заргана шена тешнабехк бинчу Мовсаре. Заргана лардо шен сий: иза, буьрсачу, шелонна цIийзачу буьйсана корах ара а оьккхий, МовсаргIаьргара йодий, шен цIа йогIу.

Шен доттагI Ризван тIехьийзаш йолчу Зарганна гIо до тIамера чов хилла цIа веанчу Эльдара.

Нехан эладитанашка ла ца деггIал къонах ву Ризван: цунна хаьа, шен сий Заргана лардинийла. Цундела Ризванан йоIе болу безам лах ца белла. ТIамехь чевнаш хилла, Астраханс госпитале валийнчу Ризванна тIаьхьайоьду Зарган.

И шиъ вовшахкхета, кхин цкъа а вовшах ца къаста.

*Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIеман, доттагIаллин теманаш.* «Къонахчун доттагIий а хуьлу, мостагIий а хуьлу», – олуш ду нохчийн. Иза а, важа а нийса ду, хIунда аьлча доттагIалла дIакхехьа а оьшу доьналла, мостагIалла лело санна. Ризван бакъволу нохчийн оьзда жима стаг ву, цуьнан цIийца ду доттагIаллин хама бан хаар. Школехь доьшуш волчу хенахь доттагIалла тасаделира цуьнан Эльдарца а, кхечу накъосташца а. Уьш, Ризван санна, тIом болабелча, фашистийн мостагIех леташ бу. Мовсар Заргапна тешнабехк бан гIортар Эльдар, чов а йина, отпуске цIа веанчу деношкахь нисделира. Цо, дерриг дов шена тIе а оьций, эхьах кIелхьарйоккху шен доттагI тIехьийзаш волу йоI.

Къаьсттана кIоргтера чулацам болуш, шуьйра диллина Арсанукаев Шайхис Ризванан, цуьнан оьрсийн шина доттагIчун васташ. Уьш, ГИТИС-ехь цхьаьна доьшуш болчуьра, тIом болабелча, дIаязбелира ополченин декъашхой хила. Уьш майра лета мостагIах. Цхьана тIамехь вуьй церан доттагI Виктор. Цуьнан чIир оьцуш, Даймахкана тIелетта мостагI хIаллаквархьама, дарвелла лета ши доттагI:

Ризванний, Володяй вовшах
Ца къаьсташ, лета, еш терго –
Шиннах цхьаъ гучуьра вовшшехь,
Лохура вукхуьнан бІаьрго.
ГІо эшча, каде уьш хьаьвза,
ХІинцца а Іотта Ризванна
ТІехьашха айъинарг цхьамза
Васильевс вожий, нал санна.

Масане иштта нисделла
Цхьаъ вукхо Іожаллех воккхуш.
Вошалла бІахойн чІагІделла
Халонаш нийсонца йоькъуш.
Къонахийн даим а хилла,
Байракхах айъина лаккха
Цхьа гІиллакх: «Хьо хІаллакьхила –
Накъост хьайн кІелхьараваккха».

ТІеман некъаш хала а, деха а дара Ризванан, цуьнан доттагІийн. Цу некъашкахь цара дуьтура шайн доттагІийн бІахойн кешнаш.

Амма бухабисначу бІахойн доттагІалла кхин а тІечІагІло:

ЦІаьххьана веана метта,
Хиллачух кхийти Ризван:
«Володя!.. Суна тІекхетта
И, шеца со дІахьулван...»
Берриг ницкъ гулбина, текхна,
КІелхьара схьаваьлла ша,
Васильев аркъал цо ваькхи:
«Дийна ву!.. ХІинца вайша…»

БІахойн майралла, Даймохк мостагІех ларбеш церан цхьаалла гайтина ца Іа Арсанукаев Шайхи. Фашистски Германица хиллачу тІамах лаьцна дуьйцуш, цо йо кІорггера философех йолу ойланаш: хьан, хІунда, хІун бахьана долуш буьйлало тІемаш, хІун лоьху тІом бечу наха, хІунда хІаллакбо цара вовшийн, хьалха цкъа а вовшашна гина а боцушшехь? Масала:

Шина ненан ший а кIант кхиъна.
Дегнашкахь – дахаран йиш.
Ши нана-м гIелъелла хиъна,
Ледадеш дуьра бIаьрхиш.

Ши нана йитина йоьлхуш,
КIенташа къиза некъ бо:
Ши нана йитина йоьлхуш,
Вовшашна Iожалла хьо!

Цхьаъ кхиъна Кавказан ломахь,
Ткъа важа – Рейнан йистехь.
Хьаьжна вац вовшашка гома,
Ца дина вовшашна эхь.

Вевзаш, я гина цаьршинна
Вац вовшийн, ца хезна цIе –
Хьерабаьлла некъ хьо цушиммо
Дуьхь-дуьхьал вовшашна тIе…

ХIоккхузехь доьгIна-кха кхачо
Некъ церан – хIинца и го:
Цхьаъ гIерта Москва чукхача,
Ткъа вукхо – иза ларйо!

Хаьа, и кхузахь чекхйолу
ТIекхача йисина юкъ.
Хууш дац, хьенан кадолу,
Муьлхачун хедар бу некъ…

…Иштта ду нехан кхолламан некъаш. Церан кхолламан философин коьрта маьIна дукха чолхе а дац: Даймахкана, Безамна, доттагIашна хьанал, догцIена хила веза стаг. Нагахь иза иштта вацахь, цуьнан дахар даьсса ду, и стаг лар йоцуш вов, Мовсар санна.

…ТулгIенна тIаьхьа тулгIе йогIу. Мел чIогIа хир бу-техьа тIейогIучу тулгIенан ницкъ? Мел кIорге хир бу-техьа цуьнан исбаьхьаллин ницкъ?

### *Хаттарш, тIедиллар*

1. ХIун билгалонаш яра Арсанукаев Шайхин хьалхарчу муьран кхолларалийин?

2. Муха кхуьу поэтан кхолларалийехь Даймехкан, гуманизман теманаш? Муьлхачу исбаьхьаллин басаршца схьайоьлу уьш поэто?

3. Кхечу халкъех, церан культурех лаьцна муха дуьйцу поэто?

4. «Ненан мотт» стихотворени дагахь Iамае.

5. «Кхолламан сизаш» романан турпалхойн дахаран Iалашонаш» темина сочинени язъе.

6. «Арсанукаев Шайхин кхолларалехь дукхакъаьмнийн культурин диалог» темина реферат язъе.

### *Культурийн диалог*

Арсанукаев Шайхи, цуьнан магIаран, цул жима болу нохчийн поэташ СССР-н дукхакъаьмнийн культураша тIеIаткъам беш, хьалаикхна. Цундела ю цуьнан кхолларалийехь дуккха а стихаш, поэмаш («Тбилиси», «Нана-Гуьржийчоь», «Кахети», «Алазань», «Полтавин суьйре», «Леся Украинка») кхечу къаьмнашна нохчийн халкъан сирла ойланаш, безам дIакхийдош йолу.

Къаьмнийн вежаралла а, доьналла а кхоччуш хаало дешархочунна «Захар» поэма ешча. Нохчийчо Захара оьрсийн догтагIчуьнца Даймохк ларбеш фашистски эскарх леташ шайн синош дIало.

### *ГIиллакх-оьздангаллин хаттарши дийцаре де вай*

Шен сил дукхаезаш йолу йоI йигначуьнца – шен чIирхочуьнца – кIант доьналлица, гIиллакхца чекхваьлла. Къоман муьлхачу оьздангаллех дозуш ду и?

Шуна хаа деза. Нохчийн доьналлица лелийнчу оьздангаллица догIуш хилла, чIирхочунна а, мостагIчунна а букъ берзийна, дIахIоьттинчу стагана хIумма а ца деш: цо гойтуш хилла цаьрга болу шен ларам.



**РАШИДОВ Рашидан Шаид**

***(1940)***

*Вина 1940-чу шеран 15 октябрехь Гуьмсан кIоштарчу Энгель-Эвлахь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институт.*

*Книгаш: «Ломара цIе» (1986), «Іуьйренан тхи» (1968), «Седарчийн буьйса» (1971), «Сатийсар» (1976), «Дайн латта» (1979), «Ломара цIе» (1989), «Дахаран аре» (1990), «Сацахьа, латта» (2007) – стихийн, поэмийн гуларш.*

Кегий бераш долчу хенахь, февралан шийлачу буьйсана, сатоссуш, йовхачу хIусамашкара бовхачу меттара хьала а гIовттийна, Казахстане, Киргизе дIа а дигна, цигахь мацалла, шело лайна, шайца доьшуш хиллачу кхечу къаьмнийн берашна хIорш «обаргийн бераш» а хеташ, царна шайца нийса шаьш цахетаро дегнашна шортта весаш а йина, цул тIаьхьа, кегийчу нехан дегIе бахча, шайн сий, цIей ларъеш, тIехбеттамаш бечаьрца дуккха а лета а дезна – иштта кхоллам болуш яра 1944-чу шарахь цIерабаьхначу нехан тIаьхье. Оцу берех хиллачу нохчийн 1960-чу шерийн поэташ цкъа а самукъане, белабелла, совнаха забарш еш ца хаабелла. Церан бIаьргаш чохь хIинца а дуккха ойланаш, сингаттамаш хаало.

Оцу дерригенан бахьанаш вай хIинцца дийцинарш ду, амма уьш хилла а ца Іа: бераллехь, кхиазхой болуш, уьш хьежна шайн халкъана тIехIоьттинчу дуьнене цалабаллал боккхачу балане, нах мацалла леш, бисначеран белларш дIабохка гIора а ца тоьуш. Кхин цхьаъ ду: хIетахьлерчу Іедало къизаллица дуккха а кегий къаьмнаш шайн мехкашкара дIа а дохийна, сийсаз а бина, сий, яхь хьаьшна, амма доьналлех бохар доцуш чекхбевлла тIаьхьо поэташ хинболу

нохчийн кегий нах. Иза а ду церан, хIора бохург санна, стихотворенехь схьакъедаш, стихотворени безамах лаьцна язйинехь а.

Рашидов Шаид, кхиболу цуьнан магIарера поэташ, прозаикаш санна, дегнийн кIорггера чевнаш йолу яздархо ву.

ЦIаьххьана хезча цхьа тамашийна а хеташ, амма дIа ойла йича, шеца кIорггера маьIна а долуш Iилманчашна гучудаьлла цхьа хIума ду: кхоччуш кIорге, исбаьхьалла йолу литература халкъана тIе бохам хIоьттича (трагедия) кхоллалуш ю.

Оцу трагедих юьзна ю вай бийцаре бинчу яздархойн кхолларалла. Цундела церан стихаш, поэмаш, эшарш дахарх, стеган дахаран маьIнех ечу философски ойланех юьзна ю.

Рашидов Шаидан къоналло а хьехна цуьнан дагна хийла-хийла безаман эшарш, мукъамаш. Иштта ю и къоналла: бер долчу хенахь хийла халонаш хьегарх, уггар хьомечу нахах къастарх, къоналла хазчу дахаре, езачун бIаьргашка ца хьаьжча ца Iало. Барамца юьстича, Рашидов Шаидан кхолларалхь доккха дакъа дIалоцу безаман лирико. Амма поэто шен безаман лирикехь буьйцург беккъа цхьа безам бац. ХIаъ, безаман хьогалла а ю цуьнан стихотворенешкахь шортта, амма поэтан коьрта ойла безамца хила езачу оьздангаллина, цIенчу агIонна – тешамна, яхьна, къонахаллина – тIехь соьцу. Нохчийн телевиденихула а, радиохула а дукха ека цуьнан дешнаш тIехь кхоллаелла эшарш: «Iаьржа бIаьргаш», «Хьо дагахь латтор ю аса», «Вицлур вац хьуна», «Гур яц суна», «Аренан зезагаш», кхин дуккха а.

Шаидан безаман лирика шеца доккха маьIна долуш ю даим а. Масала, «Баркалла хьуна» стихотворени:

Баркалла боху ас даггара хьуна,
Лелорна генарчу Iаьршашка вохуш,
Эшамаш бицбина, дог делла суна,
Яхарна стом боцу ирсан урд охуш,
Хьежарна шалхалла дегIаца йоцуш.
Баркалла боху ас, илланча варна,
Оьздаллех, гIиллакхах цкъа а ца юхуш,
Дера дош ас алархх, сан тIалам барна,
ОьгIазе жоп делла, юха ца тухуш.

Стихотворенехь, кхечу байташкахь поэто юьйцург нохчийн оьзда зуда ю. Нохчий зударий хилла халкъ ийманехь, оьзда латтийнарш. Ткъа и тайпа йолу оьздангалла нохчийн зударшкара дІаяьлча, нохчийн халкъ, шен сий-оьздангаллин богІамах дІа а къаьстина, дуьнсн чохь дІасхьадаржарна кхерам бу вай.

Нохчийн зударийн оьздангалла, церан цІийца болу сий-ларам, синошца йолу йовхо, цара ларбеш болу нохчийн кхерч – уьш ю Рашидов Шаидан кхолларалле хь коьртачарех теманаш. Цуьнан даим а болу дегалазам ненан вастаца бозуш бу. Іаламат дукха ю Шаидан нене болу безам, иза дІаяьлча хуьлуш болчу хорамах лаьцна язйина стихотворенеш: «КІант воьжна нана», «Ненах дош», «ЭхІ, юха а цхьа нана бІарзъелла хьийза», «Ас наной хестабо», «Муха хьо ехаш ю, сан хьоме нана?», «Велла кІант а марахь йоьлхуш ю нана», «Ненан мотт», «Гечделахь, нана», «Турпала наной», «Нана ю йоьлхуш», «Ма елха хьо, нана». Хетарехь, поэт дукха жима волуш, иза кхоччуш ненах марзо эца кхиале, дуьненара дІаяханчух тера ду цуьнан нана:

Нана, хьо-м дІаяха цІаьххьана яьлла,
«Со йоьду я юьсу!» – йистхилар доцуш.
Тхо байлахь дисина, шийла мох баьлла,
БІаьстенан хазалла дегнашкахь отуш.

Кешнашка йирзина, лаьтташ ю тийна,
КІур а ца болучу го бинчу кертахь.
Цхьа а дош ца олуш лаьттах дІаийна,
Адамаш дохкучохь даим а бертахь.

Тхо-м денна тІехІуьтту доІанца хьуна
Кхоьллинчу Делера гечдар а доьхуш.
Хьо-м яха, дахар а схьаделла тхуна,
Хьайна цуьрг тхоьгара хІумма ца йоьхуш.

*(«Ненах дош»)*

Нохчаша олуш ду: «Нана дІакхелхича, цуьнан беран даг тІера зезаг дужу». Оцу нийса аьллачу дешнашна тІетоха мегар дара: «КІентан дахарца йолу йовхо а гІелло, хІунда аьлча и йовхо луш ерг, дахарца уьйраш латтош ерг нана йолу дела». Цундела долу поэтан деган кІоргенашкара хІара тайпа дешнаш:

Тхо гIорош лаьтташ ду, шийла дарц даьлла,
Къасттана дегнашкахь йовхо а йоцуш.
*(«Ненах дош»)*

Наной буьйцуш язйинчу стихашкахь церан вастийн тайп-тайпана сизаш говза хьаькхна поэто. Масала, Даймехкан Сийлахь-Боккха тIом дIабаьлла кхузткъе итт шо сов даьллехь а, оцу тIамехь эгначу кIенташка хьоьжуш бу церан бухабисна къанбелла наной.

Турпалхой кхиийна
турпала наной!
КIенташна сагатдеш,
кIайделла чоьш.
«Тахана цаварах,
вогIур ву кхана», –
Ойла еш, шайн бераш
лардина аш.
КIентий цIа богIур бац,
эгна уьш арахь,
Делха ма делхалаш,
узарш а деш,
Шайн Даймохк мостагIех
ларбина цара,
ПаргIато, вайн дахар
цунна ду теш.
*(«Турпала наной»)*

Цуьнан магIарера болчу поэтийн цхьаннан а йоцчу кепара шуьйра а, кIорга а ю Рашидов Шаидан кхолларалле хь 1944-чу шеран 23 февралехь нохчийн халкъ куьг хьаькхина кхечу мехкашка дIадохоран тема. И чов даим а лозуш ю поэтан кхетамехь, цунна ша бер долуш шена хьалха лаьттина халкъо лайна баланаш, цуьнца латтийна къизалла цкъа а йиц ца ло:

Кхойтта шо, кхойтта шо зама,
Пхи эзар сов Iаьржа де,
БIе эзар сов Iаьржа бала,
Кхин цхьанна ма байла тIе.

ДийгIина чарташ а доцуш.
Хийрачу махкахь диси,
Хийланиг кошан барз боцуш,
Бехкечех дайъина сий.

Iожалца къийсаме бевлла,
Мацаллехь Iийшина буц,
Эзарнаш, бистина, белла,
Довш сибат, адамийн куц.

Генарчу Даймахке кхойкхуш,
Дерриге ирс цуьнца гуш,
Стогалла цуьрг а ца йойуш,
Эгна дай, синош дIалуш.

Кхойтта шо, къизаллин зама,
Пхи эзар сов Iаьржа де,
БIе эзар сов Iаьржа бала.
Муха и дицлур ду-те? *(«Кхойтта шо»)*

ХIан-хIа, и дицдала йиш яц: тIаьхьено тIаьхьене луш, халкъан хинйолчу историехь, кхетамехь лаьттар йолуш ю и къизалла. Хийла-хийла къестарш хилла цу шерашкахь хинволчу поэтан а: гергарнаш, лулахой, доттагIий дIаихна цуьнан, мацаллой, тIехIоьттинчу баланой кIелбитна:

Къастаран могIанех
ююзна ю сан байташ,
Ойлане, гIайгIане,
Iийжаме хилла.
Хийла ницкъ кхачийна,
вожийна бай тIе
Цара со, кийра
йижийна чилла. *(«Къастаран могIанех...»)*

Поэтан магIаперчу нахана, цу кIуркIмане нисбеллачу, шайн беролла хилла я ца хилла, ца хаьа. Церан оцу хенахь дахаран хIора де а Iожаллица къуьйсуш дIадахна:

Беральа, беральа!
Мичахь хьо яйна?
Муьлхачу ирхенех
тилла-те тIех?
Къаьсттана ахь муьлха
халонаш лайна?
Кхин юха ца ерза
яьлла сан кех? *(«Беральа, беральа!»)*

Кхойтта шарахь хьегначу баланаша, Даймахкана гатдинчу синоша дуьне гатдинера нохчийн халкъана. Ша лелийнчу къизаллех кхетта догIучу Советан Iедало сацам бира Казахстане, Юккъерчу Азе дIадохийна кегийра халкъаш (нохчий, гIалгIай, балкархой, кхарачой, гIалмакхой, кхиберш) шайн мехкашка юхацIадерзо, 1956-чу шарахь КПСС-н XX съездо цу хьокъехь бинчу сацам тIе а доьгIна. XIетахь, 1956-чу шарахь, Алма-Ата-гIалара схьа радиохула ека йолаелира нохчийн маттахь эшарш, дан долийра кьамелаш. Оцу шарахь цигахь арахеца долийра нохчийн маттахь «Къинхьегаман байракх» газет а. Оцу дерригено а юх-юха карладохура нохчашна Даймехкан сибаташ, уьш, юххееанчу паргIатоно дегнаш иракарахIиттийна, шайна тIедогIуш долу ирс лан кечлуш бара:

Дара и Юккъерчу Азехь,
Хезча хьан пондаран аз,
Бацара вайнах вон ганза,
Массаьрца йоллура вас.

Мукъамаш хаза йиш йоцуш,
Яькккхира кхойтта шо хан,
ЦIаьххьана, баланаш отуш,
Билхира и пондар хьан.

Билхира, сий айдеш халкъан,
Дайн лаьмнех, аренех, хих,
ЗIенарш тIеIенаеш маьлхан,
Ойланаш яхарца ирх.

Вилхира, пондар мел хезнарг,
Нисбина сеттина букъ,
ГІаьттира массо са лезнарг,
Яьстина йихкина юкъ.

Дохура вовшашка кхаънаш –
Мел доккха де дара и!
Дирзира даг чуьра даьІнаш,
Севцира ихна бІаьрхиш.

Моьттура, дерриге Іалам
Доьлхуш ду хилларг схьагуш,
Бегира боьссина бала,
Нахана паргІато луш.

Дара и-м Юккъерчу Азехь.
Мел лайнарш ца дуьйцу ас,
Тахана, тхоьца хьо вацахь,
Дека хьан пондаран аз. *(«Пондаран аз»)*

ТІаьхьарчу шерашкахь (XX бІешо чекхдолуш – XXI бІешо долалуш) юха а хууш бу Рашидов Шаидна а, цуьнан магІарерчу нахана а, нохчийн халкъана, Нохчийчоьнна тІехІоьттинчу балин къаьхьа чам. Вайна хаьа: бакъйолу поэзи халкъана тІе бала беача кхоллалуш ю. Цундела тамашийна дац Рашидов Шаидан тІаьхьарчу шерашкахь кхоллаеллачу поэзин чулацам кІорггера граждански дог-ойла йолуш хилар, иза шен халкъана бала тІехІоьттича карзахе хилар а:

Нохчийчоь еттало,
гуро схьалаьцна,
Еттало, цІий Іийдаш
меженех шен.
Къизачу тІамо ша
Іаьвдина, хьаьшна,
Ког а ца баккхалуш
дуьнен чохь байн.
Цомгуш ду адамаш,
кІезиг бац эгнарш,

Латтана чевнаш ю,
саттийна дегI.
Эхарта бирзина
маршонах хьегнарш,
Цамгарш тIехь йоцуш верг
цхьа а вац шехь.
Ма чIогIа дахделла
нохчашна Iазап,
Ма алсам дебна го
кешнаш а вайн.
Ткъа вовшех тахана
вай хIунда дашац?
Цунна ду цахилар
вай мехкан дай.
Дог Iийжа, Нохчийчоь
гуро схьалаьцна,
Еттало, цIий Iийдаш
меженех шен.
Къизачу тIамо кIел
хьарчийна, хьаьпна,
Маьрша ког баккха а
ца дуьту вай. *(«Нохчийчоь еттало...»)*

Кхузахь, гуш ма-хиллара, халкъана юха а тIебеанчу баланах публицистически формица дуьйцу поэто. Кхечу кепара цу теманах лаьцна дийца а луур дацара, хIунда аьлча халкъан трагедих лаьцна поэзица дуьйцуш, нехан кхетам, синхаамийн кIоргенеш цаьрца къамел деш самайоху поэташа (масала, немцой СССР-на тIелетча Александров А. язйина «Вставай, страна, огромная», Симонов К. язйина «Жди меня», кхиерш а публицистикин форма йолуш ю).

Ткъа Рашидов Шаид шен махкахошца къамел деш ву, цо шена Iаьткъинчух лаьцна дуьйцу, шен бIаьргашна схьагуш долу къематде лан ца луш. ХIун ду цо, поэто, вайга бохург? Цо бохучун коьрта маьIна: нохчийн вовшашца барт бац, цундела уьш шайн мехкан дай бац. Кхечу стихотворенешкахь гучудоху поэто кхидIа долу бахьанаш а:

Ма чIогIа къахьделла нохчочун дахар!
ГIаддайна, ирс дайна хьийзаш ду вай.
Собар де, ладогIа хьекъале, бахарх,
Сихделла, ца къастий Iаьржа я кIайн.

Балано хьарчийна, охьуш ду денна,
ЛадогIарх хьалхахьа маршо ца го.
Цхьаберш-м шаьш уьдуш бу, мохк буьтуш генна,
Кханенан цара а ойла ца йо.

*(«ЭхI, юха а цхьа нана...»)*

Хетало, поэто вайга массаьрга а, тIейогIуш йолчу хенахь сема хила, бохуш санна:

Мехкан дай бу баьхнарш,
Бахам совбаьлла,
Буьйлира Дела а
Вицвина, зуламаш
Нохчийчохь даржо.
Хийла бо дисира
Дех, ненах даьлла.
Бевзаш а боцчара
Ялийра къомана
Ца оьшу «маршо».

Керл-керла «мехкан дай»
Бевлира гIитта.
Бохура, ша-ша ву
Хьекъале, собаре,
Кхечарал хьанал.
Атта дац цара чу
Мел тоьхнарг литта.
Бахамаш гулбира,
ГIаланаш хIиттийра
ЦIий худуш хьарам.

Иштта ду дахаран бакъдерг, иштта хIоьттира 1991–2000-чу шерашкахь нохчийн халкъан дахаран кхоллам.

Амма поэтана дика евза шен халкъан амал, цуьнан сий, халонашна дуьхьало ян иза дахчаделла хилар.

Теша со: Нохчийчоь
Лаьттар яц йоьжна,
ГІоттур ю хьалхачул
Ницкъ беъна дегІе.
Нохчий а бехар бац
Собар, сий доьжна,
Хир бу уьш ийманехь,
ГІиллакхе, эхье.

ГІоттур ю гІала а,
Берах хазъелла,
ГІовттур ю ярташ а,
Беркатах юьзна.
Стоьмаш а денлур бу,
Шовданаш мелла,
Аренаш толур ю,
Рицкъанах юьзна.

СагІина куьг кхийдош
Гур ма вац цхьа а,
КІенташна сагатлуш
Боьлхур бац наной.
Харцоно буьллур бац
Дегнашна ша а,
Хеназа тишбелла
Оьгур бац къаной.

Нийсоно отур ю
Ерриге харцо,
Бакъоно хазйийр ю
Адамийн яххьаш.
Муьлххачу шелонца
Хьаькхначу дарцо,
Малх хьаьжна, къагор ду
Вайн лаьмнийн баххьаш. *(«Нохчийчоь»)*

Цу тайпана шен Нана-Даймахках дог тешна а, дог Iийжаш а язйина дукха стихотворенеш ю Рашидов Шаидан («Даймахке безам», «Нохчийчоь йоьлху», «Къам делла лору ас...», «Даймехкан некъашца», «Байлахь мохк», «Дахарехь», «Хастам бо Далла», «Мила ву бехке», «Сан дахар къахьделла», кхиерш).

Бакъволу поэт шен Даймехкан, халкъан лазам шен кийрахь лелош хуьлу. Оцу лазамо самайоху цо еш йолу карзахе ойланаш. Рашидов Шаидан кхолларалла цунна къеггина масал ду.

***«Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь язйина поэма.***

Нохчийн литературехь хIинца а кхоччуш гайтина дац нохчийн къоман Юккъерчу Азехь 1944–1945-чуй шерашкахь хилла дахар. Халкъан исторехь уггар халчу муьрехь дахаран къизаллаший, мацаллой, Iедалан векалша нахана тIехь латтош хиллачу адамалла йоцчу политикой, кIез-кIезиг хуьйцуш, хийца йолийра нохчийн къоман амал. ХIан-хIа, дайх дисна гIиллакхаш, Iадаташ, доьналла халкъехь хьалха цIера арадаккхале ма-хиллара диснера. Амма Даймахко и массо а дика агIо латтош болу ницкъ кхузахь бацара, иза цIахь, нохчийн аренашкахь, нохчийн лаьмнашкахь, нохчийн лаьттахь, бара. Ткъа кхузахь Юккъерчу Азин гIамарший, аренаший дайн Iадаташ кхин дIакхехьа ницкъ ца лора: кхузахь дехачу къаьмнийн кхин гIиллакхаш дара, вовшашца кхин юкъаметтигаш яра, сий, доьналла, яхь, зуда, бер ларар шатайпа дара.

Амма и халкъаш (казахаш, киргизаш) къинхетаме халкъаш дара: церан къинхетам Iедалан политикел тIехлелхаш ца хиллехьара, царна тIебаьхкинчу мацалла лайнчу нахана цигахь къиза Iер-дахар дIадоло Iаламат хала хир дара. И къаьмнаш оцу тIеман халчу шерашкахь шаьш а дара меца, беркъа. Делахь а шайн кIезигчу юучух-молчух шайна тIе биссинчу нахана вошалла ца динехьара, нохчийн халкъ оцу мехкашкахь кхин а жимделла хир дара.

И тема ю Рашидов Шаида нохчийн поэзехь дуьххьара хIоттош. Поэма цо нохчийн зудчун Аружин, гIиргIизхо Алымкханан васташ кхуллуш язйина. Поэмин сюжет чолхе яц: хIетахь, къаьсттана 1944–1945-чу шерашкахь, цхьана чуьра массо а доьзалхо а леш, дIакхелхаш бара нохчий. Шаидан поэмин сюжет йинарг изза хьал гайтар дара.

ДогIмаш ца лацалуш,
маггIара эгна,
Іуьллура диъ адам
ӡтигала кIел,
Белла уьш шел,
Да, нана генахь ду,
хийла уьш хьегна
Даймохк а мичахь бу?

Кхоьлинчу буьйсано
буьрса шок етта,
Лайн хIур чухьоькхуш бу
арахь махо,
Ши ваша, ши йиша
вовшех ду летта,
ДогIмаша-м кIеззиг а
йовхо ца ло.
ЦIаьххьана Іуьйренца
мох, дарц дIатийра,
Ламанца гIаьттира
макхбелла малх,
Деаннех шиъ бен
ца дисина дийна,
Вукхеран дахар а
ца дели дах.

Деллачу йишех а,
вешех а хьерчаш,
Яьккхира цхьа йишас
де-буьйса хан.
Салазца цхьа нах а
баьхкира кетIа,
Баьхьира белларш а
бердашка дIа.
Иза цхьаъ йисиний
хиъча, Аружас

Айъина йигира
ша йолчу дIа,
Элира: «Хьал дац сан
дIакховдо хьуна,
Лахь, йисахь, тахана
йоI ю хьо сан!»

Хьаьстина йиллира
берашна юххе,
Мацаллехь веллера
цуьнан кIант а.
ХIинца диъ бер цхьаьний
кхобур ду муха?
Делахь а Iемина
халонаш лан.

Поэмехь диллина гIиргIизхо йолчу Алымкханан васт а: цуьнан комаьршаллий, къинхетаммий бахьана долуш, Аружин кхо бер а, цо шен йоI йина тIеэцна нохчийн зудчун бер а мацаллех кIелхьардолу.

«Алымкхан, лаьтта тIехь
со мел ю дийна
Лорур ю, хьо хьоме
йиша ю сан», –
боху цуьнга Аружас.
Даймахке сатуьйсуш
Кавказах хьегна,
Казахийн, гIиргIизхойн
латтанаш тIехь,
ГIелонна буц юуш,
мацаллехь эгна,
Хийла бер, да, нана
къаьсти вовшех.
Кхойтта шо геналлехь,
Iазапехь, балехь –
Диъ эзар ворхI бIе сов
и Iаьржа де.

Илланча, цу хенах
ахь илли ала.
Мила ву бІаьргех хи
даланза шен?

Иштта гойту Рашидов Шаида цу халчу, къизчу хенахь халкъашна юкъахь хилла къинхетам, нах вовшашна орцахбовла кийча хилла хилар. И хан, цигахь даькккхина кхойтта шо, казахашца, гІиргІизошца тасаделла вошалла нохчашна даим а дагахь лаьттар ду.

### *Хаттарш, тІедахкарш*

1. Тематически хІун башхалла йолуш ю Рашидов Шаидан кхолларалла?
2. ХІун хан, адамийн муьлха амал гайтина поэто «Аружа» поэмехь?
3. «Рашидов Шаидан кхолларалле хь кхечу къаьмнийн векалийн васташ» темина сочинени язъе.
4. ЦІерш яха Рашидов Шаидан дешнаш тІехь яьхначу эшарийн.

### *Текстана комментари*

Рашидов Шаид, Гацаев СаьІид, Супаев Руслан, Окуев Шима – уьш бу нохчийн гІарабевлла поэташ, 1940–1950-чу шерашкахь Юккъерчу Азехь кхиъна, шайн дуьненан кхетам маситта культуро шорбина: нохчийн, оьрсийн, казахийн, гІиргІизойн культураш чуоьзна цара, цу культураша шайн халкъан син-ойланийн кІорге бигна. Церан хІораннан кхечарах тера доцу кхолларалли н хатІ ду, хІора тематика стеган дахарх лаьтташ йолчу философех юьзна ю: безам, езачо я доьзалан нанас къонахчун сий-пусар дар, Нана, цо дуьне дуззал стагана луш йолу йовхо, ницкъ, цуьнан къахьо, Нохчийчоь, цуьнан атта боцу кхоллам, хІора кІант цунна хьалха кхачалур доцчу декхараллехь хилар.

### *Вайн къамел кхиадо*

1. Схьакараде Рашидов Шаидан поэзехь нохчийн оьздачу зудчун васт, нохчийн ненан сий-пусар дар гойту а, стеган дахарехь маьІна деш долу а могІанаш.

### *ГІиллакх-оьздангаллин, къинхетаман хаттарш дийцаре де вай*

1. Шуна хетарехь, стагана тІе хала киртиг хІоьттича, доьналлица цунах хьалхавала адамна гІо деш дерг хІун ду? (Йийцаре е «Аружа» поэма.)
2. Даймохк беза, сийлахь, хьоме бу хІора стагана. Поэтана хетарехь, Даймохк беза а, цунна ваца а хІора стагехь къонахалла хила еза. Шу реза дуй цуьнца? Даладе цу хьокъехь шайна хууш долу масалш (дахарера, исторера я литературин васташ).

### *Кхолларалли н тІедиллар*

«Аружа» поэма еша. Баккхийчаьрга хеттарш дай, язъе сочинени «Нохчийн халкъан репрессин шерашкахь хилла дахар, хІетахь тассаделла халкъийн доттагІалла» темина.



## ГАЦАЕВ Асламбекан
## СаьIид

***(1938–2013)***

*Вина 1938-чу шарахь 2 декабрехь Дишни-Веданахь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Белхаш бина: хьехархо, литературин белхахо волуш. Поэт, драматург.*

*«Iуьйре» (1969),«БIаьстенан гIара» (1973), «Хазахетар» (1981), «Мекара цициг» стихотворенийн, поэмийн гуларийн автор (1991).*

ХХ бIешеран 60-чу шерашкахь яздан буьйлабеллачу поэтийн магIарера ву Гацаев СаьIид. Цхьана хенан нийсархой бу уьш. Бераллин шерашкахь шайн дай-наношца, халкъаца махках а баьхна, цхьана тайпана халонаш, мацалла, шело, кхечу халкъийн векалша бина тIехбеттамаш ловш кхиъна бара церан синхаамаш, баьккхинера цара дахарх къаьхьа чам. И дерриг Iаьвшинера хийрачу мехкашкахь, цигахь кегий нах хиллера уьш, аьлча а, халкъехь латтош болу баланаш, халкъ Даймахках даккхаран бахьанаш, мангало хадийна буц санна, шайн орамех даккхар, винчу лаьтто луш йоцу йовхо – уьш а, кхин дуккха а йолчу ойланаша сабIарздина лела хан кхаьчнера церан ХХ бIешеран 50-гIа шераш юккъедахча.

Ткъа цIаьххьана еллачу паргIатонца шен махка халкъ цIа кхаьчча, Гацаев СаьIид, цуьнан нийсархой, арарчу йоккхачу шелонгара довхачу цIа чу ваьлла некъахо санна, сица а, дегIаца а паргIатбевлира. ТIаккха Iанаэха юьйлаелира церан ойланаш, поэзин гIирсашца шайн дегнашна тIеаткъам бина заманан хийцамаш.

Кхечеран поэзехь уггар хьалхара меттиг дIалаьцнарг халкъана Iедало бинчу бохамех, цо лайначу халонех дуьйцуш йолу теманаш хиллехь, СаьIидан кхолларалли аз мелла а кхечу агIор дийкира.

ХХ бIешеран 50-гIа шераш чекхдовлуш стихотворенеш язъян волавеллачу цуьнан кхолларалла, ерриг аьлча санна, Даймехкан хазаллех дуьйцуш яра. Цунах лаьцна мел дийцарх, кIорда а ца дора цунна, Iаламан суртхIотторца цо язъечу стихотворенийн хазалло цецбаьхначу цуьнан нийсархоша «Нохчийн Есенин» аьлла, цIе тиллира СаьIидна.

Хьовсал шу:

Сийна дохк ю хьаннийн кочахь,
Ховха, кIеда чилла бу,
Лакхахь, озе баххьаш,
Стиглан дашо Iеха бу.

Лепа тхишца деган кIорге
Ловзабаьлла бецан шу,
Хьуьллахь кхуран семчу лерге
Шеме синтем кхозу чу.

*(«Сийна дохк ю хьаннийн кочахь...»)*

Iаламан суртхIотторца, Есенин Сергейс санна, дуьйцу поэто шен ойланех лаьцна, кхуллу лирически турпалхочун васт:

Некъаш, некъаш, сирла некъаш,
Шу дIадоьлху, шу дIадов.
Шуна тIаьхьа, гIийла текхаш,
Махо болар доладо.

Мичахь дов шу? Мичахь дуьйшу?
И ца хаьа стаггана.
Аш суьйренан Iеха Iуьйшу,
Тхи дIамуьйлу Iуьйренан.

Шуна тIаьхьаваьлла, хIинца
Со а вогIу самукъне.
Таро яц шун амал хийца,
Сацар дац шун цкъа мукъне.

Вай дIагIор, сан денош кхачо,
Цхьанхьа шелчу маьркIаже.
Дахаран а йисте кхочу,
Массо санна, шен рожехь.
*(«Некъаш, некъаш...»)*

Есенинан мукъамаш къега Гацаев СаьIидан дуккха а стихотворенешкахь. Амма цо, цунах тарвала гIерташ, цуьнан стихотворенийн форманех шен стихаш тар а еш чулацаме могIанашца яздина. Дуьненан поэзехь хаалуш ду хIора тIаьхьабогIу поэташ хьалхарчех Iемаш хилла хилар. Амма бакъволу поэт, иза кхечарех мел Iамахь а, шен хатI, стихийн кеп, чулацам болуш хуьлу.

Гацаев СаьIид а ву ишттачарех:

Хаза хуьлу, нуьре лестий,
Заза даьлла мерза хан...
ДIаяха сан сийна бIаьсте,
Сан жималла дIаяха.

И ца лаьтташ хилла ишта
Ойла мерза, цIазаме,
Яьгна ели Iуьйре тхишлахь,
Екхна ели безаме.

Кхин ду хIинца даг чу леташ,
ХIокху денойх хьаьжча чекх:
Малх го стиглахь лохха кхеташ,
Вохуш таьIна шийлаче...
*(«Хаза хуьлу, нуьре лестий...»)*

Поэто юьйцург, жималла дIаяхча, хIора стагана тIехIуттуш йолу къаналла ю. Стеган жималла «сийна бIаьсте» ю, ткъа тIейогIу къаналла Iа ду. ТIаккха го «малх стигалахь лохха кхеташ».

Поэто ша дукха къона волуш ян йолийра шен кхолларалли кхолламах лаьцна ойланаш. Иза а поэзехь баккхийчу поэташа йина ойла ю. Пушкин А.С. а аьлла, нехан дегнашкахь «вайн поэтически дош муха декар ду-техьа» аьлла. Ткъа нохчийн хьалхарчу магIарийн поэташа (Мамакаев М., Мамакаев I., Музаев Н., Ахматова Р., кхечара

а) шаьш поэзехь аьллачу дешнаша, нехан дог-ойла нийсачу новкъа йоккхуш, гІо даре сатийсина. Цундела эрна дац Гацаев СаьІид, тІаьхьо Дикаев Мохьмад, кхиберш оцу теми тІехь совцар:

Екар, екар хьо, сан йиш,
ТІемаяьлла, айалур,
Вайша цхьаьна бина некъ
Хьуна цкъа а биц ца лур.

Сан шераш дІалестина,
Некъаш ас ца хиржина,
Ас сайн коьртара месаш
Дуьне мел ду яржийна.

Ека, ека хьо, сан йиш,
ТІемаялий, айало.
Вайша цхьаьна бина некъ
Хьуна цкъа а биц ма ло.

*(«Екар, екар хьо, сан йиш»)*

Поэтан кхолларалли хьалхарчу муьрехь цуьнан стихашкахь коьртаниг даим а бІаьстенан васт ду. Цуьнан бахьана, цкъа-делахь, СаьІидан кхечарах тера доцу шен кхолларалли хатІ хилар дара. Ткъа коьрта бахьана иза къона волуш цунна дерриг дахар бІаьстенах тардалар дара, хІунда аьлча шайн Даймахке цІа бирзина къона поэташ баккхийбийна а ца бовлура шайга кхаьчначу паргІатонах:

БІаьсте кхечи, хезий хьуна?
БІаьсте кхечи сийна схьа.
Зевне йоьлуш – хезий хьуна?
Зазахь яьржаш кхаьчна схьа.

ХІаваъ – сийна бІаьргаш санна,
Бешахь хьоькху мерза хІо.
Хезий хьуна, хІаваъ – сийна,
Бешахь мерза хьоькху хІо?

Іалам лепа зевне-сирла,
Дети санна, догу тхи.

Хезий хьуна, Iалам – сирла,
Дети санна, догу тхиш?

Кхузахь къаьсттана хаало поэтана карийна яздаран хатI: цо хьалхарчу магIарехь аьлла дешнаш кхоалгIачу магIарехь карладахарца кIаргдо ша хIоттийна Iаламан сурт, дешархочун кхетамехь иза даим а дуьсу. И тайпа Iаламан хазалла юьйцуш язйина дукха ю поэтан стихаш («Кхин гур яц и цкъа а иштта», «БIаьстенан де», «Девдда лела Iиндагlаш», «Зезагаш», «БIаьсте», «Зезагаш, зезагаш тайна», кхиерш):

Техкаш ю маргIала бецаш,
Хьийзаеш ловзаран чIуг.
Зезаго, зезаге кхийдаш,
Лестадо безаме куьг.

Оцу могIанаша юха а дагадоуьйту вайна Есенин Сергейн хатI: «Зезаго зезаге кхийдаш, лестадо безаман куьг». Оцу а, кхидолчу Iаламан васташа а хоуьйту вайна Гацаев СаьIид оьрсийн поэтийн кхолларалла дика евзаш, царах масал оьцуш хилар (масала, Лермонтов М.Ю.: «Седарчаша седарчашца къамел до»).

И дерриг васташ поэтана, кхечу цуьнан нийсархошна-поэташна санна, Даймахке болчу безамо, цуьнан Iаламо, цунна берахь дуьйна сагатдаро хьехна дара. ХIетахь, 1969-чу шарахь, Грозный-гIалахь поэто зорба а тоьхна арахецначу хьалхарчу гулар тIехь («Iуьйре») Даймахках лаьцна дийца волавеллачу поэтан цхьа стихотворени бен яцара. Карладаккха деза: берахь дуьйна сагатдинчу Iаламан хазаллех лаьцна дуьйцуш яра и барамна жима, амма чулацамца дукха кIорге йолу гулар:

Хьоме Даймохк! Дагна деза
И хьан сийна нана-лаьмнаш,
Аьзнийн цкъарца йисттех юьзна
Зевне техка тийна хьаннаш.

Хин басошкахь, коьллаш юккъехь,
Массо тайпа эшарш лоькху,
Бецан метгахь, беран шовкъехь
Зезаг доллу тIамарш хьоькхуш.

Хьуьнца легаш Іаь ю сийна,
Малхо нуьре чилла бузу.
Берахь дуьйна хазчух ийна,
ХІинца майрра сан дош ловзу.

Долчун хам бо, куро яц сан,
ГІерта цунна сайн дог лало.
Беза мохк, со хир ву хьоьца,
Зевне эшарш матте яло, –

олий, волало поэт Даймехкан васт дилла, Даймехкан кхолламах дийца. И стихотворени цу темина язйинчу стихотворенех хьалхара яра. Цу тІехь поэто юьйцу шен хьалхара ойланаш, цІаьххьана дукха сатийсинчу Даймахка цІа а веана, цуьнан хазалло цецваьккхича, кхоллаелла йолу. ТІаьхьо, Даймахках воьлча, цунна сагатдина кийра жимма хьаьъча, цо олу:

Со хІинца хаза велавелла.
Со хІинца хаза, мерза Іа.
Хьажал, и аре мел хазъелла,
Хьажал, дІадаьлла шийла Іа.

Сан йиш а хІинца толуш хета,
ГІаддайна, гІийла яц и кхин.
Со хІинца цунах билггал кхета,
Цхьа айам хуьлу гІуллакхийн.

Поэто дуьйцуш долу «дІадаьлла шийла Іа» халкъана тІехІоьттина хилла болу бала бара, ткъа «хазъелла аре» халкъан толуш, хазлуш лаьтташ долу дахар дара. Цу хенахь, поэто и тайпа маьІна долу стихотворенеш язъечу хенахь, Іаламат луьра цензура яра, нохчийн халкъ дІадохорх лаьцна яздан йиш яцара поэтийн, яздархойн. Цундела СаьІида Даймехкан васт поэзин гІирсашца хьулдира, амма хІора нохчочунна хаа-м хаьара, цо хІун боху, хІун дуьйцу. И тайпа маьІна долуш цхьамогІа дагах кхеташ стихотворенеш язйина Гацаев СаьІида: «ПаргІате Нохчийчоь», «ГІенах я самах, ца къаьста...», «Тийна буьйса», «Сан Нохчийчоь хаза, мерза...», «Юха а Нохчий-

чоь...», «Буьйса хаза, буьйса тийна...», «Шеме ю-кх хьо, Нохчийчоь...», «Винчу махке», «Со-м хьан варий, Нохчийчоь». Даймохк, цуьнан сий, гІиллакхаш, турпалаллин истори, кхоллам, доьналла, яхь, сий, Даймехкан вастаца бозуш болу сийлахь кхетамаш бу поэтан цуьнга болу безам лакхабаькхинарш. Иза, Нохчийчоьнна генаваьлла Іийначу шерашкахь цунна сагатдина, дог карзахдаьлла ву. Цундела, кІеззигчу ханна а цунах къаьстана ша юха цІа веача, олу цо:

Со юха а цІа ма кхечи,
Къегина карий Мохк.
Хьаьвзина хьуьн тІехь керчи
Суьйренах сийна дохк.

ГондІа тап-аьлла тийна
Буьйса ю йогІуш схьа.
Генахь со муха Іийна?
Генахь со муха Іа?[1]

Гацаев СаьІидан, цуьнан нийсархойн-поэтийн, поэташ боцучеран, даг чохь, ойланашкахь, синкхетамехь кІорггера лар йитира, дерриг нохчийн халкъ 1944-чу шарахь Юккъерчу Азе дІа а бохийна, цигахь даькхинчу кхойтта шаро. Казахийн, киргизийн, узбекийн школашкахь церан меттанашкахь дешна, церан гІиллакхаш, истори, культура, литература Іамийна, цул тІаьхьа, шайх поэташ хилча, цу къаьмнийн культура, философи дегнашкара дІа ца йолу царна, хІунда аьлча церан синкхетам кхуьучу хенахь цу культуро, философис боккха тІеаткъам бина, дуьненан, дахаран гІуллакхех кхетийна уьш.

Шаьш баккхий мел хили, юх-юха а ойла цу махке хьийза церан. Иза ша-шаха хуьлуш дац: ойланаш цига дІалестар дегнаша хьоьхучу цу махкана баркаллица доьзна ду. Цуьнга болу безам кхоччуш схьабеллало поэташка шайн Даймахке шаьш цІа бирзинчул тІаьхьа, хІунда аьлча хьалха, уьш бераш-кхиазхой долчу хенахь, цигахь шаьш хийра хетара царна – уьш хІетахь Даймохк боцуш бара.

Цхьана а нохчийн поэтан йоцчу кепара йоккха стихийн цикл ю Гацаев СаьІидан Юккъерчу Азина язйина:

[1] БІаьстенан гІара. – Грозный, 1973.

ДІаели коьрте хьийза ойла,
ДІаели коьрте хьийза дохк,
Зовкх ду хьо иштта бІаьрга гойла,
Юккъера Ази.– сийна мохк! –

ша шен махкара юха цига хьажахІотта вахча олу цо. Оцу башхачу, токхе мехкан жима волуш шена ца гина сибаташ го цунна, цара инзара а воккху:

Буйн-буйннал седарчий,
Хилла нуьре полларчий,
Сенчу стигла хевшина,
Мерза наб еш, дийишна.
ХІинца царна бухара
Шира, къена Бухара, –
Кийрахь сан дог деттало –
ЧІогІа къона хетало.
*(«Буйн-буйннал седарчий...»)*

И тайпа Іаламан сурт хийла гина Юккъерчу Азехь беральа дІаихначу нохчийн кІенташна.

Амма Іаламан суьртех сакъераделлачохь ца соьцу поэтан ойланаш: цуьнан даго тІеоьцуш, иза воккхавевеш кхин ду – и башха мохк дуьненан культурина, философина, дукха поэтийн, Іилманчийн цІерш елла мохк бу. ДІо деган кІоргене хьаьжча, иза цу махках хьоьгуш санна а хетало:

Хилла, хилла хьан сийлахь кІентий,
Мел доккха хилла церан дош!
Шаьш лахь а хІинцца, эцца кхетий,
Дуьненан Іилма хьалха хьош!

Хьекъална аьрта и ца хилла,
ДІатуьйсуш стигла ойла-берг –
ВорхІе а Іаьршийн буьххье вийлла
Дуьненан мехха Улугбек[1].

[1] Улугбек Мухаммед Таратай (1394–1449) – Іилманча, просветитель. 1409-гІа шо доладелча Самарканд-гІалин куьйгалхо. Цо йина обсерватори. Цигахь цо язбина шен коьрта Іилманан болх – «Астрономин керла таблица».

Лазарна дарба массо а сина!
Лазамна даим тоха са! –
И ву, и ву хьан Ибн-Сина[1] –
Іожалле баьхнарг «коьртасар!»

ХІуманан чот ю кху дуьненахь,
Чот ю суьйренийн, Іуьйренийн –
Массо а хІума гена дийнахь
Шен хьаьрке билли Бирунис[2].

Ткъа вуьш – и сийлахь хьан поэташ,
Поэзин сирла седарчий –
Лаьттар ду, дуьне мел ду лелаш,
Бакъ тешаш мацах хиллачийн.

Уьш санна, хаза дош а аьлла
Валар а тІаккха хІун дара?
Сан даг чохь мел дерг, зевне даьлла,
Вайн хазчу денна гур дара!

Юккъера Ази церан сийнна,
Сайн цаьрга болчу безамна,
Вала а кийча, хІинца сайнна
Со хала лаьтта тахана.

Кхин ю сан коьрте хьийза ойла,
Кхин ю, яц иза бода-дохк!
Зовкх ду хьо иштта бІаьрга гойла,
Юккъера Ази – сийна мохк.

*(«ДІаели коьрте хьийза ойла...»)*

Цу кеппара, сийлахь цІена ю нохчийн поэто Юккъерчу Азин баркаллица ен ойланаш: и Мохк, нохчийн халкъан тІе хала кир-

[1] Ибн Сина (латинин маттахь – Авиценна) (930–1037) – Іилманча, философ, лор, музыкант. Ваьхна Юккъерчу Азехь, Иранехь. Коьрта философин сочиненеш: «Книга исцелений», «Книга указаний и наставлений».

[2] Бируни Абу Рейхан Мухаммед Ибн Ахмед аль Бируни (973–1050) – Юккъерчу Азин Іилманча.



тиг хІоьттича, тІе а эцна, дашца, юучуьнца, молучуьнца халкъ кІелхьардаькхина Мохк бу. Цундела цуьнан комаьрша васт даим даг чохь лаьтта цигахь хиллачу нохчашна.

Поэтана а хьоме бу и Мохк, цуьнан истории, и истории йина нах, дуьнен чохь гІараевлла гІаланаш, гІарабевлла поэташ, церан архитектура:

ХІун ца до вай безамна,
Оцу хазчу хьовзамна,
ЙоІ хьан дагна езаеллехь,
И цІе даг чохь айаеллехь?
Гаур, гаур, Темирлан!
И цхьаъ хилла хьо къарван,
Къизчу даг чохь кхиъна безам,
И цхьаъ хилла хьуна хьовзам,
Хьан дог эшош, хьол а тоьлуш,
Езар мерза дуьхьала йоьлуш.
Хьоьгахь къиза экха дожош,
Адам дина, хьо дІахьежош.
«Биби-Хьаним – мерза цІе!» –
Хьсжна хьо а беттасе,
Кийрахь нуьре йовхо кхехкаш.
Теш ю цунна Самарканд:
Делча санна жимма кІад,
Ахь безамна доьгІна маьждиг.
Дицдеш хьан тур, урс, и цІен диг,
Лаьтта, массо а цецвохуш
«Биби-Хьаним» цІе ю йохуш.

*(«ХІун ца до вай безамна...»)*

Поэтан сина чІогІа хьоме ю дуьненан поэзехь кІорга лар йитна Фирдоуси, Саади – Юккъерчу Азин дІаяханчу хенан поэташ-цІерш. Цаьрца къамел до Гацаев СаьІидан лирически турпалхочо, царах дагавуьйлу иза, церан адамаллех масал оьцу.

Хаьий хьуна, Фирдоуси
Муха хьежна туьре, уьрсе?
Берах наггахь сту я етт,

И ма хилла бакъ поэт,
Лаза а, делха а дог а долуш,
Стаг шех тешшош дош а долуш.

ТIемаш буьйцуш, уьш харцбарца,
Халкъаш юккъехь барт бакьбарца.
Бакъ поэтан дог ца Iело,
Делахь вон я елахь гIело,
Делхаза а, лазаза а,
Синтем боцуш, Iийжаза а.
Хаьий хьуна, Фирдоуси
Муха хьежна туьре, уьрсе?
*(«Хаьий хьуна, Фирдоуси...»)*

Машаран, гуманизман теманаш карлайовлу Гацаев СаьIидна Юккъерчу Азин дуьненна а бевзаш болчу поэтийн кхолларалла йоьшуш:

Хатта хьайна Саадига,
Хатта хьайна хьаьнгга а:
ХIара дуьне цIерга дигахь,
Дакхалур дац цхьаьнгга а.

Иза аьлла Саадис а
Шен «Зезагийн махка» тIехь,
Цхьаъ ду дуьне тIаьхьа диса,
Ирс а лаьтташ паргIатехь.

Ирчу уьрсал йиш ца тоьлу?
Я боданал – нуьре малх?
Дог а доьлхуш, стаг ца воьлу, –
Хаьа тIаккха ирсан мах.

Схьаялохьа, куьг схьалохьа,
Безам боцург дош ма дац.
Вай кху дийно вон ма охьа,
Ма де иза цхьаний дас.

ХIара зама туьре, тоьпе
Йохалур яц цкъеллиг цкъа,



Халкъаш хилахь цунна жоьпе,
Дуьхьал – вочу ницкъана.
*(«Хатта хьайна Саадига...»)*

Гацаев СаьIидан «Юккъера Ази» циклана юкъайогIу ейтта стихотворени йоьшуш, вайна дагаоьху Есенин Сергейс язйина «Персидские мотивы» цикл. Оьрсийн поэто, ша цкъа а Персехь ца хиллехь а, кIорггера гайтина оцу мехкан дайн амалш.

Иштта дуьненна а вевзаш волчу поэто Саадис йинчу ойланашца цхьаьнайогIу нохчийн поэто тахана дуьненна а, машарна а еш йолу ойланаш. Иза кхин цхьа тоьшалла ду нохчийн поэзи тахана а шен философски маьIница нохчийн дозанал дукха генаяьлла хиларна.

Шен шерийн мохь базлучу хенахь поэт ойла ян волавелла шен халкъан дахарехь шена тIехь долчу декхарх лаьцна. Халкъ, поэт, шен халкъана хьалха даим ша декхарийлахь хилар – и теманаш ког баьккх-баьккхинчохь нисло дуьненан халкъийн поэзехь. Нохчийн поэзехь а шуьйра яьржина ю и тема:

Сан шерийн мур баьлла,
Хено цел етташ,
Деношш сан дIаоьху
Къеггина, сирла.
Делахь а кхоьру со,
Сайн карахь сетташ,
Деш долчу гIуллакхо
Стом ца луш керла.

ХIун дер ас? Воьлур со
Я воьлхур цунна,
Сайн боллу цатемаш
Балхабеш гIийла?
БIаьстенан суьйре ю
Хьесталуш сийна,
Дац цуьнца цхьа а аз
КIоршаме, шийла.



**АХМАДОВ Мохьмадан**
**Муса**
*(1956)*

*Вина 1956-чу шеран 28 январехь ГIиргIизойн махкахь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университет.*

*Бина белхаш: газетехь, школехь, «СтелаIад», «Орга» журналийн редакцешкахь, театрехь, радиохь, телевиденихь. Кхарчу хенахь – «Вайнах» журналан коьрта редактор.*

*«Даьссачу цIа чохь буьйса» (1983), «Сатоссуш, седарчий довш» (1986), «МаьркIажехь дитташ» (1989), Гулдина йозанаш кхаа жайнехь. 1-ра жайна – 2005, 2-гIа жайна – 2007, 3-гIа жайна – 2009).*

Ахмадов Мусан гIеметтахIоттар нисделира XX бIешеран 80-гIа шераш юккъедахча. И терахьаш вай эрна ца далийна: кIорггера похIма долуш волу яздархо даим а хилла, хила а хуьлу ша вехачу заманца шуьйра уьйраш йолуш, цуьнан юкъараллин-политически чулацамо халкъана хьалха хIиттош йолчу дахаран проблемаша шен карзахъяьккхинчу ойланашца вехаш.

Билгалдаьхначу шерашкахь нисделира замано голатохар. Советски Союзан куьйгалхочо Михаил Горбачевс дIакхайккхийра: «Вайн дахар цхьанаметта хIоьттина лаьтташ ду, вай иза хийца деза», – аьлла. «Застой и перестройка», «демократия и гласность» цIерш яра юкъараллин, экономикин дахар дохорхьама юкъабаьккхинчу оцу боламан. Цуьнца цхьаьна, бакъдерг дийцича, еана цензура (Iедало хьалха хIора зорба тухучу дашна еш йолу терго) йоцуш хIоьттинчу маршоно исбаьхьаллин литература, публицистика, Iилма сиха кхиарна а, тематикин шоралла юкъаярна а, хьалха Iедало йийца ца магийнчу тематикех лаьцна, ийза а ца луш, дийца йиш хиларо, дуьйцийла йоццуш, сиха кхиайора цIерш яьхна жанраш, кIаргбора церан чулацам. Цу хьенахьлерчу СССР-хь хиллачу политически

хийцамаша халкъийн дахарна юкъабеанчу хийцамех коьртаниг цензура дIаяккхар а дара.

И шераш тIекхочуш (1985 шо) тематически цхьаалло кIадйинчу нохчийн литературина чIогIа мехала гIуллакх дара пачхьалкхан исбаьхьаллин дашна хьалха хилла Iаламат луьра тидам мелла а лахбалар.

Нохчийн 1980-гIа шераш дуьйладелча къона проза сиха кхиар, къаьсттана чулацам, дIадаханчу шерийн прозех тера боцуш, керла маьIница пачхьалкхан идеологис ойланашца, синошца, гIиллакхоьздангаллица хийцина халкъ юха шен орамашка юхадерзоран тематика йолуш а хиларца дозуш дара.

ХIун тематикин цхьаалло кIадйина яра литература бохург? Оцу хаттарна жоп ишта дала мегар ду: Советан Iедал кхолла маделлинехь, цо шен политикин коьрте хIоттийра кегий къаьмнаш шайн Iадатех схьакъастор, масала, нохчийн халкъан исторически схьаеана цхьаалла йохор, иза лардина долу Iадатан ламасташ емалдар. Советан Iедало кхузткъе итт сов шерашкахь «ширделлачу Iадаташца» луьра къийсам латторо халкъан синоьздангалла, эхь-бехк, жима-воккха, доьзалан юкъаметтиг, кхин дуккха а хIора нохчичун сийлахь болчу кхетамашна Iаламат доккха зен дира, халкъ шен орамах хадо гIерташ.

Ишта ойланашца, синкхетамца дохийна-даржийна халкъ, цуьнан шатайпаналла йохо, дIаяккха гIерташ Iедало мелла а шарйина юьхь, кхечу халкъашна хьалха йожийна цIе – уьш а, кхийолу дуккха а халонаш яра вай билгалдинчу шерашкахь литературина юкъабаьхкинчу къоначу яздархошна хьалха хIиттинарш. Иза похIма долчу яздархошна гора, церан дегнашна Iаьткъинера, шаьш яхь йолуш кхуьучу нохчийн тIаьхьенех хиларна. И халонаш исбаьхьаллин а, нагахь публицистически дашца а схьаяста гIерташ къахьийгира цара, цундела церан кхолларалла кхиоран, кIаргъяларан некъаш башха дах а ца делира.

И тайпа яздархой дукха бацара, амма церан кхолларалло йо тахана нохчийн литературин юьхь.

Царах цхьаъ ву Ахмадов Муса. Иза яздан волавеллачу хенахь дуьйна кхечу шен нийсархошна юкъахь къаьсташ вара шен яздаран

хатIца, кхоллараллехь жанрийн дукхаллица, яздийриг, дуьйцург дешархочун дагах кхеташ хиларца а.

Ахмадов Мусас, литературехь хьалхара гIулчаш ма-еххи, хаийтира дешархошна ша и тайпа «Iаьржа» болх бан кийча хилла хилар: халкъан исторехь хилларш, сий, яхь, ларам, доьналла, халкъана тешаме хилар – и тайпа, кхин дуккха а халкъан «экаме» меттигаш яра, ян а ю цуьнан кхоллараллехь вайн коьрта тидам тIехь латтораш.

Корматалле хьаьжжина хуьлу яздархочо ша яздан волалуш къастийна литературин жанр. Аьлча а, яздархочун сино хьоьху цунна, муьлхачу жанр чу тарло иза дийца гIертарг. Муса чIогIа тидаме хьоьжуш хиллера шен магIарерчу кегийчу нехан синъоьздангаллехь сиха хуьлуш болчу вочу хийцамашка. Ойла йича, гучудолу вайна: нохчийн халкъан тIекхуьуш йолу тIаьхье советски идеологино нохчийн а, кхидолчу а халкъан шайн ворхIе а дайша схьадеана цIенчу адамах оьзда стаг веш хилла долу Iадаташ, шайн чIогIалла латтош йолчу семан тIера меттах а дохуш, уьш емалдеш, беламе дохуш, иттаннаш шерашкахь бинчу балхо кегийрхойн кхетам нохчийн оьздангаллин бух тIера баькхинера. И тайпа хьал къеггина гучуделира XX бIешеран 70–80-гIий шераш хийцалучу хенахь. Цу шерашкахь нохчийн халкъан дахаран экономика, культура, литература, кхиа а кхиъна, хазъелла, тоелла дIахIиттина яра. Амма халкъан толуш доьдуш долу дахар кхидIа а дIадахьа дезаш болчу кегийчу нехан синкхетам идеологино бохийнера.

И тайпа драматически хьал хIоьттинера нохчийн юкъараллин дахарехь вай билгалдинчу шерашкахь. Цу хьоло билгалбаькхира «дайшний», «берашний» юкъахь нисбелла Iоттабаккхам.

Ша жима велахь а, дахаре тидаме хьоьжуш хиллачу Ахмадов Мусас уггар хьалха язйинчу «Сатоссуш, седарчий довш» романан сюжет йинарг и тайпа Iоттабаккхам бара. Цуьнан турпалхой, халкъан цIенчу, сийлахьчу, оьздачу дахар тIе гIерташ болу Аказ, цуьнан зуда Алуба, Аказан доттагI Чада, шайн тIаьхье цу дахар тIера галъяьлла йоьдуш гуш, холчахь бу. Амма ойланаш, дахарехь йолу Iалашонаш мел яккхий ю кегийчу нехан Зарин, Бексолтин, Садин, кхечеран.

*Зара, шена ца везачуьнга маре нисъелла ша олий, буьйсана йодий, къайлайолу. Иза лан а ца делла, иза йигначаьрга девнаш хьедина цуьнан да Аказ ле. Кхано, цхьа хан яьллачул тIаьхьа, шеца*

*школехь дешна, шега берийн безаман хабарш дийцина Бексолта волчу дIайоьду иза.*

«Безам – иза моттаргIа ма ю. Яцахь а, суна хета-кх иза иштта... Цундела сайна ма-луъу со ваха а веха-кх. Суна хIорд беза... Оцу хIордал а дукха, хIунда лечкъадо иза, суна зударий а беза. Хазаваш. Тайп-тайпанаш, лекханаш. Ткъа хIунда яздора аса хьоьга и кехаташ? Иштта дIа, сагатлуш. ЧагIар кIордийна, цIий кхехкар а тийча, сакъера кIордийча, хIорд а... ТIаккха суна и вайшиннан берашла дагайогIура...»

Иштта, дахарехь мел сийлахь долу хIума а дай хеташ, дош ца хеташ, шенна йолчу паргIатонна баха лууш, баха а бехаш кегий нах кхиош йоллура лакхахь вай билгалдинчу шерашкахь советски идеологи. Яздархочо шен романехь билгалъяьхначарех цхьаъ ю халкъан тIаьхье синъоьздангаллица кхиоран проблема. Иза Мусас кIорггерчу говзаллица схьа а яьстина.

XX бIешеран 80-гIа шераш юккъедахнера Мусас цхьамогIа повестанца, прозин яккхийчу жанрашца цу хенахь хийцалучу халкъан дахарехь гучуюьйлучу яккхийчу проблемех лаьцна кIорггера ойланаш ян кхоччуш кхиъна ваьлла яздархо ша вуйла хоуьйтуш. «Мохк бегийча» (1985), «Зингатийн барз а ма бохабелахь» (1985), «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» (1986) яра повестийн цIерш. Церан сюжеташ башха чолхе яц, амма церан чулацам советийн идеологино шайн къоман буха тIера, орамаш тIера галдаькхина халкъ ворхIе а дайша лелийнчу, лардинчу хаза, доьналлех, яхьах дуьззина долчу гIиллакхаш тIе юхадерзош чIогIа доккха маьIна долуш бара.

Масала, «Зингатийн барз а ма бохабелахь» (1986 шо) повестехь ден дас шен кIентан кIанте сарахь, иза набарна дIавижале, дуьйцу дIаяханчу хенахь баьхначу нехан гIиллакхаш, доьналлех, майраллех, къинхетаме хилла хиларх лаьцна а. И кхетамаш повесть язъечу хенахь баьхначу кегийчу нахана чIогIа оьшуш бара: цара самайохура советски идеологино, тIе юкъ хьаькхна, къайлаяьхна, амма церан цIийца йисна йолу бакъволчу нохчичун дог-ойланаш.

Баккхийчара кегийчарна беш болу и тайпа хьехамаш, халкъо дIадаханчу дахарехь шен сий лардеш лайна халонаш – уьш дерриш а шен тIаьхье ледара, осала кхиарна кхоьруш, кIеззиг вониг цаьргара цадаларе сатуьйсуш дуьйцу повестан турпалхочо. Амма цо,

турпалхочо, хIотта а йина, яздархочо цуьнан кхетамца вайн тидаме йиллина кхин а цхьа йоккха чолхалла ю: нохчаша цхьана хенахь, шаьш къинхетаме хиларе хьаьжжина, шайгара гIо-накъосталла оьшу, мичара хьенан бу а ца хууш болчу тIелаьцначу нехан дахаран кеп, Iалашо:

«ХIуьчIаьнгIуьлгара веана стаг тIе а ма эцалахь. Цунах дика болх ца хуьлу хьуна. Лаьтта тIехь цкъа а вон хIума а ма делахь, зингатийн барз бохабай а. ХIаъ, зингатийн барз а ма бохабелахь. Мангал хьокхуш, ца хууш а ахьа зингатийн барз бохабахь, догIа догIур ду хьуна. ТIаккха йол, догIанехь а йисна, яхкалур ю. Кхийтирий хьо, дадин борз?»

Оцу хьехаман маьIна тахана чIогIа мехала ду: шена тIе мел халонаш Iиттаяларх, стаг къинхетаме хила веза, «*лаьтта тIехь цхьа а вон хIума дан мегар дац*».

Амма Советан Iедалан идеологино дукха стомма мекха йитна нехан дегнаш тIехь, синош тIехь, акхаройн амале берзийна церан лаамаш, талхийна амалш. «Мохк бегийча» повестехь яздархочо дехкина цу тайпанчу нехан цхьамогIа васташ: сутаралла, писалла ю церан амалшкахь коьртаниг.

Хьалха, башха дукха хан а яц оцу заманан, нах, шайна массарна, я цхьаболчарна, тIе бала беача, цхьатерра хьалагIовттуш хилла, шайгара гIо оьшучу нахана и гIо дархьама. Ткъа хIорш, «Мохк бегийча» повесть тIеранаш – Маккхал, Махьма, шайн юьртахошна мохк бегийча зенаш хиллачу хенахь пачхьалкхо царна гIоьнна схьахецна ахча шайна даа гIерташ, цаьрца хьарамло лелош, схьабогIу.

ХIан-хIа, повестан берриш турпалхой бац иштта. «Жаьмбик ца хилла мел халчу меттехь а кIилло... Иза тIехьа ца личкъина накъосташна... Мелхо а, хьалхавийлла... Цунна тоьшалла ду и нур... И гIалин хьесапехь цунна тIаьхьалела нур. Дика къонах ян а ма ю гIала».

КхидIа яздархочо стагах лаьцна ечу ойланаша хоьтуьйту, адамаш шайн а, шайн накъостийн а дахаре мелла а кхечу агIор хьовсур болуш санна: «БIов тIулгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а тIулгех. Уьш, ша-ша даьхча, тIулгаш ду, цхьаьна – бIов.

Стеган сий а ду-кх бIов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а гIуллакхех. Цо денна а дечу дикчу гIуллакхаша ирхбохуьйту цуьнан бохь».

Стага лаьтта тIехь дан дезачу гIуллакхех, цуьнан Iалашонех лаьцна дукха ойланаш йина гIарабевллачу оьрсийн а, дозанал арахьарчу а яздархоша. Дагаваийта мегар дара, масала, Горький А.М., къаьсттана цуьнан кхолларалли хьалхарчу муьран произведенеш. Тахана яздархочо Ахмадов Мусас и тайпа ойланаш яр а мехала хета, хIунда аьлча цара самабоккхур бу кегийрхойн кхетам.

И кхетам самабаккхаран некъаш халкъан историца тайп-тайпана масалш далорца а го яздархочунна. Къаьсттана, турпалаллин истории масалш.

Шена хьалха и тайпа Iалашо хIоттийна язйина ю Ахмадов Мусас «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» повесть а. Иза нохчийн, гIалгIайн ярташкахь Деникинан эскарх (1919 шо) леташ хIаллакъхиллачу нехан безамна язйина ю цуьнан.

Шен хенахь гражданский тIеман тема уггар коьртачарех яра нохчийн литературехь. Партин идеологица йогIуш хиларал совнаха, дог ресадолуш яздархоша цу теми тIехь болх баран кхин маьIна а дара: царна лаьара Октябрьски революцехь, гражданский тIамехь дакъалоцуш хиллачу нохчийн халкъан истори ма-ярра гайта. ХIетахь а пислора оьрсийн цхьаболчу яздархошна юкъахь нохчийн халкъ гражданский тIом болчу хенахь революцина дуьхьал хилла бохуш, деш долу къамелаш. Царна луш жоп а дара оцу теманашна нохчийн яздархоша хIетахь кхоьллина произведенеш язъяр.

Ахмадов Мусас а шен дакъа диллира оцу балха юкъа.

ХIетахь дуьйна дукха шераш дIаихна, Советски Союз а йоьхна. Вай юьйцуш йолу теманаш хIинца оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературашкахь хIиттош а яц. Мелхо а, революционерашна-большевикашна дуьхьал тIом бина инарлаш Деникин, Каледин, Врангель, Краснов, дуккха а кхиберш бу литературехь, историкийн Iилманан белхаш тIехь шайн заманан турпалхой лоруш.

Амма Нохчийчохь хIоьттинчу шатайпа долчу юкъара-политически хьоло, Россин информационни гIирсаша (телевидени, радио, газеташ), цхьаболчу яздархоша, Iилманан белхахоша нохчийн халкъан истори а, амал а, гIиллакх а, лулахошца исторически бертахь схьаена юкъаметтиган хьал а нийсса бIостанехьа, цабезамца гойтучу муьрехь Ахмадов Мусан «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» повесть,

иза язйинчу хенахь санна, я кхин а лакхара, маьIна долуш ю тахана а, иза язйина ткъа шо сов хан яьллехь а.

ХIунда? Уггар хьалха шен чулацамца: нохчий шайн синош дIадала гIевттира (повесть тIехь – гIойтIархой) граждански тIом болчу хенахь, Деникин А.И. эскар чудогIуш Соьлжа-ГIалара арабевлла шаьш тIелаьцна эзарнаш оьрсийн красноармейцаш, белхалой оцу инарлас шайга дIабоьххушехь, уьш цунна дIа ца луш. И масал тахана нохчийн шатайпа харц цIе йохучарна, церан истори бехъечарна дуьхьалтоха шен доккха маьIна долуш ду. «Хьеший ларбийр бу вай, тIаме а ца хIуьттуьйтуш. Уьш ларбеш ца хилча, хIара дола а стенна дора»? – олу ИбрахIим-хьаьжас.

ИбрахIим-хьаьжа ву, шен хьехарца тIаме хIиттинчу гIойтIархойн дийцина а, цецваьлла а цаваллал йолу майраллий, къонахаллий ийманчу ерзийна, нохчийн лаьмнаш санна лекха долу сий кхоччуш схьагайта гIодинарг.

«– Воха ма вохалахь, Къайсар, аса хIинцца чов дIайоьхку хьан...

– Со... со-м вухур вац, Iеламха... Топ хьажош кхосса ахьа.

– Юьрта чу яккхий тоьпаш етта йоллийна варраша.

– И тоьпаш схьаяьхна, царна дуьхьалъерзо езара...

– Уьш мича яхалур ю схьа...

– Яхалур яра, стелахаьштигаш хилча...

– Муха – стелахаьштигаш?

– Адамех стелахаьштигаш хилча. Стелахаьштигаш хилла, уьш болчу тIелетча... Иза тоьпо а ца лоцу.

– Харцлуьйш ву-кх хьо... Делан цIе яккха.

– Вац хьуна со харцлуьйш... Хила йиш ю хьуна стагах стелахаьштиг...»[1].

Ца вуьсу чевнаш хиллашехь, бегаш беш, воьлуш са далийтира Къойсара шен.

Иштта бара и нохчийн, лекха лаьмнийн санна, лекха сий долуш, и лаьмнаш санна, доьналлица, яхьца чIогIа хилла болу нохчийн кIентий.

Цара дитира лаьтта тIехь вайна и лекха лаьмнаш.

Церан маьIно, чулацамо йо тахана а цу повестан мехалла.

Дийцаран, повестан жанраш кIорггера похIма а долуш, халкъан «са долу», «лозу» меттигаш а евзаш, халкъан дахар шайга далучу

[1] Ахмадов Муса. «МаьркIажехь дитташ». 223 агIо. Грозный, 1989.

гIуллакхашца тодархьама, бIешерашкахь цуьнан синошна тIелетта мекха дIаяккхархьама, йоккхачу корматаллица болх бечу яздархоша романан жанрана тIекхочуш йоху йолу гIулчаш ю уьш.

Ахмадов Муса а ца Iийра дукха прозин цу жанрашкахь болх бен. Цо кхо повесть язйинчул тIаьхьа, 1988-чу шарахь, арахийцира «МаьркIажехь дитташ» роман.

Яздархочун кхолларалле жанраш хийцаяларан бахьана доьзна дара цунна дахаран халонаш кIорггера ган йолаяларца, амма оцу гинчун кIоргалла, шоралла повестан жанран дозанашкахь тар ца лора.

XX бIешеран 80-гIа шераш юккъе кхаьчначу хенахь а, уьш тIехдилхича а СССР-н махкахь хилла «демократически» болам бахьана долуш нохчийн халкъан амалехь советски идеологино талхийна а, цу идеологига талха ца елла а агIонаш къеггина гучуевлира. Цул совнаха, хIора яздархочунна, хьалха санна, хIора дашна къийла а ца луш, халкъан историхь хиллачунна а, таханлерчу дахарехь хуьлуш лаьттачу хийцамех а майрра дIаяздан таро елира.

И тайпа паргIато, яздархошна яьлла ца Iаш, хIора стагана а яьллера. Уггар хьалха цу паргIатоно «самабехира» яхьйолу нах. Цара кIорггера тидам бора, са а гатдора советски идеологино халкъан кхетамехь а, Iадаташкахь а йитинчу кIайдаргашна. Уьш тидаме, доглазарца хьийса буьйлало шайн а, шайн гонахарчу нехан а дахаре, халкъан историхь цунна Iедало бинчу баккхийчу бохамашка а.

Историно хьоьху: шен халкъана оьшучунна уггар хьалха самабовлуш берш кегий нах бу. Царна, цкъа-делахь, ца лаьа Iедалца йолчу юкъаметтигашкахь шайн дайшкара девлла гIалаташца кхидIа а баха, шолгIа-делахь, уьш цхьацца са кIезиг долчу нахаца къийсам латто буьйлало.

Кегийчу нехан шайн заманца хIоьттина цу тайпана къийсамаш бу Ахмадов Мусас «МаьркIажехь дитташ» романехь вайн тидам шена тIебахийтинарш.

Романан коьрта турпалхо Аьстамар хьехархойн институтан студент ву. И тайпа турпалхо а, цуьнан магIарера кегийчу нехан шеташ дахкар а нохчийн литературехь дуьххьара хуьлуш дара. Ахмадов Мусана карийра, аьлча а, яздархочунна цуьнан хьекъало а, кхетамо а хьийхира, муьлха турпалхой, халкъан дахаран муьлха

агIонашна ойла ян еза цу хенахь, XX бIешеран 80-гIа шераш чекхдовлучу хенахь.

Аьстамар, романан хьалхарчу агIонаш тIехь вайна вевзичахьана, и произведени чекхъяллалц дахаре а, шена гонахарчу нахе а дукха тидаме хьоьжуш, ойлане жима стаг ву. Цо маххадорца бевза вайна цунна а, цуьнан накъосташна а хьоьхуш болу хьехархой Биъсаберг, Евгений Ахмархаджиевич, Жанетта Батырсултановна, кхиберш а. Советан замано кхиийна болчу керлачу интеллигентийн васташ дахкаран шен Iалашо ю яздархочун: церан кIезиг леларца, сий, яхь боху кхетамаш дIабевлла хиларца яздархочо къеггина гойту вайна къоман советски интеллигенцин цхьаболчу векалийн харцхьадаькхина дахар, хара санна, даьсса хилар, уьш шайн леларца, церан Iедална чусадиллина хиларца, шайн амалашка хьаьжжина цара тIекхуьуш йолу тIаьхье яьсса кхиош хилар – уьш массо а ду халкъана зуламе дирзина хIуманаш. Царах тарвала гIерташ кхиъна, масала, мотт бетташ волу студент Макшарип. Ткъа поэт Буркъушев, Макшарип санна, нахана гIараваьлла вацахь а, советски идеологино хьаьшна, чуьра са дIадаьлча санна, ваьсса стаг ву, амалца а, халкъан дахарна юьстахваьлла латтарна а.

Аьстмар шен дахарна хьалха сирла, цIена Iалашонаш хIиттийна кхуьуш волу жима стаг ву. Цунна дика бевза шайн хьехархой. Шаьш дешна а бевлла дипломаш схьаоьцучу сарахь Аьстамара къонахчун къамел до цаьрга:

«– ХIокху пхеа шарахь дуккха а хIума девзи вайна. Вайна девзи цхьа нехан тайна. Синтарш ма дохаде, боху цара, ткъа шаьш, орамашца хьала а дохуш, цIа а кхоьхьуш, дагадо. Цара боху, ларде хиш, ткъа заводийн, фабрикийн хьаштагIаш нийсса Соьлжи тIехь йо, мичча а хенахь хи тIехь шуна гур ю хьена-лепа. Цара боху, эхь-бехкан, оьздангаллин бехкамаш ларбеш даха, ткъа шаьш мукъадаьллачу дийнахь а, хIора буса а, хьайбанашна цкъа а дагадан йиш йоцчу осалаллин леш хуьлу, кхечу кепара вехарг царна Iовдал а хета (эццахь Жанетта Батырсултановне мохь белира: «Опомнись!»), нагахь шайна дуьхьал вистхила хIуттуш верг нислахь, цара иза тIебоьдуш машенца ваха некъ а, буса лато электросерло а йоцчу, стигалахь цхьа марха яьлча а кIиранах догIа оьхучу тIуьначу метте балха хьажаво, циггахь иза энашка а, хатте а, алсамболучу доьзале а дIалацийта...

Ойла яйша, хIун хуьлуш ду вайна? Аьшпаш, харцдерг, шалхо хилла вайн дахаран принципаш, ткъа царна тIехь адамийн дахар латта йиш яц, адам-йилбазийниг бен. Стенна дуьйлуьйту вай адам-йилбазаш вайн коьрта тIе, коьшкала, цара шайн когаш, лестош, бакъаш тIе бетташехь, цIано а циггахь ешшехь, тIера чу а ца кхуьйсуш? И иштта дIадахлахь, вайна зарратан тIом а ца оьшу, адамийниг дIа а даьлла, йилбазийн дуьне хIуттур ду лаьттахь («Мракобесы! – Iаьхира Биъсаберг). Ткъа мичахь хила еза йилбазийн меттиг? Боданехь! Осалчийн, кхахьпанийн – мичахь? Халкъо емалйинарг...

Шу ма гIо цара гайтинчу хоршахула, шух ма хила къийгаш, цхьаь, когаш тасабелла а вожахь, зIакарш етта тIе а хьаьлхаш. Дуьне доьхча а харцдерг дуьйцур доццу къонахех схьадевллачу аша ма атта дуьйцу иза, шайн цхьана буса а наб ца яйа, я шайна институтан муьлхха а белхахо, ректор тIера горгам хьокхучунна тIекхаччалц, гома ца хьежийта. Гуттар а когаш кIел стенна хьоьжу? Наггахь стигала хьовса...»

Иштта ян а яра и хан, оцу хенахь даьхна хийла-хийла адамаш а. Дахаран и бакъдерг говза гайтина яздархочо. Аьстамаран къамелаца Ахмадов Мусас билгалбаькхира халкъан векалийн кхетам самаболуш хIоьттина хьалхара мур.

Адамийн амалш, сий-лараман мах хийцалучу хенахь кхиъначу Аьстамаран кхетамехь уггар цIена а, уггар тешаме а хила безарг безам бара. Амма цу чолхечу замано кхоччуш галморзахбаькхина карийра цунна шен нийсархойн – кегийчу нехан а, зудаберийн а – безаман мах, цо, безамо, стеган дахарехь дIалоцу меттиг. ХIинцца лакхара школа чекхйоккхуш волчу цунна, жимчу стагана, лаьара, ша тIехьийзаш волу *йоI «сица лекха а, шаьшшиннан безам дуьнен тIехь мел деха а, тIаьхьено тIаьхьене а буьйцуш, Анзоран Зазин, Жерочун кIентан я Зайтан Шихмирзин, цуьнан хIусамненан санна, цIена а хуьлийла».*

Амма цунна хетарг ца хиллера цунна езаелла йоI Джульетта. Цхьана дийнахь «Биъсаберг, шен йоцца лергинчу можах куьг а хьоькхуш, даьттан чохь дилча санна, хьеначу бIаьргашца зала чу хьоьжура. Цуьнан и хьажар шена тIехь сецча, Джульеттех, цуьнан бIаьргийн даьттанехь лелий, гIанта тIехь цхьа хьена хьоькх юьсу.

Биъсаболчо, там хуьлий, бетах мотт хьокху. Тьфу... бат схьа а лаьцна, неІаре хьаьдира Аьстамар, дог а керчина»[1].

Хьалхарчу безамо човхийна, вагийна волчу Аьстамарна тІейогІучу хенахь шена езаелла йоІ а, жимма хан-зама яьлча, Джульеттин амалехь карайо. Бакъдерг дийцича, цу тІехь шен турпалхочун амалца наггахь резахуьлуш санна хетало ша яздархо а. Масала, цкъа цхьана дийнахь базарахь нисвеллачу Аьстамаран тидам сецнарг цхьа тамашийна хІума дара: базарахь хаз-хаза йоІ, иза Іехайой, тилайой, цунна совгІаташ луш, я дешар тІехь аьтто бийр бу шаьш бохуш, цхьана кІеззигчу ханна шайн хьаькамна сакъера дІа а юьгий, юха, дукха ца хьейолуьйтуш, схьа а ялош лелаш ю цхьа чайн хІур санна яьсса хІуманаш. ХІун тардала деза и «турпалхой» баьхначу заманах а, нохчийн хІетахьлерчу дахарх а? Дийнахь делкъехь, я сарахь-буьйсана а, роман тІехь сурт ма-хІоттор, зудаберех йохк-эцар ца лелийна нохчаша я хІетахь а, ткъех шо сов хьалха, я хІинца а, тІемаша дохийна, чевнаш йина, даржийна лелаш доллушехь. Бакъду, урх тасаза йолу дин-бекъа санна, хецабелла мехкарий а, кегий нах а нисло хІетахь а, хІинца а вайн дахарехь. Амма церан леларо, дахаро кхачош дац нохчийн зудчо, бІешерашкахула чекхдаьккхина, вайн деношка схьадеана оьздангаллин, сийн хьаст.

«МаьркІажехь дитташ» романца Ахмадов Мусас хаийтира вайна, ша кхиъна ваьлла яздархо вуйла, шен яздаран хатІ, йозанан кеп, дахаран проблемаш шатайпа гуш, оцу проблемех лаьцна яздеш ша нохчийн прози юкъа керла исбаьхьаллин форманаш еанийла. Романан турпалхойн ойланаш, цара дахар листар, довзар, философин чулацамца цуьнан маьІна дар, дукхахьолахь, мифо-фольклорни кеп йолуш, метафорийн шоралла йолуш ю. Аьстамар, реальни дахаран галморзахаллаша ша дукха хьовзийча, шен ойланашца символически васташ хІитто волало, цара иза лаьтта тІехь лелачу гІуллакхех дика кхетош санна хетало.

Мифо-фольклорни сюжетийн чулацамаш, символически васташ яздархочунна ондий гІорториаш ю, нохчийн литературехь, дуьххьара аьлча санна, шен кхолларалле хь хІоттийна доьзалан, тайпанан цхьаалла, хІора доьзалхочо оцу «бенашкахь» ІаІийна эхь-бехк, сий-ларам,

[1] Ахмадов М. «МаьркІажехь дитташ». Грозный, 1989.

яхь-оьздангалла, къонахалла дас кIанте а кховдош лерина лело безаш хиларан Iалашонан йозалла исбаьхьаллин дашца схьайостуш.

Билгалдаккха деза, и тайпа халонаш XX бIешеран 80-чу шерашкахь советски дукхакъаьмнийн литературехь коьртачарна а юккъехь коьртаниг хилла хилар. Масала, Абрамов Федоран «Пряслины», Айтматов Чингизан «Белый пароход», Астафьев Викторан «Последний поклон», Распутин Валентинан «Прощание с «Матерой», «Живи и помни», Белов Вадиман «Лад», Чиладзе Отаран «Шел по дороге человек» произведенешкахь хIиттийра и проблемаш. Абрамов Ф. «Пряслины» тетралогин цхьана турпалхочо хоьтту ша-шега а, шена юххерчу нахе а: «ХIун нах ду-те вай?.. Маца кхетар ду-те вай?»

Доьзалан, тайпанан цхьаалла латтош долу Iадаташ советски идеологино а, тIаьхьарчу шерашкахь хиллачу шина тIамо а кхоччуш малйинчу хенахь вай цIерш яьхначу яздархоша хIиттийна проблемаш чIогIа оьшуш яра нохчийн литературехь. Ахмадов Мусас майра а, говза а юкъаялийна уьш шен кхолларалла...

Хино гIайри тIе кхоьссина Iиллинчу Аьстамара ечу символикин ойланийн философи таханлерчу къоначу тIаьхьенна чIогIа оьшуш ю:

*«...Цхьана боккхачу тIулга тIе а воьжна, цунна тIера хIора зил а, кIаг а, таммагIа а тергалдеш Iиллира. Мичахь, маца кхоллабелла, Органо генара керчош балийна хьо, я кхоьлличхьана а ккузахь Iиллина? ХIун ойланаш ю хьан кийрахь, хIун гIайгIанаш? Кхо шен садеIарца лур ю хьуна ахьа хийла сатийсина йовхо. Ткъа аша шаьш, тIулгаша, дола дой, дог оьций вовшийн? ХIахI?»*

Кхин цхьаъ а нохчийн таханлерчу дахарехь оьшуш йолу тема ю «МаьркIажехь дитташ» романехь – иза ю кхолларалин кхолламан, кхолларалин болх бечу стеган кхолламан тема. И тема дукхакъаьмнийн литературашкахь керла яц: шен хенахь, масала, пупах лаьцна яздина Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., кхечара а. Нохчийн литературехь оцу теманах лаьцна шуьйра яздан ца кхиира хьалхара а, шолгIа а магIарера поэташ, яздархой. Вайн къоман историга хьаьжжина бу кхолларалин болх бечу нехан кхоллам а. Шайн дегнаша хьоьххучу кепара яздан а, халкъан дахарх лаьцна оцуш а, яздеш а долчу дашца юкъагIорта а цкъа таро ца хилира нохчийн яздархойн СССР йолчу заманахь. И дан гIоьртинарг Iедало я вуьйра, я чувуллура.

«МаьркIажехь дитташ» романехь илланчийн вастаца карлабаькkхина яздархочо оцу нехан кхоллам. Илланчо хьехар до:

*«Ши кIант, хIай, – мохь туьйхира цо. – Шаьшшиннан ма-хуьллу дика гIуллакхаш делаш, уьш дан йиш ца хилахь, дика ойланаш мукъане а е, эрна йовр яц шуна».*

Дикчу ойланаша вовшахтоьхна яра XX бIешеран 70-гIа шераш чекхдовлуш Нохч-ГIалгIайн Республикехь вовшаккхеттачу къоначу яздархойн, поэтийн тоба. «Прометей» цIе тиллинера цара цу тобанна. Амма и кхоьллина дукха хан ялале Iедало дIасалаьххира уьш – корматалле нохчийн литературин а, халкъан а бала кхаьчна болу къона литераторш. Царах цхьаъ вара Ахмадов Муса.

«МаьркIажехь дитташ» романехь яздархочо «Алу» цIе а тиллина гойтуш йолу литераторийн тоба – иза «Прометей» тоба ю. Кхузахь дехкина васташ, дуьйцийла йоцуш, вай юьйцучу хенахь хиллачу тобанан декъашхойн васташ ду, церан идейн тIетовжамаш а бу. Ткъа Аьстамар авторан, Ахмадов Мусан, прототип ву ала а мегар ду.

Жима волуш дуьйна яздархо хила лууш вара Аьстамар. *«Со мила хир ву, аса шуна хьалха а дийцина – яздархо, – элира Аьстамара».* Цунах хила а хилира яздархо. Амма «Алу» («Прометей») литературин тоба Iедало, цуьнан декъашхошна ницкъ а беш, дIасаяржийнчул тIаьхьа дIаяйра Аьстамаран цу Iедалх хьалха шена хетта йолу гIаннабарш: цу зило дийкъира цуьнан дахар шина декъе – и киртиг тIехIотталц хилла дахар бераллин хан хилла хиллера. Цул тIаьхьа хилла цуьнан дахар Iедалан, нехан ямартлонех дуьзна дара, амма, цо вахча мел ви, шен халкъана дикчу гIуллакхна иза тIеттIа чураваьлла хьийзар ву.

*«ЦIаьххьана хин цхьаттеррачу тулгIенаш тIехь цхьа кехаташ гучудевлира. Дикка хьаьжча девзира Аьстамарна уьш: кхуьнан грамоташ яра хе ядийна хьош, хьалхаяьлла пионерлагерехь маIа чIогIа лакхарна елларг а йолуш, цунна тIаьхьа – вуьш, салтий санна, магIаре а хIиттина: дика дешарна, юха а дика дешарна, вон цалеларна, газетехь жигара дакъалацарна... МогIа берзабора уьш юккъехь лелийнчу папкано, иза яржа а яьржина йогIура – чуюжуш схьаястаеллера.*

*Аьстамар, хиллачух ца тешаш, тIома кIел хьаьжира: яцара папка, иза баккъал а хи чу йоьжнера. Юха а Органца охьа бIаьрг*

*тоьхча, хе голатухучу бердаш юккъехь къайлайовлуш гира цунна ульш, тIаккха тулгIенаш, тулгIенаш, тулгIенаш».*

Хино дIаяьхьира Советан Iедало лелийна бозбуунчаллаш. Iодика йойла хьан, кегий нах хьалхехь къанбина ямарт зама, Iодика йойла! Амма доьналлица а, дагца а чIагIлур хьо, Аьстамар, хьан прототипна тIейогIучу замано бохьур болу эшамаш, къизаллаш лан.

Кхолларалли похIма делла нах жоьпаллехь бу шайн халкъана хьалха – иштта маьIна ду, доцца дийцича, Ахмадов Мусан прозехь хIинцалц дийцаран, романехь жанрашкахь гучуевллачу темийн. Масала, «Дечиган тайнигаш» дийцар, дечигах тайнигаш, аьлча а, скульптураш ечу художникех лаьцна ду. Дала шена еллачу кормаллица шен халкъан дахарехь хилла дуьнене лан ца баллал бала дечигах йинчу тайнигашца гайта лууш ву и художник.

*«...Оцу дийнахь Хьайбахахь хилларг гайта мукъам а, дешнаш а, басарш а оьшу. Ткъа хIара охIла верг цхьа дечиг а, урс а ду, хIетте а хIара теша шен карахь дечиг мукъаме ериг хиларх, дешнаш ца алахь а, цо дуккха а нахана дуьйцург хиларх...»*[1].

...Шен йозанашца нахана оьшуш долу дуккха хIуманаш дуьйцу Ахмадов Мусас. Иза хIинцца ханна гIеметтахIоьттина яздархо ву. Цунна йогIуш тиллина «Нохчийн халкъан яздархо» аьлла Сийлахь цIе.

Дийцарш, повесташ, романаш. ХIора а шен маьIнийн дешнийн йозалла йолуш ю цуьнан кхолларалле хь и жанраш.

Изза ала хакъдолуш ю цуьнан, якхий а, кегий а, ткъа сов пьеса. Царах лаьцна къамел ша хила а деза, шен меттехь хила а деза. Цул тIаьхьа бен хIуттур дац яздархочун кхоччуш дуьзна васт.

### *Хаттарш, тIедилларш*

1. Дахаран хIун Iалашонаш йолуш кхуьуш бу Ахмадов Мусан произведенийн къона турпалхой?
2. Ахмадов Мусан кхолларалли тематически шоралла гучуяккха.
3. «Ахмадов Мусан кхолларалле хь Даймехкан васт» темина сочинени язъе.
4. Ахмадов Мусас шен кхолларалехь хIиттийна гIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де.

[1] Ахьмадан М. Гулдина йозанаш. 1-ра жайна. Соьлжа-ГIала, 2005. 297 агIо.



## ДИКАЕВ Джунаидан Мохьмад

***(1941–1979)***

*Вина Соьлжа-ГІалахь 1941-чу шеран 1 сентябрехь. Чекхьяькхина Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Къахьегна Нохчийн пачхьалкхан университетехь литература студенташна марзъеш. Поэт, публицист, Іилманан фольклорист.*

*«Нохчийн хІусам» (1965), «Догу сан дог» (1967), «Деган мерзаш» (1971), «Стеган цІе» (1990), «Сан дай баьхна латта» (2013).*

БІаьстенан Іуьйрана маьлхан хьалхарчу зІенаршца сама а довлий, дахаран хазалла нахана кхин а марзъеш долчу олхазарийн эшарех тера дара шен пхийтта-ялхитта шо кхаьчча яздан волавеллачу Дикаев Мохьмадан зевне аз. Иза дара XX бІешеран 60-гІа шераш юккъе кхаьчначу хенахь. Оцу хенахь нохчийн поэзи поэтийн хьалхарчуй, шолгІачуй чкъураша кхиийна, шен кІорггера идейни, исбаьхьаллин зеделларг долуш, ерриг а Союзехь евзаш, къоман литературин юьхь кІайеш йолу исбаьхьаллин хазна яра. Иза Махкахь, Европехь езаяларан бахьанаш, цкъа-делахь, оцу хазнийн къоман амал ястаран шатайпаналла дара, шолгІа-делахь, оьрсийн гочдархойн говзаллица дозуш а дара.

Масала, 1964-чу шарахь Москва-гІалахь СССР-н яздархойн Союзо дІаяьхьначу къоначу поэтийн ерригсоюзни семинарехь цу хенахь Ленински премин (совгІатан) лауреато, гІараваьлла хиллачу Тихонов Николайс лаккхара мах хадийра нохчийн поэзин, оцу семинарехь дакъалоцуш хиллачу Дикаев Мохьмадан кхолларалли.

Поэзин шовда цкъа а, цхьана а къоман лекъаш дац. Нохчийн литератури юкъа Дикаев Мохьмад вогІучу хенахь поэтийн

хьалхара чкъор къаналле лестинера, ткъа цунна тІаьхьара чкъор гІеметтахІоьттина дара, шен кхиамашца, евзаш йолчу цІершца нохчийн литературин кхечу къаьмнийн литературашна юкъахь хьакъйоллу меттиг а нисйина.

Дийнахь сарралц арахь ловза а левзина, нанна хьалха бехкалдахна чудеанчу беран делакъажарх терра хилира Дикаев Мохьмад нохчийн поэзина юкъавар. Цуьнан хаза юьхь-сибат даим а декхна, сирла дара, кІарула-Іаьржа бІаьргаш синкъераме хьоьжура нахе. Кхиазхочун санна ирахь лаьтташ йолчу коьртара месаша а йовзуьйтура цуьнан маса амал: иза шена Дала тІедиллина коьрта гІуллакх поэзин дашца нехан дог-ойла иракарахІоттор кхочушдан сихвеллачу стагах тарлора. Иза сиха вара. ХІан-хІа, олуш долчу дашца нахана халахетийтина, вас йина вацара: сиха вара, нах дукхабезарна, цаьрца массаьрца а дагара дийца, доттагІалла лело, дукхадезачу дахарх лаьцна дийца, шен стихотворенеш еша, уьш цара муха тІеоьцу хьажа. Цунна хаьара, цхьанаметтехь саца а сецна, тийна-таьІна ша Іалур воцийла. Цундела цхьана стихотворенехь цо беламца элира: «Со ца кхочуш меттиг бац».

ЦІаьххьана шена хьалха схьахІоьттина хаза дахар, Іер-дахарца цу хенахь дІанисделла халкъ – иза дара Дикаев Мохьмадан хьал, воккхавевеш дерг. Цуьнан ойланаш, беран бІаьрхиш санна, цІена яра, поэзехь болу турпалхой вовшашца цхьа а Іоттабаккхам боцуш беха: церан амалехь вайна хаалуш йолу халонаш йозуш ю и турпалхой Даймахках къастарх, дахаран марзонан чам тешнабехкой, ямартлоной къахьбарх кхерарца.

Иза ю Дикаев Мохьмадан нохчийн поэтийн кхоалгІачу чкъуран векалан уггар зевне а, кхечу поэтех къастош йолу а башхалла.

Поэзица дагара дийца, иза нахана довзийта шатайпа форма а, дешнаш а карийра Мохьмадна. Цуьнан стихашкахь гуш верг иза ша ву, хаалуш ерг цуьнан амал, ойланаш, сатийсамаш, лаамаш бу, ткъа коьртачарна юккъехь а коьртачух Даймехкан, халкъан темаш ю. Амма Даймехкан васт кхоччуш кІорге диллархьама, иза вогІу-вогІуш вогІу цуьнан вастана тІе: шен дуккха а стихашкахь цо, цхьацца-шишша Даймехкан аматаш дуьйцуш, Іалабо тІаьхьо кІорггера васт хІоттийна болу поэзин гІирсаш. Масала, «Бекалахь, сан мерза-пондар» стихотворенехь цо олу:

Ас хьоьга къайленаш юьйцу:
Тешаме хета хьан мерзаш,
Генарчу бераллехь дуьйна
Ойланаш ю хьоьца йина;
Бекалахь, сан мерза-пондар,
Вайшиннан безаман сийнна.

Некъ бина со цIехьа верзахь,
Олу ас Даймехкан илли,
Хьоьсту ас хьан зевне мерзаш –
Лоькху ахь сан деган эшарш.
Бекалахь, сан мерза-пондар,
Йиц ца еш вайн халкъан эшарш.

И могIанаш цо ша шен ден ненаца Казахстанера Даймахка цIа верзале яздина ду. Ткъа цIа вирзича цуьнан кхоллабелла лаамаш иштта бу:

Ешахьа, Аза, гIори-гIоддах,
Дайша йина ойланаш,
Халкъан дуьхьа къийса гIоттуш,
Алахьа доггах хьайн дешнаш.

Йийцахьа нохчийн оьзда эвла,
Дуьне малхе дерзадеш,
Балха баха новкъабевлла
Вайн юьртахой биц ца беш.

Алахьа ден дайн сирла илли,
Суьйре, Iуьйре декъалъеш,
Суна там беш хьан аз хилла,
Хилла нохчех дозал деш.

Дикаев Мохьмада яздан волавелла дукха хан ялале кхуллу «Стеган цIе» стихотворени. Цуьнан чулацаме хьаьжча, хаало поэтан шен халкъаца йолу уьйр, цо шена хьалха хIоттийна Iалашо а:

Диц ца ло, кIант вина,
Сакъоьруш тхаьш Iачохь,

Берана цIе хоьржуш,
Тхайн бевлла къовсамаш,
Дуьнен чохь мел хилла
Дика кIант дагалоьцуш,
Къонахчун цIе къестош,
Къамелаш долийна.

Къамелаш, дахделла,
Дийцаршка дирзича,
Салам луш, чувеана,
Вистхили воккха стаг:
«Ма леха эрна аш
КIантана йоккха цIе,
Пхийттара валийта
Вайн керла юьртахо,
Цхьаьнгге а ца хоьттуш,
Халкъо цIе туьллур ю,
Махкана цо дечу
ГIуллакхе хьаьжжина».

Иза нийса а ду. Ткъа Мохьмада хIун Iалашо хIоттийра шена хьалха, халкъе и цIе тиллийтархьама? Цо цу халкъан Казахстанехь, Киргизехь Даймахкана сагатдеш гулбелла кIорггера синхаамаш, сиплазамаш, бIаьстенца ло дешаш ломара чухаккаделла сирла хиш санна, шуьйра бовзийтира шен поэзехь, къона чулацамца а, могIанийн ондаллица а шен нийсархойн поэзех къаьсташ йолчу. Уггар коьрта маьIна дара цуьнан лирически турпалхо ша нохчи хиларх дозалла дан волавалар. Дозаллица ша кхечу къаьмнел дика а, тоьлуш а ву, ала гIертар дацара иза. Цо шен даго хьоьхуш йолу ойланаш нохчийн историно кхоьллина хилар хоуьйту вайна, бIешеран халчу новкъахь цара ларйина яхь, доьналла, Даймохк безар, цунна хьанал хила везар тIаьхьа тIейогIуш йолчу тIаьхьене дIа а кхийдайо:

Нохчо ву со,
нохчийн зудчо борз ехкинчу буса вина,
ЦIоькъа-лоьмо шен маьхьарца
вижначуьра гIаттавина.

Нанас иллин накха белла,
илли ала векалвина,
Нохчийн маттах, нохчийн махках
берахь дуьйна дозал дина.

ХІаъ, «нанас иллин накха белла, илли ала векалвина» вара Дикаев Мохьмад. Цу некхан шурица цхьаьна нанас хІора а бакъволчу нохчичунна елла кхин дуккха а амалийн доьналлин агІонаш:

Нохчо ву со,
маршо къуьйсуш, Даймахкаца тоба дина,
Цунна ямарт, осал хеттарг,
къа ца хеташ, сайх хервина,
Сайн ден дакъа цІе-кІур доцуш
ца дисийта, юкъ йихкина,
Іазап хьоьгуш, лай хуьлучул,
летта вала реза хилла...
Нохчо ву со,
кху дуьнен чохь са лаьттачу ирсе кхочуш,
Барттий, безам, яххьий, тешам
байна, цкъа а вехар воцуш!

Нохчийн ден дайшний, наношний шайн тІаьхьене весетаца бина хьехамаш бара Дикаев Мохьмада ша дукхе-дукха къона волчу хенахь поэзехь билгалбаьхнарш. Уьш цо поэзехь хьехийна ца Іара, цара ма-хьоьхху вара дахарехь а.

Хетарехь, цундела яра цуьнан ерриг а поэзи дахарца, нахаца болчу цІенчу безамах юьзна, йоьттина. Цуьнан дог, беран дог санна, дукха ца хууш, дахарх сакъералуш, амма, ангалех дича санна, экама а, атта духуш а дара:

ЦІен-къорза арара зезагаш санна,
Сан коьртехь ойланаш заза дохуш ю,
Ловзаргахь мехкарийн магІарехь санна,
Зезагийн-ойланийн шайн тхьамда ю.
Де дийне мел дели, и тхьамда-зезаг,
Сан синан беш кхолуш, дегІ доккхуш ду,

Ямартчу куьйго ша Іовжорна кхоьруш,
Буьйсана и чІогІа къовлалуш ду.

Дуьйцийла йоцуш, поэто диллинчу зезаган васт – иза цунна дукхадезаш хиллачу цуьнан «син беш кхолуш» хиллачу дахаран, экамчу деган васт ду.

Дикаев Мохьмад шен поэзехь шатайпа синан кІорге йолуш стаг вара. Цуьнан, хІора аьлча санна, стихотворени эшаре йоьрзура, уьш дуккха а ю, поэт дІакхелхина шовзткъа шо зама яьллехь а, тахана а нехан дегнех кхеташ, церан синошна оьшучух дуьйцуш, дегнаш пракарахІиттош, дахарехь якхий халонаш тІехІиттинехь а, цу дахаран хазаллин, уьйрийн, безаман ницкъах лаьцна язйина дела, и дахар царна марздеш ю.

Коьрта долчунна, шен Даймехкан хазалла юьйцуш ю цуьнан стихотворенеш. Амма, мел дийцича а, хІора стеган дахарехь кхочуш цуьнан маьІнех, цо лучу ницкъах лаьцна дийцина ца валлал йоккха, шуьйра, кІорге йолуш ю и тема:

Нанас берахь дуьйна
Суна хьо марзбина,
Хьоьга дагара дуьйцуш,
Хийла ойла йина,
Сан дай баьхна латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Ахь кхиийна,
Ахь стаг вина,
Со новкъавелира, –

ялдира къоначу поэто ша Даймахкана генахь волчу хенахь. Ткъа цу Даймахкана тешаме кІант хиларе терра, цунна хьалха даим а ша декхарийлахь хетара цунна:

Хьуна генаваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара,
Сан дай баьхна латта,

Сан ирс долу Даймохк,
Малх бицбина,
Нур къагийна,
Суна хьо лепара.

Кхечу мехкашка дIакхалхийча, церан лаьмнашка хьаьжча шайн лаьмнийн, Даймехкан васташ хьалхахIуьттура нохчашна. Оцу мехкашкарчу халкъийн – казахийн, киргизийн – дегнаш дика хиларца а, комаьршаллица а доьзна дара цаьрга нохчийн безам бахар:

Казахаш, киргизаш – вежарий,
Марзонца вай цхьаьна даьхна,
Аш динчу хьошаллех лаьцна
Вайнаха шайн иллеш даьхна.

Сийначу Къоьзана-Iам чохь
Го тхуна шун кура лаьмнаш,
Хьийкъинчу вайнехан бешахь
Хеза шун акынан[1] эшарш.

Вежарий, Кавказе дуьйла,
Вайнехан хIусаме дуьйла,
Кумысан меттана шовда
Мер ду вай, гергарло чIагIдеш.

*(Вежарийн илли)*

Иштта, нохчашна тIе хала киртиг хIоьттинчу хенахь царна вошалла дарна баркалла аларца Дикаев Мохьмадан кхолларалли юкъа йогIу интернациональни тема. Цу темех лаьцна поэто яздеш дерг Iедална хьалха хIиттош кеп яцара, кхечу къаьмнашца болу ларам цуьнан поэзехь тIеттIа гучубуьйлура, поэт гIеметтахIоттаре хьаьжжина. Цунна дика евзара нохчийн истори, дика хаьара шен халкъ кхечу халкъашца историн новкъа бертахь схьаихнийла. Шайна тIе Iаламат боккха бала беача а казахашца, киргизашца доттагIалла а чIагIдина, шайн Даймахка цIа баьхкира нохчий.

[1] Акын – казахийн, киргизийн маттахь – иллиалархо.

Коьртачарех цхьаъ ю Дикаев Мохьмадан кхолларалле безаман тема а. Кхечу поэтийн хатIах тера дацара Мохьмада и тема схьайоьллуш лелийна поэтически хатI а. Цунна шен васташ, поэтически гIирсаш карийнера – безаман лирикехь цо дехкина лирически турпалхойн васташ къасталур доцуш дозуш ду поэтан вастаца. Цу лирикехь хIора а стихотворенехь «со», «ас», «соьга» олий, волало поэт шен дагара дийца. Цундела хир ду-кх цуьнан лирика, эшаршка а йирзина, тахана а хIоранан дагахкхеташ хилар. Масала, царах ю «Ас лоьхург мила ю...», «Хьол хаза йоI суна ца гина...», «Хьан дагара хиъча...», «Нохчо ву со», «Ленинградехь кхиъна йоI», кхиерш а:

Тхан юьртахь тийна ду,
Наб яйна со цхьаъ ву.
Лерина лоьхуш,
Цагарна кхоьруш,
Сахиллалц леларх, кIад ца луш,
Ас лоьхург мила ю?

Ала соьга,
Сирла седа,
Ирсах хьоьгуш,
Ас лоьхург мила ю?

Суна гуш серло ю,
Йижаза кхин цхьаъ ю.
Ойлане хилла,
Шайн коре хиъна,
Ша-шега къайлах хьехавеш,
Цо вуьйцург мила ву?

Со хьоьга кхойкхуш ву,
Схьаяре хьоьжуш ву.
Хьуна ца хеза
Сан деган мерзаш,
Буьйсана юьртахь лекхалуш –
Хьо суна генахь ю.

*(«Ас лоьхург мила ю...»)*

Кхин а цхьа башхалла йолуш ю Дикаев Мохьмадан безаман лирика: дешархочунна хьалхахIуттучу поэтан вастаца цхьаьна даим а дозуш ду цуьнан Даймехкан васт. Кхечу агIор аьлча, Даймехкан аматаша, иза дукхабезаро самайоху цуьнан безамца йоьзна йолу кIорггера ойланаш. Аьллачуьнца доьзна хьовсур вай гIараяьлла йолчу «Ленинградехь кхиъна йоI» эшарс:

Алахьа соьца нохчийн илли,
Ленинградехь кхиъна йоI,
Аз хазийтахьа, юххехилий,
Ас, сахьийзаш, ойла йо.

Дагаоьху берахь дуьйна
Безабелла дашо малх,
Лам бохийна, бухадуьйлу
Шовда хьоьстуш хилла нах.

Дицлац нохчийн оьзда гIиллакх,
Церан дагца йогу яхь,
Деза, доккха хьешан гIуллакх
Цара лору шайн махкахь.

Йолахьа соьца нохчийн махка,
Йитахьа сирла буьйсанаш,
Керла некъаш ломахь дахка
Йолахьа, дагарадийцинарг.

Хаза ю хьо кхиъна гIала,
Цунах яла атта дац,
Винчу лаьмнех дагавала,
Со а, ца вахча, волуш вац.

Кхузахь йоIе бахначу безамо а ца лахдо Даймехкан хаза, лекха васт. Цунах ца къастало поэт, *«дагавала»* везаш хуьлу иза, шен безамо шега кхайкхича а.

Даймехкан хазалла, цо хIора стагана луш болу ницкъ, иза ларбан, Iалашбан безар, жимчу стеган безамах юьзна ойланаш – и теманаш коьрта яра поэтана иза яздан волавелча а, цул тIаьхьа а.

Амма поэт, воккхенга мел гIоьрти, Нохчийчохь 1960–1970-чуй шерашкахь кхолларалли белхаш беш йолчу интеллигенцина партийни идеологино беш болу ницкъаш алсам мел бевли, дахарх, шена хьалхахIитточу Iалашонех лаьцна философски ойланаш ян волало Мохьмад.

Цуьнан заманхошна ца хиира, шайна юххехь лелаш волу жима стаг корматаллин доккха похIма долуш вуйла, иза лара а, цуьнан сий дан а. Нехан халчу амалша човхийча, къаьхьа къурдаш дан волавелира поэт.

Шен хьекъалан кIоргенца иза дерриг а хууш волчу поэтан кхолларалле хь йисна цуьнан дегабааме лар. «Поэтан нене» стихотворенехь боху цо:

Ма елха, поэтан нана.
Ма белахь ахь гIийла узам,
Сирла ю тIейогIу кхане,
Цо лоькху хьан кIентан мукъам.

Поэтана хиъна хиллера шен поэзин ницкъ. Ян а ю цо йийцина *«сирла кхане» «поэтан мукъам»* лоькхуш. Ткъа цу хенахь, поэтан похIма лан ца лучу наха цунна цхьацца новкъарлонаш ечу хенахь, нешан дог, сабIарзделла, доьлхуш хиллачух тера ду. Поэто кхидIа яздо:

Шен кийра иллица багош,
Туьйсуьйтуш стихашка суйнаш,
Дехи цо харцонах дакъош,
Ца достуш къийсаман буйнаш.

Хьайн кIантах дозалла делахь,
Дош лелаш поэт и вара,
Ахь цуьнан гIайгIа ма елахь,
Цо бинарг оьзда некъ бара.

Бан а бу Дикаев Мохьмада бина некъ оьзда а, цIена а. Иза дукха хьам стаг вара. ГIараваьлла волчу поэто, Iилманчо, иллиалархочо Сулейманов Ахьмада, Мохьмад дIакхелхича, элира: «Дикаев Мохьмад, мурйоьлла дечиг санна, кхерчахь сийсачарех вацара. Иза, чоь серла а оьккхуьйтуш, вогучех вара. Вай и лар а ца вира».

Шен халкъ дезаш хиллачу поэто тІаьххьара язйинчарах ю ала мегар долуш йолчу «Йиш яц сан ца яздан» стихотворенехь дахаро шена тІедиллинчу гІуллакхах ша муха кхеташ хилла хаийтира:

Йиш яц сан ца яздан.
Дог ца Іа кийрахь,
ГІамар тІе кхоьссина
Яй-чІара хилла,
Шена там лахаза,
Къийсаме даьлла,
Ша къуьйлуш волчуьнга
Буто дош аьлла,
«Хьайн рифмаш дахаран
ТІулге иръяйта,
Ойлане турпала
Белларш денбайта,
Даймехкан мостагІийн
Буьйлу кІур байа,
Хьайн стихан доьналлин,
КІант, пусар дайта!» –
Бохуш, дог деттало
Готтачу кийрахь.
Бакъоно харцонца
Хьанала къийсар,
Керлачо ширделларг
Шен хенна хийцар,
Адамийн гІиллакхаш,
ГІуллакхаш дуьйцуш,
Доггах лаг уьйзу ас
Поэзин тоьпан.

Доцца дийцича, иштта яра Дикаев Мохьмадан поэзи. Нохчийн 1960–1970-чуй шерийн поэзи серла а яьккхина, дІавахара иза, шен халкъана, махкана хьанал кІант.

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Билгалъяха Дикаев Мохьмадан поэтически кхолларалли коьрта исбаьхьаллин билгалонаш.

2. ХIун бахьана дара-те Дикаев Мохьмадан кхолларалехь эшарийн мукъам болуш дукха стихотворенеш хилар? Стенца дозуш дара-те иза?

3. «Нана-Даймохк» темина сочинени язъе.

### *Ешначух ойла е вай*

1. ГIараваьлла волчу поэто, Iилманчо, иллиалархочо Сулейманов Ахьмада аьлла: «Дикаев Мохьмад, мурйоьлла дечиг санна, кхерчахь сийсачарех вацара. Иза, чоь серла а оьккхуьйтуш, вогучех вара. Вай и лар ца вира». Муха кхета шу, «мурйоьлла дечиг санна, кхерчахь сийсачарах вацара...» аьлча? ХIун маьIна ду «иза, чоь серла а оьккхуьйтуш, вогучех вара» бохучух? ХIун ду Сулеймановн дагахьбаллам латтош хилларг? ХIунда аьлла цо: «Вай и лар ца вира»?

3. Дикаев Мохьмадан хIора а стихотворенехь цуьнан синхаамаш билгалбовлу. Шуна хетарехь, хIун синхаамаш бу уьш?

4. Даймехкаца уьйр ерг, цунах дIахервелларг мича кепара хуьлу, боху поэто шен стихотворенешкахь?

5. ХIун лаам бу лирически турпалхочун?

### *Стихотворенийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай*

1. Стихотворенешкахь поэто метафорех, олицетворенех пайда эцна («Ас лоьхург мила ю...», «Хьол хаза йоI суна ца гина...», «Нохчо ву со», «Ленинградехь кхиъна йоI» и. д. кх. а). Схьалаха уьш. Ойла е, хIун гIуллакх кхочушдо цара Нохчийчоьнан сурт хIоттош.

2. Стихотворенеш тIера меттан исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш схьалаха. ДIаязбе уьш шайн белхан тетрадаш тIе.

3. Муьлха дустарш гира шуна цIерш яьхначу стихотворенешкахь? ХIун маьIна ду церан?

4. Муьлхачу формехь язйина вай хьахийна йолу стихотворенеш (диалог, монолог, ойлаяр)?

### *Кхолларалли тIедиллар*

«Дикаев Мохьмадан кхолларалло нохчийн поэзехь дIалоцу меттиг» темина реферат язъе.

## СТИХАШ КХОЛЛАРАН КЕПАШ

**Силлабо-тонически стих кхолларан кеп.**

Исбаьхьаллин чулацамехь, чекхдаьлла маьIна а долуш, рифма а, ритм а йолуш къамел шатайпа нисдар – уьш ю стихийн билгалонаш. Поэтически къамелехь хаддаза цхьабосса хаалуш, шен рогIехь юх-юха карладуьйлуш, оцу къамелана шатайпа исбаьхьалла луш, цхьатерра долчу дакъойх *ритм олу*.

Стихаш хIоттайо стопаша. Стопа чу догIу деха а (- графически цунна знак юьллу), доца а (цунна V билгало юьллу) дешдакъош.

Антични стихосложенехь хилла дуккха а стопаш. Къастор вай царах ши-кхо слог ерш.

*Ямб* (V -) стопа хIоттайо доцачуй, дехачуй дешдакъоша.

*Хорей* (- V) стопа хIоттайо дехачуй, доцачуй дешдакъоша.

*Пиррахий* (VV) стопа хIоттайо доцачу шина дешдекъо.

*Спондей* (– –) стопа хIоттайо дехачу шина дешдекъо.

*Анапест* (VV -) стопа хIоттайо шина доцачуй, цхьана дехачуй дешдакъоша.

*Амфибрахий* (V – V) стопа хIоттайо доцачуй, цул тIаьхьа дехачуй, тIаккха доцачуй дешдакъоша.

*Дактиль* (– VV) стопа хIоттайо цхьана дехачуй, цунна тIехьа лаьттачу шина доцачуй дешдакъоша.

Евзаш йолчех уггар а вайнехан стихана герга ерг ю силлабо-тонически стихкхолларан форма. XVIII бIешарахь шуьйра яьржина иза Россихь, коьртачу декъана Тредиаковскийс а, къаьсттана Ломоносовс а йинчу реформел тIаьхьа. Силлабо-тонически стихкхолларан башхалла цуьнан слогоударни кеп хилар ду, аьлча а хIора стопахь (гIулчахь) ударни (тохар) йолуш, йоцуш долу дешдакъош нисдаларе хьаьжжина. Бусалба дин вайнахана юкъахь чIагIделлачул тIаьхьа Iарбийн дешар дешначу вайнаха Iарбийн классически поэзех таръеш назманаш кхоьллина шийтта, цул сов дешдакъойх лаьтташ а, цхьатерра шатайпа къаьсттана рифма йолуш а.

1920-чу шерашкахь, дуьххьара вайнехан йозанан бух билла болийнчу муьрехь, иштта ца хилча ца долуш, лакхахь вай йийцинчу Iарбийн классически поэзин кепашца язйинчу стихашца-назманаш-

ца Іарбийн дешар дешна дуьххьарлера яздархой Нажаев Ахьмад, Дудаев Іабди, Сальмурзаев Мохьмад, кхиберш а баьххина поэзина юкъа.

Амма уьш, йовл-йовлуш, юкъара дІа а евлла, шен аматашца, шен екарца вайнехан барта а, йозанан а поэзина дукха гергахь хилар бахьана долуш, силлабо-тонически стихкхолларан кепаш юкъаяьхкина, чІагІъелла дІахІиттира. Шеко йоцуш ду къоначу йозанан маттахь керла поэзи кхуллуш юкъабевллачу яздархошна оьрсийн поэтийн Лермонтов М.Ю., Горький А.М. тІеІаткъам хилла хилар. Нийса аьлча, вайнехан поэзи халкъан барта кхолларалле ххий, оьрсийн классически поэзеххий – цу шина хьостанах пайда оьцуш кхиьна ю.

Мах хадийна ца валлал доккха гІуллакх дина вайнехан поэзи кхоллалучу муьрехь дуьххьара дош аьллачара: Нажаев Ахьмада, Сальмурзаев Мохьмада, Дудаев Іабдис, Бадуев СаьІида, Мамакаев Мохьмада, Мамакаев Іаьрбис. Цара керлачу стихкхолларан кепашца, керлачу исбаьхьаллин васташца, вайнехан поэзи кхиорах йолчу Іалашонах буьзна, хаарца а, юха ца бовлуш а барта поэзеххий, оьрсийн классически а, советски а поэзеххий буьззина пайда а оьцуш, дина гІуллакхаш бахьана долуш кхиа йолаелира нохчийн йозанан керла литература.

*Рифма* олу стихийн чаккхенашкахь цхьана кепара декачу аьзнех. Рифмаш тайп-тайпана хуьлу:

– *шалгу,* шишша цхьаьна нислуш, масала: а а б б;

– *жІаре* рифма могІа юккъе буьтуш, цхьатерра нислуш, масала: а б а б;

– *чІагаре* рифма хьалхарниг йоьалгІачуьнца, шолгІаниг кхозлагІчуьнца нислуш, масала: а б б а.

Рифмаш хуьлу *божарийн а, зударийн а.*

*Дактилически* рифма олу чаккхенгара схьа кхозлагІчу слогехь ударени йолуш (чаккхенгара схьа кхозлагІчу слогехь деха мукъа аз долуш) йолчу рифмах.

*Строфа* (байт) олу стихотворенехь маьІница цхьаьнадогІуш я музыкица – рифмица – цхьаьнадогІуш долчу шина я цул сов долчу стихнийн могІанех. Строфана (байтана) чу догІучу могІанийн ду-

кхалле хьаьжжина, иза екъало хIокху тайпанашка: шина могIанах лаьтташ ерг – *дистих,* кхаа могIанах лаьтташ ерг – *терцет,* беа могIанах лаьтташ ерг – *катрен,* пхеа-ялх могIанах лаьтташ ерг – *секти,* бархI могIанах лаьтташ ерг – *октава,* исс могIанах лаьтташ ерг – *иона.*


**Эпитетах кхетамбалар.** Исбаьхьаллин маттахь даим хуьлу хIуманах къаьсттана хаза кхетам луш долу дешнаш. Царах *эпитет* олу.

Нохчийн исбаьхьаллин дешан исторехь эпитеташ, шайн чулацаме хьаьжжина, хийцалуш схьаяьхкина. Халкъан барта кхолларалле хь эпитето билгалдоккхура, коьрта долчунна, халкъан кхетамехь дерг а, хила дезарг а (масала: «цIе йолу дика, кура кIентий», «дайн леча санна», «бос хаза», «бад санна, ва техкаш», «гIургIезах тера», и. д. кх. а). Ишттачу эпитетех *даим а лела эпитеташ* олу.

Бакъду, цхьаццайолчу меттигашкахь барта кхолларалле хь лачу эпитеташа ло кхетам дестийна, хаздина маьIна долуш хуьлу, масала: «тука юллал ва дари шена тIехь ва долуш», «бере кечвалла кIайн дети, цIен деши шен некхе дерзийна».

ХIинцалерчу литературехь цхьана произведени чуйогIучу эпитеташа кхуллу сурт кхечу произведенийн эпитеташа кхуллучу суьртех тера ца хуьлу. Кхечу кепара аьлча, хIинца эпитеташ тайп-тайпана а, дукха а ю, хIора яздархочун дешан говзалла эпитеташа йо (масала, Бадуев С. «Партизанаш» поэма). Литературехь эпитеташа билгалдоккху яздархошна дахар тайп-тайпана гар а, цара и дахар массо кепара Iамор а.

Эпитет литературехь метафорех тера хила а мега (метафорически эпитет), эпитет хуьлу гиперболически а (хIуманан айдина, совсийна маьIна далар).



## БЕКСУЛТАНОВ (Адамов) Мозин Муса

### *(1954)*

*Вина 1954-чу шеран 1-чу июлехь.*

*1977-чу шарахь чекхьяккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультет.*

*Белхаш бина школашкахь оьрсийн мотт, литература а, нохчийн мотт, литература а хьоьхуш, «СтелаIад» журналан коьрта редактор волуш.*

*«Мархийн кIайн гIаргIулеш» (1985), «Сан вешин тIехьийза йоI» (2011), гулар 2 томехь: 1-ра том – 2005, Соьлжа-ГIала; 2-гIа том – 2009, Соьлжа-ГIала.*

XX бIешеран 70-гIа шераш чекхдовлуш, 80-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн проза кхиаран боларш гIеххьа соцунгIа хилира. Цуьнан бахьана дукхахьолахь доьзна дара, цкъа-делахь, и хан тIекхаччалц прозехь коьрта меттиг дIалаьцна кхиъна романан жанр хIинца, керлачу заманан чулацамца юьстича, шен тематикица «къанъелла» хилар, шолгIа-делахь, оцу, вай билгалбинчу муьран хьалха дIаихначу шерийн чулацам болуш кхиъна дийцаран жанр а хIинца нехан дегнаша башха тIеоьцуш цахилар.

Доцца а, кхечу кепара а аьлча, историко-революционни чулацам болуш хилла романаш, «ширделла» Iадат дуьйцуш хилла дийцарш 80-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь а, кхидIа а тIееанчу хенахь хилларчу ешархошна кIорда а динера, цу романаша, дийцарша церан дог-ойла кIаргъеш, дикахболу синхаамаш самабохуш беш цхьа а тIеIаткъам а бацара.

Исбаьхьаллин литературехь халкъан дог-ойланех кхеташ, и дог-ойла сапаргIат ца юьтуш йолчу произведенешка халкъо сатийсаре

хьаьжжина кхоллало произведени. Иштта хьал хIоьттинера 1980-гIа шераш дуьйладелча нохчийн дахарехь а, литературехь а.

Иштта хIоьттинчу хьолах кхеттачу яздархочо кхуллу хIетталц литературехь хилла йоцу произведенеш, аьлча а литературехь ца хилла теманаш хуьлу оцу яздархочун тидамехь.

Ма-дарра аьлча, 80-гIа шераш нохчийн литературин чулацам, теманаш, исбаьхьаллин лехамаш хийцало хан яра.

И тайпа болам кхоллабелира, коьртачу декъана, яздархойн керла чкъор литератури юкъадар бахьана долуш. Царна цу хенахь нохчийн дахарехь хуьлуш лаьтта хийцамаш дика гора: и хийцамаш, царна малаьара, даим ца хуьлура халкъан дахаран коьрта ламасташ, оьздангалла, ларам – дайшкара вайга кхаьчна и гIиллакхийн хазна ларъеш.

ДIадаханчу бIешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературина юкъавеанчу Бексултанов Мусан кхолларалли коьрта проблема ю лакхахь вай хьахийнарг.

Яздархочунна къоначу тIаьхьенан ойланаш, цуьнан дахарца нислуш йолу юкъаметтиг, жимчу стага хIораннан а нийса мах хадорца йоьзна йолу амалш кIорггера евза. Иза яздан волавелла университетехь ша доьшуш волчу хенахь, амма цуьнан дуьххьарлера дийцарийн книга зорба тоьхна араелира 1985-чу шарахь. Оцу книгин цIе а яра шатайпа: «Мархийн кIайн гIаргIулеш». И книга ешначара а, цуьнан исбаьхьаллин шатайпаналла литературин критикехь билгалъяккхинчара а цхьа барт болуш тIечIагIдира: нохчийн литератури юкъа веана цхьаннах тера доцу шен яздаран хатI долуш, цхьаммо а меттахъяккхаза йолу шен тема а, турпалхойн амал, ойланаш гайтар а цхьаннах а тера доцу яздархо, бохуш.

**«Хьалхара парта».** Дийцар яздархочун хьалхарчарех цхьаъ ду. Ткъа муьлха турпалхо ву цуьнан тидам шена тIебахийтинарг шен нийсархо хила а мегаш волчу жимчу стеган муьлха амал ю яздархочунна цатайнарг, осала хеттарг?

Советан замано яхь, сий, доьналла, къонахалла а йоцчу нехан сий дора, уьш даржехь лакхабохура. Царах масал оьцуш кхуьура нохчашна юкъара цхьаберш а.

Царах цхьаннан васт ду Бексултанов Мусас шен дийцарехь хIоттийнарг. Оцу тайпанчу нехан кхиаран некъаш иту хьаькхча

санна шардина дара: школе вахча, хьалхарчу парти тIе а хиъна, классехь хьехархошна хьесталуш (шегахь яхь а, дика деша хьекъал а доцу дела), классехь шена цхьа а доттагI ца лоцуш, амма даим а кхечарах къаста гIерташ, классехь, школашкахь хуьлучу даржашка кхача гIерташ, схьавогIу иза. ТIаьххьара а, институте деша вахча, шен бераллехь кхиъна амал кхин а кIаргло цуьнан: хьехархошна ша гайта гIерташ, царна къежаш, цаьрца несалла лелош чекхволу. Цо цкъа а, ур-атталла доттагIашца а, дагара ца дуьйцура, дуьненан къамел ца дора, политикех лаьцна къамел-м хьехочохь а дацара. Ша лакхарчу курсашка ваьлча цо, цхьанна а цхьа а хIума ца хууш, зуда ялийра. Иза безам хьалхабаьлла ялийна яцара, шен карьерина оьшуш ялийра. И тайпа захалонаш хIстахьлерчу идеологино чIогIа магош дара, хIунда аьлча оцу Iедалан идеологино нохчийн къоман уггар хаза, къинхетаме долу гIиллакхаш ширделла, реакционни а лорура.

Дийцаран турпалхо шена Iедале цхьа а тайпа бехкбуьллуьйтур болуш вацара. Иза массо а хIуманах ларлора, хIора гIулч а хьалххе билгалъяьккхина хуьлура: ца оьшура доттагIий, хьаштдацара нохчийн юьхь-яхь боху кхетам. Иза шенна вехара, цо, шен бен, цхьана хIуманан ойла ца йора.

И тайпа турпалхо вац Бексултанов Мусан ойланехь хила мавеззара къонах: иза советан идеологино яхье йолу ойла, доьналла, къомаца йолу зIе дIаяьккхинчу нахах дисна цхьа гIаларт ду, оцу хенан хIоттам бу. Ткъа яздархо, оцу хенан хIоттамна ян дуьхьало йоцуш, холчахь ву. Цуьнан дог карзахдохург кхин ду: оцу нехан пайдабоцуш лелар шайна гушшехь, цаьргара масал эца, цу кепара шайн гIуллакхаш тодан кийча нах хилар.

*«– Вай, схьаверзахь. Иза кхин Дела-м вац, шена лууче балха ваха?.. Вайша хIинца а магIарера хьехархо бен вац...*

*Салман меллаша гондIа хьаьжира. Юха Керимехьа схьавирзира, боккха кIур а боккхуш.*

*– Сийсара футболе хьаьжирий хьо, СССР – Финляндин ловзуш? – бен а доцуш, хаьттира Салмана. – Профессионалаш бара ловзуш...*

*– Футбол хIунда юьйцу ахьа ккузахь?.. Цунна-х мегарг предложени язъян а ца хаьара...*

*– Дикторша яр-кх хаза зуда, сийсара программа йовзийтинарг юьйцу аса, футбол дIаяьллачул тIаьхьа. – Салман дIавирзира.*

*Керима вистхила бага гIаттошшехь, бийцира урокана горгали».*

Салман, ша шен Iиндагlах а кхоьруш, хIилланаш лелош карьера йинчу шен классехь хиллачу накъостах Iемаш схьавогIу. ХIинца а тIаьхьа дац, боху цуьнан даго. Цуьнан леларан хатI Iедална хаало. Иза тIаьххьара а школан директор а хIоттаво.

*«Кериман дагахь дерг цунна шена бен ца хаьара.*

*«Iовдал, хьо Iовдал, – бохура Керима ша-шега. – Хьо лела хьайна, велла дIаваллалц, вайн таханлера тема «КIайн котам» ю бохуш. Береза котам... Эцца хьалха охьахиънехь, гур ма вара, вахна «камчатке» а ца хууш, Iовдал...*

*Керим хIинца дохковаьллера ша дуьххьара школе ваханчу дийнахь хьалхарчу парти тIе охьа ца хиъна. Керимна иштта моьттура».*

Иштта бу яздархочун дIаяханчу хене а, цу хено кхиийнчу нахс а хьежамаш. Цхьана а кепара цуьнан даго къобалдеш хIума дац иза: мелхо а, иза цо беламца, цуьнца цхьаьна, догъIийжарца а гайтина замано нехан сий-дегнашна дина сакхташ ду.

Оцу мукъамехь яздина ду Бексултанов Мусан вайзаманах а, вайзаманхойх а лаьцна хIора дийцар. Церан чулацаме хьаьжча, дIаяханчу советан замано халкъан дегIа тIехь, дегнаш тIехь дитина айпе хIуманаш дукха карадо вайна. Яздархочунна хетарехь, оцу замано вайн халкъ цуьнан ворхIе а дайшкара схьадогIучу гIиллакхгIуллакхех, доьналла-комаьршаллех, сий-яхьах дуккха а хердина. Иза иштта дан а ду.

Бексултанов Мусан кхолларелле хь хаалуш къаьсташ ду цо шина заманан чулацам (советан замий, цулла хьалха хилла замий) вовшашца бустар, аьлча а оцу заманийн нах бу вовшех цхьа хIума тера доцуш, беккъа цIена уьш нохчий хилар бен. ДIаяханчу заманахьлера нехан васташ дохкуш, цуьнан яздаран хатI хийцало, турпалхойн лелар шатайпа ду, церан доьналла, собаре хилар, яхь, кIезиг-мезиг хIуманех цабашар – иза дерриг гойтуш яздархочунна карадо цхьа шатайпа дешнаш. Цуьнан турпалхой, нохчийн дахарна юкъара схьаэцна белахь а, наггахь оьрсийн романтически литературин турпалхойн амалех хьу хьакхаелла хетало.

**«Корталин Хантоти».** Дийцарехь боккхачу ларамца кхоьллина яздархочо Хантотин васт. Кху тIехь цо карладоккху вайна XX бIешеран 30-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн лаьмнашкахь советан Iедалний, халчу, буьрсачу Iаламехь цхьанна а новкъа боцуш шайна баьхначу нохчашний юкъахь хилла юкъаметтиг.

Хантоти ю оцу замано дог хьаьшна, амма доьналлех, къонахаллех ца юхуш чекхъяьлларг. Цунна гина а, лайна а халонаш нохчийн зударша, хIораммо аьлча санна, лайна оцу къизчу, Нохчийчохь колхозаш йоккуш, юха, 1930 шерийн шолгIа эхехь, халкъаш хьийзочу заманахь а.

Бексултанов Мусас «Корталин Хантоти» дийцарехь оцу заманах лаьцна шуьйра ца дуьйцу. Цхьана-шина вастаца, къонахийн васташца, церан вовшашца хиллачу доццачу къамело гойту вайна оцу заманан чулацам а, хIетахь, историн оцу халчу муьрехь, къонахаллин хала мукъ шайгахь хиллачу нехан дог-ойла а. Царах бу Хантотин майра Алдам а, цуьнан доттагI Ами а. Уьш хьанал къахьоьгуш, Iедална муьтIахь нах бу. Амма цаьргахь къонахалла а ю. Ткъа доьналлий, къонахаллий йолу нах Iедална, къаьсттана Нохчийчохь, хIетахь ца безара. Цундела уьш Iедало хIаллакбора.

*«– Аса хIун дина-те цу Iедална? Хьо председатель а волуш, колхоз йиллахьара аьлча, схьабелла цхьа а уьстагIан корта а боцуш, нахера Iахар-котамаш а лехьош, колхоз-м йиллинера аса... ХIинца уьш кхо бIе сов уьстагI а бу! Сайца хIун цабезам бу, хаа луур дара суна, кхана-лама со вийча, шуьга «ошибка была» бохуьйтучул, – аьлла.*

*– Нехан меттанаш ца Iа-кх, хьенех, хьо веддий, вада гIертий, бевддачу нахах ветталой бохуш, цхьацца аьрзнаш кхоьхьуш, – аьллера Хьасана (цхьана хенахь шен доттагI хиллачу, хIинца районан НКВД-н куьйгалхочуьнга).*

*– Нехан меттанаш соьга совцалур ма дац. Хьуна ца хаьа, со вада гIертахь а, ца гIертахь а, сан хьаьнца уьйр ю а? – хаьттинера Алдама.*

*Юха, Iуьйрана, хьешашка хIума а яийтина, церан дой а кечдина, чухула юхучу кIайчу кучаца, дIабаха бевллачу хьешашна*

*хьалха араволуш хиллера Алдам. Ами тІаьхьарчаьрца а волуш.*

*– Хаза де ду вайна-м, Хьасан, тахана, догІа а сецна, – ала кхиънера Алдам, Хьасана шена, букъан тІум а лоцуш, доьхка доьхкуче, тІехьара схьа тапча тухуш.*

*– Зуд, иштта-м ца доьду хьуна хьо, – аьлла, шаьлтан тІе ка даьхьира, бохура, Алдама тІаккха.*

*ШолгІа кхеттачу тапчано Алдам, хьалаозийна шаьлта баттара ялале сацийнера.*

*Арахь герзан тата а хезна дІатасавеллачу Амина, ккунна тІехьа вогІучу хьешех цхьаммо, шен тапчи чуьра кхо патарма бассийнера, Ами йогуш лаьттачу пешан цІийеллачу экъан тІе бертал а воьдуш.*

*Цушиннан декъий бертал говраш тІе а дихкина, Хилдехьахула чекх а даьхна, Органан тІех а даьхна, бехачу новкъа районе охьахьуш, шен сих догдилла ойла кхоллалур йолуш къонах висна ца хиллера Хилдехьахь цхьа а.*

*– Охьаваьхьна шиъ тІаьххьара вара, – элира ХІатис. – Уьш дІабаьхнера бойуший, лоьцуший, Сибрех вохуьйтуший, хІора цІийнах цхьацца-шишша а воккхуш, – аьлла.*

Оцу суьртаца кхуллу яздархочо дІаяханчу хенан, Іедалан васташ, ткъа оцу Іедалан хьадалчаша уггар хьалха доьналлий, къонахаллий йолу нах хІаллакбеш хилла. Ма-дарра дийцича-м, и тайпа хьал, цхьана Нохчийчохь хилла ца Іаш, берриг а Советан Іедалан махкахь а хилла.

Дийцарехь коьрта турпалхо Хантоти лору яздархочо. Иза иштта дан а ду, хІунда аьлча цу тІехь буьйцуш болу къонахий ямартчу хІуманаша тешнабехкаца бойу. Иза лан а, тІаьхьа кхидІа а шен тІехІиттина халонаш лан а са чІогІа хила дезаш, доьналла оьшуш хила езаш хиллера Хантоти. Майра а, цуьнан доттагІ а шаьш вийча, «*доьзалхочух йолу Алдаман зуда Хантоти, ши куьг тІехьа а доьхкуш, схьаялийнера шайца, бандиташ кхаьбна хилла ахьа*», аьлла.

Цул тІаьхьа шен велла доьзалхо хилча а, нахехь дисна шен деа берах йоккхуш Сибрех яхийтича а дахарх болу чам ца бовш,

тийжа ца тийжаш, собарх, доьналлех ца йолуш шен дахар дIакхоьхьу Хантотис.

Хантотис йиш локхуш хилла шен цIахь бисначу доьзална:

*Вай ирс-яI хьан, дашо малх,*
*Хилдехьа кхетий хьо!*
*Сан гIийла бай гой хьуна?*
*Цаьрга хIун хьал ду, хаьий хьуна?*

Сибрехара цIа йирзича, шен бераш схьагулдина, нахаца кIеда-мерза йолуш, ехира иза. Цуьнан деган йовхо шел ца йинера тIехIиттинчу баланаша, халонаша. Цо комаьршаллица, хазчу дашца, нохчийн туьйранашца кхиайора тIейогIуш йолу къона тIаьхье. «*Цо тхуна мел дуьйцуш долу туьйра цхьогалх, барзах, лоьмах лаьцна хуьлура*».

Цо лелош дерш нохчийн оьздангаллий, тIаьхьа тIекхуьучу чкъуро шен цIе вон яккхарх ларлуш лелош хиллера. «*Цуьнан бахам кхин хиллера, нехан дашца тIаьхьабуьсург. Нехан дош. Кхин хIумма а*».

Иштта шуьйра чулацам болуш, маьIна долуш дара Бексултанов Мусан оцу халчу хено чахчийна амал йолу къона къанъяллалц яьхначу нохчийн зудчун васт. Цуьнан кхолларалле хь и тайпа васт дуьххьара дара, цул тIаьхьа цо дехкина кхидолу зударийн васташ вайн заманахьлерчу кьоначу мехкарийн васташ ду.

Дуьххьарлерчу шен «Мархийн кIайн гIаргIулеш» (1985 шо) книги юкъа дохуьйту къоначу яздархочо дуккха а дийцарш, яхьах, къонахаллех буьззинчу нахах лаьцна яздина долу. XIетахь, XX бIешеран 80-гIа шераш юккъедаххалц (Бексултанов Мусан книга зорбанера араяьлла хан), нохчийн литературехь шайх масал эца мегар долуш турпалхойн васташ кIезиг дара. И турпалхой (исторически прозин турпалхой ца лерича), хIора дийнахь бохург санна, *«ширчух бухадисначуьнца»* (нохчийн гIиллакх-оьздангаллица) къийсам латтош болу *«турпалхой»* а бара. Вай юьйцуш йолу хан нохчашна юкъара сихачу боларца гIиллакх-гIуллакх, сий-оьздангалла, яхь-къонахалла, бехк-ларам цIерш йолу нохчийн бIешеран халчу новкъахула цхьабарт болуш схьадалийна эс партин идеологино вайн къоман юкъара дIадоккху хан яра. Дахарехь а, литературехь а гулбеллера вовшех дукха цхьатера болу, похIма доцу нах.

Шайн дайшкара, орамашкара бакъйолу нохчалла, исбаьхьаллин корматалла а йолуш нохчийн литературина оцу яьссачу хенахь юкъавеанчу Бексултанов Мусана, цу хенахь дукха къона хиллехь а, дахаре тидамца дIасхьахьаьжча, хааделира цуьнга хIоьттина хьал. Цо доццачу дийцаршкахь, церан цхьа а, хIара ю аьлла, чолхе сюжет яцара, шен турпалхошка дуьйцура хьалха дIаяханчу заманахь баьхначу нахана юкъахь хиллачу оьзда юкъаметтигех лаьцна, доьналла хиллачу нахах лаьцна.

Оцу дийцарх цхьаъ ду, масала, «Наггахь, сайн сагатделча...» дийцар а. Цуьнан а яц сюжет, турпалхойн амалш церан вовшашца болчу Iоттабаккхамашца ца гайтина яздархочо. Кхузахь шаьшшиннан самукъадаккха вовшахкхетта ши къонах: Аькхбий, ГIайтаккхий, юучух а кхеташ, чай а молуш, вовшашца бегаш а беш Iаш ву. Амма и шиъ яздархочо цхьаьнатохаран маьIна кхин ду: цунна лууш дерг оцу воккхачу шина стаге дIаяхна хан, цу хенахь баьхна нохчийн къонахий бийцийтар дара. Вовшашкара дош даше оьцуш, вовшашца къамел дечу хенахь оцу къамелан чулацамца дага а богIий буьйцу воккхачу шина стага цхьа хан-зама дIакхехьна къонахий.

Царах цхьаъ ву къена Iиса. Шен берийн ненера пурба а дехна, цо захало дийца а, ягIахь, яло а, пурба делла, ирахь Iен вахна хилла Iиса. *«Ваханчу кхунна жерочо, даьттанца дика жижиг а кхаьрзина, хIара вуьзна а, садаьIна а ваьлча, кхин зен-зулам долуш-м ца веанера хьо, ва Iиса, аьлла, хаьттина, бохура. ТIаккха Iисас дийцина ша деана гIуллакх.*

*– Деллахь, ГIайтакха, хилла уьш эвлаяаш санна цIена, тамашийна оьзда нах. Гой хьуна, жерочо тIе муха эцна, хьошалла муха дина, хаттар мича хенахь делла.*

*– Хилла, вайн десара, Аькхби, и лаьмнаш санна, къонахий-м зуда ерг а, кьонах верг а, цуьрриг а хьекъална кIезга а ма ца хилла!*

*– Ца хилла-те! Собар а хилла, тIулган лам башшол. ТIаккха, дийцахь, ГIайтакха, жерочо аьлларг.*

*– Юха Ичас шега захало дийцича, жерочо аьлла, бохура: «Деллахь, Ича, со-м хьоьга ян а, ца ян а хIума яцара, я хьо ван а ца оьшура, эцца цхьа ши стаг ахьа схьаваийтичхьана, со-м, тIаьхьа а хIоьттина, дIайогIур яра... Делахь а, Ича, хьо махкахь а цIе йолуш,*

*нахана юккъехь дош а лелаш, дийнахь а, буса а ца хедаш, хьеший а лаьтташ, хьоьца нийсса наха лоруш зуда а йолуш стаг ву, со а йина, хьайн сий муха дойур ду ахьа, цул сов, маре оьхуш лела хан йолуш со а ма яц, – аьлла.*

*Жерочун Іодика а йина, арахь дІатесна лаьттачу шен динна тІехаа хІара дІатІевахча, жерочо луьйта лаьцна хилла цуьнан. «Іца оьшу, Далла езийла, динна тІехаалур воцуш ваций со-м, къена велахь а», – аьлла, динна тІехаа хІара хьалатохавелча, мухха делахь а, хаа ца велла-кх.*

*ТІаккха аьлла, бохура, Ичас: «ХІай Везахинволу Дела, бехк боккху аса хьох. Я хІара дог санна, ницкъ белла хилла белар ахьа суна, я хІара ницкъ санна, дог делла хила делар ахьа», – аьлла.*

*И дешнаш а аьлла, Ича жимма дІа генаваьлча, тІаьхьакхайкхийчу жерочо аьлла, бохура:*

*– Ича, цхьа ши стаг вайтахьа кхана, со дІайогІур ю хьуна.*

*И зуда а ялийна, цуьнца ша вала вижжалц ваьхна Ича. Юха шен садолу сахьт гергакхаьчча, и зуда йита а йитина, ша да волчу бахамах ах цунна дІа а белла, дІаяхийтина, боху, Ичас, ша велча шен кІенташа оцу зудчо шен йина юьхь хьакъ ма-дду цуьнан цаярна кхоьру ша аьлла.*

*– Маржа, яІ-кха, ГІайтакха, цхьа де а, къонахчалла а долуш, дикка аренаш а лелийна, махкахь цІе йолчу стагана хала хир ду къаналла тІеэца а, цунна кІел саца а!»*

ХІетахьлера къонахий дахаран Іалашонах муха кхеташ хилла, кхин цхьа масал далор вай цу дийцар тІера.

*– Со жима стаг волуш дара, Аькхби. Цкъа вайга а веана, тхан деца кІира а даькхина дІавоьду Моьсаган Бисана новкъаваккха ваха со. «ТІехьийзаш йоІ юй хьан, жима къонах?» – аьлла, хаьтти цо соьга. Со-м вист а ца хили. «Хьан юьртахь тІехьийзаш йоІ а яцахь, лам тІе бажа лаьллина дин а бацахь, юьртарчу кІенташа, цхьа меттиг Іоттаелча, хьенех олуш, схьавалош а вацахь, дуьне дац ахьа дуург а, жима стаг», – эли цо соьга.*

*– Нийса лийна-кх, ГІайтакха! Дан а, Къуръанор, дац хьуна! Нахана хьалха баха хаара, ГІайтакха, лела а хаара, хаза оьзда шайн са а къоьрура. Ткъа хІинца...*

*– Хlинца дерг ма дийцалахь, Аькхби! Вовшийн чохь а, арахь а бац; вовшех марзо эца ца хаьа... Массо а саьхьар а, суьпа а вирзина, дуьне доха гергадахча санна... Вайн десара, Аькхби, тхан ден цхьайтта доьзалхо ма вара, хlета а, цкъа а садаьхьна ма ца хуьлура иза, сингаттам ма бацара цуьнан коьртехь!*

*– Вайн десара, Аькхби, адам, цецвоккхуш, хийца ма делла хьуна, дерриш а и хlуманаш дlа а девлла, пис а дирзина, са беркъадаьлла, дагца гlелделла...*

*– ...Я хьалха вайн хилла деган куралла ма яц хьуна цаьргахь цхьаьнггехь, тахана къеначу соьгахь йолу! Цхьа ду-кх адам, цхьа тамашийна, бустамаш санна, оза а делла, юхахьажар а доцуш, дай боцу бай санна, шаьш лело дезарг а ца хууш, шаьш мичара схьадевлла а, мича доьлху а, шайн дай муьлш хилла а ца хууш, ворхlе а да вицвина...*

*Дерриш а и хlуманаш дlа а кхийсина, диц а дина, шайна атта беха тахана, ша чоьхьаваьлча, шен цlенна догlа а тухуш...»*

Иштта бу оцу дийцаран турпалхоша дlаяханчу хенахь нахана юккъехь леллачу гlиллакх-оьзданганллин хадош болу мах, хlинцалерчу адамийн кlезиг хиларх кхоллабелла церан кхетам. Дуьйцийла а яц, къонахийн, церан деган комаьршаллин зама дlаяхнарг яра. Ткъа хlинцалера нах?.. *Вай массара ойла ян езаш хьал ду тахана, халкъан амал хийцаяларан бахьанаш билгалдохуш...*

«Iаьржа бlаьрг» дийцар а ду вуно жима. Амма цу тlехь яздархочо шен шина турпалхочун васташ чlогlа дагах кхеташ, шайх лаьцна ойланаш йойтуш ду. Вай хlинццалц дийцаре динчу дийцарийн санна, «Iаьржа бlаьрган» сюжет вайна евзаш ю: кlантана йоl езаелла, иза цо ядайо, кlант арме воьду, иза цигахь турпалхочун майраллица мостагlашца тlом беш хlалакьхуьлу. Амма Бексултанов Мусана, Iаьзиман, Резетан васташ дахка, церан куц-сибаташ гайта, цхьаннех а тера йоцу дог-ойла яста, деган куралла йийца, царна шайн мах хадо хаарх лаьцна дийца шатайпа дешнаш карийна. Оцу жимчу шина стагана лела хаарх, уьш литературин турпалхой белахь а, тахана воккхавево дешархо. Хетарехь, цаьргара масал оьцур ду цо.

«*...Резет цхьайтта вешин йиша яра. Цундела санна, кура а яра хlара. Цlе йокх-йоккху кlентий оьхура Хилдехьа, кхуьнца ирахь Iен. Уьш Диш-мехкара а, Шуьйтара а, Варандара а, ГlалгIайчуьра а*

*бара. Резета хийла ладегIнера захалонашка. Цхьаьнгге а маре яха сацам а ца бинера.*

*ШIена ловзаргахь гинчу Резете Iаьзима шолгIачу дийнахь хитIа кхайкхира. Иза хитIа еара.*

*– Хьошалгla ях-яханчохь захалонаш дуьйцуьйтуш со леллехь, сан де цIе Хазин Хаси хир яцара хьуна, Iаьзим, – элира кхо. – Ахьа сайна тIеяийтинчу хьан юьртахочунна гергахь хьо юьхьIаьржа ца хIотто еанера со. Сан ден цIа Хилдехьахь ду хьуна, – аьлла.*

*ТIаккха шен динан коьрта тIе куьг а тоьхна:*

*– Вайшиммо лехнарг карий-кх вайшинна, Iаьржа бIаьрг, – элира цо говре.*

*Говро, гаьллаш а Iуьйшуш, аьтту коган берг сихха лаьттах етта йолийра, бай а бохош».*

ТIаьххьара ядайо Iаьзима Резет.

*«ШолгIачу дийнахь арахь гIовгIанаш евлча, шен вежарийн аьзнаш девзира кхунна. ТIаккха кхуьнан дегIах шийла цIе летира, буто ша боьссира кийра.*

*Уггар хьалха воккхахволу Изновр а волуш, чоьхьавелира кхуьнан цхьайтта вешех кхоъ.*

*Iаьзима цаьргахьа букъ берзийра, бехк лаьцна.*

*– Кхера-м ца велла хьо, кIант? – деро кхоьссира Изновра.*

*– Везачу Делора, бакъ ма дара, я хьан ков, я неI чIаьгIна суна карийнехь, сайн йиша цIа юьгур хилар, хьуна дан хьакъдерг а дина. Ахьа йига а мегар ду йоI, да паччахь цуьнан хиларх! Дала декъал-дойла шу!»*

Иштта оьзда, къонахалла йолуш нах хилла хIетахь. Цара вовшашна юкъахь сийлахь леринарг хьал, бахам, реманаш ца хилла, цара дуьненан мехха лелийнарг доьналла, майралла, оьздангалла, догцIена хилар хилла.

Дукха хан ялале болабеллачу тIаме вигна Iаьзим, цигахь шегахь даим а хиллачу доьналлица, езачу чевнех ле.

Ткъа хIун до Резета, маре яхна ши бутт а кхачале ша йисначу?

*«...Кхунна хиира, Iаьзим санна волчу къонахчух йисна ша санна йолу зуда маре яхча, дуьне, дерриг а ца дохахь а, нийсса ах духур дуйла».*

Къена къанъелира Резет оцу шен сацамах ца юхуш.

Дуьйцийла яц, Іаьзиман, Резетан амалша чулаьцнарг, нохчийн халкъана юкъахь лелла, цара дуьненан меха лерина хаза гІиллакхаш ду, оцу гІиллакхаша кхиийна а дара и шиъ.

ХІун бахьана дара Бексултанов Муса, яздан ма-волавеллинехь, дешан маьІна деза а, шуьйра а хиларан? Иза, цкъа-делахь, дозуш ду яздархочун мотт халкъан кІорггехь лелла мотт хиларца, шолгІа-делахь, цуьнан турпалхой, халкъан барта кхолларалли турпалхой санна, сий, яхь, доьналла долуш цІена нах хиларца а. Церан ойланийн, дахарехь йолчу Іалашонийн кІорге кхачархьама, ешархочун башха къахьега а ца деза: цу турпалхоша шайн леларца а, нийсархошца нислучу юкъаметтиго а йовзуьйту церан дог-ойла. Бексултанов Мусан турпалхой доьналлех, оьздангаллех буьзна нах бу. Цундела церан васташа масал ло вайзаманхошна муьлхачу Іалашонца ваха веза стаг шена Дала деллачу дахарехь.

### *Хаттарш, тІедахкарш*

1. ХІун исбаьхьаллин башхаллаш йолуш бу Бексултанов Мусан кхолларалли некъ?

2. Литературин муьлха жанр муьтІахь ю Бексултанов Мусан кхолларалли на?

3. «Бексултанов Мусан турпалхойн дахарехь хилла лехамаш» темина сочинени язъе.

### *Ешначух ойла е вай*

1. Дийца, «Корталин Хантоти», «Іаьржа бІаьрг» дийцарш дешча, хІун ойла кхоллаелла шун.

2. Дийцаршкахь карладохучу XX бІешерийн 30-чу шерашкахь Нохчийчохь хилларш дагах хІунда кхета? Муха къонахий бу яздархочо буьйцурш?

3. Шайн баккхийчаьрга хатта, оцу заманахь къонахий болчу нахана юкъахь хІун юкъаметтигаш хилла.

4. Дийца, Хантотин муьлха амал ю аша сий деш ерг.

5. «Хиндолу хьоза бенахь декна» олуш, кица ду нохчийн. ХІун амал хьоьху хІокху замано «Хьалхара парта» дийцарехь цхьаболчу кегийчу нахана?

### *Кхолларалли тІедиллар*

«Бексултанов Мусан кхолларалли шатайпалла» темина реферат язъе.



## ШАЙХИЕВ Хасмохьмадан Іалвади

***(1947–2018)***

*Вина 1947-чу шеран 12 апрелехь гІиргІизойн махкахь Октябрьское юьртахь. Шен ялх шо кхаьчначу хенахь циггахь гІиргІизойн школе хьалхарчу классе деша вахна. Кхо класс чекхьяьккхина Сулюкта-гІалахь. Махкахбаьхна вайнах цІа бирзинчул тІаьхьа дешна Замай-Юьртарчу юьхьанцарчуй, ГІалитІарчуй, Мескитарчуй бархІшеран школашкахь. Итт класс чекхьяьккхина Нажин-Юьртарчу юккъерчу школа-интернатехь. Школа чекхьяьккхинчул тІаьхьа хьехархочун болх бина Замай-Юьртарчу ворхІшеран школехь. 1965-чу шарахь Соьлжа-ГІала хьехархойн институте деша вахна. Оццу шарахь Нажин-Юьртан кІоштан «Коммунизман Маяк» газете балха вахна. Цул тІаьхьа белхаш бина «Ленинан некъ» газетехь, Нохч-ГІалгІайн яздархойн Союзехь, Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь, «Орга» журналехь а, «Литературин Нохч-ГІалгІайчоь» (оьрсийн маттахь) альманахийн редакторан а, литературин журналан коьртачу редакторан а даржашкахь.*

Стихаш язъян волавелла ворхІалгІачу классехь доьшуш волуш Мескитарчу школехь. Литературехь дуьххьарлера «ког баккха» Іамийна яздархочо Айдамиров Абузара.

Дуьххьара стихаш зорбане евлла 1961-чу шарахь «Ленинан некъ» газетехь.

Шайхиев Іалвадин поэтически кхолларалле хь шатайпанчу маьІне хилла дІахІоьттира 1964-чу шарахь хилла къоначу яздархойн семинар-совещани. Нохчийн гоьбевллачу поэташа – Мамакаев Мохьмада, Ахматова Раисас – куьйгалла деш хиллачу поэтически семинарехь Шайхиев Іалвадис ешна стихотворенеш массара а цхьабосса лаккхара мах хадорца тІеийцира, нохчийн литературехь, шеко

йоццуш, корматалла йолуш волу поэт веана хилар дIа а хьедеш. Цул тIаьхьа «Орга» альманахан рогIерчу номерехь зорбане елира Мамакаев Мохьмадан дешхьалхенца Шайхиев Iалвадин стихийн йоккха цикл. ХIетахь дуьйна шен къоначу накъостан кхолларалла тидамера ца йолуьйтуш, хан-зама ца лоьруш, эшначу меттехь гIо дина цунна Мамакаев Мохьмада.

Иштта республикин исбаьхьаллин литература езачеран а, критикийн а тидам тIебахара Шайхиев Iалвадин поэзина. Цу хенахь дуьйна нохчийн литературехь кхиамца болх беш схьавеана иза.

Къоначу поэтан «Синхаам» аьлла йолу дуьххьарлера поэтически гулар араелира Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь 1969-чу шарахь, ткъа 1971, 1975, 1977, 1978-чу шерашкахь арайийлира цуьнан кхин а поэзин гуларш: «Безаман алу», «Кхерчахь цIе», «Яьссин къоналла», «ГIа-буц». Цуьнан стихотворенеш зорбане ехира «Нева», «Звезда», «Дон», «Молодая гвардия», «Родники» (ВЛКСМ-н ЦК-н «Молодая гвардия» издательство), «Аврора» цIерш йолчу Ерриг-союзни журналаш тIехь.

1975-чу шарахь Шайхиев Iалвадис дакъалецира СССР-н яздархойн Союзо а, ВЛКСМ-н ЦК-с а вовшахтоьхначу къоначу литераторийн VI Ерригсоюзни совещанехь.

Цигахь куьйгалла деш хиллачу вайн махкахь гIарабевллачу поэташа Кешоков Алима, Козловский Яковс, кхечара а лаккхара мах хадийра Шайхиев Iалвадин произведенийн. 1976-чу шарахь иза СССР-н яздархойн Союзан магIаршка дIаийцира.

Иштта ХХ бIешеран 60-чу шерашкахь нохчийн литературе веанчу Шайхиев Iалвадина хIун ала лаьара шен поэзица дешархошка? Муьлха гIуллакхаш дара цуьнга ойла йойтурш? Шен поэзи кхолла хIун тайпа басарш лехна цо? Оцу а, кхечу а хаттаршна жоьпаш лур ду вай поэтан кхолларалло.

**Даймехкан, халкъийн доттагIаллин, машаран мукъамаш.** Шайхиев Iалвадин поэзи къаьсташ ю алссамчу поэтически васташца. Цара, коьрта долчу декъана, таро ло дешархошна гонаха долчу дуьнене поэтан деган ойланца хьежа. Амма деккъа и васташ шеца хилар кхачаме дац, нагахь санна стихаш шайн чулацаман кIоргенца, дуьйцуш долчун философски маьIна дан хаарца билгалйовлуш

яцахь. ТІаккха бен хир яц уьш адамийн дегнех хьаккхалуш, уьш цецдохуш, царна хазахетар я халахетар дохьуш:

Стаг ваха оьшу:
Къар ца еш амалш,
Адмашна там беш,
Пхьармата санна,
Кхерчашкахь лато цІе-алу.
Стаг вага оьшу:
ТангІалкх тІе валош,
МозгІарш а Іадош,
Джорданос санна:
«ХІетте со бакъ ма ву!» – ала.

Иштта поэтически маттаца билгалдаьккхина Шайхиев Іалвадис шен гражданский декхар, дахарехь хила езаш йолу меттиг.

Даймахкана хьалха долчу доккхачу декхаран, цунна а, хьомечу халкъана а даим гІуллакх деш вагаран, массо хенахь церан зовкхан дуьхьа къийсамхойн магІарехь хиларан синхаамех юьзна ю поэтан дукхахйолу произведенеш. Амма Даймахке болу безам – иза массеран цхьабосса ца хуьлу, я билгалдаьккхинчу хорша чухула ца богІу массаьрга а. Оцу хьокъехь нийса аьлла поэто:

Хьан безам – цинц сирла шовда,
Седанал цІена бу и.
Ткъа сайниг, теша хьо гІорта, –
КІуркІмане кхийсало хи.

Оцу дешнашкахь вайна го поэтан бІахаллин ойла, хІунда аьлча *«пешарчу дечкийн ткъарш лоьцуш Іемина вац сайнна ваха. Дорцалахь, цунна юкъ йоьххуш, лиъна ву чим хилла вага!»* – дІакхайкхо бакъо шена яккха гІерта иза поэтан сийлахь цІе тІелацарца:

Даймахко, ницкъ белла къийса,
Ваькккхина шуьйрачу новкъа.
Цунна бу богуш сан кийра,
Сан деган ерриге шовкъ а.

*(«Ахь лоьху сан иллийн озехь...»)*

Ткъа кхечу стихотворенехь оцу боккхачу безаман хьаст мичхьара долало, гойту цо:

Безам бу Даймехкан лаьтте,
Сайн халкъе дерриге цIийца.
Со векха сайн ненан маттах,
Сайн ненан маттахь и бийца.

Стаг лаьтта тIехь веха. Иза воьлху, воьлу, цо кхиадо, нахана хазахетар дан, зезагаш, хьешан шун беркате хилийтархьама, хьекъадо ялта... Кхин масане ду адамаша хьоме мохк цIанбина дIахIотторан Iалашонца деш долу гIуллакхаш? Шайх тера кхин доцу Даймехкан суьрташ – къоьжа лаьмнаш, генна лакха уьду аьрха некъаш, букара хьаннаш, кхузахь дехаш а, болх беш а долу къинхьегамна хьуьнаре адамаш – дерриг а ду поэтана хьоме, деза. Кхузахь цхьа зил, цхьа хьаьрк айпе ца хетало. Иштта иза хилча, муха Iелур ву илли ца олуш, безам дIа ца балхош? Амма безам, дIа а ца кхайкхош, дечу гIуллакхашца, шен дерриг а вахарца гайта деза. Иза иштта хилча, цуьнан дуьхьа вала а хала дац.

Ахь алахь кийча ву
Къона дог хьуна,
Даьккхина, дIадала,
Кийрара схьа.
TIаккха со лаьттар ву
TIулг хилла чIогIа,
БIаьрг бетташ виллина
Лаьмнашка хьан! –

доьшу вай Шайхиев Iалвадин «ГIаьттина сан кийрахь...» стихотворенехь. И дешнаш дуьххьалдIа алархьама аьлла дац, иза поэтан кханенах тешар а, дахаран Iалашо а ю.

Шен халкъ лоруш, цуьнца болчу безамах юьзна йолчу Шайхиев Iалвадин поэзехь ларамза дац оцу тематико билггал йолу меттиг дIалоцуш хилар. Масала, билгалйохур вай кхийолу стихотворенеш а: «Сан даг чохь меттиг яц яьсса...», «Ойланаш», «Ванах хIай, со хIунда кхоьру...», «Башха ду сан мехкан адамаш», «Билггал сатесна арахь...», кхерш а.

«Билггал сатесна арахь...» стихотворени тIехь авторо сурт хIоттадо Даймехкан боданехь дIадаханчу селханлерчу а, ирсечу таханлерчу а дахаран. Стихотворени ерзош поэто аьлла:

Соьгахь ю сан халкъан тахне,
Даймехкан кхане а ю.
Цушиммо куьг лаьцна варна,
Билггала со ирсе ву.

Амма цхьанна а къайлехь дац и ирс сов хала даькккхина хилар.

Цундела таханлерчу дахаран хама баре кхойкху Шайхиев Iалвадин поэзино.

Мел хIуъа аьлча а, мехкан васт тIехуларчу басаршца гайтар кхачаме дац. Муьлххачу произведенин буха тIехь хила еза кIорггера философи, гайта хаа деза дахарехь хуьлуш болу социальни хийцамаш, юкъараллин дог-ойланаш, кхетам. ТIаккха бен и васт кхачам болуш хир дац.

Къаьсттана хазахеташ дерг ду Шайхиев Iалвадин тоьлла йолу произведенеш цу амалех йоьттина хилар, вайн турпалчу халкъан хьуьнарш дуьйцуш хилар. ТIекхуьуш долу къона чкъор шен халкъан истори езаш, иза лоруш, ларам-оьздангалла вайн халачу историхь яйа ца йойуш, дIакхехьа – цу дог-ойланехь кхетош-кхиорна юкъа цо йиллина шен хазна. «Вай доьлуш дуьнен тIе девлла» стихотворенехь цо яздо:

Дукха ду тIаьхьенна хьеха, латкъо,
Карор ду алаза иллеш, дог ахкахь.
Дуьнен тIе ца довла ярий бакъо?
ЭхI, муха дехар дац ишттачу махкахь?!

Шайхиев Iалвадин кхолларалле хь Даймехкан теманех лаьцна дуьйцуш хилча, цунах къасто йиш йоцуш бу тIамах лаьцна йолчу стихотворенешкахь бекаш болу машаран мукъамаш а.

Цуьнан поэзехь бекаш болчу Даймехкан, халкъийн доттагIаллин, машаран мукъамашкахь вайна хаало: дуьнен тIе ваха веана волчу хIора стага шен кийрахь кхио еза патриотизман, вошаллин, машаран дог-цIена ойланаш. Иза кхетош аьлла Iалвадис «Ма къахкаяйша Iуьйре!» стихотворенехь:

ГIовтта, адмаш!
Ларъян маьлхан Iуьйре,
ТIемаш тIехь шайн дегнийн
Лаккха айа и.
Кхайкхам байша массаьрга а Iуьйрре!
Ирсо хьоьстуш,
Йоьлуш,
Екаш,
Яхийтийша и!

«ГIа-буц» – вайнехан дийцар . ХIокху тIаьхьарчу хенахь Шайхиев Iалвадис язйина, стихел сов, масех йоккха произведени. Царах ю стихотворенешкахь повесть «Топ кхетта буьйса», вайнехан дийцар «ГIа-буц», иштта вайн заманхойх лаьцна масех поэма. Цу произведенешкахь авторо ойла йина адаман, Iаламан юкъаметтигийн хьокъехь, хIунда аьлча и ши кхетам, вовшех хербан йиш йоцуш, цхьаъ вукхо тIебузуш бу. Стеган кхетам, амалш, юкъаметтигаш цунна гонаха долчу Iаламо кхетадо, иштта адамо Iалам кхетадаре терра.

Амма хIинца вайн къамел хир ду вайнехан «ГIа-буц» дийцар-поэмех лаьцна, изза цIе йолчу сборник тIехь зорба тоьхна йолчу.

Авторо цу произведенин жанр дийцар аьлла билгалъяьккхина. Цуьнан шен бахьана а ду, хIунда аьлча иза Шайхиев Iалвадис поэтически матте дерзийна вайнехан шира хабар ду, тешамечу, цIенчу безамах а, Iаьржачу ямартлонна бинчу бекхамах а лаьцна.

Дийцаран сюжет башха чолхе а яц.

Ламанан кIотарахь вехаш ву дуй биъна ши доттагI – Гела а, Муца а. Да-нана, йиша-ваша доцуш, байлахь висначу Гелин дика гIортор ю Муца. Юьртахоша дозалла до церан доттагIаллех. ДоттагIалла ала а хала ду цунах, и шиъ ши ваша санна ву, вовшашна оьшуш меттиг нисъелча, ойла ца еш, са дIалур долуш. Вовшех уьш къаьстана зама наггахь а ца нисло: цIахь, арахь – массо меттехь цхьаьна ву и шиъ.

Цундела ларамза дац Гелин дахаре деана хазахетар Муцина а боккха кхаъ хилла дIахIотта дезаш хилар. Хазахетар баккъал дан а ду Гелига кхаьчнарг – тахана ловзар ду цуьнан кертахь ерриг юьрто а деш: ЗагIас, Гелас шайн кхолламаш цхьаьнабоза сацам бина.

Амма массарал а самукъане хила везаш волу Муца ловзаргахь кхоьлина ву, массо цец а воккхуш. ХІун хилла хаьттича, доьхна жоп ло цо, цІаьххьана Гелига кхаьчначу ирсо, иза шен ирс а ларарна, вахьийна, воьхна ву ша олий. Цо даг чохь къуьйлучух кхеташ боццчу юьртахоша, «иштта хила а тарло» олий, башха тидаме ца оьцуш дуьту и дешнаш.

Муцас даг чохь цхьаъ къуьйлуш хиларх шекваьлла Гела, доттагІчун дог ахка гІерта, хІуъа дина а иза векхо лууш, шен вошалла кхийдадо цуьнга. Вукхо къайле ца яьстича, доттагІчун дог эцархьама, цхьаьна талла ваха сацам бо Гелас.

Циггахь, хьуьнан кІоргехь, буьйса яккха сацам хилча, дагалаьцна ямарт ойла кхочушъян сихло Муца. Цо Гелина тешнабехк бо.

Цхьа а бахьана доцуш, баьлла бехк боцуш Муцас ша вуьйчу хенахь ша валале масех дош ала кхиаво Гела:

– М... Муца? Стенна? Воь со хІунда? –
ОхІ деш керчаш шен цІийла,
Цо тІетуьйхи: –
– Дойла хьукма!
ГІа-бацо чІир йоькхийла!

Кхин цхьа а адам дац Муцас бинчу тешнабехкан теш хилла дІахІотта.

Циггахь дакъа дІа а хьулдой, цІа вогІу Муца. Гела валар къайлехь дуьсу.

ЗагІас чІир яьстинчул тІаьхьа Муцас ша дагалаьцнарг кхочушдо: баккхий нах а бохуьйтий, ЗагІа шена йоьхуьйту, доттагІчун сийнна деш ду ша дийриг бохучу бехказлонца. ХІокхочул дика дола деш хьан кхобур ву Гелин кІант Ваха?

ХІинца Муцин лаам кхочуш а хилла, ЗагІа а, Муца а цхьаьна деха ялх шо гергга хан йолу.

Аьхкенан довхачу дийнахь цІа чохь нара тІе тевжина Іаш ву Муца. Чуьра цхьацца сал-пал луьстуш ю ЗагІа. ЦІаьххьана де хийцало. ЧІогІа мох болу. Диллинчу корах цо чудохьу уьйтІарчу диттах хадийна гІа. Иза цІаьнкъа охьадужу. Юьхьанца дуьйна а и гІа тергалдеш Іаш волчу Муцин цІаьххьана велар оьккху, Гелас ша леш аьлларг дага а догІий. Цо муха йоькхур яра чІир?

ЦIаьххьана Муца велавелча шекьяьллачу ЗагIас доьху бахьана схьадийцар. Дикка хан яьлла дела, оццул шерашкахь ша кийрахь къийлина къайле йосту Муцас ЗагIина, ша бахьанехь доттагIчунна бина тешнабехк цо шена гечбийр бу моьттуш.

Амма ЗагIас бекхам бо Муцина. Некхах, куьйган пIелгех чекх лешаш цIий долчу Муцас:

Гонах гIийла бIаьргаш хьажий:
Кор а техка, го – ЗагIа.
Даьсса пенаш, яьсса мажар,
ЦIаьнкъахь Iуьллу цхьалха гIа.

Иштта бу оцу дийцаран боцца чулацам.

Цхьана а заман чохь тешнабехк, ямартло къайла ца яьлла. Стаг дог-ойланца, сица цIена, тешаме хиларе кхойкхуш ю «ГIа-буц» поэма.

Авторо кIеззигчу басаршца, дагахь лаьттар долччу кепара кхоьллина цу тIехь ЗагIин а, Гелин а васташ.

Иштта гойтуш ду хIетахьлера вайнехан дахар-Iер, церан амалш, оьзда гIиллакхаш, массо хенахь а доллучул деза а, сийлахь а ламанхоша лоруш хилла долу.

ГIиллакх-оьздангаллин бакъонех хаьдда, мел боьхачу а некъашца, гонаха мел берш юьстаха дIа а тоьттуш, шен лаам, ала тарлахь, Iалашо кхочушъян дIагIертар атта-м ду стагана, амма дахарехь зеделла ма-хиллара, боьхачу некъашца даькхина лааман мутт дIаьвше доьрзу. Иштта нехан еза кхел тIеоьцу Муцас а.

*«Лазаман лорах» поэмехь Даймехкан, лирически турпалхочунваст.*

И йоцца поэма лирико-эпически лара мегар ду. Цу тIехь, оцу жанрехь язйинчу поэмаша ма-лоьхху, шуьйра дехкина турпалхочун, цуьнан хенарчу нехан васташ. Амма «Лазаман лорах» поэмехь лиро-эпически лара мегаш дуккха а исбаьхьаллин дакъош ду: цуьнан лирически турпалхочун хилла дахаран хала некъ, ойланашкахь, цIийца долу винчу Даймехкан васт.

«Лазаман лорах» поэма Шайхиев Iалвадис шен шовзткъе ворхI шо кхочуш язйина ю. Хаттар кхолладала тарло: мел собаре хилла цу хенналц шен деган лазамаш ца буьйцуш Iийна поэт? Цкъа-делахь, вайна хаа деза, исбаьхьаллин васташ кхоллар, дахаран хала-атта

некъаш исбаьхьаллин дашца дийцар поэтан шерашка хьаьжжина хуьлуш дац. ХIора хIуманан шен раж ю, амма кхолларалли къайленаш цхьанна а хууш яц, уьш йозуш ю цIаьххьана, хан-зама а, де-буьйса а ца лоруш, самайовлучу ойланех.

Деган лазамаш бийца дахарехь цхьа чIогIа халахетар я цатам хила беза поэтана. Шайхиев Iалвадин шовзткъе ворхI шо кхачар нисделира нохчийн халкъан дахарехь кхин цхьаъ бохам нислуш: 1994-чу шарахь Нохчийчохь болабелира тIом. Оцу тIамо йойтуш яра Iалвадига шен Даймехкан кхолламан хьокъехь ойланаш, оцу луьрчу бохамо юхакарладаькхинера цунна 1944-чу шарахь нохчийн халкъ, цхьацца кхидолу халкъаш санна, шен махкахдаккхар:

Ас а Iаьвшина, логгелца
Сайн халкъан Iазап,
Къа-бала,
Ас а Iаьвшина логгелца
Цуьнан къахьо.
Кхо шо хан хиллехь а
Кху къизчу дуьнен тIе вала,
Шийлачу маьхьарца,
Нуьцкъаха
Сайн цIера ваькхина со!
Ваькхина Нохчийчоьх –
Дайн лаьттах, лаьмнех,
Дайн кешнех,
Дайн иллех,
ГIиргIизойн маьлха кIел,
ГIиргIизойн маттахь ас
Дуьххьара ненан цIе
Яькхина, бах!

Шен халкъаца Даймахка юхавогIу лирически турпалхо. Цунна, дерриг а халкъана санна, хIун карийра Нана-Нохчийчохь?

Шелделла очакхаш дохдан
Деган суйх цIе тесна сайн,
Толкха а лелхаш ас
Сайн ненан маттахь

Илли дІаэли,
Лаьмнаша,
ГІоргІа аз а далош,
ДІо малхе кхевдинчу баххьашка
И даьхьи шайн.

ЦІаьххьана,
Стигла а тІеелхош,
Ерриг а Нохчийчоь елхош,
Далхийра илли.
Ца лайра,
Къух даьлла,
Чарташ а бухдаьхна
Іовжам беш дагна,
Тийначу кешнийн къа цо.
Ткъа чарташ,
ДІо гІалин некъашкахь
ГІалахойн когийн
ЧІагІонаш хилла,
Шийлачу маьхьарца
ЦІийзара,
Дайн коьрте дІахІитта,
Йоьхуш бакъо!

Иштта карийна шайн Даймохк юха катоьхна меттахІоттийра нохчаша, цІанбира, тобира. Амма халкъана юха а боккха бала тІебеара 1994-гІа шо чекхдолуш...

Ши Даймохк, Даймехкийн ши назманаш йолуш нисделира поэтан чкъор.

Цундела ду цуьнан дагахь:

...Сан илли
Кху лаьмнех ду,
Цара со кхиийна,
Яхчаеш
Доьналле амал.
Ткъа деган кІоргехь цхьаъ –

Кхин назма ю:
Со винчу,
Векхначу
Хьистинчу .
Лаьмнех
Тянь-Шанан!

Ойланаш екъаялар, шина метте салаттар, шина лаьтте безам хилар – иза а ю поэтан чкъуран лазаман цхьа агIо. Иштта нисъелира церан биографи, церан кхоллам. ХIун боху вайга поэто?

Шен къам а,
Шен мотт а,
Шен кхерч а
Ца лоьруш,
Кхечарна сужда
Муха дало?

Шайхиев Iалвадис кхин а «Дорцан буса», «Жоьпалла», «Юхавийларшкахь поэма», повесть «Дерачу кхолламан кхел» произведенеш язйина. Поэт яккхий произведенеш язъян волавелира ша поэзехь дуккха а шерашкахь къахьегначул тIаьхьа, шен говзалла лакхаяьлча, шена дахаран агIонаш гар шена кIаргделча.

«Дерачу кхолламан кхел» произведених «повесть» аьлла поэто. Ян а ю иза повесть, хIунда аьлча цу тIехь хенан йохаллехь масех чкъор хийцалуш церан хиллачу кхолламех дуьйцу Iалвадис.

Повестан сюжет хIоттийнарг чIирхоша, вовшашна чIир йоькхуш, вовший хIаллакбарх лаьцна дийцар ду. Нохчийн литературехь Iадато хьоьхуш долу оцу къизчу гIуллакхах лаьцна ойла еш дукха произведенеш ю. Бадуев СаьIидан дийцарш тIера схьа таханене кхаччалц цу вайн дахаран агIонах лаьцна дуьйцу Ошаев Халидан, Мамакаев Мохьмадан, Щепотов Викторан «Гибель вендетты», Окуев Шимин «ЧIиро бехдина сий», кхечу яздархойн тидам даим а шена тIехь сецош хилла нохчашна а, цхьацца кхидолчу а къаьмнашна юкъахь лелаш долу чIир эцаран Iадат.

1988-чу шарахь зорбанера араяьллачу цуьнан «Эхь-бехк» гулар тIехь евзира книгаешархошна Iалвадин «Дерачу кхолламан кхел»

повесть. И хан Советан Iедал хIетахь а чIогIа долу хан яра. Оцу Iедало къобалдора «ширделлачу» Iадатах лаьцна литературехь произведенеш арайовлар. Iедална хетарехь, чIирца доьзна гIуллакх къиза а дара, халкъ, дешарна, бечу белхашна, Iедална дечу хьанал гIуллакхашна, дахарна, сапаргIат ца дуьтура. Цундела а дара нохчийн, кхечу цхьаццадолчу къаьмнийн литературехь чIир эцаран тема шуьйра юкъаяьржина хилар.

Шайхиев Iалвадин «Дерачу кхолламан кхел» повесть а ю и тайпа маьIна шеца долуш.

... Ловзаргахь халхаволуш, ларамза йоIах куьг хьакхадалар бахьанехь, оцу буссехь, цIа вогIуш кIело а йина, йоI йолчу нехан кхаа вашас – Сайтемара, Махьмас, Iусамас – бекхам бинера Зовлбигна: вежарша, топ тухий, вуьй иза. Цуьнан ши кIант ву – «юьхь тIе урс хьокхург хила ши бIаьсте йисна Леча а, топ яьллачу буса хилла Аьрзу а.

ДIайолу ши бIаьсте. Ден чIир екха аравала хан кхаьчна Лечин. Ден чIир екха еза. Иштта схьадогIуш ду азаллехь дуьйна а. Иза ца екхахь, кIилло лорур ву наха, нийсархоша букъ берзор бу цунна, мехкарша, цунах эхь цахиларе терра, лечкъор яц яххьаш, баккхийчу наха пхьоьханахула тIехволуш тIаьхьа туйнаш кхуьйсур ду. ЦIийнан эхь лан дезар ду воккха хилча Аьрзун а». Цундела:

БIаьрхиша дукъдина
Са халла уьйзуш,
Елира Лечин цIа чу
ЖемиIат.
Коьрта тIе,
Меллаша
Ховха куьг дуьллуш,
Элира:
«Сан кIант,
Хьоь кхойкху Iадат.

Хьарам бо
Ас хьуна баийна
Накха,
Кхайкхадо

Хьо винчу денна
Неlалт.
Хьайн ден чlир екхаза
Кху цlен тlе .
ВагlахЬ,
ДlачlаьгIна карор ю
Хьуна неlарш[1]».

ТlаьххЬара а чlирхойн лорах лелаш волу Леча тlекхочу кхаа вешина. Тасадаларехь цо вуьй кхо ваша, амма шена а лен чевнаш хуьлу.

Иштта ду кlезиг хlума бахьана долуш дlадоладелла, чаккхе йоцу чlиран Iадат. Ткъа хlун боху поэто?

Цундела ца дуьту
Къаждола кешнашка некъаш,
Каш доцчийн чарташа тегна
Йисташ ю некъийн
Цундела.
Уьш дахарх къаьстина,
Дахар шайн сил дукха дезаш,
Ва амма
Дахар ца хетта
Яхь-бехкан,
Стогаллин
Меха!

Шина кlентан бала лайна тlаьххьара а ле церан нана ЖемиIат. Зуда ялийна дукха хан ялале тlепаза вов Аьрзу. Цуьнан къона нускал, Сайбина, шен дахарехь хила хьакъдолчу ирсе а ца кхаьчна, 1905-чу шарахь Россихь хиллачу революцихь божарийн духарехь леташ хаало. Цул тlаьхьа кхин ткъа шо даьлча а шен ирс ца нисделлачу юьртахь буьйсана кест-кеста цуьнан гlаларт хаалора юьртахошна.

Шен майра вайна пхийтта шо даьллехь а, цуьнан даго къобал ца до Аьрзу шена карор вац бохург:

Бодашкахь
Сан хьалха

[1] Шайхиев Iалвади. «Эхь-бехк». Грозный, 1988. – 139 агIо.

ХIоьтти цхьа гIаларт:
ТIехь беркъа,
Сов гIийла,
Пекъар адам.
Я, нагахь со тилла,
Со вацахь гIалат,
Кхолламо бина-кха
Цунна цатам.

ХIун эшна,
ХIун лоьхуш
Лела и тховса,
Сел йоьхна,
Сел ирча
Буьйса цоьстуш?
Я накъост лоьху цо?
Хьаша?
Я доттагI?
Я лела
Цхьаьнгара
Бекхам лоьхуш?

– Дийцахьа хьайх лаций?
– Гирий и хьуна?
– Ахь лоьхург мила ву?
– Вовза-те?
Маржа-яI!
Пхийтта шо...
Кхолламо хьукма дин суна.
Пхийтта шо...
Iийжаш ду
Сан чевнан даI.

Юха а
Бодашкахь

И къайладели.
Чот йоьхна,
Цхьан-цхьалха
Со лаьтташ ву.
– Ма... ма гIохьа дIа, –
Мохь тоьхна эли. –
ЦIе муха ю мукъана дийца соь…
– Сайбина ю.

Иштта ю бакъболчу безаман чIагIалла. Iадате хIуъа дало, амма безам, иза ша наггахь лазабахь а, хьаьшна дIа ца баккхало.

КIорггерчу деган Iийжамца дуьйцу поэто шен турпалхойн кхолламах лаьцна. Цо, и тайпа бохам юх-юха кхечу нехан дахарехь карла ца балийтархьама, хьоьхуш хIумма а дац. Я цуьнан и хьехамаш бан бакъо а яц, хIунда аьлча бIешерашкахь нохчашна юкъахь лаьтташ долу низам цхьаммо хьехамаш барх хийцалуш дац.

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Гучуяха нохчийн гIараваьлла волчу поэтан Шайхиев Iалвадин идейно-тематически башхаллаш.

2. ХIун тайпа идейно-исбаьхьаллин басарш ду Шайхиев Iалвадин поэзин шатайпаналла йийраш?

3. ХIун маьIна ду «Лазаман лорах» поэмин?

4. Муха кхолладелира «Дерачу кхолламан кхел» повестан турпалхойн дахар? ХIун бахьана дара царна шайн дахарехь ирс цакароран?

5. «Сан илли кху лаьмнех ду», – боху поэто. Поэтан и дешнаш бахьана долуш, вайна хиъна стаг шен Даймахкаца хадалур йоцу зIе йолуш хила везар. Хьайна цунах хетарг дийца.

### *Кхолларалин тIедиллар*

1. «Шайхиев Iалвадин поэмашкахь стеган кхоллам» темина доклад язъе.

2. «Шайхиев Iалвадин кхолларалле хь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла гайтар» темина сочинени язъе.



## АЛИЕВ Хьамидан
## ГІапур

***(1949–2011)***

*Вина Казахстанехь. Къахьегна «Вайнах» журналан коьртачу редакторан заместитель волуш, «Орга» журналехь, Нохчийн драмтеатрехь. Поэт, драматург, илланча.*

*«Письма в никуда» (Элиста, 2011); «Хаьржинарш», стихаш, сонеташ, пьесаш (Грозный 2013).*

ТІеман дарцо ягийна, йохийна, чевнаш йина, хьаьдда-едда хьийзинчу Нохчийчоьнан кхоччуш тидам бан таро ца хилира цу хенахь яздан волавеллачу башхачу поэтан Алиев ГІапуран. Ткъа еккъа цхьана цуьнан кхолларалле хь диллина ду цу хенахь Нохчийчоьне хІоьттина хилла декъазчу хьолан дуьззина сурт.

Оцу буьрсачу шераша хьехна хиллера и тайпа поэт шайн жамІаш дан, шен догучу дагца хІетахь хуьлуш лаьттинчу къизчу гІуллакхех лаьцна дийца. Алиев ГІапура иза дан а дина йоккхачу философин социальни чулацам болуш йолчу шен кхолларалле хь. Цуьнан чулацамехь вайн тІехиндолчух лаьцна еш даккхий маьІнаш долуш дукха ойланаш ю.

Ткъа шаре а ца яхъели цо йина карзаха ойланаш, шен халкъана даьхна орца:

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
Іадийна цІогІа деттар ду.
Пондаран мерзаш дац декарш,
Декаш дерш синпхенаш ду.

Дог делхар мукъаме дерзош,
ГІаддайна узарш уьш ду.

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
Сан къоман бІаьрхиш уьш ду.

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
МостагІна герз деттар ду.
ЦІе яьлла Нохчийчоь йогуш,
Орцане мохь беттар ду.

Сан нохчийн гІорасиз айош,
КІиллонаш сийсазбар ду.
Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
Къонахий хестабар ду.

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш,
Толамна тоьшал дар ду.
Нохчийчоь, хьо сайна езар
Адмашка кхайкхадар ду.

И стихотворени язйина хан хьалхарчу тІамо гІелйина Нохчийчоь, шена йинчу чевнашна дарба лелош, чу са дан гІерташ йолу хан яра. ХІетахь сатуьйсура поэто «халкъашлахь яькхина нохчийн цІе ларъярца», замано сих ца луш, цуьнан Іер-дахар юхаметтахІотторе.

Аьлла ма-хиллара, Алиев ГІапуран Нохчийчоьнна тІехІоьттинчу баланан хьалхарчу дийно самаяьхна цунна сагатдаран ойланаш тІеттІа кІарглуш, карзахъюьйлуш лаьттира, и бала цунна тІера дІаайабаллалц. Оцу пхийтта-ялхитта шарахь шен кийра бассийра цо, цул тІаьхьа дукха а ца вехира. Цуьнан хьалхара стихотворени «Нохчо», нохчийн драмтеатран режиссер хиллачу Гузуев Хьусайнан безамна, тІом болабеллачу шолгІачу дийнахь язйина (28 ноябрь 1994) ю. Цул тІаьхьа, хІора дийнахь бохург санна, цхьацца стихотворени язйора цо, шен маьІница цхьаъ вукхул кІорге а йолуш.

Заманаш, заманаш, маржа-яІ, заманаш,
Шу йицъеш, кхин бахка буй-теша баланаш?!
Баккъал а бакъдолуш дуй-теша мел гуш дерш,
Я гІан ду хІиттош дерг шен буьрса гІаларташ:

Орцане мохь бохуш, сахаьдда хьийзаш берш,
Чохь баха нах боцуш, йисина хIусамаш,
Бомбанийн гIовгIано Iадийна адамаш,
Декъашка марзделла жIаьлеша лелош дерш...
*(«Маржа-яI, заманаш...»)*

И тайпа ирча суьрташ ша гина вара поэт. Цуьнан эсехь самайовлура XIX бIешарахь Кавказан тIом болчу хенахь а, цул тIаьхьа а шен халкъан гIаролехь лаьттинчу цIарна а цIеяхна хилла болчу бIахойн, дешначу нехан сийлахь дукха цIерш, масала: ГIеза-Махьма, Имам Шемал, Алдара Шайх Мансур, Ташу-Хьаьжа, Таймин Бийболт, бенойн БойсагIар, Майра Дуба, Дуин Iумха, Атин Атаби.

Шу синошка тахана кхойкху Нана-Нохчийчоь...

Шен халкъана тIе тIеман бала беача, цуьнан дIаяханчу доьналлин историга, цуьнан мохк а, цIе а ларйинчу турпалхойн цIерш карлаяхар муьлххачу а литературина тIехь ду. Масала, советски халкъаш Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь немецки фашисташца тIом бечу хенахь оьрсийн яздархоша дукхачу бIешерашкахь оьрсийн Даймохк ларбинчеран васташ дехкира литературехь.

Царах терра, Алиев ГIапура нохчийн халкъан мохк, сий, паргIато ларйинчу халкъан эсехь «бехачу» турпалхойн цIерш карлаяхар, халкъан дахар лардан арабевллачу кIентийн дог-ойла иракарахIиттор шен хеннахь дара. Амма хIинца:

Дезаш ца хилла шу, Даймехкан ламанаш,
Деза ма-деззара, деза ма-моттара.
Берриге тIелаца шун дуьхьа баланаш,
Дезаш ца хилла шу, дезаш ца хилла.

Езаш ца хилла шу, Даймехкан аренаш,
Еза ма-еззара, еза ма-моттара.
Лан ца луш, валлала, мостагIийн талораш,
Езаш ца хилла шу, езаш ца хилла.

Дезаш ца хилла шу, Даймехкан шовданаш,
Деза ма-деззара, деза ма-моттара,
Йиц ца ян шун эшарш, дIаэхарх заманаш,
Дезаш ца хилла шу, дезаш ца хилла.

Езаш ца хилла хьо, ва Нана-Нохчийчоь,
Еза ма-еззара, еза ма-моттара.
Хьан дуьхьа беллачу кIенташна санна,
Езаш ца хилла хьо, езаш ца хилла.

*(«Езаш ца хилла хьо...»)*

Алиев ГIапуран тIеман поэзи цунна, цуьнан халкъана санна, гинчух, цуьнан дог Iовжийнчух, язйина ю. Цундела ца вуьту цуьнан стихотворенеша дешархо сапаргIат, цундела йойту цо дахарх, халкъах лаьцна кхехкаш йолу ойланаш:

Ас цкъа а ца яздо сайна ца гинарш,
Кхечара лайначух сурт хIиттош, угIарш,
Цкъа а ца гина, ца хилла хилларш,
Ца гинчу халонийн, гIелонийн узарш,
Сурт хIоттош, ца яздо генарчийн лазарш,
Ца дуьйцу дIо генахь дехьарчийн баларш,
Чим хилла кхечеран ягийна хIусамаш,
Ца юьйцу мацах цкъа йохийна ярташ,
Ца лозчу даг тIера ца дуьйцу хабарш,
Ца дуьйцу, со Iадош ца гинехь, бакъдерш...

Дукха ду уьш, поэт Iадош, цунна гина инзаре хилларш, къизалла. Цундела хIоранан а дагах кхета, цо тIеман хан ма-хиллара карлайоккхуш язйина стихаш.

«Даггара билхинчу бIаьргех цIий догIу» ишта ду нохчийн кица. Алиев ГIапура хIора дIа мел яздина дош деган кIоргенера схьадаьккхина ду, цундела цу деган, поэто еш йолу ойланаш алсам мел йовлу, ницкъ лахлуш лаьттара:

Да велла диса шу, сан иллеш,
Да велла диса шу –
Шу дохуш ас йина ойланаш,
Ас дагна мел бина лазамаш.

Да велла диса шу, сан иллеш,
Да велла диса шу –
Сан аьрха ойланаш елхаеш,
Аш суна мел бина Iийжамаш.

Да велла диса шу, сан иллеш,
Да велла диса шу –
Даймехкан баланаш белхийнарш,
БІаьрхишца цІе яйа гІиртинарш.

Да велла диса шу, сан иллеш,
Да велла диса!
Да велча, мохь тоххий делхалаш,
Кхин цкъа а ца декаш, совцалаш.

Дуьненан поэзехь, уггар хьалха оьрсийн классически поэзехь, традицеш ю, поэто шен заманца, шен стихашца къамел деш. «Я памятник себе воздвиг нерукотворный…» (Пушкин А.С.) Нохчийн поэзехь иза кхолла ма-еллинехь (XX бІешерийн 20-гІа шераш) Мамакаев Мохьмад волавелира шен байташка а, замане а шен дог-ойла йийца («Зама, хьо зама, ма сихло»).

Шен накъосташка, доттагІашка къамел деш санна, дахаро шена беш болчу тІеІаткъамах, цуьнан проблемаш шена гарх лаьцна яздо поэто. Дахарх, динчу а, даза дисначу а гІуллакхех поэто дуьйцуш вай дика кхета оцу поэтан кхолларалли шатайпаналлех:

Сан иллеш, чекхъели шун зама,
Сан зама, чекхъели хьо.
Сан зама, дІайоьдуш хьо пана,
ДІахьолахь хьайца сан са.

Чекхъели къонахийн зама,
ТІейогІу кхечеран хан,
Маржа-яІ, сан деган бала,
Кхин хьаьнга белхор-те хьо?

Маржа-яІ, къонахийн зама,
Кхин маца йогІур-те хьо?
Воккхавеш, хьуна чохь ваха
Хир юй-те кхин цкъа а хан?

Чекхъели, чекхъели зама,
Чекхъели, – кхачий хьан эс.

Нохчашна даима Іама,
Яха хьо, хьайх хилла ткъес.

Чекхъели, даима яха,
Даимне дІаяха хьо.
Сан иллеш, чекхъели шун зама,
Сан зама, чекхъели хьо.

Ткъа хІун ду Алиев ГІапуран лирически турпалхочун дагахьбаллам битинарг? Стенна сагатдо цо даза дисначунна? ХІун лаьа цунна?

Со ца кхеташ, сох ца кхеташ,
Хийла йогІу заманаш,
Ойъий, генна лакхавоккхий,
Генна кІорге воссавеш,
Ойла тешош, эсал хьостий,
Кхетам бойъий, велхавеш.

Цхьанхьа – доьхий, кхечахь – оьций,
Гулдеш стешха дозаллаш,
Эхь цахетар, сийдеш, ойъий,
Вовшахбетташ бахамаш,
Со ца вешаш, сох ца ешаш,
Гондхьа хьийза ардангаш.

Ас и дина, со и вара
Бохуш, дебаш сонталлаш,
Тергам боцуш, байлахь бисна,
ГІийла беха мисканаш.
Адамаллин сибташ дайна,
ГондІа хьийза ардангаш.

Со ца тешаш, сох ца тешаш,
ДІакхайкхош ду бакъ мел дерш,
Бакъой, харцой къаста ца луш,
Хьере хилла ойланаш.
Де мел дели, стамлуш, дебаш,
ГондІа хьийза ардангаш,

Оьцуш, духкуш мехкан дакъош,
ДІасхьахьийза мецалгаш,
Сан Даймахках йина базарш,
ГІадъоьхуш ю цІуьхІаргаш.
Йилбазаллин шовкъе оьхуш,
ГондІа хьийза ардангаш.

***

Іаьржа Іаржо махкахь яржош,
ГондІа хьийза ардангаш…
*(«ГондІа хьийза ардангаш...»)*

Хьанал къа а хьоьгуш, тІамо дохийна дахар юхаметтахІотто гІерташ болчу нохчашна го бинчу ардангийн васт кхоччуш чекхдаьккхина поэто шен кхечу стихотворенехь:

Гиний хьуна берзан кІеза –
Цхьа хан яьлча, буьрса борз,
Бенахь декаш кхуьу хьоза,
Серах хилла горга хІоз?

Хезний хьуна цІоькъа-лоьмо
Акха декош буьрса аз?
Цунах тарло, чагІалкхаша
Буьрса-эхье белхарш деш?

Гиний хьуна даьсса дашца
Къонах хила гІерта тхьоз?
Дош кхачийча, цунах хилла
Йоккха, яьса вилтІакІоз?

Гиний хьуна мискачунна
КІалацІолах хилла борз?
Кхерам боцчохь шортта хилла
Ас-со боху даьсса дош?

ТІом чекхбаьлча, тІамна кечлуш
Гиний газа-гуьзалгаш,

Цхьанхьа чIогIа гIовгIа яьлча,
Евдда йоьлху майралгаш?

Шен де доьхча – доттагIалла,
Чу са деъча – куралаш,
Гиний хьуна царах хилла
ЯьIна сетто хьаькмалгаш?

ТIом лаьттинчу шерашкахь а, къаьсттана иза дIабаьллачу хенахь а нахана юкъахь даьржаш лаьтташ долу кIезиг хIуманаш, курхаллаш, сонталлаш, гIийлачух къацахетар, юкъаяьржаш йолу гIелонаш, харцонаш, ийманах херлуш латтар – уьш а, кхин дуккха а нохчашна тIехь цкъа а ца хилла сакхташ юкъадаржар – уьш ду Алиев ГIапуран тидам тIом баьлча шайна тIеберзийнарш («ХIай даьяла, ма кIентий хилла вай», «Яьсса гIала», «Сан хаза мотт», «ХIай къонах», «ЦIанло вай», «Ма бале девли шу», «ДоIа», «Ма бале яьлла хьо, къу-нехан зама...», «Чан яьлла», «СагIадоьхуш лаьтта и...», «Сан Нохчийчоь ловзаяьккхи...», дуккха а кхиерш):

Цхьабосса цхьа нохчий ваьш дуйла хаий,
Хьарамдеш вовшеха цадашар, тасий,
ЦIанло вай, вуьзна верг мецачух кхетий,
Хьарамчу рицкъана хьанал букъ тохий.

ЦIанло вай, воккхачун воккхалла ларий,
Кханенан анайист – беролла – хьастий,
ЦIанло вай, лерина вовшашка хьовсий,
Лерина ладогIий, коьртачух кхетий.

*(«ЦIанло вай»)*

Поэтан похIма доккха хиллера. Цуьнан кхолларалли нек ъ пхийтта-ялхитта шарахь бен ца бахбелира, амма цу йоццачу хенахь иза кхиира – цуьнан хьекъалан ницкъ – дахаран маьIнех кхета а, цуьнан философин кIоргенашка кхийда а. Яздан волавелла дукха хан ялале караерзийра нохчийн поэзехь хIинццалц схьа лелла йоцу жанрови форма – сонет. Иза форма нисьян а, хьалхарчу биъ могIанийн кхо строфан чулацаман маьIна тIаьхьарчу шина могIане дерзо дезаш а хуьлуш ю. Поэзин (литературин) кхолларалле хь цхьа

пагтахь волчу поэто бен лелош а, атта карайоьрзуш а яц сонет, хIунда аьлча хIора сонет шен маьIна а долуш, юьхь, сюжет, жамI а долуш йолу стихотворенин форма ю.

Цу формица ша болх бан а волавалале сиха кхиъначу корматалло таро хилийтира ГIапуран нохчийн поэзина юкъа и форма яло а, цуьнца хазанеха санна кIорггера ойланаш ян а, масала:

Цкъа мацах дийцина мацхенах диснарш
Дерзийна да воцчу керта,
Ца кхеташ заманах, заманца къийсарш,
Сан къоман кхетамах хьерча.

Шиннех а хьалхарниг, тIаьхьарниг чехош,
Ша хила хьакъволчу кхийда.
Шайн доцчу хьекъалца хьекъалча велош,
ЦIуьхIаргаш хIайт-аьлла хьийза.

Нохчийчоь Iадийна, ягийна, йохош,
Цхьа адмаш ду дехьа, сехьа.
Дехьахь а, сехьахь а вон мел дерг толош,
Сан къоман ирс даьлла кеха.

Сан хьоме Нохчийчоь, хьо йоцчо, Iехош
Волчунах ларвелахь, со хьайха тешош!

Алиев ГIапуран шатайпа лаккхара исбаьхьалла а, заманан васт дилларца кхечеран кхолларалле тера йоцу поэзи йола а елира Нохчийчохь цуьнан историхь уггар а халачу XX бIешерийн 90-чу шерашкахь, саца а сецира XXI бIешерийн хьалхара итт шо чекхдолуш. Цу заманна лерина хиллера ГIапур: цуьнга хьоьжуш лаьтташ хиллера и зама, кхихкина алуй, цхьаболчара гайтина майраллий, доьналлий, халкъо эзар шерашкахь бинчу некъан эс лахдала доладелларрий, догучу дагца ма-хиллара гайта стаг вер вац-техьа бохуш! Цуьнга и дан а делира. Амма динчунна и реза-м вацара. Иза а цуьнан амалехь дара: оьзда, ша гайта гIерташ, динчух тоам бина вацара иза:

Ца дуьйцуш диттал я, дийцича, тоъал
Ца хили сан байтийн къорза къамел.

Харцонаш тІелаццал я бакъо къовссал
Доьналле ца хили сайга сан лер.

Цхьаммо шаьш хастийча, Іана а яхна,
Байташ, аш шаьш-шайха дозалла до.
Ткъа цхьаммо, бакълуьйчо, шаьш чІанаяьхча,
ДІо соне а левчкъий, узарш а до.

Цхьалхено хьовзийча, амал а дайна,
Шу дара ас сайгга дина къамел.
Хийла аш язйира, яйъира гІайгІа,
Я аьрха хьовзийра, я бира тем.

Сан байташ, цкъа наггахь вовшах а кхетий,
Сан кош тІе хІитталаш, къиза къахетий.

Иштта яра Алиев ГІапура шен заманца динчу къамелан цхьа агІо. Вуьшта, мел дукха а, доккха а маьІнаш долуш ю цуьнан кхолларалла. ТІейогІучу хено гучудохуш лаьттар ду цуьнан Іанадахна жовхІарш.

...Иза вара доккха похІма долу драматург. Цо язйина пьесаш: «Гезарий», «Жуккарш», «Да воцу доьзал».

***Хаттар, тІедиллар***

ХІун идейни а, жанрийн а башхаллаш ю Алиев ГІапуран кхолларалли?

*Рефератана тема:* «Алиев ГІапуран сонетийн социальни, философин чулацам».



## ИБРАГИМОВ Хьамзатан Канта

## (1960)

*Вина 1960-чу шеран 9-чу июлехь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университет.*

*Яздархо. Экономически Iилманан доктор, профессор, Нохчийн академин академик. Россин Федерацин Пачхьалкхан литературин, искусствон премин лауреат. Вевзаш ву «Прошедшие войны» (1999), «Седой Кавказ» (2001), «Учитель истории» (2003), «Сказка Востока» (2007), «Детский мир» (2005), «Дом проблем» (2009), «Петр Захаров» (2017) (романаш оьрсийн маттахь язхйина ю) романийн автор волуш.*

*«ДIабевлла тIемаш» («Прошедшие войны»)* ХХ бIешарахь нохчийн халкъ кест-кеста нислора, кахьаран тIулгаш юккъехь санна, Iохьуш, СССР-н махкахь хиллачу трагически хиламаша даим а шайна юкъа озадора и халкъ. Амма халкъан и истори, бахьанаш, цара нисйина цуьнан тIаьхье историкийн белхашкахь, яздархойн кхоллараллехь теллина а, исбаьхьаллин дашца жамI дина а яцара хIинцалц. Мелхо а, бакъдолчунна тIехь саца таро ца хиллачу историкийн Iилманехь халкъо лайна и трагедеш, церан кIоргенаш гойтучу меттехь я хьахийна а яц, я бахьанех лаьцна дуьйцуш а дац. Делахь а кхузахь билгалдаккха деза: цу бIешеран дарцалахь ваьллинчу, йоза-дешар ца хуучу нохчичо, Iедало ша къиза хьийзошшехь, Россин историхь шен дика цIе йитина.

ХХ бIешарахь хIиттинчу Iаламат чолхечу проблемийн уьйриг схьабаста а, церан исбаьхьаллин дашца мах хадо а волавелира Ибрагимов Канта «ДIабевлла тIемаш» романан чулацамца. Гота-

но бІал боккхуш санна тІекІелтухуш гайтина цо халкъан историн проблемаш: кхузахь вайна го Октябрьски революци хилале нохчийн ахархоша лаьмнийн ирзошкахь къахьоьгуш дІакхехьна хала дахар, Нохчийчохь 1920–1930-чуй шерашкахь хилла репрессеш, дуьйцу советско-фински тІамах лаьцна, Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІамехь нохчаша дакъалацарх, Нохчийчохь XX бІешерийн 90-чуй, XXI бІешо доладелчий хилла къиза тІемаш.

Иштта шуьйра а, халкъан дахаран цхьа бІешо чулоцуш, цу шерашкахь халкъана тІехІиттина халонаш гойтуш Къилбседа Кавказан литературашкахь хІинцалц схьа произведени хилла яцара. Бакъду, вай ягарйинчу проблемех цхьаерш цу литературашкахь хІиттийна яра, амма чулацамехь вайна ца карайора турпалхойн психологин кІорге: уьш, хІетахьлерчу идеологина жоп луш, ламанхойн хиллачу дахаре, цуьнан кІоргене а ца кхийдаш, яздархоша, бай тІехула бІаьрг кхарстош, язйина яра.

Ткъа Ибрагимов Кантас язйина «ДІабевлла тІемаш» произведени ламанхойн дог-ойла гучуйоккхуш, церан философски, политически тІетовжамах ойла еш, шаьш бехачу хено хьалхахІиттийнчу халонашна дуьхьалонаш еш, цара бахчабина болу уьш керлачу дахаре хьалхатеПал ницкъболуш гайтина бу.

Цу бІешеран дахарехь хилла Іаламат чолхе а, халкъийн кхоллам хуьйцуш къизаллица йоьзна проблемаш яздархочо гойту Дуц-Хотехь Іийна йоза-дешар ца хууш хиллачу нохчийн цхьана къечу доьзалан кхолламца.

Амма цу доьзалан векалш хуьлуш лаьттачу политически, тІеман, экономически, социальни хийцамаш шайна юкъаозийра, церан доьналла, хьекъал, халкъе болу ларам а зийра.

Авторо шатайпа хІоттийнчу сюжето таро хуьлуьйту романан вастийн амалш йовза. Иза дІайолало лаьмнашкахь бехачу нахе къаьхьа кхаъ кхочуш: Нохчийчохь 1990-чу шерашкахь хьалхара тІом болабелла. Кхеташ ду: къонах ву Цанка, ша халачу киртиге кхаьчча, ойланаш ян волало дІадахначу дахарх, бинчу некъах. Цуьнан дагалецамаш бу романан сюжет хІоттийнарш.

Цанка кхиъна нохчийн къечу боккхачу доьзалехь. Цуьнан да Алдум Нохчийчохь советан Іедал дІахІоьттича юьртан ревкоман

коьртехь вара, амма кестта цхьа а бехк боцуш ревкомо тIепаза вайъира. Нохчаша, историхь хууш ма-хиллара, берриш а аьлча санна, революцин байракх кIел дIа а хIиттина даькхира Советан Iедал.

Гражданский тIамехь эзарнаш хIаллакьхилира, иттех сов нохчийн ярташ ягийра белогвардейцаша. Цанкин да Алдум а вара царах. Романан юьххьий, цуьнан хьалхара дакъий дешча гучудолу: нохчашна лур ю аьлла пургIато-м хIетте а ца елира большевикаша, мелхо а, цхьацца бахьанаш а кхуллуш, нохчий хIаллакбира. Кхузахь аьллачунна масална яло мегар дара большевикаша Нохчийчуьра герз схьагулдан деза аьлла, дIаяьхьна «операци». ХIетахь, 1925-чу шарахь, и бахьана а хIоттийна, дукха нах, лецна, махкахбехира, дукхачу ярташна зенаш дира.

Романехь ХХ бIешерийн 90-чу шерашкахь нохчийн хиллачу дахаран кхоччуш сурт хIоттадо Ибрагимов Кантас цу халкъана динан-просвещени лелийнчу чкъуран васт дилларца, Iедалан цаьрца хилла юкъаметтиг гайтарца. Халкъан дахарехь хилла и агIо а исторически бакъдерг ду.

Цу динан-просветителийн векал ву романехь Бакъи-Хьаьжа. Кхузахь ала деза: Октябрьски революци хуьлуш а, Граждански тIом лаьттинчу шерашкахь а нохчийн динан дай-просветительш, большевикашца цхьабарт хила беза бохуш, халкъана юкъара цаьрца болу барт чIагIбеш схьабаьхкира. Амма Iедал дIахIоттийна бевлча большевикаша нахана деш долу зуламаш дукха алсамдийла доьлча, динан дай-просветительш дагазбевлира царах: гуш дуьхьало ца йира, амма болх Деле дIа а белла, и Iедал дохахьара бохуш, Iийра. «Лаьтта тIехь уггар а кхераме хIун ду аьлча, дита а, диса а хIума а, эхь-бехк а, яхь-сий а доцуш болу нах вовшахкхетар», – боху Бакъи-Хьаьжас.

Иза иштта дан а ду.

Бакъи-Хьаьжа, гIаш ХьажцIа а вахна, дагца, ойланашца, гIиллакхашца, гIуллакхашца цIена стаг ву. Иза дахарх, нахах, дуьненах дика кхета, цундела цуьнга ларло Iедалера зен-зуламах доьзал а, юьртара нах а, гIийла-миска ша Iаш йолу йоккха стаг Хаза а, цуьнан йоI Кесират а. Бакъи-Хьаьжина чIогIа беза шен Даймохк, цуьнан Iалам. «Хьажал хьо, Цанка, – боху цо вешин кIанте, – мел

хаза бу вайн мохк, еккъа цхьа ялсамани ю-кх. Делахь а къе Iаш ду вай, вон Iа вай: даим а тIемаш бо вай тIебаьхкинчу мостагIашца а, вовшашца а. ХIара мохк вайн дайша ларбина, вайга схьакховдийна. Вай а дехкарийлахь ду и мохк ларбан а, тIедогIучу чкъуре дIабала а. Нагахь санна латтанаш лело-дерзо пайдехьа ца хиллехьара, вай цхьаммо а хьедийр дацара».

Иштта бу дайн лаам – хьоме Даймохк, ненан мотт, гIиллакхоьздангалла тIейогIучу тIаьхьене дIакховдор. И сийлахь лаам цара шайн дайшкара схьаэцна. И тайпа проблема нохчийн литературехь дуьххьара хIоттош яра: иза Ибрагимов Кантас юкъаялор доьзна дара Нохчийчохь XX бIешерийн 90-чу шерашкахь тIом хилла хиларца. Цу шерашкахь къаьсттана дагах кхеташ яра къоман кхолламан проблема, цуьнан кханалера дахар, кханалерчу тIаьхьенан кхоллам.

Бакъи-Хьаьжин а, и санна болчу кхечу дешначу нехан а хьехамаш, тIекхуьуш йолу къона тIаьхье ийманчохь, оьзда а кхиош болу, новкъа бара тIедеанчу советан Iедална, цундела цу Iедало куьг хьаькхина халкъана юкъара дIабехира 1920–1930-чуй шерашкахь бусулба дешар дешна нах-просветительш, яздархой, художникаш.

Иштта бара нохчийн духовни а, светски а интеллигенцин къиза кхоллам цу шерашкахь.

Изза кхоллам лерина хиллера дахаро Цанкина а, цуьнан магIарехь болчу нохчийн халкъан векалшна а. Амма дахарехь шайна тIехIиттинчу халонех озабелла Бакъи-Хьаьжас а, кхечу нохчийн Iилманан дайша а схьаделла нохчийн яхь-оьздангалла, доьналла дIа ца тесира Цанкас а, кхечара а.

Ибрагимов Кантина дика хаа шен халкъан тIаьхьарчу шерийн истори. Цундела цуьнан тидам тIе ца кхочуш ца бисна оцу историхь хилла жима-тIама маьIна долу хилам (событие). Цундела дилладелла цуьнга шен романехь халкъан трагически кхолламан сурт. Исбаьхьаллин васташкахь вайна девза халкъан дахаран некъаш, лехамаш, ойланаш, доьналла, нравственни кхетамаш.

Цанка романан коьрта турпалхо ву. Берахь дуьйна схьа къахьега Iемина ву иза. Цу къинхьегамца цхьаьна, иза кхиъна халкъан сий, яхь, оьздангалла, шен а, шен дайн а цIе ларъян езаш хиларх. Халкъана юкъахь лелаш долчу Iадаташа юкъараллин дахарехь цхьана а

стагана ма-оьшшу паргIато луш яцара. Нийса а ца лора: хIора а шеншена луучу кепара ваьхча, халкъан цхьаалла дIаер яра, тIаьхьенга дIакховдо синан хазна юьсур яцара.

Цанка а ву иштта кхиъна. Дукха хьалхе да воцуш висна, колхозехь хьанал къахьега Iемина иза. Цунна ца луъушехь колхозан председатель хIоттийна волу иза, кестта Iедалан белхахоша дина питана (провокаци) бахьана долуш, чувуллу. ХIетахь, ХХ бIешерийн 30-чу шерашкахь, дукхахьолахь Iедало ша кхуллуш яра, нохчийн халкъ Iедална дуьхьал ду бохуш, вон йоккхуш йолу цIе. Цул совнаха, советан Iедал Нохчийчохь тIечIагIделча, цу Iедало уггар хьалха политикехь юьхьарлаьцнарг нохчийн халкъан хаза гIиллакхаш, эхь-бехк, сий-доьналла, иштта кхидолу хаза Iадаташ дIадахаран политика яра.

Дукха меттиг дIалаьцна романехь Цанкин, Кесиратан вовшийн дезаран, церан вовшашца йолчу юкъаметтиган шатайпаналла гайтаран йолчу Iалашоно. Вай цIерш яьхначу шерийн нохчийн юкъараллин дахар мискъалан зарратал паргIато луш шераш дацара вовшийн дезаш долчу кIентан, йоьIан юкъаметтиг церан лаамехь хилийта. Амма Цанка а, Кесират а, Iадато ца магош тоьхначу дозанал кест-кеста тIехдолий, шайн безамо йийсар дора.

Роман йоьшуш, безам буьйцуш, сий деш, цуьнан философих язйина агIонаш исбаьхьаллин говзалла уггар а лакхара йолуш хета. Цанкас Колымахь чувоьллина волчу хенахь лайна халонаш а лакхарчу говзаллица гайтина яздархочо. Романан и агIонаш йоьшуш коьртехь даим а хьийзаш хуьлу ойланаш: ванах, ма чIогIа хила деза стеган са, ма чIогIа хила беза цуьнан дахаре болу безам цу жоьжахатихь чакхвала, сий а ца духкуш, хьаьшна дIа а ца воккхуьйтуш.

Цанка ву царах. Цу къизчу киртигах чакхвала цунна гIо до иза санна чубоьхкина болчу кхечу къаьмнийн наха, церан хьехарша а, синан ницкъо а. Къаьсттана чулацаме а, дахаран массо а агIо евзаш а ву царах Бушмин. Лаккхара дешна, доьналла, кIорггера хьекъал долуш волчу цо гIо до Цанкина лагерехь хIаллак ца хила: Бушмина Цанка лору, иза оьзда а, къонах а хиларна. «Вай массо а декъаза адамаш ду, вай дина а, кхиъна а зама хала зама ю. Амма вай даха деза. Вай вовшашна юх-юххехь хила деза. Вайн ницкъ вай цхьаалла

ю», – боху Бушмина. Боккха бу цуьнан лаам дийна виса а, Даймахкана пайдехьа долу гІуллакх дан а. Цу лаамо физикин Іилманехь кхиамашка валаво иза чохь воллушехь.

Колымера мукъаваьлла, шен цІа веача а шен колхозехь хьанал къахьега волало Цанка. Шен лаамца иза советско-фински тІаме воьду.

ТІаьххьара а яздархочо Цанкин вастаца йоьзна проблема хІоттайо романехь – иза ю къоман интеллигенци кхиаран, Іедалца йолу юкъаметтиг галморзахъялар, халкъана тешаме хилар, кхиерш. Оцу проблемийн дукха масалш ду романехь.

... Даймахкана оьгІазло ца йина Цанкас, цуьнан ямартчу наха дукха хьийзор бахьана долуш. Сийлахь-Боккха Даймехкан тІом бола ма-беллинехь, иза шен вешица Басилца шайн лаамехь фашисташца тІом бан вахара. Цигахь, танка буха а иккхина, цуьнан ваша дІакхелхира, Цанка, капитанан дарже а кхаьчна, тІамах чекхвелира. Амма цуьнан халкъ махкахдаьккхинчу деношкахь, Цанка, тІамера схьа а ваьккхина, шен халкъана тІаьххье Юкъерчу Ази дІавахийтира.

... «ДІабевлла тІемаш» роман нохчийн литературехь эпически жанрехь хІинцалера нохчийн халкъан дахарехь гулъелла яккхий социальни, политически, философски маьІна долуш йолу проблемаш хІитто а, уьш исбаьхьаллин дашца нахана йовзийта а ницкъ хиларан масал ду.

***Хаттарш, тІедилар***

1. Нохчийн историн хІун зама ю роман тІехь юьйцург?

2. Оьрсийн Іилманчаша романан коьртачу турпалхочун Цанкин кхолламна бинчу тІеІаткъамах шайна хетарг барта дийца.

*Рефератана тема:* «Нохчийн историн 1920–1930-чуй шерийн башхаллаш».



**КАЗБЕГИ Александр**

***(1848–1893)***

Гуьржийн яздархо Казбеги Александр вина 1848-чу шеран январь баттахь Степанцмин (хIинца цунах Казбеги олу) юьртахь. Казбегин да гIараваьлла мехкада-феодал хилла. Иза кхиош хиллачу къечу ламаройн зудчо (няня) дийцина туьйранаш, легендаш даг чу дийшина Казбеги Александрана.

Хинволу яздархо дукха хьал долчу, гоьяьлла цIе йолчу ден, ненан цхьа кIант бен ца хилла. Доккхачу хьола тIехь, оьшуш хIума доцуш кхиош хилла Александр. Цуьнан лаам кхочушбан кийча хилла берриш а. Шайн тIаьхьенан нуьцкъала хIу цуьнгахула дIагIуриг хиларх тешна а хилла уьш.

Амма кхуьуш волу кIант шен берриг лаамца балехь доллучу халкъана гергатеIаш хилла. Цуьнан вахарх дерг яздинчу дуьххьарлерчу биографо иштта боху:

«Хьола юккъехь вахар дезаш вацара иза. Шега хьовса тIехIиттийнчу мамкех а, пянькех а водий дIавоьдий, юьртарчу берашца ловзуш я жаIуй болчохь каравора иза». Юьртара бераш дукхадезаш, царна чусадиллина хилла хинволу яздархо.

Казбеги Александра дозалла деш хилла шен кхиар майрачу, доьналла долчу ламанхошна юккъехь дIадахарх: «Сан дешархо, со

цигахь ван а вина, кхиа а кхиъна. Сан дерриг дахар ламанан Iаламца доьзна ду».

Юхьанцара образовани елира Александрана леррина лаьцна болчу хьехархоша а, гувернераша а. Цхьайтта шо цуьнан кхаьчча, цхьаннан долахь йолчу пансионе деша дIавелира. Цигара ваьлча – Тбилисски гимназе.

Росси а вахна, шен махкара цхьамогIа яздархой санна, цигахь оьрсийн интеллигенцигара Iама дагахь вара иза, халкъана пергIато а, ирс а даккхарехьа къийсархьама. Петербургехь йолчу дешаран лакхарчу заведенешкахь деша дIаэцийта хьажийна бакъо цахиларна, накъосташкахула аьтто хилира Московски юьртабахаман академехь вольнослушатель[1] хила. Иза тешаш вара оьрсийн культурин хьалхелелочаьргара шена дуккха а диканиг Iемарг хиларх. Цул тIаьхьа цIа а вирзина, шен мехкан хьакъволу кIант хиларе сатуьйсура цо.

1870-чу шарахь иза Хеви юхавеара, шен доьзал болчу.

Москвахь даьхна шераш Казбегин эрна ца дайра. КхузткъалгIачу шерашкахь Россихь самадолуш долчу юкъарчу дахаре хьоьжура иза леррана.

Ша Грузе юхавеача, цо пергIатбехира ламанан ярташкара бахархой доллучу такхарх, шен дас а, ден дас а тIехIиттийна долчу. Цул тIаьхьа дайх йисна гIап дIа а тесна, шена тIехь долчу даржах – мехкадех, хьоладех – дIа а къаьстина, еха Iаса кара а эцна, жаIу хилла дIахIоьттира. Цо шена хьалха Iалашо хIоттийра халкъан дахар кIорггера Iамо а, цуьнан цатамаш, хазахетарш довза а. Цу хенахь иза хезна доцу хIума дара – ша винчу нахах дIа а къаьстина, халкъехьа валар дара иза.

1879-чу шарахь Казбеги, кхелхина, Тбилисе дIавахара.

1881-чу шарахь «Дроэба» газет тIехь зорба туьйхира цуьнан «Элгуджа» повестана. Ешархоша «Элгуджа» къобалъеш, дика тIеэцаро дог иракарахIоттийра Казбегин. Цул тIаьхьа цо арахийцира кхин а произведенеш: «Элисо», «Давийнарг», «Хевисбери», кхиерш а. Царах хIора а ара масазза ели, яздархочун сий лакхадолура, произведенешкахь иза кхойкхура бода, лолла дIадаккхаре.

[1] Вольнослушатель – лакхарчу дешаран меттигехь: дIаязвина воцуш ладогIархо.

Шен кхолларалли дика мел йолу произведенеш Казбегис язйира 1880–1886-чуй шерашкахь. ХІумма а хала дац хаа, мел боккхачу ницкъаца болх беш хилла цо оцу шерашкахь. Кхолларалли балхаца цхьаьна яздархочо, дукха гІелвеш болу редакцин болх а бина, грузински театрехь драматугран а, актеран а болх бина.

Шега уггар а дика болх балуш хиллачу шерашкахь вуззалц даа пхьор доцуш хилла иза. Казбегин кхолларалли новкъахь, цхьацца бахьанаш а лоьхуш, паччахьан цензуро новкъарлонаш еш хилла. 1884-чу шарахь араяьллачу «Элгуджа» повестан ерриг тираж, полицис дІа а яьккхина, яйна.

Александр Казбегин патриотизм доза доцуш ю. Элисой, Важий, Мзагой, Элгуджий тайп-тайпанчу къомах адамаш ду. Церан дин а ду шайн-шайн. Делахь а оцу хьелаша новкъарло ца йо царна вовшийн деза, доттагІалло лело. Даймахке болчу безамо новкъарло ца йо Казбегин турпалхошна машарехь цхьаьна баха. Къаьмнашна юкъахь машар, ирс хуьлийла, лаьа авторна. Дерриг а кхидерг оцу хьашташна хьажийна хила деза, боху цо.

Казбегис язйина цхьа а произведени яц безам коьртаниг ца лоруш. Цуьнан турпалхойн дерриг дахар цуьнца доьзна ду. Сирла, цІена дог долчунна бен кхочуш бац безам, боху цо. Хьаькамашна, безам бохург хІун ду а, ца хаьа. Царна оьшург халкъашна ницкъбар ду.

Казбеги, дуьйцийла йоцуш, воккха говзанча хилла ша язъечу произведенин композици вовшахтухуш. Цуьнан произведенеш, Іаламат чехка кхиар долуш, хІинций-хІинций хІун хуьлу-те боху дог-ойла латтош, йоьшуш ю.

Йоллучу Грузис чІогІа халахетарца тІеийцира Казбеги валар. Иза кхелхина 1893-чу шарахь, дІавоьллина шен ден цІахь, Казбеги-Юьртахь.

Вайн заманахь кхочушхилла яздархочо еш хилла йолу ойланаш. Лара ма-веззара халкъаша лара а лору Александр Казбеги, цуьнан сий Грузин махкана арахьа а генна дІа а даьржина.

## БАЛКХАРОЙН ЛИТЕРАТУРА

Балкхаройн литература кхоллаялар а, кхиар а уггар хьалха дозуш ду халкъан барта кхолларалла (фольклор) а, оьрсийн литературица а. И тайпа некъаш дина Россин пачхьалкхан кегийчу къаьмнийн хIора литературо а. Цу литературийн дешан исбаьхьаллин агIо даим а фольклорехь халкъана зеделлачух йоьзна ю, цуьнан Iер-дахаран, гIиллакх-оьзданагаллин башхаллаш ю произведенешкахь билгалъевлларш. Церан коьрта чулацам философин этически проблемаш хIиттийна бу: яздархоша юьйцург къонахалла, майралла ю, баккхийчаьрца, зударшца лело дезаш долу гIиллакх-ларам, къинхетамца уьйр хила езаш хилар ду.

Балкхаройн литература кхоллаяла йолаелла XIXa бIешо чекхдолуш. XIетахь балкхарой шайн маттахь йоза доцуш хилла, амма халкъан поэто Мечиев Кязима, балкхаройн просветительша, оьрсийн периодически печатехь зорбане бевллачара, кхоччуш бух биллира хинйолчу балкхаройн литературин. XX бIешо доладелча, исбаьхьаллин дашах зеделлачух масал а оьцуш, литература кхолла буьйлабелира уьш.

1917-гIа шо тIекхаччалц балкхаройн литературин бухбиллархочун Мечиев Кязиман (1859–1945) кхолларалле хь, коьрта долчунна, хаалуш ерш романтически хатI долу стихаш яра. Цо хьалха язйинчу лирически («Тахир и Зухра», 1891) а, философски а («Мир», 1896) поэмашна тIаьхьа йогIу социальни чулацам болуш йолу поэмаш («Раненый тур», 1907; «Бузжигат», 1910–1917). Цо хIетахь яздина къечу ламанхойн дахарх, кхетамах лаьцна.

Нагахь санна Мечиев Кязиман цIарца балкхаройн литературехь поэзин жанраш кхоллаялар дозуш делахь, просветителийн С.-А. Урусбевн, Н. Урусбевн, М. Абаевн, Ф. Абаеван, Б. Шахановн цIершца дозуш ду цу литературехь прозин жанраш кхоллаялар.

1924-чу шарахь латинин элпаш тIехь балкхаройн йоза а кхолла ма-деллинехь, зорбане евлира Iаматаш, кхиа йолаелира литература. Хьалхарчу муьрехь цуьнан чулацам агитацех, митингашкахь дечу къамелийн форма йолуш хилла. Изза некъ бина шайн кхиарехь кхечу кегийчу къаьмнийн литератураша а.

Нохчийн литература а еана цу новкъахула. Балкхаройн литературехь уггар хьалха кхиа йолаелла поэзин жанраш.

Шен заманан хьаштех лаьцна дуьйцуш, дахаран кIоргене ца гIертара поэташ (С. Шахмурзаев (1886–1975). «Волны Октября», 1920; Х. Кацев (1916–1974). «Баксанстрой»; А. Будаев (1915–1942). «Трагическая гибель», 1936; Кулиев Кайсын (1917–1985). «Пусть радость освещает мир»).

XX бIешеран 30-гIа шераш юккъедахча политически чулацам хила безар, плакаташкахь санна ала дезаш хилар, дIаалар поэзера дIадолу, цуьнан метта поэзи юкъа йогIу дахаран ойланаш яран проблема. Оццу шерашкахь сиха кхуьу хьалха ца хиллачу кепара лирика. (Кулиев Кайсын. «Песня горной речушки», «Песня мальчика, едущего на ослике».) Поэзица цхьаьна кхиа йолало прозин жанраш а. Уггар хьалха кхоллало очеркан жанр.



## КУЛИЕВ
## Кайсын Шуваевич

## (1917–1985)

*Кайсын Шуваевич Кулиев вина 1917-чу шеран 1 ноябрехь ГIебартойн-Балкхаройн АССР-н Чегемски кIоштан Верхний Чегем цIе йолчу эвлахь. Кхелхина 1985-чу шарахь. 1939-чу шарахь Москвахь Пачхьалкхан театральни искусствон институт (ГИТИС) чекхъяьккхина цо.*

Россин гIарабевллачу яздархойх цхьаъ вара балкхаройн халкъан поэт Кулиев Кайсын. XX бIешеран 30-чу шерашкара дуьйна схьа 80-гIа шераш юкъадаххалц, тIеттIа, аз зевне декаш, дахарх лаьцна доккха философски маьIна долуш, еш йолчу ойланийн чулацам кIарглуш схьавеана башха поэт.

Кулиев Кайсын шен халкъана юкъара схьаваьлла поэт вара. Цуьнан кхолларалла, ерриг а балкхаройн литература санна, кхиъна кхарачойн, балкхаройн фольклор тIехь, оьрсийн литературица чIогIачу уьйрашца а. Оцу литературин чулацаман коьрта болам философин, гIиллакх-оьздангаллин проблемех лаьтташ бу. Литературо, кхечу Къилбседа Кавказан литератураша санна, юьйцуш ерш къонахаллин, майраллин, баккхийчаьрца лело дезачу гIиллакхлараман теманаш ю.

Балкхаройн литература кхиа йолаелла XIX бIешеран чаккхенгахь. XIетахь цу халкъан шен йоза ца хилла, цундела литературин юьхь балкхаройн просветителийн статьяший, белхаший йолийна. Цара шайн белхашна зорба деттара оьрсийн маттахь арадуьйлуш хиллачу газеташ тIеххьий, журналаш тIеххьий.

1917-гІа шо тІекхаччалц кхиъначу балкхаройн поэзехь (цуьнан бухбиллархо вара Мечиев Кязим (1859–1945), хаалуш йолу билгалонаш, коьрта долчунна, йозуш ю романтизмаца. Мечиев Кязиман лирически а («Тахир и Зухра», 1891), философин, поэмийн («Мир», 1896) чулацам тІаьхьо социальни чулацаме боьрзу («Раненый тур», 1907, «Бузжигай», 1917). Мечиев Кязим яздан волало къинхьегаман стагах, ламанхойн гІиллакх-оьздангаллин ламастех лаьцна.

1924-чу шарахь, балкхаройн алфавит кхоллаеллачу хенахь, арайийла йолаелира Іаматаш. Хьалхарчу муьрехь балкхаройн литература, лулахь дехачу кхечу къаьмнийн литератураш санна, советийн Іедал тІечІагІлучу хенахь, кхайкхамийн, лозунгийн, агитацин чулацамах юьзна яра. Цу шерашкахь кхоллаелла балкхаройн къона поэзи а яра изза чулацам болуш .

Амма 1930-чу шерийн шолгІачу эхехь поэзехь хилла йолу деклараци, кхайкхамаш, хьехамаш хила а ца хилча санна, дІайов. Поэзехь сиха кхуьу дуьненан, дахаран хазаллех дуьйцуш йолу лирика (Кайсын Кулиев. «Песня горной речушки», «Песенка мальчика, едущего на ослике»).

Реализман чулацаме йоьрзу прозин жанраш. Кхуьу исбаьхьаллин очеркаш (Х. Теммаев. «Жизненные шаги героя» (1933); А. Ульбашев. «Карай и Карадуз» (1933); Б. Гуртуев. «Бекир» (1933) и. д. кх. а).

Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІамехь дакъалаьцна Кулиев Кайсына.

Оьрсийн маттахь московски издательствошкахь араевлла стихотворенийн, поэмийн гуламаш: «Бепиг а, роза а» («Хлеб и розы»), «Лаьмнаш» («Горы»), «Со лаьмнашкара веана» («Я пришел с гор»), «Сан лулахой» («Мои соседи»), «Ломахь цІе» («Огонь на горе»), «Стен басахь лепар» («Кизиловый отсвет»), «Ленинах йолу ламанхойн поэма» («Горская поэма о Ленине»), «Чов хилла тІулг» («Раненый камень»), кхерш а.

Кулиевн кхолларалли хатІ къеггина гучудолу цуьнан «Чов хилла тІулг» а, «Лаьттан книга» а книгаш тІехь. РСФСР-н, СССР-н Пачхьалкхан премиш яларца билгалъяьхна а ю поэтан и книгаш (1974). 1990-чу шарахь, кхелхинчул тІаьхьа, цунна елла Ленинан преми.

Кайсынан поэзи вайзаманхочун дог-ойла гойтуш ю. Даймохк Iаламат дукхабезаш, шен вахаран Iалашонаш халкъан хьашташца цхьаьна нисъеш ву поэтан лирически турпалхо. Чолхечу дахаран новкъахь халонаш тIехь толамаш бохуш, сирлачу ойланца схьавогIу иза.

«Дагалецамаш» («Воспоминания»), «Хиндолчунна аьлла байташ» («Стихи, сказанные будущему»), «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу аса буйнахь...» («Сжимаю в пальцах влажный ком земли...») стихотворенеш кIорггера ойла йойтуш ю. Винчу лаьттан беркат, адамийн дахаран Iалашо, дуьненахь хиндерг – иштта теманаш ойу авторо царна тIехь.

***Кулиев Кайсынан кхолларалхь Даймехкан, патриотически теманаш.***

Кулиев Кайсынан кхолларалла дуккха а къаьмнийн литература кхиарна юкъайиллина йоккха хазна ю[1].

1943-чу шеран майхь оьрсийн яздархочо Фадеев Александра шен йозанаш яздечу книги тIехь дIаяздира: «Iаламат дика ву балкхаройн поэт Кулиев Кайсын. Бакъволу ламанхо а, бакъйолу поэзи а».

Шен накъостийн къонахалла а гуш, бIахаллин доттагIаллин дог-ойла а зуьйш, халкъан доккхачу турпалчу дахарца ша ваьхначу Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь Кулиев поэт хуьлуш кхолла а велира, вахча а велира. Иза а, цуьнан накъостий а бара дуьненан къаьмнашна сийлахь боккха толам беанарш. Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIеман шерашкахь поэтан кочаэгначу оцу луьрачу зераша шайн серло етта цуьнан поэтически книгийн дуккха а агIонаш тIе:

Iожалла йиллина сан гIовлехь лаьтта,
Кхолламна ас хIетте неIалт ца олу,
Сайн цIийца басарден и хьоме латта
Кхин а чIогIа ас маракъуьйлу.

И могIанаш кхоьллина къонахаллин даго, яьгначу яртийн юкъ мел къаьхьа ю хаа а дезча, бIахаллин доттагIаллин дог-ойла мел чIогIа ю а кхетча.

[1] Очерк язъеш, авторша пайда эцна Эфендиева Тамарин «Кхолларалли йоккха школа» статьях. – Хьажа: «Орга», №3, 1977.

Кулиевн лирикехь къаьмнийн доттагIаллин темин шатайпана башхаллаш кхуьу. Цуьнан юкъаметтехь лаьтта дуккха а къаьмнех йолчу тобанан тIемалойн турпала амал. МостагI вохоран оцу цхьана Iалашоно вовшахтоьхна болу дукхакъаьмнийн бIахой Кулиевн стихотворенешкахь хьалхахIуьтту билггал диц лур доцчу суьртехь:

Даггара гергарло шен соьца долуш,
Чувашо шен кисет соь кховдайора,
Хьаьрса и латышаш бара суна бевзаш,
Аса чов хиллачохь цIийн лар йитира,
Церан лаьтта тIехь сан доттагI велира,
Топ кхетта шен хьаж лаьттах дIагIортош.

Диъ шо даькхира Кулиевс фронтехь. Иза хилира парашютист а, цул тIаьхьа тIеман корреспондент а; гира цунна тIулг а, эчиг а, болат а догуш. «ХIетте а дахарехь уггар а исбаьхьа, деза долу хIуманаш – адамалла, къонахалла, доьналла, эхь, сий – ца дегира, уьш хиллера тIулгал а, болатал а чIогIа, – элира Кулиевс, герггарчу хьесапехь мукъана а «Чов хилла тIулг» книгин кхоллаяларан историх лаьцна дийцахьара аьлла, шега дехар дича. – Со гуттаренна а тийшира уьш хIаллакьхирг цахиларх, дуккха а харцонех, баланех чекхъевлча».

*«ХIун деара Кулиевс тIамера? – хаттар до 1970-чу шарахь араяьллачу Кулиевн «Хаьржинарш» книгин хьалхарчу дашехь вевзаш волчу оьрсийн поэто М. Дудина. – Дохковалар?..*

*– ХIан-хIа. Къийсам чекхбаьлла цахилар, дахар кхузза исбаьхьа хилар хаадалар деара цо тIамера».*

Адамашна дахаран а, къинхьегаман а даккхийдер лучу поэтан дахар кхуллучу цIаро яхчийна ю цуьнан стихаш, поэмаш.

*«Керлачу цIа чу санна, сайн стихашка кхойкху аса шу, къинхьегамо сий айъинарш»* бохуш, комаьрша тIекхойкхура цо, тIаккха дуьйцура шех а, шен Даймахках а, адамашца шен йолчу кIорггерчу тергонан дог-ойланех а лаьцна.

*«Муьлххачу къоман а поэзи эмоциональни истори ю, – боху Кулиевс, – цуьнан синан истори ю. Цо схьагойту халкъан амал, цунна чохь го хьомечу лаьттан сибат – лаьмнийн ло тIехь долчу баххьашкара жимчу хин йистерчу моа тIе кхаччалц».*

Вина латта! Цуьнан хазаллех, кхачош йоцчу комаьршаллех, йовхонах воккхаверан ойланца дуьйцу поэто «Лаьттан книга» шен поэтически гулар тIехь. И книга язъярна поэтана елира СССР-н Пачхьалкхан преми. Цу поэтически гулар тIехь схьагайтина «...латта охучийн, бежанаш дажочийн, тIех чолхе гIишлош ечийн... уггар а еза, сирла Iалашонаш, сатийсарш». Поэто шен дош аьлла къинхьегамца хьомечу лаьттан сурт хуьйцучарна:

Хала наб кхетташехь, го ахархочунна,
Мел дика дегIе оьху кенаш,
Ялтанан белхан гIур хеза цунна,
ДогIанан гIовгIанехь, седарчий хуьлуш.

Цундела «Лаьттан книгин» коьртачу тидамехь бу шайн къинхьегамо дерриг а кхуллуш берш: уггар а чолхечу прибораш тIера седарчийн гIаланашка кхаччалц. Царах лаьцна боху поэто «Хьекъалечу наханий, турпалхошний хилла ца Iаш» стихотворенехь.

Латтана а, къинхьегаман адамашна а гимн хилла дека хIокху стихотворенийн могIанаш: «Кхин цхьаъ а шира илли», «Ракеташ дIаоьху батта тIе», «Кенийн илли», «Лаьттан, стигалан илли», «Цхьанхьа-м кхуьуш ю водородни бомбанийн раьгIнаш...»

Хьомсара мохк а, халкъ а хаадалар ира чекхдуьйлу Кулиевн поэтически дуккха а могIанашкахула. Иза верриг а цхьаьнакхетта ву хьомсарчу мехкан боккхаберца а, халахетаршца а.

***Кулиев Кайсынан поэзехь адамаллин теманаш.*** Бакъйолу поэзи соцуш яц, шен къомах лаьцна дийцарх тоам а хуьлий. Кулиев къаьмнаш интернационализман буха тIехь вовшашкахьа хиларехьа ву. «Лепийта малх дуьненан берриг а къинхьегамхошна!» – боху цо. Кулиевн поэзин хилар билгал а доккхуш, гIараваьлла волчу башкирийн поэто Мустай Карима яздина: *«Кулиев Кайсын инзарвоккхуш дерг дукхакъаьмнийн литературехь хила хьакъдерг ду. Шен ойланийн берриг дIахIоттамца а, эмоционални зеделлачуьнгахьара а, ламанан кьоман бIешеран поэтически культура шен кхолларалла чуэцна волу шатайпана балкхаройн къоман поэт хилла а вуьсуш, Кулиев Кайсын Къилбседа Кавказан поэзин важа бохь – Гамзатов Расул а – санна, баккъал а волу интернационални поэт хилла дIахIоьттина».*

Кулиевн поэзин жигаралла гуманистически дIахьажаелла хиларо гIо до цуьнан поэтически некъан, ницкъан хьаст каро, *«баттара доккху тур санна, сайн даг чуьра, аса стихаш йохура»,* боху цо. Сема ладугIу цо заманан синпхене, дерриг дагца хаало цунна заманан кхерамаш. Цундела, ткъолгIачу бIешеран поэташка вистхуьлуш, поэт тешна ву шайн заманхойн амалш кхоллалучу хенахь таханлерчу а, кханалерчу а дийнан жоьпалла шайна тIеэца еза бакъонаш уьш хиларх. Поэт иракарахIиттаво патриотически, граждански дог-ойланаша, дерриг лаьттан, хIора халкъан, муьлххачу хьанал стеган дахаран бух, бала болчу гIуллакхашца ша воьзна хилар хааро:

Латта дац цхьаъ бен, муьлхха а бала
Цуьнан массо а маьIехь гучуболу.
Муьлххачу а маьIехь мохк бегабахь а,
Цуьнан лестар ду хьан когаш кIел.

Iаламат йоккха меттиг дIалоцу Кулиевн поэзехь адамаллин теманаша. Поэтан кхолларалли филсофски чулацам бийраш и теманаш ю. «Хиндолчуьнга аьлла байташ» стихотворенехь поэтана:

... Лаьар-кха, ламанаш, шераш хедийна,
Хиндолче дIакхача, бIаьрга ган сайна,
Лаьа цунна сискаллий, серлой хуьлийла.

ТIаьхьа тIехинйолчу тIаьхьенан дуьхьа йитина цо «ТIеман арахь къоналла, цIий Iенош летта». Поэт хууш ву хIинца а санна:

Олхазарш хезар ду бошмашкахь декаш,
Ялташа хоьцур бу кан даиманна,
Бовхачу кхерчашкахь доттур ду баьпкаш.

Таханлерчу дахаран ойланаш йина ца Iара поэт, стеган эшамаша, гIуллакхаша, ойланаша, хазахетарша, хьашташа дIалаьцна ца Iа поэтан дог. Цуьнан дагна луург кхане, тIаьхьа хинйолу хан а сирла, токхе, ирсе, тIом боцуш, халкъашна юкъахь барт болуш хуьлийла ду. «Сан даго хьоьху, суна ган а го», «Сан кIенташна», «БIаьрзенаш», «Отар Чиладзе, ахьа вайшиъ вовшахкхета волу меттиг билгалъе», «Марине Чиковани», «Дахарехь ваьшка ца лелалуш болу мохь лела-

бо вай», «Цкъа а хир вац сох таллархо» цIерш йолчу а, кхечу а стихотворенешкахь кIорггера гучуйолу поэтан гуманизман дог-ойла.

Кулиев Кайсына язйина «Хьомечу лаьттаца дуьйцу», «Поэми тIера», «Ленинах йолу ламанхойх поэма», «Чегемская поэма», «Дукъал тIехвалар» поэмаш.

***Хаттарш, тIедиллар***

1. Дийца вежараллин балкхаройн поэтан кхолларалли некъах лаций.
2. ХIун чулацам болуш ю Кулиев Кайсынан стихаш, муьлханаш ю церан коьрта теманаш?

## ОьРСИЙН КЛАССИКАШ – НОХЧИЙН МАТТАХЬ

Оьрсийн классически литературин нохчийн матте яьхначу произведенеш юкъахь уггар дукха йолу *Пушкин Александр Сергеевичан* стихаш, поэмаш, проза нохчийн литературехь Іаламат йоккха исбаьхьа хазна хилла дІахІоьттина. Воккхачу художникан литературин тІаьхье шайн матте йоккхуш нохчийн поэташа бина болх бара иза, цкъа-делахь, уьш шайн корматаллин ницкъе хьовсар дара, шолгІа-делахь. Пушкинан кхолларалли сирлачу шовдано царна ницкъ лора керла лехамаш бан, керла произведенеш язъян.

Пушкин Александран произведенеш нохчийн маттахь дуьххьара араевлира XX бІешеран 30-гІа шераш юккъедевлча. Оцу хенахь нохчийн йозанан литература кхоллаелла иттех шо бен ца кхаьчнера. XIетахь цуьнан стихотворенеш, прозий кегийчара а, баккхийчара а чІогІа хазахеташ йоьшура. Уьш школьни хрестоматешна, Іаматашна юкъаяхара. И хан халкъана Пушкин Александр дуьххьара вевза хан яра. XIетахь нохчашна оьрсийн маттахь массарна а башха дика деша цахаарна, Пушкинна «тІебоьду» некъ шайн ненан маттахь бен бацара. Цундела къаьсттана цу заманахь дукха гочйина Пушкинан произведенеш.

Амма 1930-чу шерашкахь оьрсийн XIX бІешеран культуре Къилбседа Кавказерчу халкъийн бахна безам массеран а цхьабосса бацара. Цхьаццадолчу халкъийн критикаш Пушкинан, Лермонтовн кхолларалла а, кхетам а сийсазбеш бара зорбанехь. Сийлахь-баккхийчу гуманистех бехк боккхура оцу критикаша, цкъа цхьана хенахь шайн къоман а, социальни а пагІатонехьа къийсам латтийнчу Къилбседа Кавказерчу ламанхойх цара вон дош аьлла бохуш. Пушкинах, Лермонтовх лаьцна цу тайпана деш долу къамелашна зорба тухура Къилбседа Кавказан печатехь хьовха, центрехь йолчу печатехь а.

И тайпа гІуллакх пролеткультовски теорица дІаяханчу заманан культурин тІаьхье тІецаэцаран хьокъехь динчу къамелашца догІуш дара. Оццу интеллигенташа, вульгаризаторски тенденцешна тІе а теІаш, дІатоьттура шайн къаьмнийн фольклор а. Цундела тешам боллуш ала мегар ду: оцу пролеткультовски теорел сов, церан леларехь кхин хІума дацара, церан кхин Іалашо яцара, амма, нагахь и хиллехь а, хала дара кхуьуш лаьттачу къаьмнийн литераторшна оьрсийн клас-

сически литературо, хьалхарчу рогIехь Пушкина а, Лермонтовс а беш болу идейно-эстетически тIеIаткъам цаьрга сацабала.

Нохчийн советски литературин историно тоьшалла до: СССР-н къаьмнийн классикийн произведенеш гочъян буьйлабелира нохчийн яздархой шайн литературо тоам боллуш идейно-эстетически литературни кхиамаш баьхча, меттан хазна IаьIча. 1930-гIа шераш юккъе-девлча, Пушкинан хьалхара стихотворенеш нохчийн матте яьхначу хенахь, нохчийн литература Ерригсоюзни литературни процессана юкъайоьдуш яра. Иза дара кхоллалучу произведенийн исбаьхьаллин чулацамо шуьйрачу дешархойн эстетически хаттаршна жоп луш а, къонаЧу яздархойн кхолларалла советски литературина хьалхахIуьттучу декхаршна жоп луш а кхуьу бохург.

Литература реалистически новкъа ялар, поэтически мотт тIеттIа шорлуш, ницкъе берзар – и гIирс бара Пушкинан йозанан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш нохчийн матте нийса кхачо оьшуш берг. Тешам боллуш ала мегаш кхин цхьаъ ду: нохчийн поэташ, Пушкинан стихаш гочъеш, дагахь бара ненан литературни мотт шорбан а, цуьнан керла поэтически таронаш гучуяха а.

Цундела 1937-чу шарахь, поэт вийна бIе шо кхочуш, нохчийн маттахь арахийцира цуьнан сочиненийн йоккха том. Цунна ша яздинчу дешхьалхенехь яздархочо Мамакаев Мохьмада, Пушкин Александр СССР-н халкъашна дукхавезаш волу поэт хилар билгал а доккхуш, яздира: *«Вайн дешархочунна тахана дуьххьара девзаш ду ницкъболу исбаьхьа Пушкинан дош, вай декхарийлахь ду и дош къинхьегамхошна щуьйра юкъадаржо, хIунда аьлча и пайдехьа ду вайн культурина...»*.

Нохчийн литераторшна хьалха лаьттара чолхе декхар: Iаламат йоккха йолчу Пушкинан литературни тIаьхьенан юкъара схьакъасто езаш яра кхинхьегаман стаг атта кхетар волу, цуьнан кхетаме хьаьжжина йолу произведенеш. Оцу стагана Пушкин дуьххьара вовзуьйтуш иза тIейогIучу ханна цуьнан дахарх къасталур воцу поэт ван везара.

Гочдархоша нийса нскъ хьаьржира: шайн чулацамца хьомечу халкъана дахаран-эстетически кхетамна жоп а луш, цуьнан нравственни идеалашца йогIуш а, стеган ша дика а, цIена а хуьлийла луучу ойланашца йогIуш а йолу произведенеш гочйира цара хьалхарчу рогIехь.

Уггар хьалха нохчийн маттахь хазчу мукъамехь йийкира Пушкина 1818–1819-чуй шерашкахь язйина йолу «К Чаадаеву» (гочйинарг – Музаев Н.), «Деревня» (Трамов А.К.). Цул тІаьхьа «Кинжал» (Трамов А.К.), «Узник» (Курумова Б.), «Птичка», «Пророк», «К морю» (Трамов А.К.), «Зимний вечер», «Зимняя дорога» (Курумова Б.) стихотворенеш, 1821–1826-чуй шерашкахь кхоьллина йолу.

Гочйинчу произведенийн йоккха меттиг дІалоцу Пушкина декабристийн гІаттам эшийначул тІаьхьа кхоьллинчу а, иза шолгІа Кавказе веанчул тІаьхьа а (1829) кхоьллинчу произведенеша: «Во глубине сибирских руд», «19 октября 1827 года» (Трамов А.К.). «Не пой, красавица, при мне» (Шахгиреев А.), «Зимнее утро» (Музаев Н.), «Кавказ», «Обвал» (Айсханов Ш.), «Бесы», «Осень» (Трамов А.К.), «Туча» (Музаев Н.). Оцу циклан тІаьххьара гочйинарг яра «Я памятник себе воздвиг нерукотворный» стихотворени.

Пушкинан поэмех дешархошна девзира хІара жовхІарш: «Кавказский пленник» (Музаев Н.), «Медный всадник» (Трамов А.К.), «Сказка о царе Салтане, о сыне его славном и могучем богатыре князе Гвидоне Салтановиче и о прекрасной царевне лебеди», «Сказка о рыбаке и рыбке» (Исаева М.).

Пушкинан прозех гочйинера «Капитанская дочка» (Арсанукаев Х.), «Дубровский» (Яхшаатов Х.М.) повесташ.

Ши поэтически текст вовшашца юьстича, вайна гучудолу нохчийн поэташна шайн ненан маттахь Пушкинан стихаш исбаьхьаллин маьІница екийта а, рифмийн система Іаламат говза йовзийта а хаар, масала: «К Чаадаеву» стихотворени, коьрта долчунна, перекрестни рифмица язйина ю, ткъа цуьнан ши строфа чІагарийн охватни (кольцевая) рифмица кхоьллина ю (абба). Музаев Нурдина гочъярехь Пушкинан магІарийн рифма а, барам а, хазалла а шаьш оригиналехь ма-хиллара йисна. Авторан, гочдархочун тексташ цу тайпана цхьаьнаэр бахьана Пушкинан могІанийн гражданаски пафос, церан васт кхуллуш ницкъболу дешнаш шен ненан маттахь Музаевна карор дара.

Вайн яздархоша хІинца кест-кеста гочйо Пушкинан кхолларалла, хьоьжу цо исбаьхьаллин дош кхуллуш лелош хиллачу къайленашка, цуьнан турпалхойн дахаран идейно-философски маьІнех кхета гІерташ. Сийлахь-воккха поэт даим а хьехархо ву, муьлххачу чкъуран заманхо а ву.

*«Кавказ! Генара мохк! ПаргIатчу лааман хIусам!»* – шолгIа Даймохк хилла дIахIоьттира Лермонтов Михаил Юрьевичан а. Цунна безабелира цуьнан бахархой, «церан можачу яххьийн бос, маьхьсийн басах тера болу, церан куйнаш, зарзделла пхьуьйшаш, церан Iаьржа бIаьргийн хIилланца хьажар, церан къамкъарган къамел». И безам поэто шен дахар чекхдаллалц ларбира.

Цунна езара Кавказ. Цунна безара ша вина мохк а, хIунда аьлча шен халкъ ца дезаш кхин халкъ дезийла яц, шен Даймохк а ца безачу оцул цIенчу ойланца, даггара догIучу дешнашца ала таро яц: *«Сайн Даймехкан мерза илли санна, еза суна Кавказ»*. Уьш аьлла а ца Iаш, лаьмнийн берийн къонахаллех цецвуьйлура иза. Паччахьан Iедало кавказски ламанхошца беш болчу тIамна дуьхьал ца хила йиш яцара цуьнан.

Нагахь цуьнан Кавказах лаьцна язйинчу произведенийн турпалхошка хьаьжча, атта гучудолу уьш тIамна дуьхьалхилар а, паргIато царна езар а. Царах ю реалистически стихотворени «Валерик», поэма «Мцыри» – иза Даймахкана аьлла назма ю, кхеравалар хIун ду ца хууш а, паргIатонехьа гIиртинчу ламанхойн кIентан лаамах цецвийлар а ду.

КхидIа йийцича а кхача ца луш карор яра Лермонтовн стихаш, проза, шайца Кавказан васт кхуллуш йолу. Массо а меттехь сийлахьволкха поэт ша-шена муьтIахь хилла. Цуьнан стихотворени «екна», халкъан синкъерамехь я баланехь *«бIов тIехь бека горгали»* санна. ПаргIатонан илланчо шена чуоьзнера Кавказан халкъийн сацалур доцуш детталучу довхачу дегнийн Iаь. Ткъа и Iаь дIаелира цо Кавказан латтана. Цунна карийра нохчийн халкъан дегнашкахь, ойланашкахь ша къобалвина меттиг, цунна, *«хьомечу Къилбседехьара лаьллина веанчунна»*. Поэтан кунакаш хиллачу тIаьхьенаша тахана шайн маттахь йоьшу *«Беза Даймохк суна...»*

...Къилбседа Кавказана къонайозанан литературийн историно тоьшалла до: къаьмнийн яздархой оьрсийн а, дуьненан а классикина тIебирзира шайн литератураша кхоччуш кхечу къаьмнийн литературийн васташ, басарш, шайн матте даха таро йолуш долу идейно-эстетически зеделларг IаIийначул тIаьхьа. Ша-шаха хилла лара мегар дац, масала, хIара гIуллакх а: Къилбседа Кавказан дукхахболу поэташ, цаьрца нохчийн поэташ а, оьрсийн классикаш шайн халкъашна йовзийта буьйлабелира шайн исбаьхьаллин литератураш кхоллаелла ткъа шо гергга хан яьллачул тIаьхьа.

Ша-шаха хилла дацара церан тидам тIехьовзийна волу дуьххьарлера поэт Лермонтов М.Ю. хилар а. Лермонтовн сий даздеш язйо цара дуккха а стихаш, цуьнан кхолларалла кхечу цуьнан заманан поэтийн кхолларалле дукха гочйо цара. Лермонтовн лийрдоцу могIанаш шайн ненан матте гочдан, цуьнан дахарх дозалла дан лаар нохчийн поэташна дагадар, хетарехь, юбилейни терахьаша хьехна дац: царна даго хьехна, шаьш Лермонтовс вийцинчу *«нохчо-воккхачу стагах, Казбекан бахьийн къечу вахархочух»* схьадевлла хиларе терра, оьрсийн сийлахьчу кIантана цуьнан шайн дайшка хиллачу безамна дуьхьал безам кховдо, цуьнца шаьш духовни гергарло долуш дуйла хаийта.

Лермонтовн кхолларалла нохчийн матте гочъяран истори дIайолало 1938-чу шарахь. Оцу хенахь классически тIаьхьенех лаьцна беш болу къийсамаш а севцира, дахаро тоьшалла дира цхьаболчу критикаша (Дж. Налоев, Ислам Карачайлы), классикех Iама ца оьшу бохуш, лелош болу вульгарно-социологически хьехамаш цхьана а хIуманна пайденна цахилар.

Нохчийн гочдархойх Лермонтовн лирики тIехь дуьххьара болх бан волавелларг Мамакаев Iаьрби ву. Цо гочйира «Горные вершины», «Прощай, немытая Россия», «Ангел», «Измаил-Бей» поэмех цхьа кийсак – «Казачья колыбельная». Iаьрбис лаккхарчу корматаллица динчу гочдарша Лермонтов М.Ю. кхолларалли тIе тидам берзийра кхечу нохчийн поэтийн а. Иштта Музаев Нурдина гочдира хIара жовхIарш: «Сон», «Одиночество», «Перчатка», «Дума».

Нохчийн поэтийн Лермонтовн кхолларалла гочъеш бечу белхан шолгIа тIегIа дара уьш цуьнан поэмаш гочьян буьйлало хан. 1940-чу шарахь гочйина «Мцыри». Оццу шарахь зорба тоьхна «Ашик-Кериб» Лермонтовн туьйранна (гочдархочун цIе билгалйина яц), ткъа Мамакаев Iаьрбис нохчийн матте яьккхира Алибегова Н.Н. йина еа актехь йолу «Бэла» инсценировка.

Лермонтов Михаилан стихотворенеш, поэмаш гочъярца нохчийн, гIалгIайн поэташа билгалдаьккхира сийлахь-воккха поэт вийна бIе шо кхачар. Оцу терахьна лерина дара 1942-чу шарахь цуьнан стихотворенийн гулар вайнехан маттахь арахецар. И болх нохчийн поэташна чIогIа оьшуш бара, хIунда аьлча, Лермонтов даго тIеоьцуш гочвар бахьана долуш, уьш цуьнан поэзица цхьаьнакхетаро духовни хьалдолуш бора, церан исбаьхьаллин вастийн, кхолларалле болу ницкъ алсамболура.

Цу хьокъехь Музаев Нурдина яздинера: *«Цуьнан «Измаил-Бей» поэмо тIеIаткъам бар бахьана долуш язйира аса сайн хьалхара «Хараби» поэма. Сан дуьххьарлерчарах йолчу «Хьуьнан ирзо» поэмехь хаало Лермонтовн «Сон» стихотворенино бина болу тIеIаткъам!»*

Нохчийн поэташа кьаьсттана дукха гочйо Лермонтовн кхолларалла XX бIешеран 50-чу шерийн шолгIачу эхехь – 60-гIа шераш дуьйлалучу хенахь. Мамакаев Мохьмада, Эдилов Хасмохьмада, Сулаев Мохьмада, Саидов Билала, иштта кхечара а гочйо цуьнан проза а, лирика а. 1960-чу шарахь Саидов Билала Грозный-гIалахь зорба тоьхна арахийцира «Герой нашего времени» роман, ткъа Эдилов Хасмохьмада, Джамалханов Зайндис 1963-чу шарахь дешархошна шен ненан маттахь йовзийтира «Измаил-Бей» поэмин ерриг а текст.

Лермонтов Михаилан цхьа бIе шовзткъе итт шо кхочуш арахецна кечйинера цуьнан стихотворенийн, поэмийн том, амма цхьацца бахьанашца иза ара ца елира. Делахь а цу тома юкъа яханчарех дукхахъерш поэташа шайн книгаш арахоьцуш царна тIехь зорбане ехира: «Дума», «Я жить хочу, хочу печали», «Парус» Мамакаев Мохьмадан «ТIулгаша а дуьйцу» гулар тIехь; «Выхожу один я на дорогу», «Благадарю», «Казачья колыбельная», «Нет, не тебя я так пылко люблю», «Подражание Байрону», «Спор» Сулейманов Ахьмадан «Дог дохден цIе» гулар тIехь. И стихотворенеш оригиналан ритмица, исбаьхьаллин басаршца, чулацамца къаьсташ яц.

Лермонтовн кхолларалла гочъяро, цуьнга а, цуьнан кхолларалле а болчу безамо, дуьйцийла йоццуш, боккха тIеIаткъам бина вайн поэтийн идейно-исбаьхьаллин лехамашна.

Гуманизман идейша, Даймахке болчу безамо хIоттабо «Валерик», «Родина» цIерш йолчу Лермонтовн произведенийн чулацам. Цара тIеIаткъам бина Мамакаев Мохьмадан «Латта, хьуна хастам бу», «Шаьлта», кхийолчу а произведенешна. Кхечу нохчийн поэтийн кхолларалле хь а каро тарлора Лермонтовн кхолларалла йогIу реминисценцеш, вастийн амалийн зирхаш, церан романтични хилар (масала, Сулейманов Ахьмадан «Безаммий, Шаьлтий», «Весет»).

Цу тайпана бу нохчийн поэташа Лермонтовн произведенеш гочъеш бина болх, цара сийлахь-воккхачу поэтан сийлахь-йоккха тIаьхье ларар.

## ЧУЛАЦАМ

*Кадыров А.-Хь.* Хьомсара Нохчийчоь! ..... 3

Дешархошка ..... 5

I. XX бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литературин кхиаран башхаллаш ..... 7
II. XX бIешеран шолгIачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш ..... 19
III. XX бIешеран юьххьехь нохчийн литература кхиар ..... 60
Литературин родаш ..... 78
Художественный образ (исбаьхьаллин даст) ..... 79
Сюжетах а, композицих а кхетамбалар ..... 79
Драматурги ..... 82
*Исаева Султанан Марьям* ..... 86
Драматически къовсамах кхетамбалар ..... 93
Драма ..... 94
Комеди ..... 95
*Айдамиров Абдулхакиман Абузар* ..... 96
Романах болу кхетам кIаргбар ..... 108
Повесть ..... 110
Дийцар ..... 110
Очерк ..... 110
Рецензи ..... 111
*Ахматова Солтамурдан Раиса* ..... 113
Лиро-эпически жанрах кхетамбалар ..... 131
*Сулейманов Сулейманан Ахьмад* ..... 132
Лирикех, лирически турпалхочух кхетамбалар ..... 144
Поэтически маттах кхетамбалар ..... 145
*Арсанукаев Абдулмуслиман Шайхи* ..... 146
*Рашидов Рашидан Шаид* ..... 166
*Гацаев Асламбекан СаьIид* ..... 180
*Ахмадов Мохьмадан Муса* ..... 194
*Дикаев Джунаидан Мохьмад* ..... 208
Стихаш кхолларан кепаш ..... 220
*Бексултанов (Адамов) Мозин Муса* ..... 223
*Шайхиев Хасмохьмадан Iалвади* ..... 235
*Алиев Хамидан ГIапур* ..... 250

*Ибрагимов Хаьмзатан Канта* ..... 260
*Казбеги Александр*..... 266
Балкхаройн литература ..... 269
*Кулиев Кайсын Шуваевич* ..... 271
Оьрсийн классикаш – нохчийн маттахь ..... 278

# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

